# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**июль 4 август**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КультурэмкIэ
и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм
я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2017

# Псалъащхьэхэр

*Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ ирокъу*

## Публицистикэ


**Дзэмыхь Къасболэт.** Гъуэгу зэхэкIыпIэ.................... 3


## Прозэ


**Мэлбахъуэ Елберд.** ЩумыгъэпщкIуам щылъыхъуэ. *Романым щыщ пычыгъуэ*.................... 15


## Усыгъэ


**ПащIэ Бэчмырзэ.** Мэзкуу папщIэ си псалъэ. *Усэ*.................... 35

**КIуащ БетIал.** Къэбэрдей. *Усэ*.................... 39

**КIунтIыщ-ХьэпцIэ Аннэ.** Уэрэдым и хъыбар.................... 41

**ДыщэкI Залымхъан.** ЛэжьакIуэхэм я марш. *Уэрэд*.................... 41


## ЖьантIэ


*ТхакIуэ Теунэ Хьэчим къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу*

**Елгъэр Кашиф.** Зи къалэмыр зэи мыубзэщхъуа.................... 43

**Теунэ Хьэчим.** Шэджэмокъуэ лъэпкъыр. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*.................... 51

*ТхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу*

**Елгъэр Кашиф.** Лъэужь.................... 79

**КIэрэф Мухьэмэд.** Лъэужь е лIэужь. *Повестым щыщ пычыгъуэхэр*.................... 83

*УсакIуэ Брай Адэлбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Щхьэгъубжэ нэху: усэмрэ псэмрэ зэщIэзыгъаблэ.................... 103

**Мэзыхьэ Борис.** УсакIуэфIт, ныбжьэгъу нэст.................... 129

**Брай Адэлбий.** *Усэхэр*.................... 131


## Публицистикэ


**НэщIэпыджэ Замирэ.** Хамэ къэралхэм щыщ адыгэ цIыхубз цIэрыIуэхэр.................... 139


## ЩIэблэ


**ГъукIэ Маринэ.** СыщIалэу фигу сыкъренэж. *Рассказ*.................... 152

---

**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз.................... 174

*Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ ирокъу*





# ГЪУЭГУ ЗЭХЭКIЫПIЭ

XVI лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм и пэщIэдзэм Кавказым и гъунапкъэхэм щимэу къыщыунэхуащ Тыркумрэ абы и жыIэм тету псэу Кърым хъаныгъуэмрэ я пашэу Персым, Урысейм я зауэ къару лъэщ. Абыхэм, зым ейр адрейм темыхуэу, ирагъэкIуэкI къэрал кIуэцI, къэрал щIыб Iуэхухэм фIэкIыпIэ имыIэу тещIыхьат адыгэ лъахэм зэрызиужьынумрэ абы иригъэкIуэкIын хуей жылагъуэ Iуэхугъуэхэмрэ. Къапщтэмэ, Персым Дагъыстэным пыщIэныгъэ нэхъ быдэ хуиIэт, Тыркумрэ Кърымымрэ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм щытепщэт, Урысейм Кавказ Курытыр къыхихауэ абы хуиIэ пыщIэныгъэр махуэ къэс игъэбыдэрт, псом хуэмыдэу Къэбэрдейм. Персым и лъэр нэсу щимыгъэува Дагъыстаным и ищхъэрэ лъэныкъуэми и нэIэ тригъэтт.

XV лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм Европэ КъуэкIыпIэм щызэтеува щытыкIэм зехъуэж, Тыркум ар зыIэригъэхьэну кърихьэжьауэ илэжь Iуэхугъуэхэм къыхэкIыу. Уэсмэн сулътIанхэр жыджэру яужь йохьэ тенджыз ФIыцIэм и ищхъэрэ лъэныкъуэр яубыдыну. Абыхэм я мурадым я Iэр трагъахуэ: Кафэ къа-

лэм нэс яубыд. А лъэхъэнэм къэрымхэм я «Дыщэ Ордар» лъэлъэжауэ тырку сулътIанхэм ар зэрыщыту къазэуауэ яIыгъти, дэнэ кIуэжынт, я гъусэт, жыIэщIэу. Тырку сулътIанхэмрэ абыхэм дарэгъу яхуэхъуа къэрым хъанхэмрэ тенджыз ФIыцIэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм я лъэр зэрыщиубыду, адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэри плъапIэ ящIащ.

Тырку сулътIанхэм ягъэгушхуэурэ удэфа Къэрым хъанхэр я гъунэгъу урысхэм, адыгэхэм, украинхэм, литовецхэм щIэх-щIэхыурэ ятоуэ. Абыхэм мылъку къраш, Iэщхэр къраху, цIыхухэр, гъэр ящIурэ, ящэ. Къэрым хъаныгъуэм и экономикэм ар лъабжьэ хуохъури, абы псынщIэу зеужь.

Тырку-уэсмэнхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэмрэ гъунапкъэхэмрэ яфIэмащIэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъуми тепщэныгъэр щаубыдыну яужь йохьэ. XVI лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм къожьэ Уэсмэн-Перс зауэр. Ар, пIалъэкIэ зэпыумкъыщIидзэжурэ, XVI лIэщIыгъуэм и кIэхэм нэсыху йокIуэкI.

Зауэ гуащIэхэр нэхъыбэу Кавказым щрагъэкIуэкI. ЛъэныкъуитIри хущIокъу ар зыIэрагъэхьэну. Тырку сулътIанхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт Кавказ ИщхъэрэмкIэ кIуэцIрыкI гъуэгум. Абы зэпищIэнут езыхэм къазэуауэ яIыгъ тенджыз ФIыцIэм и Iуфэмрэ яубыдыну зыхущIэкъу Кавказымрэ. ИтIанэ хуит хъунут адыгэхэмрэ дагъыстанхэмрэ я щIыналъэхэми кIуэцIрыкI гъуэгур, Дербент нэсыху. Персым Дагъыстаным и ищхъэрэ лъэныкъуэр иIыгъти, ар я тэмакъым бдзэжьей къупщхьэу тенауэ яхуегъэхыртэкъым. Къытрахыжу Кавказыр зэрыщыту я жьауэм щIагъэувэнут.

XV лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм сефевид лIакъуэм и лIыкIуэхэр яужь йохьэ Кавказ Ищхъэрэр яубыдыну. Псом хуэмыдэу ахэр хуеIэрт Тэрчрэ Псыжьрэ я Iуфэхэм, абыхэм я псыхъумапIэхэм. А лъэхъэнэм сефевидхэм яIэщIэлъар Ардебиль къалэмрэ абы къедза щIы пакIэмрэщ, армыхъумэ Перс къэралыгъуэшхуэракъым.

XV лIэщIыгъуэм и кIэухым тырку уэсмэнхэм яубыду гъэрыпIэм ирагъэува генуэзхэм я къалащхьэ Метреги дэсхэм Шэрджэс Iуфэм деж щрагъэухуащ Тэман быдапIэр. 1519 гъэм Къэрым лъэныкъуэмкIэ, Кубань лиманым деж, Азов тенджызым пэмыжыжьэу, тыркухэм аргуэру яухуащ «Темырыкъуэ» зыфIаща етIуанэ быдапIэр. Тыркудзэхэмрэ къэрымыдзэхэмрэ Тэман хытIыгумкIэ къикIыурэ адыгэхэм къатеуэрт. Нэхъыбэм ахэр кхъухькIэ Керчь псы дэжыпIэмкIэ къызэпрашырт. ЩIымахуэм мылым тету къызэпрыкIхэрт.

XV лIэщIыгъуэм и кIэм Урысейри адыгэхэри нэхъ жыджэру япэщIэувэ хъуащ тырку сулътIанымрэ къэрым хъанымрэ я дзэхэм. Ахэр зэгъусэу, зэкъуэту езауэртэкъым я бийм – щхьэж хузэфIэкIыр ищIэу арат, ауэ я лъахэхэм къихьэрей хъуа зэрыпхъуакIуэхэм я мурадхэр къызэпыудыным хуэунэтIауэ ялэжьхэм гъунэгъу зэхуищIырт. Урыс къэралым езым и фейдэ лъэпкъ зыхэмылъ зэгурыIуэныгъэ ирещIылIэ Къэрым хъаным. Абы и гугъащ адыгэхэми апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ

къращIылIэну. Адыгэхэм къащташ нэгъуэщI унафэ. А унафэм щыгъуазэ зыхуищIа нэужь, урыс пащтыхьым и лIыкIуэу Кърымым щыIэ Ромодановский Василий кърым хъан Менглы-Джэрий епсалъэри, къытригъэхьащ и дзэр Литвам иришэну.

XV-XVI лIэщIыгъуэхэм къырым-уэсмэнхэм адыгэхэм къатеуэн щIадзэж. 1498 гъэм и бжьыхьэм къырымыдзэр адыгэхэм къуухьэпIэмкIэ щыIэ я щIыналъэм къохьэ. Дзэм зэхуэсыпIэрэ къежьапIэрэ хуэхъур Матреги щIыпIэм деж щIэрыщIэу щаухуэжа Тэман быдапIэрат. Урыс пащтыхьым и лIыкIуэхэу Къырымымрэ Нэгъуеймрэ щыIэхэм я дэфтэрхэм иратхэ 1501 гъэм адыгэхэм уэсмэныдзэр тIэу зэрызэтракъутар.

XVI лIэщIыгъуэм и етIуанэ илъэсипщIым япэу уэсмэнхэмрэ персхэмрэ зэпэщIоувэ. Абы ирихьэлIэу къырымхэм адыгэхэм къатеуэн щIадзэж. Мызэ-мытIэу хагъэщIауэ зэрыщытам щхьэкIэ къамыгъанэу, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iус адыгэхэр къагъэIурыщIэу жыIэщIэ ящIыну яужь йохьэ. АдыгэщIым быдапIэхэр иращIыхь. Языныкъуэ адыгэпщхэр Къырымым и телъхьэ мэхъу, зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIэ, нэхъ къелын яфIощIри. Къырым хъаным абыхэм мылъкушхуэ ятын хуейуэ къахуегъэув. XVI лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм къырымхэр, зэгурыIуэныгъэ зэращIылIа пэтми, адыгэхэм аргуэру къатоуэ, япэхэми хуэдэу, мылъкушхуэ ирашу, Iэщу яIэр ирахуу, цIыхухэр гъэр ящIурэ ящэу щIадзэж. Къырыммрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэми зехъуэж. 1527 гъэм и июнь – июль мазэхэм къырымхэр урысхэм ятоуэ. 1480 гъэм Ахьмэд хъан щатеуам иужькIэ, къырымхэм апхуэдэу дзэшхуэ ирашэжатэкъым Урысейм. Мыр абыи ебэкIыжырт. Дзэр Урысейм и кум нэс кIуэцIрыкIащ. Къали, къуажи, члиси къамыгъанэу яхъунщIащ, зэтракъутащ, ягъэсащ. Ар зэманкIэ техуащ Къэзаным зэрыхьэзрий къыщыщыхъуа лъэхъэнэм. Мэзкуу и цIыху Щихъ-Алий Къасым трахури, къырым хъан Мухьэмэд-Джэрий и къуэш нэхъыщIэ Сэхьиб-Джэрий трагъэуващ.

1533 – 1536 гъэхэм уэсмэнхэр Персым теуащ. Сефевид къэралыгъуэр дзэшхуэм пэщIэтыфакъым. Абыхэм щIышхуэ яубыдащ. Сефевидхэр, зауэр зэпыууэ жыIурыхьэгъуэ тIэкIу щагъуэтхэм деж, Кавказым къилъадэрт ар къазэуну. 1538 гъэм Щихъым и дзэм Ширван иубыдри Дербент пэгъунэгъу хъуащ. Кавказ Ищхъэрэм ухуэзышэ гъуэгур жыжьэжтэкъым. Абы утехьэмэ, адэкIэ тыншу тенджыз ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Каспие тенджызым нэс укIуэцIрыкIыфынут. А лъэхъэнэм къырымым и тепщэу уэсмэнхэм ягъэув Къэзан хъану щыта Сэхьиб-Джэрий. Тырку СултIаныр абы хуабжьу къыдэIэпыкъуащ – зауэлI мин, топ, гынжьей фоч куэду къаритащ. Сэхьиб-Джэрий тепщэгъуэр щиIыгъа лъэхъэнэм Къырымым Урысеймрэ адыгэхэмрэ я бийуэ lуэху куэд илэжьащ. 1539 гъэм и май – июнь мазэхэм къырымхэр, мин 40-м щIигъуу, тырку зауэлIхэр я гъусэу, ПсыжькIэ къыкIуэцIрыкIыурэ, Тэман къыщыщIэдзауэ Тхьэб бгым екIуалIэрэ Iуащхьэмахуэ и бгъумкIэ екIуэкIыжу, езэуащ жанейхэм, кIэмыргуейхэм,

беслъэнейхэм, Къэбэрдейми къэсащ мызэ-мытIэу. А экспедицэр къызэригъэпэщат Сэлмэн I сулътIаным. Абы адыгэхэм я щIыналъэр иубыду Дагъыстанымрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ зэпрыкIыбжэ ищIыну арат, кърымыдзэр хуиту хъунщIэу абыхэм иригъэтыну. И мурадыр къехъулIэн папщIэ, 1540 гъэм дзэшхуэ къызэрегъэпэщри, Урысеймрэ адыгэхэмрэ къатоуэ. 1545 гъэм и закъуэ ар Шэрджэсым тIэу къохьэ: гъатхэм къухьэпIэмкIэ щыпсэу адыгэхэм, бжьыхьэм къэбэрдейхэм я щIыналъэхэм. Щхьэусыгъуэрэ фIэгъэнапIэу ищIар жанеипщ Къанщокъуэм хуагъэувауэ щыта тыгъэр зэрыримытарщ.

Кърымхэм нэхъыбэу къагъэсэбэпар уэсмэнхэм кърата топхэмрэ гынжьей фочхэмрэщ. Къапщтэмэ, Сэхьиб-Джэрий жанеидзэр топкIэ зэбгрихуащ.

Адыгэхэм Кърымым иIэ Iэщэм хуэдэ зэрамыIэм и закъуэкъым къащIытекIуар, дэ дызэреплъымкIэ, ахэр псори зэрызэкъуэмыуварщ. 1545 гъэм жанейхэм шу мини 10 ягъэшэсауэ аращ. Кърымхэр абыхэм нэхърэ хуэдиплIкIэ нэхъыбэт. Тхыгъэ зэхуэмыдэ щыIэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, а лъэхъэнэм езы адыгэхэми зэныкъуэкъужу щIадзат. Языныкъуэхэм кърымхэм я деж дэIэпыкъуэгъу къыщалъыхъуэрт. Хьэжы-Реммал и тхыгъэхэмрэ къиIуэтэжауэ щытахэмрэ къазэрыхэщыжымкIэ, 1551 гъэм Сэхьиб-Джэрий хьэтыкъуейхэмрэ бжьэдыгъухэмрэ ятеуащ. Абы къикIыжа нэужь, ар яукI. Абы и пIэкIэ Истамбыл кърагъэкIри ягъэув Долэт-Джэрий.



ЖыпIэ хъунущ, а къэдгъэлъэгъуа лъэхъэнэм кърым хъанхэмрэ уэсмэн сулътIанхэмрэ адыгэхэм я бийуэ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэр зэщIэплъэ зэпыту щытауэ. Апхуэдэ зэпэувыныгъэ гуащIэхэращ адыгэхэр урысхэм гъунэгъу яхуэзыщIар. XV лIэщIыгъуэм и кIэм Орда Инымрэ кърым хъаныгъуэмрэ япэщIэувэу абыхэм ебэнын папщIэ ирагъэкIуэкIа къэрал щIыб политикэм адыгэхэмрэ урысхэмрэ гъунэгъу зэхуищI къудей мыхъуу, абы къигъэщIащ XVI лIэщIыгъуэм и 50 гъэхэм зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр. Ди деж къэса дэфтэрхэм къагъэлъагъуэ адыгэхэр кърым-уэсмэнхэм зэрапэщIэтар, ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэм и инагъыр, гуащIагъыр, зауэлIрэ Iэщэу яIар, щIыуэ яIыгъамрэ абыхэм я гъунапкъэхэр здынэсу щытамрэ. Адыгэхэм фIы дыдэу къагурыIуэрт урыс къэралыгъуэр бгъэбыдэмэ, ар лъэщ хъумэ, кърым хъанхэмрэ уэсмэн сулътIанхэмрэ абы къызэригъэувыIэфынур.

XVI лIэщIыгъуэм къыщыщIэдзауэ XVII лIэщIыгъуэр иухыху Кавказ Ищхъэрэм я лъэр щагъэувыным щхьэкIэ хуабжьу зэныкъуэкъуащ Персымрэ Тыркумрэ. А зэманым къриубыдэу абыхэм зауэ мащIи ирагъэкIуэкIакъым. Урыс къэралыр а тIум я Iуэхум хэIэбакъым. Ахэр зэрышхыху езым и лъэр хуэм-хуэмурэ, тIэкIу-тIэкIуурэ Кавказ Ищхъэрэм щигъэбыдащ. Урыс къэралым и жьауэм щIэуващ Ищхъэрэ Поволжьер, зэфIэкI зиIэ, мылъкукIэ хуэщIа нэгъуейхэмрэ адыгэхэмрэ. Ар я гум техуэртэкъым икIи абы хуабжьу игъэпIейтейрт Тыркумрэ Кърым хъаныгъуэмрэ.

Япэ урыс-адыгэ зэгурыIуэныгъэхэм Iэ традзауэ щытащ 1552 гъэм. Абы къыщыщIидзэри, гъуэгуанэ кIыхь къикIуащ урыс-адыгэ зэпыщIэныгъэхэр зэтеувэным, иужьым ар иухащ Урыс къэралым Кавказ Ищхъэрэр хэгъэхьэным пыщIа IуэхумкIэ. Ауэ адыгэхэр зытеува гъуэгур сыт щыгъуи захуэу, хуиту, къэгъэшыпIи щыхупIи имыIэу екIуэкIауэ пхужыIэнукъым. Къэхъуащ ахэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу щызэдэпсэуаи, щызэгурымыIуаи, щызэпэувыжаи, икIэм-икIэжым, дзэшхуэ кърищэу зауэ гуащIэ икIи хьэлъэ къащрищIэкIаи.

1552 – 1555 гъэхэм жанеймрэ беслъэнеймрэ пщыгъэр щызыIыгъахэм ящыщ гуп зэгурыIуэри, урыс пащтыхьым и лIыкIуэхэм лъэIу тхылъкIэ зыхуагъэзащ урыс пащтыхьыр къадэIэпыкъуну, абы и жьауэм, и дамэм щIигъэувэну. Абдежым къыщыщIедзэ къуэкIыпIэ адыгэхэмрэ урысхэмрэ зэгъунэгъу хъуным. Адыгэхэм Къэзан (1552 гъ.), Астрэхъан (1556 гъ.) хъанхэм я дзэхэр хагъащIэу ахэр я лъахэм ирахужа нэужь, урыс къэралым адыгэхэр гъусэ къахуэхъуну къелъытэри, абыхэм я лъэIур егъэзащIэ. А лъэхъэнэм Долэт-Джэрий Урысейм дзэшхуэ кърищэну зигъэхьэзырырт. Ауэ хъаныр адыгэхэм къатоуэ.

1555 гъэм жанеипщ Сибокъуэ я унафэщIу адыгэ лIыкIуэхэр Москва макIуэ. Абыхэм яхэтт Сибокъуэ и къуэ Къудэдыкъуэ, и къуэш Ацымгъукъуэ, абазэпщ Тутэрыкъуэ сымэ. Щепотьев Андрей урыс пащтыхьым жриIащ адыгэхэр пэжу къабгъэдэтыну я щIымкIэ тхьэ зэраIуар. Пащтыхьым ар и гуапэ хъуащ икIи пщIэшхуэ къахуищIащ адыгэ лIыкIуэхэм. Ахэр хуит ищIащ щыхуейм деж Москва къэкIуэну, кIуэжыну, пащтыхьыдзэм къулыкъу щащIэну. Улахуэ хъарзыни яхуигъэуващ. Тутэрыкъуэрэ Къудэдыкъуэрэ чыристэн диныр къащтэри урысыдзэм хыхьащ. Иванрэ Александррэ къыфIащащ. Урыс къэралым фIы дыдэу ищIэрт кърымыдзэм и къарухэм ящыщу адыгэхэм дапщэ яубыдми. Урыс пащтыхьым къуэкIыпIэ адыгэхэм къажриIащ кърым хъаныр къатеуэмэ, къазэрыщыжынур, ауэ Тыркум щхьэкIэ зыкIи къигъэгугъакъым. Зэпсэлъэныгъэхэм япкъ иткIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Абы къигъэувырт адыгэхэм урыс къэралым адыгэшу мин иратын, зауэ къэхъумэ, шу мин 20 ягъэшэсын хуейуэ.

Москва адыгэхэм яхуиIэ хъуа ныбжьэгъугъэм и фIыгъи къекIыжырт. Иджы абы езыр зэрыхуейм хуэдэу иухуэрт Кърымым хуиIэ щытыкIэр. 1555 гъэм Кърымыр Кавказ Ищхъэрэм къихьауэ хъыбар зэрызэхихыу, урыс пащтыхьым унафэ ищIри, кърым улусхэм япэувыну зауэлI мин 13-м щIигъу хъууэ дзэшхуэ къигъэкIуащ, дзэзешэ Шереметьевыр я пашэу. Тэтэрхэр адыгэхэм я щIым ирахужащ. Апхуэдэу зэгурыIуэныгъэм къигъэув Iуэхугъуэхэр гъэзэщIэн щIадзащ.

1556 гъэм кърым хъаныр Псыхуабэ къедза щIыналъэм ис адыгэхэм ятеуэну ежьащ, ауэ Днепр псым и Iуфэм Iус Ислам-Кермен жылагъуэм деж Ржев дзэзешэм и отрядыр нэсауэ къа-

зэрыпэувыным хуэдэу хьэзыру къапэплъэу зэрыщытыр щызэхихым, ягъэзэжащ. А гъэ дыдэм и бжьыхьэм жанеипщ Сибокъуэ Къанщокъуэрэ Таздруийрэ Темрыкъуэ, Тэман быдапIэхэр яубыдащ.

Днепр деж урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэгъусэу щрагъэкIуэкIа зауэм IуэхугъуэфIхэр къахуишащ: тырку сультIаным Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм яхуэгъэзауэ илэжьыну и мурада Iуэхухэр пIалъэ кIыхькIэ зэпыуда хъуащ, урысхэми Астрахъан къазэури, ар я щIыналъэм хагъэхьащ.

Урысхэм я деж япэ дыдэ лъагъуэ пхашу зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ къызэзыгъэпэща жанеипщ Сибокъуэрэ беслъэнеипщ Мэшыкъуэрэ куэд бий къахуэхъуащ. Абыхэм адыгэхэр урысхэм пэгъунэгъу зэрыхуащIар хуагъэгъуакъым: зэхыхьэри ахэр я лъахэм къэрахуащ. Ахэр Мэзкуу кIуэри, чыристэн диныр къащтащ, Сибокъуэ Василий, Мэшыкъуэ Иван къыфIащри, урысыдзэм хагъэхьащ. А гъэ дыдэм адыгэпщхэр, я цIыхухэр я гъусэу, урысыдзэм хэту, Ливонием ягъакIуэри, Рановор, Дерпит, Мильтен, Аллусте деж щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм хэтащ. Адыгэхэмрэ урысхэмрэ я зэпыщIэныгъэхэр кIуэ пэтми нэхъ быдэ, лъэщ хъурт. Абы лъэныкъуитIми я фейдэ хэлът. Зэгъусэу кърымхэмрэ тыркухэмрэ езауэрт, хагъащIэрт, я щхьэр кърагъэIэтыртэкъым, зрагъэубгъуртэкъым. 1561 гъэм урысхэмрэ адыгэхэмрэ зэгъусэу Дон псым тету ехыурэ Кафэ нос, абдеж щыт быдапIэхэр зэтракъутащ, кърымхэмрэ тыркухэмрэ зэрыгушхуэ Кафи къащтащ. Уэсмэнхэр тэтэрхэм ядэIэпыкъуну кхъухь тIощIым ихуэ дзэ кърагъэтIысхьэри къежьат, ауэ ахэри хагъэщIащ. Къелахэм Константинополь ягъэзэжащ. Абы хуабжьу игъэпIейтеящ Тыркумрэ Польшэ-Литовскэ къэралыгъуэмрэ. Польшэм и пащтыхь Сигизмунд-Август Кърым хъаным жриIащ Мэзкуурэ адыгэхэмрэ зэгъусэмэ, уазэрыпэмылъэщынур икIи елъэIуащ а тIур зэкъуичыну. Долэт-Джэрий урысхэмрэ адыгэхэмрэ щIэхщIэхыурэ ятеуэу щIидзащ. Польшэм и пащтыхьыр зэпымыууэ абы къыдэIэпыкъурт.

Мэзкуу къуэкIыпIэ адыгэхэм яхуиIэ пыщIэныгъэр тIэкIутIэкIуурэ къотIасхъэ, иужьым, зэкъуачыпэ. Роман ипхъу урыс пащтыхь гуащэ Анастасие лIа нэужь, Иуан IV пащтыхьым 1560 гъэм, Урысейм и Iуэхур дэкIын папщIэ, Европэм пащтыхьыгъуэр щызыIыгъхэмрэ адыгэпщ цIэрыIуэхэмрэ благъагъэкIэ ябгъэдэувэну мурад ещI. ЛIыкIуэхэр егъакIуэ Польшэм, абы и пащтыхь Сигизмунд-Август и шыпхъум деж. Швецием и пащтыхь Густав ипхъухэм ящыщ зыми лъыхъуауэ щытащ, Къэбэрдейм и пщы уэлий Идар Темрыкъуэ деж Вокширин Фёдор, КъуэкIыпIэ Шэрджэсым Сукин Борис сымэ иутIыпщащ лIыкIуэ-лъыхъуу...

Псоми зэрытщIэщи, 1560 гъэм урыс пащтыхь Иуан ЕплIанэм, Урысейм и Iуэхур дэкIын папщIэ, благъагъэ зэпыщIэныгъэхэр къигъэсэбэпын мурадкIэ къярихьэжьа Iуэхугъуэхэр, езыр зэрыхуейм хуэдэу, щызэтеувауэ щытар Къэбэр-

дейм и закъуэщ. Ар зэфIэкIа нэужь, урыс правительствэмрэ къуэкIыпIэ шэрджэсхэмрэ зэпищIэну зи пщэ иралъхьа Вишневецкий Дмитрий Польшэм и пащтыхь Сигизмунд-Август ЕтIуанэм деж кIуащ. Польшэм и пащтыхьрат «Литва пщыгъуэ иным» къулыкъу щызыщIэну хуей шэрджэсыпщхэр езыгъэблагъэр. А лъэхъэнэм Мэзкуу къулыкъу хуащIэрт пщы Шыбокъуэм и къуэ Александр, пщы Тэзрит и къуэ Черкасскэхэ Гаврил (Къасболэт), апхуэдэуи жанеипщ зыбжанэм. Ахэр ирегъэблагъэ Польшэм и пащтыхьым. Абы щыгъуэ «Литва пщыгъуэ иным» къулыкъу щищIэу щыIэт Шыбокъуэ Александр и Iыхьлы дыдэ «Шыбокъуэпщым и къуэшыр». Зэхуозэ. ЗэщогуфIыкI, я гухэлъхэмкIэ, гупсысэхэмкIэ, мурадхэмкIэ зохъуажэ. Къырым хъаныр хущIэкъурт КъуэкIыпIэ Шэрджэсыр иубыдыну. Польшэм и пащтыхьыр абы дэщIырт икIи щыхуейм деж дэIэпыкъуну хьэзырт. А Iуэхум фIыуэ щыгъуазэ пщыхэу Шыбокъуэрэ Къаныкъуэрэ Къырымым ягъэкIуащ абы и пащтыхьым «Шэрджэс къэралыгъуэм щхьэкIэ елъэIуну».

60 гъэхэм Къырымым Мэзкуу и лIыкIуэхэм ядригъэкIуэкIа зэпсэлъэныгъэхэм къуэкIыпIэ адыгэхэр тIууэ игуэшащ: «тыркурэ», «пащтыхьу» е нэгъуэщIу жыпIэмэ, хъаным и дамэщIэтхэрэ урыс пащтыхьым и жьауэщIэтхэу. 50 гъэхэм къуэкIыпIэ адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта «Шэрджэс щIы псомкIи» псалъэхэм я мыхьэнэр хуэм-хуэмурэ, тIэкIу-тIэкIуурэ кIуэдыжащ, Тэман хытIыгуныкъуэм пэмыжыжьэу псэуа жанейхэмрэ къуэкIыпIэ адыгэхэмрэ Къырым хъанымрэ Тыркумрэ я жьауэм щIэтмэ нэхъ къащтэрт. Ауэ къухьэпIэмкIэ щыпсэуа шэрджэсхэм я нэхъыбэм къэралищми – Тыркуми, Къырымми, Урысейми – я щхьэр хуагъэщхъын ядатэкъым.

XVI лIэщIыгъуэм икухэм Шэрджэсым и гъунапкъэ дыдэу щыта Къэбэрдейм щыIа щытыкIэр ткIий икIи хьэлъэ дыдэ хъуат, пщыхэр зэныкъуэкъужу, лIыфIыпIэ зэримыгъахуэу зэпэуврэ зэзэуэжу зэрыщIадзам къыхэкIыу. Ар бийм Iэзэу къигъэсэбэпырт: щIэх-щIэхыурэ лъахэм къытеуэрт, зауэ гуащIэхэр крищIэкIырт. ЩытыкIэр зэщIэплъэ, щIэхуабжьэ зэпытт. Тыркум, Къырым хъаныгъуэм, шамхъалхэм, нэгъуейхэм, Къейтыкъуэхэ я пщы унэм и лIыкIуэхэу къырымхэм я телъхьэ хъуахэм дзэ лъэщ япэгъэувын фIэкIа, нэгъуэщIкIэ уазэрыпэмылъэщыфынум ирихулIэри, пщышхуэ Идар Темрыкъуэ урыс пащтыхь Иуан IV зыхуигъэзащ. 1557 гъэм Къаныкъуэ Къанлы я пашэу къэбэрдей лIыкIуэхэр Мэзкуу кIуащ. Ахэр пащтыхьым елъэIуащ шамхъалхэм щихъумэну. Къэбэрдей лIыкIуэхэм урыс пащтыхьым жраIащ урыс къэралымрэ къухьэпIэ адыгэ къэралымрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм хуэдэ езыхэми иращIылIэну зэрыхьэзырыр. Апхуэдэу къэбэрдей лIыкIуэхэм къагъэлъэгъуащ урыс-къэбэрдей зэгурыIуэныгъэхэм я гъусэу къуэкIыпIэ куржы пащтыхьыгъуэхэу Картлырэ Кахетиемрэ («Ивер щIымкIи») зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну пщэрылъ къызэрыхуащIар. А гъэ дыдэм (1557 гъэм) Мэзкуу къэкIуащ Къэбэрдейм и ныкъуэкъуэгъу шамхъалхэмрэ Тю-

мен пщыгъуэмрэ я лIыкIуэхэр, урысхэм я жьауэм щIагъэувэну лъаIуэу.

1558 гъэм пщышхуэ Идар Темрыкъуэ Мэзкуу игъэкIуащ чыристэн диныр къищтэу Михаил зыфIаща, пащтыхьым и пщIантIэм щIэныгъэшхуэ щызэзыгъэгъуэта, бояр пашэ икIи цIэрыIуэ хъуа и къуэ СултIаныкъуэ (урыс дэфтэрхэм зэритыр мыпхуэдэущ: Салнук). СултIаныкъуэ и къуэшхэу Думэныкъуэ, Мамсырыкъуэ, Белгъэрыкъуэ сыми 1560 гъэм пщэрылъ зэмылIэужьыгъуэхэр яIэу урысхэм я щыхьэрым кIуащ зыбжанэрэ.

Урыс правительствэм фIэфIтэкъым шамхъалхэр кърымуэсмэнхэм зэрателъхьэр, и дамэгъу къэбэрдейхэм къазэреныкъуэкъур, абыхэм я бийуэ Iуэхугъуэ куэд зэрилэжьыр икIи абы къыхэкIыу ахэр и жьауэм щIигъэувэн идакъым. Идэн дэнэ къэна, 1560 гъэм дзэзешэ цIэрыIуэ Черемисин И. С. я пашэу дзэшхуэ Астрэхъэн тенджыз защIэкIэ кърыригъэшри шамхъалхэм япигъэуващ. Шамхъалхэр урысыдзэшхуэм пэлъэщынутэкъыми, шынэхэри, Тарки щаIэ зэхуэсыпIэ хуэщIар ябгынащ икIи къэбэрдейхэм къатеуэныр пIалъэкIэ зэпагъэуащ.

Къэбэрдейр Урысеймдамэгъу зэрыхуэхъуар зыфIэмыфIхэри щыIэт. Пщы Къетыкъуэ ПщыIэпщокъуэ зи пашэ гупым ар даIыгътэкъым. Абыхэм Кърымым и жьауэм щIэтмэ нэхъ къащтэрт. ЩыIэт урысхэри кърымхэри зымыдэ нэгъуэщI зы гупи.

Къэбэрдейр щытыкIэ гугъу икIи хьэлъэ дыдэ щихуам жыжьэ плъэф цIыху Iущу, хэкулIу зыкъигъэлъэгъуащ пщышхуэ Идар Темрыкъуэ. 1558 – 1567 гъэхэм кърииубыдэу урыс лIыкIуэхэр Къэбэрдейм хэ къэкIуащ, Идар Темрыкъуэ и лIыкIуэхэу Мэзкуу щыIэхэми зыбжанэрэ яхуэзащ, плIэ зауэ дэIэпыкъуныгъэ кърахащ. Псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIащ урыс шабзауэхэм ирагъэкIуэкIа мафIэ зауэхэм. Абыхэм шабзэхэм мафIэр къыпылъэлъу ядзырт, бийр ягъащтэрт, зэхэзехуэн ящIырт, мыдрей зауэлIхэм ахэр, зыкъэщIэжыпIэ ирамыгъахуэу, зэтраукIэрт. Къэрал щIыб политикэри Iэзэу иригъэкIуэкIырт Идар Темрыкъуэ. Дагъыстэн шамхъалхэм ебийт, куржыхэм ныбжьэгъугъэрэ къуэшыгъэкIэ ябгъэдэтт, Кърым хъаныгъуэмрэ абы и дамэгъу Нэгъуей ЦIыкIу Ордамрэ япэщIэтын папщIэ Нэгъуей Ин Ордар къигъэсэбэпырт, благъагъэкIэ запищIауэ. Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ дамэгъу зэрызэхуэхъуари зи фIыщIэр Темрыкъуэт. ЦIэрыIуэ хъуа пщышхуэм, япэм абы иригъэкIуэкI политикэр зымыдэу щыта къэбэрдеипщхэр къыгухьэрт, къыкъуэувэхэрт. Къэбэрдеипщхэм я закъуэтэкъым. Лъахэм и гъунэгъу къэралыгъуэхэмрэ къэралыгъуэжьхэмрэ я лIыщхьэхэми зэгурыIуэныгъэхэр кърващIылIэну хущIэкъухэрт.

1562 – 1563 гъэхэм Идар Темрыкъуэ урыс дзэзешэхэр и гъусэу зауэ-зекIуэ ин куэд иригъэкIуэкIащ и политикэмрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ я бийуэ къэув адыгэпщхэм, псом хуэмыдэу Къетыкъуэ ПщыIэпщокъуэ зи пашэ гупымрэ ахэр дарэгъу зыхуэхъуа Шамхъал Бударрэ яхуэгъэзауэ. ИтIанэ апхуэдэ

зекIуэхэр сэбэпышхуэ хъурт Къэбэрдейм Урысеймрэ Куржыхэмрэ яхуиIэ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэнымкIи. Идар Темрыкъуэ иригъэкIуэкI къэрал кIуэцI, къэрал щIыб политикэм и фIыщIэкIэ Къэбэрдейр нэхъ зэкъуэт, нэхъ лъэщ хъури, Кавказым и мызакъуэу, щIыпIэ куэдым и цIэр фIыкIэ щигъэIуащ. Абы щыхьэт тохъуэ Тыркум Урысейм и лIыкIуэу щыIа Новосильцовэ И. П. жиIар: «Пщы Идар Темрыкъуэ и щIыр Тарки деж къыщожьэри, псым дэкIуэу зиукъуэдийуэрэ, тенджызым йоуалIэ».

1567 гъэм Идар Темрыкъуэ и лъэIукIэ урысхэм Сунжэ псы хэлъэдапIэмрэ Тэрч псыгуэжыпIэмрэ я зэхуакум деж щаухуащ урыс къалэ. Ар ирагъэухуэн ямыдэу къэувауэ щытащ Къетыкъуэхэрэ Шамхъалхэрэ. Ахэр хуейтэкъым Кавказ Ищхъэрэм и курыкупсэм деж щаухуэ къалэм дарэгъу зызыхуащIа тыркумрэ Кърымымрэ я зекIуапIэхэр зэхуищIыну. Астрэхъэн, Азие Курытым, шамхъалхэм я деж кIуэ гъуэгухэри зэхуищIынут абы. ЗэхуамыщIми, урысхэм ямыщIэу, абыхэм я Iизыныншэу бжьиз якIуфынутэкъым.

Урысхэм ягухьэну хуэмей адыгэпщхэм, урыс къалэр ирамыгъэухуэн щахузэфIэмыкIым, кърым хъаным зыхуагъазэри жраIащ абы а Iуэхур къигъэувыIэну: «Идар Темрыкъуэ и щIым урыс къалэр иращIыхьмэ, фэ фи закъуэкъым хилъэфэнур, Тюмени, шамхъалхэри Мэзкуу адэкIэ къыщыхутэнущ».



Кърым хъан Долэт-Джэрий урыс лIыкIуэхэм епсэлъащ. Абыхэм ар зытрагъэхьакъым. Хъаным жиIащ зэи ар зэрахуимыгъэгъунур. ЩIэх дыдэ и псалъэр игъэпэжащ. Бжьыхьэм, 1567 гъэм, кърым пащтыхьищ, дзэшхуэхэр я гъусэу, адыгэхэм я щIыр къазэуну игъэкIуащ.

Мэзкуу дамэгъу зэрахуэхъуар ямыдэу Идар Темрыкъуэ еныкъуэкъуу щыта къэбэрдеипщхэр занщIэу кърымым и лъэныкъуэ хъуахэщ. Кърымым щыпсэуну кIуа тэтэрхэм, нэгъуей мырзэхэм я гъусэу абыхэм къару лъэщ къызэрагъэпэщри, адыгэхэм къадэIэпыкъуну къэкIуа урысыдзэм япэуващ.

А зэманым уэсмэнхэмрэ персхэмрэ яку дэлъа щытыкIэр аргуэру зэщIэплъэжащ. Абыхэм я зауэ-зекIуэ гъуэгур Кавказ ИщхъэрэмкIэ кIуэцIрыкIырт. НэгъуэщI щIыпIэкIэ укIуэфынутэкъыми, ахэр гъуэгум ткIийуэ кIэлъыплъ урысхэм елъэIуащ ар хуит къыхуащIу кIуэцIрагъэкIыну. Урысхэм абыхэм я хьэтыр ялъэгъуакъым. 1559 гъэм кърым-тырку дзэшхуэр Астрэхъэн ихьащ ар яубыду, Кавказ Ищхъэрэм имыхьэу, атIэ абы къыпакIухьу Кавказ щIыбымкIэ Ширван кIуэ гъуэгухэр Тыркум къыхузэIуахыну. Ар гъуэгу жыжьэт икIи нэхъ гугъут. Дон псышхуэр зэпаупщIу Индылыпсым тету ехыу Каспие тенджызри зэпаупщIыжын хуейт. Кавказ щIыбымрэ Ширванрэ зыIэрагъэхьа нэужь, Азие Курытым ис муслъымэнхэм зыпащIэнут. А псом нэмыщIыжкIэ, – нэхъыщхьэ дыдэр, – Мэзкуу Кавказым зыщиубгъуныр къызэпыудынырт.

1570 гъэм Идар Темрыкъуэ зи пашэ шуудзэр кърым пащтыхь Адыл-Джэрий зытеуа абазэхэм ядэIэпыкъуну кIуащ.

Ахупс деж щекIуэкIа иужьрей зауэ гуащIэм Темрыкъуэ уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ. Идар Темрыкъуэ и къуэхэу Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ бийм яубыдри, гъэр ящIащ. Пащтыхь гуащэ, Темрыкъуэ ипхъу Марие (Гуащэней) дунейм ехыжа, абы иужькIэ, куэд мыщIэу, и адэри лIа нэужьи, урыс пащтыхь Иуан IV Урысейм Къэбэрдейм хуиIэ дамэгъу щытыкIэр къигъэтIэсхъакъым. Идархэ я пщы унэри ихъумащ. Темрыкъуэ и къуэ гъэр хъуахэр къаригъэутIыпщыжыну Бэхъшысэрай егъакIуэ Шапкин Борис. Мамсырыкъуэрэ Белгъэрыкъуэрэ урысхэм къащэхужауэ лIыкIуэ унафэхэм иткъым. Ауэ 1578, 1580 – 1590 гъэхэм ятха дэфтэрхэм итхэм ятепщIыхьмэ, Мамсырыкъуэ Къэбэрдейм къигъэзэжри и адэм кърихьэжьауэ щыта Iуэхур текI имыIэу игъэзэщIащ.

Къэбэрдеймрэ Мэзкуурэ яку дэлъа зауэ-политикэ дамэгъуныгъэмрэ кърым-тырку къарухэм драгъэкIуэкIа бэнэныгъэмрэ зэпыуакъым XVI лIэщIыгъуэм и иужьрей Iыхьэ щанэми. Идар Темрыкъуэ иригъэкIуэкIа политикэм пищащ абы и къуэш Къамболэти, пщы уэлий хъуа нэужь. Идархэ, Къетыкъуэхэ, ТаусултIанхэ я лIыкIуэхэм я пашэу ар 1578 гъэм Мэзкуу кIуащ. Къэбэрдейми шэрджэс псоми я цIэкIэ Къамболэт лъэIуащ Сунжэ псы хэлъэдапIэмрэ Тэрч псыгуэжымрэ я зэхуакум деж урыс къалэ щаухуэу дзэзешэхэмрэ зауэлIхэмрэ абы дагъэтIысхьэну. А гъэ дыдэм дзэзешэ Новосильцевым къалэр иухуащ, иужькIэ, Кърымымрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкIэр (къалэр зэраухуам щхьэкIэ) щызэщIэплъэм, ар якъутэжащ, ауэ Кавказ Ищхъэрэм кIуэцIрыкI гъуэгум я нэIэ трагъэкIакъым икIи я Iизыныншэу зыри ирагъэкIуакъым.

1558 гъэм и январь мазэм Мамсырыкъуэрэ Къундетрэ зи унафэщI лIыкIуэхэр Мэзкуу кIуэри къэбэрдейхэр урыс къэралым и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэжащ. Къэбэрдей лIыкIуэхэм я тхьэрыIуэхэр дэфтэрхэм иратхэри, ахэр тхыгъэхэмкIэ ягъэбыдэжащ. Дэфтэрхэм иратха унафэхэм ящIыгъуу пащтыхь Иуан и къуэ Фёдор Къэбэрдейм и пщышхуэ Идар Къамболэт Къэбэрдей щIы псоми я ЩIыхь тхылъ къритауэ щытащ, дыщэ мыхъур тету. Абы тхьэрыIуэзэгурыIуэныгъэр етIуанэу игъэбыдэжырт.

XVI лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухым Идархэ я пщы унэм ткIийуэ пэщIэтащ Къетыкъуэхэрэ ТаусултIанхэрэ. Абыхэми я лIыкIуэхэр щхьэхуэу Мэзкуу ягъакIуэрт. Къэбэрдейхэм я лъэIукIэ тхьэрыIуэхэмкIэ зэращIылIа зэпсэлъэныгъэхэм хагъэхьат бийр къатеуэмэ, урыс зауэлI къыхэха къагъакIуэу къадэIэпыкъуну. Урысхэм я телъхьэ хъуа къэбэрдеипщхэм ар къагъэсэбэпурэ Кърымымрэ шамхъалхэмрэ я жьауэм щIэувахэм ебэнырт. Адрейхэми зи блыгу щIэувахэр Iуэхум къыхашэрт. Къэбэрдеипщхэм я кум къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэмрэ бэнэныгъэмрэ урыс правительствэми кърым хъаныгъуэми я фейдэ хэлът. Абыхэм къадэщI, къадэIэпыкъу хуэдэу защIурэ, дэтхэнэми и лъэр Кавказ Ищхъэрэм щигъэбыдэрт.

1589 гъэм тэрч дзэзешэ Хворостин А. И. лІыкІуэ тхылъым иритхащ къэбэрдеипщ Идар Къамболэт дунейм зэрехыжар, абы и пІэ иувэну пщыхэр зэрызэныкъуэкъуар. Абы иужькІэ, куэд дэмыкІыу, август мазэм, зэуэзэпсэу лІащ Къетыкъуэ Аслъэнбэчи. Къэбэрдейм Хасэшхуэ щекІуэкІащ. Хасэм Аслъэнбэч и пІэкІэ хахащ Къетыкъуэ Жансэхъу.

1580 – 1590 гъэхэм урыс пащтыхьым къэбэрдейхэмрэ адрей бгырыс лъэпкъхэмрэ ярищІылІауэ щыта зэгурыІуэныгъэхэр къанэ щымыІэу зэригъэзэщІам абы и пщІэр лъагэу иІэтащ. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм Мэзкуу хуаІэ щытыкІэм зихъуэжащ. Урысхэм Кавказым щызыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэр къалъытащ дунейпсо дипломатием и текІуэныгъэу.

Урысхэм я лъэр Кавказ гупэм зэрыщиубыдар куэдым я гуапэ хъуакъым. Мыхъуам къыщцымынэу, ар ямыдэу къэуващ Тыркумрэ Къэрымымрэ. Абыхэмрэ Урысеймрэ яку дэлъ щытыкІэр аргуэру зэщІэплъэжащ. 1592 – 1594 гъэхэм Тыркум Урысейм и лІыкІуэхэу щыІа Нащокин Г., Иванов А. сымэ уэсмэнхэм я уардэунэм мамыр зэпсэлъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІыну щыкІуам, абыхэм ткІийуэ, пхъашэу къепсэлъащ: «Фи пащтыхьым и цІыхухэр къэбэрдейхэмрэ шамхъалхэмрэ ящІхэм ихьащ, шамхъалхэм ди пащтыхьым къулыкъу хуащІэ... Фи пащтыхьым шэрджэсхэм я щІым къалэ ирыригъэщІыхьащ, Тэрч къыщцыщІэдзауэ къалиплІ щывухуащ, Темырхъан (Дербент) кІуэ гъуэгури фубыдащ». Синан-пэщэ визирь иным урыс пащтыхь Иуан и къуэ Фёдор письмо хуитхащ Тэрчрэ Къэбэрдей щІыналъэмрэ урыс къалэхэр зэрыришІыхьар, Тэн Іус къэзакъхэр Азов зэрытеуар къыигъэлъагъуэу. Мэзкуу къригъэблагъэу Куржы пащтыхь Александр зэгурыІуэныгъэхэр зэрыращІылІар имыдэу ткІийуэ къыигъэуващ Дон къэзакъхэр Азов иришыжу Астрэхъэнрэ Къэзанрэ Тыркум яритыжыну.

Урыс лІыкІуэхэм уэсмэнхэмрэ тыркухэмрэ зэгурыІуэныгъэхэр щращІылІэхэм деж куэдрэ къагъэсэбэпу щытащ «Псыхуабэ шэрджэсхэр» пасэм къыщцыщІэдзауэ урысхэм яйщ» жыхуиІэ Іуэху еплъыкІэр. Унафэхэр зратхэ тхылъым ит тхыгъэхэр щапхъэу къахьурэ, урысхэм псоми я фІэщ ящІыну хэтт шэрджэс адыгэхэр зэман жыжьэ блэкІам рязанхэу щытауэ, Иуан IV и пащтыхьыгъуэм Кавказым къэІэпхъуэжу урысхэм я жьауэм щІэуващ. Абы къыхэкІыу, пащтыхьым ахэр ихъумэн папщІэ, Тэрч къалэ щиухуащ, шэрджэсхэр къалэншэу псэуфынукъым, жаІэри. Апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр лІыкІуэхэм куэдрэ къагъэсэбэп, я дэфтэрхэм иратхэу щыта щхьэкІэ, Истамбылрэ Бэхъшысэрайрэ ар я фІэщ зэи хъуакъым.

Тырку, Къэрым лІыкІуэхэри хущІэкъуурт шэрджэсхэр езыхэм яйуэ къыщІрагъэдзыну. Ахэр муслъымэнщ, ди къэралыгъуэм и цІыхухэщ, жаІэрт.

XVI лІэщІыгъуэм и кІэм тырку сулътІанымрэ Къэрым хъаныгъуэмрэ яужь ихьащ Кавказ Ищхъэрэр яубыдыну. Керчь топ 18 яшащ. Урысейми дзэшхуэ яшэну загъэхьэзырырт, ауэ абы

зэран хуэхъуащ Венгриер яубыдыну Австриемрэ Тыркумрэ зэрызэпэувамрэ Мубэрэч-Джэрий зэрылIамрэ.

1557 гъэм Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тхыдэтххэр зэхуэмыдэу топсэлъыхь. Щызэдауи щыIэщ. Шэч хэлъкъым дяпэкIи абы псалъэмакъышхуэ зэрыращIэкIынум. Ауэ XVI лIэщIыгъуэм щыIа щытыкIэм тепщIыхьмэ, а зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуа унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм хэбдзын хэлъкъым. Ахэр зыкIи зэран хуэхъуакъым Къэбэрдейм зиужьыным. Абы зыри къыпэрыуакъым езым и къэрал щIыб, къэрал кIуэцI Iуэху иригъэкIуэкIыжыну. Уеблэмэ, и экономикэм фIыуэ зиIэтри, и пщIэмрэ и зэфIэкIымрэ хэпщIыкIыу, нэрылъагъуу хэхъуащ. Ауэ нобэ языныкъуэхэм къызэралъытэм, зэрыжаIэм, зэратхым хуэдэукъым Iуэхур зэрыщытар – Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ зауэ-политикэ Iуэхугъуэхэр зэгъусэу ирагъэкIуэкIын папщIэ дамэгъу зэхуэхъуауэ arащ. Къэбэрдейми Урысейми езыхэм я щIыналъэ яIэжу щытащ, я гъунапкъэхэр гъэбелджылауэ. Дэтхэнэми щызекIуэрт езым и хабзэ. Зым и Iуэхум адрейр хэIэбэртэкъым.

Къэбэрдейми Урысейми яIащ езыхэм я къэрал дамыгъэхэр, къэрал IуэхущIапIэхэр. Налогхэри щхьэхуэ-щхьэхуэу ятырт. Зым адрейм ейм и Iуэху хилъхьэртэкъым.



1557 гъэм Къэбэрдейр Урысейм дамэгъу зэрыхуэхъуар дунейпсо хабзэм тету ятхащ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар хъума хъуакъым. Ди деж къэсар тхыдэм ехьэлIа Iуэхухэр щызэхуахьэса тхыгъэхэм хэхуа Iыхьэхэрщ. ЗэгурыIуэныгъэхэр IыхьитIу зэхэтащ: «тхьэрыIуэ псалъэрэ» «дыщэ мыхъур зытелъ ЩIыхь тхылъу».

**ДЗЭМЫХЬ Къасболэт,**
*тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор*

## МЭЛБАХЪУЭ Елберд

# ЩУМЫГЪЭПЩКIУАМ ЩЫЛЪЫХЪУЭ

*Романым щыщ пычыгъуэ*

... Шы бэлыхь тесрэ Iэщэ екIукIи зэщIэузэдэжауэ, и къэптал щIыIум афэ джанэр къытелъыжу, и хъурыфэ пыIэм уардэ щIэхъукIыу, Цукъарэ кавказ мэзылъэхэм щолъэхъу. Дуней дэрэжэгъуэр иIэщи, и псэм уэрэд кърещ.

Къаффэ и уэрам зэв сабалъэхэри, иджыпсту хуэдэ зэманым къэукъубей зи хабзэ Ахын тенджызым зэрытетари, хъумпIэцIэджыгъуэу зэщIэвэ Тамани, хъан зауэлIхэр дэгуауэ зыдэс быдапIэм зыми къимылъагъуу къызэрыдэкIуэсыкIари – псори блэкIа Iуэхущ.

Къэбэрдеишхуэм и ищхъэрэ-къухьэпIэ гъунапкъэхэм нэсыным зы махуэ гъуэгу къыхуэнэжауэ аращ. Цукъарэ къуажэхэм дыхьэркъым, ауэ адыгэ лъэпкъхэм ящыщ Iэщыхъуэ, мэлыхъуэ е вакIуэлI губгъуэм щыхуэзэмэ, нобэ-пщэдей тэтэрхэр къазэрытеуэнур яжреIэ. Цукъарэ ищIэрт абыхэм яIуридза хъыбарыр пцIащхъуэм нэхърэ нэхъ псынщIэу шапсыгъ, абазэ, кIэмыргуей, натхъуэдж, беслъэней, жаней жылэхэм зэрыщызэлъащIысынур.

Мыгувэу, уеблэмэ пщыхьэщхьэ нэхъ фIэмыкIыу, Цукъарэ нэсыфыну къыщIэкIынщ Темрыкъуэ и дзэр къыщыувыIа щIыпIэм. Абы и къуажэгъу гуэрхэм щахуэзэнкIэ, и унагъуэм и Iуэху зытет къыщыжраIэнкIэ хъунщ. АтIэми, гурыгъу щIыIэ гуэрхэр зэпымыууэ и псэм къыщIогъуалъхьэ, арщхьэкIэ Iей лъэпкъ къэхъуну и фIэщ ищIыну хуейкъым. Апхуэдиз илъэс дэкIа нэужь, уи адэжь хэкум и аузхэмрэ къуршхэмрэ уаIуплъэжауэ Iейм упэплъэ хъурэ, фIым ущымыгугъыу! Чэруану екIуэкI Кавказ къурш тхыцIэ дзахъэхэм уардэу къащхьэщытщ Iуащхьэмахуэ. Нэхъ и лъабжьэIуэкIэ щIыхуфэ зыщIидз хъупIэ щхъуантIэщ, нэхъри укъекIуэтэхыIуэмэ – Ахын къыщыщIэдзауэ Хьэбэз нэсу джабэ нэкIу псори лIэщIыгъуэхэр зи ныбжь мэзыжьхэм щIагъэнащ. Зэнзэныпс къабзэу сыт хуэдизыпс, сыт хуэдиз хьэкIэкхъуэкIэрэ псэущхьэрэ, бзу зэмылIэужьыгъуэ, пхъэщхьэмыщхьэ, хущхъуэгъуэ удзу сыт хуэдиз щыIэ мыбы! Аузхэм кхъужьейхэмрэ мейхэмрэ гъэгъар щапылъэлъыжакIэщ. Нэхъ бгыщхьэхэм щолъагъу жыг къудамэ зэгъэкъуахэм къахэщ гъуэжьыфэ-сырыхуфэ, плъыжьыфэ IэпапIэхэр: ар  банапцIэр, хьэцыбанэр, зейр, хьэмкIутIейр мэгъагъэри аращ...

Адэжь щIыналъэр Цукъарэ нэхутхьэхурэ дэрэжэгъуэкIэ къыIущIащи, КъупщхьэщIыжым илъагъу псори фIэгуфIэгъуэшхуэщ: хуейхэм щыгъагъэ епэрхэри, мащIэу хур къызытеува хьэсэхэри, щхъуантIафэ Iув зыщIидз уафэ дыдэри Кърымым зыкIи ещхькъым.

Дыгъэ къухьэгъуэ нэблэгъауэ, къуажэ цIыкIу гуэрым пэмыжыжьэу Цукъарэ щаIууащ IэщэкIэ зэщIэузэда шу гуп. Шу гупым щыщу тIур адрейхэм я фащэкIи IэщэкIи ещхьтэкъым. «Шэч хэмылъу, а тIур урысщ», –  егупсысащ Цукъарэ. Сэлам-чэламхэр зэфIэкIа нэужь, Цукъарэ абыхэм елъэIуащ Темрыкъуэ деж яшэну.

– Уэ, ныбжьэгъу, Темрыкъуэ мыбы зэрыщыIэр сыткIэ пщIэрэ? – щIэупщIащ гупым я нэхъыжьыр.

– Уа, мыр Цукъарэ-къупщхьэщIыжщ! – гуфIауэ къыхэкIиикIащ зи пэ щIагъым цы фIыцIэ щабэ къытрикIута ныбжьыщIэр. – Мыр ди къуажэгъущ, Къансыкъуейщ!

Адрейхэри къыпыгуфIыкIри, Цукъарэ гъунэгъу зыкъыхуащIащ.

– Ди тхьэ, пэж дыдэу Цукъарэ мыр?

– Псэущ!

– ИкIи узыншэщ!

– Шы бэлыхьи тесщ!

– И Iэщэр пщы Iэщэм зыкIи къыкIэрыхуркъым!

– Пэжщ, щIалэхэ, – гуапэу къэдыхьэшхащ Цукъарэ. – Шыри Iэщэри пщым ейуэ щытащ, ауэ ахэр къупщхьэщIыжми нэхъ мащIэу къигъэсэбэпыфынукъым.

– Мы къуажэм уи щхьэгъусэм и дэлъху Инали щыIэщ, – пIащIэу хъыбар къригъэщIащ ныбжьыщIэхэм ящыщ зым.

– Ари хъарзынэкъэ-тIэ, – Цукъарэ и гур и бгъэм къыщыфэну къытелъэдами, закъримыгъащIэу Iэдэб дыдэу жэуап итыжащ, – ауэ сэ япэщIыкIэ пщышхуэм сыхуэмызэу хъунукъым. Хъыбар пIащIэгъуэ къыхуэсхьащ...

– НакIуэ, сэ усшэнщ, – жиIащ гупым я нэхъыжьым.

Идарыр Щепотьев Андрей, Къансыкъуэ, тобий Чэпэлэу, уэркъ зыбжанэ и гъусэу унэ лъахъшэ зэв цIыкIу гуэрым и хадэм ист. Унэр мы къуажэм нэхъ щыцIэрыIуэхэм ящыщ зым ейт.



Цукъарэ гуапэу ирагъэблэгъащ. Зызыгъэпщышхуэхэм абы пагагъэ гуэри кърагъэлъэгъуакъым. Езы Темрыкъуи къызэрыгуэкIт. ЗекIуэ щыщыIэхэм деж пщышхуэм «нэхъыкIэти» «нэхъыщхьэти» жиIэу зэхэгъэж ищIыртэкъым, уафэ къабзэр и тепIэну жеину фIэфIт, «зауэлI нэсым и шхыныгъуэ» лы гъупцIар зриусыгъуэджэртэкъым.

Мустэфа зэхуишэса шуудзэм и бжыгъэм, ахэр я къалэн нэхъыщхьэм – урыс лIыкIуэхэр къанэ щымыIэу зэтеукIэным – щыпыхьэну пIалъэм теухуа хъыбарыр Цукъарэ псори зэрызэхэсу яхуиIуэтащ. Ауэ Тэтэрхъан къыхуищIа къалэн щхьэхуэр зыщIэн хуейр Идарым и закъуэт. Мо гупыр зыщIэупщIа нэгъуэщI Iуэхугъуэ Iэджэми жэуап яритри, Цукъарэ хэкъузауэ Темрыкъуэ еплъащ. Модреими Iуэхур зытетыр къыгурыIуэри, Цукъарэ жыг хадэм тIэкIу къыщригъэкIухьыну Iуишащ. Адрей хадэбгъумкIэ бжыхьым деж къыщызэтеувыIахэу, Темрыкъуэ зэуэ къыхэдыхьэшхыкIащ:

– Уэратэкъэ, Цукъарэ, зэгуэр щIэупщIауэ щытар: «ЩIыбышэхэм щIыбышэм теухуа псалъэмакъ зэи щIыдрамыгъэкIуэкIыр, ауэ делэхэм делэм теухуауэ сыт хуэдиз псалъэмакъ ядебгъэкIуэкIми щIэхъур сыт?» – жиIэу?

– Къысхуэгубзыгъыжыркъым, – Цукъарэ укIытэхыу и напIэхэр ирихьэхащ. – СыщIэупщIагъэнри зыхуэIуа щыIэкъым.

– Хъунщ, – гушыIэ хэмылъыжу жиIащ пщым. – Сытыт къызжепIэну узыхуейр?

– Псори зэхэсу Тэтэрхъан и цIэр къисIуэ хъунутэкъым...

– Ыхьы-ы, – и тхьэкIумэр игъэкIащ Темрыкъуэ.

– Ар шу миным я Iэташхьэщи, а шухэр здэкIуэн хуей щIыпIэм ишэнущ. Апхуэдэуи абы Мустэфа чэнджэщ иритынущ къару нэхъыщхьэ-

хэр ПсыкIэху гъуэгу IузэмкIэ ишэну – гъуэгур ягъэкIэщIын папщIэ. А гъуэгум щIыпIэ бэлыхь иIэщ (сэ абыкIэ сыкъыблэкIащ), мывэкIэ IупщIэу тэтэрхэр къапхъэным ибубыдэфыну. Аузым къыщыдэкIкIэ ахэр джабэ задэм къыкIэрымыхьэу хъунукъым. Мис а джабэ задэм деж щаIущIэн хуейщ тэтэрхэм. А къапхъэным куэд икIыфын хуейкъым. Тэтэрхъан и гугъу пщIымэ – ар дыдейщ. ГукIи псэкIи дыдейщ. Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, хъыбарегъащIэ хуэвутIыпщыну мэлъаIуэ. Езым, псори зэфIэкIа иужь, и къуажэжьым къигъэзэжынущ.

– Ыхьы-ы! – Идарыр IэдакъэкIэ жыг лъэдийм еуащ. – ЗэрыжыпIэмкIэ, Тэтэрхъан Мэзкуу дыгухьэным и телъхьэщ...

– И телъхьэщ.

– Урысыпщ Андрей къеджэн хуейщ. Ари Iуэхум щыгъуазэ хъунущ, хъун къудей мыхъуу, щыгъуэзэн хуейщ.

– Урысхэри дэ тщIыгъуу зэуэну?

– Уэ уи гугъар сыт?

– ЖыпIэнурамэ, ар тэмэмщ, – хэгупсысыхьауэ жэуап къитащ Цукъарэ.

Темрыкъуэ дыхьэшхащ. Ауэ щIэдыхьэшхам и щхьэусыгъуэр жимыIэу, КъупщхьэщIыжым еупщIащ:

– Уэ, дауи, зэ уи унэ узэрынэсыжыным ухуопIащIэ, аракъэ? Унагъуэм узэрыпэIэщIэрэ, гъэру узэраIыгърэ илъэс дапщэ хъуа? Сэ зэрызэхэсхамкIэ, уи щхьэгъусэр нобэр къыздэсым къыппоплъэри щысщ, уи унагъуэм я фIэщ мэхъу зэ мыхъуми зэ уазэрыхыхьэжынур.

– Тхьэразэ къыпхухъу, ди пщышхуэ, сэр щхьэкIэ узэрыгузавэм папщIэ. Ауэ мы хъунщIакIуэ къежьахэм зы унафэ гуэр ягъуэтыху, сэ сывигъусэнущ.

– Ауэ зауэм ухыхьэу пхуэздэнукъым...

– Ди пщышхуэ...

– Уэ а уи щхьэмрэ уи акъылымрэ тхьэм къущIитар таж щхьэрыптIэгъэну, уи Iэхэр къущIитар сэшхуэ ягъэбзэну аракъым. ЗыпхъунщIэну ухуежьэнщи, гъущI кIапсэкIэ гъуэмылашэгум урезгъэпхынщ икIи зауэр иухыху укъыкIэрезгъэгъэкIынкъым.

– Уэ, пщы Темрыкъуэ, езыр сыт щыгъуи зэхэуэм и курыкупсэм, и гуащIапIэм ущыIэщ. АтIэми уэ удипщышхуэщ! Уэри уи щхьэм ухуэсакъыжын хуейт!

Темрыкъуэ аргуэру къэдыхьэшхащ:

– Сэ си Iуэхур нэгъуэщIщ. Сэ зауэм сыхэмыту хъунукъым. Сэ лъэныкъуэкIэ сыувыжу, адрейхэм зауэм фыIухьэ зэражесIэнур дауэ? Хьэуэ, ар хъунукъым. Сэ езым щапхъэ згъэлъэгъуэн хуейщ. Зи Хэку зыхъумэжыр лIыхъужьу щымыту хъунукъым, лIыхъужьыгъэ щыбгъэлъэгъуэфынури зауэр аращ. Ауэ, пэж жысIэнщи, си жагъуэкъым сэшхуэ гъэбзэнри шабзэшэ утIыпщынри.

– КъызгуроIуэ...

– НакIуэ, жьэгумкIэ дыкIуэнщ, лы жьэм и мэр къысIурыуащ. Нобэ уэ сэ узихьэщIэщ.

– Уэ, ди пщышхуэ, адрейхэм уазэремыщхьыр сощIэ. Ауэ къезэгъыу пIэрэ къазыщхъуэжьым кърухэм зарыгъэщхьу абыхэм я сатырым защыкIэрищIэм деж?

– Умыгузавэ. Кърухэми я сэбэп абы къыхэкIынщ. Уэри адрей псоми уарещхькъым. НэгъуэщI зы щхьэусыгъуи диIэщ дэ, дэ тIур нэхъри



2 Заказ №453

гъунэгъу дызэхуищIу. – Темрыкъуэ хьэлъэу хэщэтыкIащ. – Уи щIалэри си щIалэри бгы лъагэм къинауэ исхэщ. Уэсыр къыгуэури... Ауэ IейкIэ сыгугъэну сыхуейкъым. Зыкъомрэ дэсхэмэ, къикIыжынщ. УрыситIи ящIыгъущ а гупым. Къетыкъуэпщ нэхъыщIэри. Си унэкъуэщ щIалэри...

Хъыбарыр жагъуэу и щхьэм къеуами, Цукъарэ гу зылъригъэтакъым:

– Пэжщ, нэхъыфIым щыгугъын хуейщ...

Жэщыбг фIэкIауэщ Цукъарэрэ Иналрэ щызэрылъагъуфар. Инал къыжраIакIэу ищIэрт и псэм хэлъым химыхыну илъагъу и малъхъэм къызэригъэзэжари, тепыIэ имыIэжу жыг хадэбгъухэр къызэхикIухьырт.

ТIури уэршэрым, псалъэмакъым дихьэхри, гу лъамытэурэ нэху щащ. Жеину зэман ягъуэтакъым. Пщэдджыжьым жьыуэ Темрыкъуэ унафэ ищIащ шыхэм уанэ тралъхьэну. ПсыкIэху псы цIыкIум нэс махуэрэ ныкъуэрэ гъуэгуанэ дэлъщ, ауэ Идарым мурад ищIат ныжэбэ абы и Iуфэ задэхэм и лъэр нихусыну. Гъуэмылашэхэр нэхъ иужьыIуэкIэ, етIуанэ махуэм шэджагъуэм ирихьэлIэу, къалъэщIыхьэжынщ.

Апхуэдэуи ящIащ. Мазэ къыщIэкIыгъуэм ирихьэлIэу аузым дыхьахэщ. Дыгъэр къыщыщIэкIым Темрыкъуэрэ урысыпщ Андрейрэ щIыпIэр къызэхаплъыхьу щытт.

Ауз адрыщIымкIэ, зы верстрэ ныкъуэкIэ япэжыжьэну, аузым и бгъуапIэ дыдэм деж псым къыхуэкIуэу къехыпIэ задэ иIэщ. Абдежым къыщыщIедзэ псы Iуфэм къеуалIэ гъуэгуми. Псыр цIыкIущ, Iэгъуапэ зыбжанэу зэкIэщIож. И Iуфэхэр задэщ, нэпкъхэм сажнипщI нэблагъэ я лъагагъынущ. Езы псыхъуэр бгъуэкъыми, шабзэшэр адрей Iуфэм тыншу нэсынущ.



– ХьэщIэ дызэмыджахэм мыбдеж дащыIущIэнщ, – жиIащ Темрыкъуэ. – Мы шытхым кIуэрыкIуэм тету укъыдэкIыфынукъым. Гъуэгум зэбгъурыту шууиплI нэхъыбэ техуэнукъым, ахэри лъэбакъуэкIэрэ, хуэму фIэкIа къэкIуэфынукъым. Гухэр къыщIэрыIэурэ къыдашын хуей хъунущ.

– Си гугъэмкIэ, абыхэм япэщIыкIэ плъэIуакIуэ-дэIуакIуэ гуп къаутIыпщынщ, – къэпсэлъащ Щепотьевыр. – Апхуэдэу занщIэу щхьэхьу къапхъэным къихьэнкъым.

– Пэжщ, – арэзы техъуащ Темрыкъуэ. – Дэ псы Iуфэм пыIудза мо мэз цIыкIум зыхэдгъэпщкIуэнщи, ди пэр къыщIэдмышиикIыу дыщIэсынщ. Мустэфа хьэкъыу пхрекI абы мыбдеж зыри къызэрыщыпэмыплъэр.

– Дэ ди плъакIуэ-дэIуакIуэхэр къыщыувыIэнур дэнэ деж?

– Дэ апхуэдэ диIэнукъым. ЩIалэ Iэчлъэчищэм нэблагъэм джабэм ираутIыпщхьэхыну мывэхэр ягъэхьэзыр. Абдежыр мывэ хьэдзэжь защIэщи, зы мывэшхуэ ебутIыпщхьэхмэ, бгы къыгуэуам хуэдэу Iэджи здрихьэжьэнущ. ЩIалэ ахъырзэманищэм абы щащIэфыну жыхуэпIэм ущIэмыупщIэ! Тэтэр шуудзэм и кIэр аузым къызэрыдыхьэу дэ къызэхэтхынущ мывэ къеухам и гъуахъуэ макъыр.

– Мис итIанэ абыхэм уатеуэну игъуэ дыдэщ! – пIейтейуэ жиIащ Щепотьевым.

– Пэжщ, игъуэ дыдэщ. Ди теуэгъуэм и пIалъэр къызэрысамкIи хъыбар дэзыгъэщIэнур пщIэнтIэпсрэ лъыкIэ гъэнщIа ди адэжь щIыгур ращ! – хэIэтыкIауэ жиIащ Идарым. – «ХьэщIэхэр» мы «куэбжэмкIэ» къытхуеблагъэмэ, нэгъуэщI дыхуейкъым...

* * *

Тэтэрхэм ПсыкIэхукIэ яунэтIауэ жыджэру, фIэщхъуныгъэ яхэлъу, лъымэ къызыщIихьа хьэкIэкхъуэкIэу, къызэрызэщIэгъэплъахэу зэрохь. Мы зыдежьа хъунщIэм хэкIуэдэнкIэ хъуну зыми и пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым. Дэтхэнэ зыри зэгупсысыр мы зекIуэм къыщыIэрыхьэну къуентхъышхуэр аращ. Я жыпхэр къуауэ Кърым зэрагъэзэжынур я гурыфIыгъуэщ. Адыгэ Iэщэм, щолэхъухэмрэ хуарэхэмрэ, Тамань, Къаффэ, Бахъшысэрей я гъэр щапIэ бэзэрхэм щызекIуэ уасэхэм топсэлъыхь. Ефэ-ешхэу къапэщылъыр, гъэр къащIыну тхьэIухудхэмкIэ я нэгу зэрызрагъэужьынур нэрылъагъум хуэдэу къызыфIагъэщI.

Зыми шэч къытрихьэркъым Iуэхур къазэрехъулIэнум. Езыхэми ящIэж хъунщIэныр ахэр къызыхуигъэщIа, зэрыпсэу IэнатIэу зэрыщытыр. А зы лэжьыгъэ закъуэрщ лэжьыгъэу мы дунейм щызекIуэм абыхэм зыхащIыкIыр. А лэжьыгъэр – зэуэн, укIын, лей ехын, хъунщIэн – икъукIэ къезэгъ, узытемыукIытыхьыжын лэжьыгъэщ. Алыхьым адрей щIыналъэхэмрэ лъэпкъхэмрэ къыщIигъэщIар а щIыналъэхэр убыдын, а лъэпкъхэр пщылIыпIэм ирагъэувэн, абыхэм къагъэкIа гъавэмкIэ езыхэм я гуэнхэр якъун щхьэкIэкъэ!

Темрыкъуэ псы Iуфэм нэсри махуитI дэкIауэ, а псы Iуфэ дыдэм Мустэфаи къэсащ.

Шэджагъуэ нэблэгъати, Мустэфа унафэ ищIащ къэувыIэу загъэпсэхуну, нэмэз ящIыну. Езы Мустэфаи и шэтырым нэмэз щищIа нэужь, Усыб къриджащ. Усыб псынщIэу къэсащ. Усыб хьэжы пыIэ удзыфэ щхьэрыгът, и жьакIэ лар бгъэгум теуэрт. СыткIэ пщIэжынт абы зэгуэрым сондэджэр щыгъын щыгъауэ!

Мустэфа арэзыуэ хэгурымыкIащ:

– Еплъыт абы и нэкIужьым! Молэуэ къалъхуа фIэкIа пщIэнкъым. Плъагъуркъэ, зэуэ Iэдэбыгъэрэ гуапагъэрэ зэрызытригъэуэфар! Хьэлвэмрэ бжьыныхумрэ зэхэшыпсыхьащ.

– Псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж Алыхь лъапIэм и цIэкIэ сыт хуэдэ Iуэхури злэжьыну сыхьэзырщ! – Усыб жыIэдаIуэу зигъэщхъащ.

– «Псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж», – къытригъэзэжащ Усыб и псалъэхэм Мустэфа. – Ар хъарзынэщ. Иджы мыдэ къэдаIуэ, – Мустэфа и макъым щэху дыдэ зригъэщIащ, – мы къалэным упэлъэщрэ – узэрыщымыгугъауэ жыжьэ удэкIуеинущ, упэмылъэщрэ – тезыр хьэлъэ, игъащIэкIэ уи пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэн тезыр пхьынущ. Уи гъусэу нежьэнур цIыхуитI къудейщ, ауэ уи унафэм шу щитI щIэтынущ, ахэр фи ужьым иту нэкIуэнущ. Уи гъусэну цIыхуитIым Iуэхур зытетыр къагурыдгъэIуакIэщ. ФыздэкIуэм фыщынэблэгъам деж, шу гупым мэз гуэрым зыхебгъэгъэпщкIуэнщ – абы зыщигъэпщкIунур уэ езым къэбгъуэтыжынщ – итIанэ, уэ хъыбар къызэребгъащIэу, псынщIэу ныплъэIэсын хуэдэу. Уэ мы щIыпIэхэм уи щыпэ щызэхэзекIуэкъым, Iэджэрэ къыщыбущыхьащи, нэхъ тэмэм зэрыхъунур уэ пщIэжынщ. Шухэм загъэпщкIуа нэужь, уэ адыгэ къуажэхэр къызэхыбокIухь, адыгэхэм ислъам диныр хьэкъ ящыпщIын мурадкIэ муслъымэныгъэм уахутопсэлъыхь. Ауэ уэ уи къалэныр Темрыкъуэпщым и унагъуэм зыщигъэпщкIур къэпхутэнырщ. Сэ хъыбар къызэрызагъэщIамкIэ, Темрыкъуэ и унагъуэр я деж щыIэкъым, зыгуэрым деж щохьэщIэ, ауэ зи

хьэщIэр ябзыщI. ГурыIуэгъуэр зыщ: ар къуажэ гъунэгъухэм ящыщ зым щыIэщ.

– А хъыбарыр къыпIэрызыгъэхьар Къетыкъуэ ПщыIэпщокъуэ? – щIэупщIащ Усыб.

– Уэ псори умыщIэну Iэмал имыIэу щыткъым! – Мустэфа губжьауэ и дзэхэр зэригъэшхащ. – Уэ уи къалэныр къыбжаIэм щыму уедэIуэнырщ. Темрыкъуэ и бынхэр сэ си IэмыщIэм къихутэн хуейщ. КъыбгурыIуа? Унагъуэр здэщыIэр къызэрыпхутэу, уи шу щитIым хъыбар егъащIи, къуажэр зэхэкъутэ, гъэс, и лъапсэм псы игъэжыхьыж, ауэ Темрыкъуэ и бынхэр псэууэ икIи псынщIэу Тамань къысхуэгъэс. ЗэкIэ Тамань... КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ, зиусхьэн! Си гъащIэр щIэстамэ, пщэрылъ къысхуэпщIар зэфIэзгъэкIынщ. Яалыхь, къыддэIэпыкъу!

– ИджыпступцIэ гъуэгу утехьэнущ. Ауз адрыщIымкIэ псы Iуфэ нэпкъым фыдэкIа нэужь, мэкъу Iэмбатэ къафщти, мафIэ щIэвдзэ – ар а щIыпIэм адыгэхэм я дзэ гуп е хъунщIакIуэ гуэрхэр зэрыщымыIэм и хъыбарегъащIэу аращи, псори тэмэммэ, адэкIэ фи гъуэгум пыфщэ. МафIэкIэ хъыбар къытIэрывгъэхьа нэужь, дэри зитчынущ.

– О Алыхь! Сыту губзыгъэIуэу зэпэпшэча псори!

– Къэгъанэ иджы! Мыр сыт, молэ дыдэ ухъупауэ ара?! Уи бзэгупэм Алыхьыр текIыркъым...

Мустэфа зыкъомрэ кIэлъыплъащ Усыб и шу гупыр псы Iуфэм Iуту ищхъэрэкIэ зэрехым, псы адрыщIкIэ джабэм зэрыдэкIым. ШууитI япэ ищри шытхым дэкIащ. А тIум мыдрейхэр якIэлъежьащ. Мес мафIэ зыщIадза мэкъум и Iугъуэри. Дыгъэ бзийм мафIэ бзийр хокIуадэ, ауэ Iугъуэр IупщIу холъагъукI. Усыб и шухэр псы Iуфэ нэпкъ лъагэхэм псынщIэу ягъэпщкIуащ.



Мустэфа дыгъуасэ Тэтэрхъан нэгъуэщI гъуэгукIэ, тэтэрхэр зэресэжауэ игъащIэ лъандэрэ Къэбэрдейм зэрытеуэ гъуэгумкIэ иутIыпщащ. Абы и шу миныр тэтэрыдзэм и дзэ нэхъыщхьэр арауэ къащрехъу адыгэхэм. Езы Мустэфа ПсыкIэху адрыщI мащIэу зыщиIэжьэнщи, и шу минибгъумкIэ Темрыкъуэ и щIыбымкIэ къыдыхьэнщи, теуэнщ, къашыргъэм ичэтхъа тхьэрыкъуэм нэхърэ нэхъ Iейуэ ичэтхъэнщ. Ауэ абы и пэкIэ Темрыкъуэрэ Тэтэрхъанрэ зэпэщIэувэу зэзэуэн хуейщ. Хъарзынэ хъунут, а тIур фIыуэ зэрыудыныщIэрэ къаруушэ зэрыщIамэ. ИтIанэ Мустэфа и мурадхэр нэхъ тыншу къехъулIэнут. Тэтэрхъан зыми щремыгугъ, кхъуэр уафэмкIэ дэплъеифыну зэрыщымыгугъынум хуэдэу...

И шэтырыр зэщIакъуэжу гъуэгу теувэжынхэу Мустэфа унафэ зэрищIу, ихъуреягъыр къызэрызэщIэIэтащ, зэщIэгъуэгъуащ, зэщIэхъеящи, цIыхушхуэ щыпэкIу бэзэру, сабэ гуэрэныр къащхьэщытщ. Мустэфа гуащIэу къыIурыуащ пщIэнтIэпсымэр, ерыскъы нызэуэшх зэхэфыхьыжхэмрэ шывеймрэ я мэ гуащIэр, а «мэ зэмыфэгъухэм» нэгъуэщI зыи къахыхьэжат. Ар къыщыIурыуэм, уланышхуэм и пэр зэригъалъэри игукIэ жиIащ: «Iэщым нэхърэ нэхъ Iейхэщ! Iуэху яIэмэ, тIэкIу IукIуэт хъунухэтэкъэ?!»

Дзэ нэхъыщхьэм и пэ иту шу щитху хуэдиз кIуэрт. Абыхэм я ужь итщ Мустэфарэ уланышхуэм и хъумакIуэхэмрэ. Мустэфа и ужьым иту макIуэ дзэ нэхъыщхьэр. Псоми я кIашэщ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр, гъуэмылэр зэрылъ гухэр. Япэ шуудзэ минхэр адрыщI Iуфэм нэмысу гухэр аузым дыхьэфынукъым.

Джабэ дэкIыпIэм и лъапэ дыдэм нэса япэ шу щитхум кIапсэлъэрышэу джабэ задэм зыщаукъуэдия къудейуэ, уафэгъуагъуэ макъ зэрылъэлъышхуэ къэIуащ. Ауэ уафэр щыгъуагъуэр уэгумкIэтэкъым, атIэ а уафэгъуагъуэр мы гуэныхьлы щIылъэм икIыу уэгумкIэ дэкIуейрт.

Мустэфа зэуэ шыр къыжьэдикъуащ. Абы иджыри ищIэркъым къэхъуар, ауэ и Iэпкълъэпкъым зы шынагъуэ гуэр, псэр зэщIэзыгъэдие шынагъуэ зыхищIащ...

* * *

Гъуэгур зэрыIуащIэну мывэр зыгъэхьэзырхэм Цукъари яхэтщ. КъупщхьэщIыжыр тэтэр къупщхьэхэр икъутэну щамыгъакIуэкIэ, гушыIэрт ар, КъупщхьэщIыж ахэр къызэрикIуэтыжыну гъуэгур яхузэтрикъутэнщ.

Адрейхэм я гъусэу Цукъари мывэ хьэлъэхэр бжьэпэм къыщхьэщихьэрт, къригъэжалIэрт. ЩыхупIэ нэзым щхьэщыт мывэ абрагъуэ зытIущым щIалэ Iэчлъэчхэм пхъэ хъурей гъумыщIэхэр кIэщIагъэлъадэри еIэурэ фIыуэ ягъэхъеяти, иджы еIунщIын фIэкIа хуеижтэкъым. Мывэу зыхуеинум нэхърэ нэхъыбэ къагъэхьэзыращ.

Тэтэрхэр аузым къыдыхьэн щаухынум яхуэмышэчыжу пэплъэхэрт: я лэжьыгъэм кърикIуэнур ялъагъужыну хуейти, тепыIэжхэртэкъым. ИкIэм-икIэжым иужьрей шуудзэ гупыр къуэм къыдыхьэри япэ гъуэмылашэ гухэри къыкъуэкIащ.

Мис иджыщ!

Иджы замыгъэпщкIужу, зыгуэрым зэхихынкIи мышынэжхэу, макъ зэдэукIэ зэдежьури, адыгэ щIалэжьхэр Iуэхум пэрыхьащ. Мывэ абрагъуэхэр хьэмкIэу джабэ задэм йоджэрэзэх, здежэхым мывэшхуэуи мывэ цIыкIууи пщIы бжыгъэхэр здащтэу, тхьэкIумэIупсыр изыч макъ шынагъуэ ягъэIурэ сабэ Iувыр пшэ гуэрэну къаIэту.

ЦIыхуищ зэтеувамэ, лъэIэсын-лъэмыIэсыну зы напIэзыпIэм гъуэгур IуищIами, мывэ зэхуахьэсам и зэхуэдитIыр иджыри ирадзыхатэкъым.

Сабэр тIысыжатэкъым, уафэгъуагъуэ макъри ужьыхатэкъым, уIэгъэхэм я гыз, кIий макъхэр, шыхэм я щыщ макъыр къыщыIуам – гу зыбжанэ мывэ ехуэхахэм пэщIэхуэри, щхьэл мывэ абрагъуэм дэхуа пфIэщIыну зэхихьэжат.

Зи нэкIум уIэгъэжьыр къытещ, «мывэедзыххэм» я Iэтащхьэ уэркъ хэкIуэтам дуней гуфIэгъуэ иIэт.

– Ахьа-а! Фигу ирихьакъэ? Зэ фымыпIащIэ, иджыри нэкIуэнущ! – дыхьэшхырт ар.

Цукъарэ уэркъым бгъэдыхьащ:

– Мы мывэ къэнам и гугъу зэкIэ дывмыгъэщI. Сыту жыпIэмэ, тIэкIу дэкIмэ, тэтэрхэр икIуэтыжыну хуежьэнущ. Мо мывэ блыным ахэр лъэсу щхьэдэхыфынущ, ауэ шыхэр къагъэнэн хуей хъунущ. АтIэ, щIыунэм къипщ дзыгъуэшхуэу ахэр мывэ блыным дэпщея нэужь, мыдрей мывэ къэнар едутIыпщхьэхынщ.

Уэркъыр арэзы хъуащ. Тэтэрхэр къыщикIуэтыжынум пэплъэу иныкъуэр мыбдеж къэнащ, адрейхэр, Цукъари яхэту, зауэр щекIуэкIымкIэ кIуащ.

Псы Iуфэ нэпкъ лъагэм щекIуэкIым зауэкIэ уеджи хъунутэкъым. Кърымхэм джабэ задэр яуфэбгъуу мывэ еджэрэзэххэм я макъри къыщыIум, адыгэхэм я шабзэшэхэр тэтэрхэм тракIутэу щIадзащ. Шабзэшэхэм щIыгъуу зы жьэу къызэдэпсэлъащ урыс фоч щитIри. Зы напIэзыпIэм джабэ удз щхъуантIэри, а удзым къыхэнэIукI лъагъуэ бгъузэ цIыкIухэри хьэжэпхъажэ хъуа цIыху зэрызехьэхэм я лъабжьэм щIэкIуэдащ. Хьэдэ куэдыкIейм яхэлъ уIэгъэхэр мэгыз, шы джэлахэр йолъэкъуауэ, псэухэм ящIэнур ямыщIэжу адэ-мыдэкIэ задз.

Зэрымыгугъауэ Iуэхур къыщыщIидзым, Мустэфа аргуэру зы шууищэ зауэм хиутIыпщхьащ. Ар хэкIыпIэншэу къылъэщIэзэрыхьа гузэвэгъуэм иригъэлэжьа Iуэхут. ХэкIыпIэншагъэм къыпщIигъэзэрыхьа гузэвэгъуэм уимыгъэщIэн щыIэ!

Япэ ита шухэр, къарууэ яIэр ирахьэлIэри, дауэрэ ямыщIами, щыгум нэсащ, арщхьэкIэ я нэси я хэкIуади зы хъуащ. МыдэкIэ джабэм кIэрытхэм аргуэрыжьу шабзэшэхэмрэ фочышэхэмрэ къателъалъэу щIидзэжащ.

Шабзауэхэр псы Iуфэ нэпкъым и кIыхьагъкIэ декIуэкIыу еувэкIати, тэтэрыдзэм и дэтхэнэ кIапэми нэщэнэхэр тыншу къыщагъуэтырт. Кърымхэр япэхункIэ хущIэкъуащ зыкъыпэщIасэну. Ауэ ахэр зэрыхуа щытыкIэр гугъут: и лъабжьэмкIэ укъыщIэту ищхьэмкIэ удэукIыныр тынштэкъым, атIэми емынэм ихьын адыгэхэм мывэ къуагъхэм зыкъуагъэпщкIуати, здебгъэпщэнури зэбгъэпщэнури къэхутэгъуейт.



Мустэфа икIуэтыжын мурад ищIагъэнущ: джабащхьэм укъеплъыхмэ, хуиту уолъагъу къызэрыгуэкI зауэлIхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIу зэщыхуэпыкIа шу гупышхуэм, шы къарэ бэлыхьхэм тесхэм, лъагъуэм тетхэр зэбгратхъуурэ псыщхьэмкIэ зэрыдрагъэзеяр.

– Хьэуэ, Андрей, сынодэIуэн хуеякъым, – нэщхъыцэу жиIащ Темрыкъуэ. – Шу щищ е щиплI мыхъуми шытхым нэс къыдэдгъэкIын хуеящ, армыхъумэ, мыра зауэ жыхуаIэр? Апхуэдэ зауэкIэ щIыхьи къыпхуэхьын?

– Хьэуэ, фIыуэ тлъагъу пщышхуэ, – щабэу, ауэ Идарым жиIамкIэ мыарэзыуэ къыпидзыжащ Щепотьевым. – ЩIыхьыр зыхэлъыр уи щIыналъэри пхъумэжу уи цIыхухэри къебгъэлынырщ. БжыгъэкIэ къапщтэмэ, дэ абыхэм нэхърэ хуэдиплIкIэ дынэхъ мащIэщ. Зауэ иджыри щыIэнущ. Иджыри лъы жэнущ... Еплъыт, ягъэкIэрэхъуэжащ. Зым и гущIыIум зыр иувэжрэ зэрыпIытIыжу йокIуэтхэр.

– Мис иджы сэ зыми сызэтриIыгъэжыфынкъым! – къыхэгуоукIащ Темрыкъуэ. – Ей! Хэт зауэлIу зилъытэжрэ? – и шым елъэдэкъауэри джабэ нэкIум щхьэхьу ириукъуэдиихащ.

ЗауэлIу зызымылъытэжыр хэтыт?!

Гъуэгу зэвыр зыкуда хьэдэхэм ерагъыу пхыкIри, шу мин хуэдиз псыхъуэм дыхьащ. Ауэ шу минри куэдыIуэт. А миным и Iыхьэ щанэр арат тэмэму зызыгъэзэфыр, Iэщэр зыгъэбзэфыр, мыдрейхэм мо щIыпIэ Iэзэвлъэзэвым зыгъэзапIэ щагъуэтыртэкъым. Идарымрэ Щепотьевымрэ япэ сатырым хэту мэзауэ. Тэтэрхэм еруууэ зыкъыпэщIасэ, зыкъыпэщIасэми, йокIуэт. ИкIэм-икIэжым, ахэр зыми къыхуэмыгъэдэIуэж цIыху гуп зэрызехьэ хъури, мывэ блыным дэпщу щIадзащ. Абдежым аргуэру къэIуащ нэпкъым къехуэх мывэхэм я гъуагъуэ макъыр, аргуэру аузыр кIий, гыз макъхэм якудащ. Мывэм

гъуэгур IуищIам и мызакъуэу, псыри IуищIати, мывэ блыным къыпэпкIухь зэрыхъуну щIыпIабгъуэ тIэкIумкIэ къыдэуэха псы уэрыр Мустэфа и шыбгым къыщIэуэрт. Уланышхуэмрэ абы и хъумакIуэ зыбжанэрэ, дауэ ямыщIами, хьэшым икIыфащ. Дзэм и нэхъыбапIэр къызэребгъэлыфын щыIэтэкъым. Гъуэгур IузыщIа мывэ зэтелъым иракъузылIа тэтэрхэр адыгэхэм къазэрыпэщIэтым нэхърэ нэхъыбэу езыхэр зэрыпIытIыжырт, мо зэхэзэрыхьа къомым шууеиншэу къэна шы уанэгу нэщIхэр къахэпшэхъуэжати, зыри пхузэхэхужынутэкъым. А псом ищIыIужкIэ, джабэ щыгум къытетхэм я шабзэхэмрэ фочхэмрэ увыIэгъуэ яIэкъым.

«ХъунщIэм» хэта тэтэрхэм ящыщу мыдрей Iуфэм къэсыжыфар я Iыхьэ тхуанэр аращ, ари лъэсу, шыхэр яфIэкIуэдауэ. Адыгэхэм укIыгъэрэ уIэгъэ хьэлъэу зыбгъупщI нэхъыбэ яхэщIакъым. УIэгъэ тIэкIу игъуэтащ – и нэкIур мащIэу шабзэшэм ириупщIащ – Темрыкъуи. А уIэгъэм псом нэхърэ нэхъ иригушхуэу фэ тетт Идарым: сыт хуэдэу щымытами, зауэм зэрыхэтар нэрылъагъущ, псэзэпылъхьэпIэм зэритар, зэрызэуар IупщIщ.

Псэууэ къела тэтэрхэм гъуэмылашэ шыхэр къыщIатIыкIщ, гухэр къагъанэри, езыхэр щIэпхъуэжащ.

Идарым и гугъащ абыхэм якIэлъыпхъэрыну, арщхьэкIэ, егупсысыжри, Тэтэрхъанрэ абы и шу минымрэ я Iуэху зытет, ахэр здынэсар зригъащIэмэ нэхъ фIэтэмэмри, щIегъуэжащ.

Уланышхуэм и нэхъ IупэфIэгъухэм ящыщу зы гъэр къащIати, абы къажриIащ: Тэтэрхъан нэгъуэщI гъуэгукIэ яутIыпщащ. Апхуэдэу къыщыщIэкIым, Темрыкъуэ Къэбэрдеишхуэм и гъунапкъэхэмкIэ къиунэтIыжыну триухуащ. Апхуэдэуи пщышхуэм щыгъупщатэкъым я гугъу ямыщIу благъэкIа шу щитIыр. Сыт ахэр къэмыувыIэу щIыкIуэцIрыкIар? Дэнэ здэкIуэхэр? ЩIэкIуэхэри сыт?



* * *

Тобий Чэпэлэу и къуажэм удэзышэ гъуэгум пэмыжыжьэу къуэ щэху гуэрым и хъунщIакIуэ гупыр щигъэпщкIури, Усыб и шу гъуситIыр щIыгъуу КъансыкъуейкIэ иунэтIащ. Гъуэгур фIыуэ зыщIыху Усыб и мурадт пщыхьэщхьэхуэкIуэу къуажэм нэсыну, къуажэбгъум щыт унэхэм ящыщ зым екIуалIэу нэху къыщрагъэкIыну елъэIуну. КъацIыхужынкIэ шынэркъым. ЖьакIэмрэ щыгъынымрэ тэтэрым и теплъэм фIыуэ зрагъэхъуэжат. И зекIуэкIэмрэ и макъымрэ зегъэхъуэжыныр Усыб дежкIэ зыми щыщтэкъым.

Усыб псэкIи гукIи зыхещIэ и мурадыр Къансыкъуейм къыщехъулIэну. И пщэ къралъхьар имыгъэзэщIэныр лIэныгъэм хуэдэщ.

А пщыхьэщхьэ дыдэм наIуэ къэхъуащ Усыб и гум къызэримыгъэпцIар.

МафIэр щыжьэражьэ жьэгум пэрысу Усыб джэд гъэвагъащIэр ирегъэмэрэкIуэх. И гъуситIыр блыным кIэрыт тетIысхьэпIэ кIыхьым щетIысэхащ. Абыхэм я пащхьэм Iэнэ лъакъуищыр итщ. Унагъуэм и тхьэмадэр зи ныбжьыр хэкIуэта лъхукъуэлIт, ауэ иджыри жант, лъэ-

рызехьэт, зи щIалэгъуэу и нэхэр къилыдыкIырт. Тхьэмадэм и щхьэр игъэкIэрахъуэри жиIащ:

– АтIэ, молэ, зэрыжыпIэмкIэ, джаур псори, ы-ы, Алыхьыр зи фIэщ мыхъухэр жыхьэнмэм кIуэнущ.

– КIуэнущ, кIуэнурэ, къыхэкI ямыIэу жыхьэнмэ мафIэм хэсынущ, – зигъэгубзыгъэу жэуап итащ Усыб. Тэтэрым адыгэбзэр мыбзаджэу ищIэрт, ауэ зэзэмызэ и псэлъэгъум елъэIурт и псалъэхэр зэкIэлъимыгъэпIэщIэну.

– Ар дауэ къыхэкI имыIэу мафIэм узэрыхэсынур? – игъэщIагъуэрт унагъуэр зейм. – Дауэ щымытами, мафIэр мафIэщ. Сахуэ фIэкIа къыпхимынэу уисынурэ ежьэжынущ. КъызгурыIуэркъым...

– ИтIанэ къыбгурыIуэнщ... Къысхуэгъэгъу, шейтIаныр си бзэгупэм къеIауэ аращ. ЖысIэну сызыхуейр итIанэ ныпхуэсIуэтэнщ... Алыхьым елъэIун хуейщ. Махуэ къэс, сыхьэт къэс. Алыхьым щышынэр жыхьэнмэм кIуэнукъым, Алыхьым щышынэм жэнэтыр унапIэ хуэхъунущ. Аращи, Алыхьым елъэIун, елъэIун хуейщ, махуэ къэс, сыхьэт къэс.

– Ди деж зэрыщыжаIэмкIэ, тхьэ уелъэIунри, залымыгъэкIэ тхьэ уагъэIуэнри тIури зыщ – тIуми къарыкIышхуэ щыIэкъым.

– Щоуэхэр, – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу жэуап итащ Усыб. Ар ешат, жейм ихьырт.

– Хьэуэ, лIахэм я хэщIапIэу жыхуаIэм псори щынэхъ тыншу къыщIэкIынущ. Абы псэухэм я ныбжьым къыщекIухь. Ахэр пIыщIэркъым, пщIантIэркъым, гуфIэркъым, нэщхъейкъым, ауэ икъукIэ зэшхэу къыщIэкIынщ, – лIыжьыр хэщэтыкIащ. – Джаурхэм я сабийхэри жыхьэнмэм кIуэрэ?



– Я сабийхэри макIуэ, – хущхьащ Усыб.

– Ар дауэ? Лажьи хьати зимыIэ си къуэрылъхури, ди Сибэкъуэпщым и къуэхэри, Темрыкъуэ ипхъу тхьэIухуд цIыкIури – ахэри жыхьэнмэм кIуэнуи?

– Уэ дэнэ щыпщIэрэ ар тхьэIухудрэ мытхьэIухудрэ? – Усыб и тхьэкIумэр игъэкIащ. – Плъэгъуа?

– Псоми ялъэгъуащ ар, си закъуэкъым. И анэм щIыгъуу Сибэкъуэхэ я деж зэрыщыхьэщIэрэ нобэ махуищ мэхъу. Пэжу, сэ сщIэркъым...

– Сыт умыщIэр?

– Идархэ муслъымэн диным ихьарэ имыхьарэ сщIэркъым.

– А-а-а! Ар гъэщIэгъуэнщ. ИкъукIэ гъэщIэгъуэнщ, – жиIэри, Усыб аргуэру хущхьащ, ауэ иджы абы хущхьэ нэпцI зищIауэ арат.

– Узгъэпсалъэурэ уезгъэшащ, хьэщIэ. Уэ гъуэгу утетащ. Зыбгъэпсэхун хуейщ. Сэри сыщIэкIыжынщ, уэ зыгъэпсэху. Псори пхуагъэхьэзыращ.

ЛIыжьыр зэрыщIэкIыжу, Усыб и гъуситIым я зым зыхуигъэзащ:

– Пщэдджыжь нэху мыщу ежьи, дыдейхэм хъыбар егъащIэ. Пщыхьэщхьэм ирихьэлIэу абыхэм я деж унэсынущ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым кIыфIзэхэту мыбы фыкъэсын хуейщ. Фыкъызэрысу, сэ нэщэнэ гуэрхэмкIэ зыкъывэзгъэщIэным фыпэмыплъэу, занщIэу щIэвдзэ. Унэхэр вгъэс, къыфпэувыр фукI. Сэ пщым и унэм пэмыжыжьэу сыщытынущ. Анвар сыкърегъуэт. Псори тэмэму къыбгурыIуа? КъызжиIакъым жумыIэж, си унафэм зыгуэркIэ утебэкъукIынщи, зэшэзэпIэр къыпхуэзгъэкIуэнщ...

Мис аращ «и насыпыр къекӀэрэхъуэкӀащ» жыхуаӀэр! Иджы Усыб и Ӏэбжьани, лъэбжьани, дзапэфӀани фӀигъэнэнщ, ауэ и ӀэмыщӀэм къихьэу хуежьа насыпыр зыӀэщӀигъэкӀынкъым.

Усыб мыжеифу, зэ зы джабэмкӀэ, зэм адреймкӀэ зигъазэу куэдрэ хэлъащ. ИкӀэм-икӀэжым Ӏурихри пщӀыхьэпӀэ илъэгъуащ: езы Долэт-Джэрий и ӀэкӀэ Усыб и гуфӀакӀэм къыделъхьэ дыщэкӀэ къуа хъуржын цӀыкӀухэр. Мустэфа зридзыхащи, хьэлъакъуиплӀу щытщ, хьэм и кӀэр зэригъэкӀэрахъуэм ещхьу, и пхэр еудэ. «И кӀэр здэкӀуар дэнэ?» – егупсысащ Усыб. ИтӀанэ Мустэфа и попугайр унэм къыщӀэлъатэри къахэкӀиящ: «КъыхэкӀ уимыӀэу жыхьэнмэ мафӀэм ухэсынущ уэ, былым!» «Хэту пӀэрэ жыхуиӀэр? – игъэщӀэгъуащ Усыб. – Хьэуэ, сэракъым жыхуиӀэр». И бгъумкӀэ зилӀэжу хьэ къыщыбэнащ. Усыб щызэплъэкӀым къилъэгъуащ Мустэфа и пӀэкӀэ хьэ дыдэ, и джабэхэр иуэжауэ уэду, и дзажэналъэхэр къыхэпӀиикӀрэ и кӀэр зыщӀиупщӀэжауэ банэу. Долэт-Джэрий и пӀэм Цукъарэ къихутащ. КъупщхьэщӀыжым хьилэшыуэ Усыб нащхьэ къыхуищӀащ:

– Уигу иубыдэ.

– Сыт изубыдэнур, сыт изубыдэнур? – къэгузэващ Усыб. – Си дыщэр дэнэ здэкӀуар?!

Абдежым Усыб къэушри къилъэгъуащ и гъусэр щэхуу унэм зэрыщӀэкӀыр – Усыб и шу гупым хъыбар иригъэщӀэну ежьащ.

Усыб зыгуэрым егъэпӀейтей. ЖейкӀэ иримыкъуами, жеифыркъым. ЗищӀысыр къыгурымыӀуэ гузэвэгъуэ гуэр зэран къыхуохъу, а гузэвэгъуэр банэ зытет тыкъыр гуэру и кӀуэцӀым щопӀэжьажьэ. Гъуэлъыжыным и пэ къихуэу куэдыӀуэ ишхауэ пӀэрэ? Хьэмэрэ махъсымэ куэдыӀуэ ирифа? Зыкъомрэ гупсысауэ къыгурыӀуащ: КъупщхьэщӀыжыр пщӀыхьэпӀэу илъэгъуащ. И псэр нэхъ тыншыжащ. Ауэ гузэвэгъуэм иджы шынэкӀэ зызэридзэкӀащ. Сыт ар Цукъарэ щӀепщӀыхьар? Сыт Усыб игу ириубыдэн хуейр? Махуэ псом хьэблэхэр къызэхикӀухьу, диным, ислъамым теухуауэ лӀыжьхэм еуэршэрылӀэу, дэнэ сыт къыщыхэбуд хъунуми зиплъыхьу дэтащ, ауэ нэхущым зыубыда шынагъэр щхьэщыкӀакъым. Усыб илъэгъуащ Цукъарэ и щхьэгъусэ Баблини...

ПщыхьэщхьэхуэкӀуэ хъуауэ, Къансыкъуейм хъыбар гуфӀэгъуэ къэсащ: Мустэфа я пашэу хъунщӀакӀуэ къежьа тэтэрыдзэр хьэбэсабэу зэхакъутащ. ЛӀыукӀрэ хъунщӀакӀуэу миниблым щӀигъум я хьэдэхэр ПсыкӀэху псыхъуэм дэлъщ. Дэлъщ, къызыхуигъэщӀа хъунщӀэнымрэ цӀыху укӀынымрэ къэгъэзэж имыӀэу яфӀэкӀуэдауэ, дунейр къутэжыху къэтэдж ямыӀэжыну! Темрыкъуэ иджыри зы тэтэр мин хуэдиз иубыдыну и мурадщ. Абыхэм нэгъуэщӀ гъуэгукӀэ Къэбэрдейм къаунэтӀащи, Идар Темрыкъуэ абыхэми япежьэнурэ Мустэфа и махуэр къахуигъэкӀуэнущ. А Ӏуэхухэр зэфӀэкӀмэ, Къансыкъуей цӀыхухъухэм къуажэм къагъэзэжынущ. Иджы куэдрэ пэплъэжынухэкъым. Махуэ зытӀущщ. ФщӀэрэ абыхэм я гъусэу къэкӀуэжынур хэтми? ИгъащӀэкӀэ фи пщӀыхьэпӀэ къыхэхуэнкъым! – Цукъарэ-къупщхьэщӀыжщ! Аращ, ара, ар дыдэрщ! БлынджабиблкӀэ къахухьауэ, ӀункӀыбзибл етыжауэ, цепиблкӀэ епхауэ Бахъшысэрей гъэру щаӀыгъати, итӀани къикӀуэсыкӀыжыфащ. Иджы Идар Темрыкъуэ зы лъэбакъуэкӀи ӀуимыгъэкӀыу Цукъарэ зригъэгъусэщ, сыткӀи ечэнджэщу. Зауэм хыхьэу идэркъым, ехъумэ...

Усыб мащIэу щэнауэурэ пщым и шэщ щIыбымкIэ екIуэкIри, зи блыныр дей гуэрэным еуалIэ сэрейм адэIуэкIэ иIэ удзыпцIэм хэтIысхьащ. И къарур щIэкIащ, ешащ. И ныбэм зыгуэр къоныкъуэкъу, и гур зэм къилъэтыным хуэдэу къоуэ, зэми макъ лъэпкъ имыгъэIужу щым мэхъу. Жьыр хурикъуркъым. Усыб щIым хэгъуэлъхьащи, сэр зи къурмакъейм щIагъэува мэлым ещхьу и жьэр иущIауэ хьэлъэу мэбауэ.

«Сыт сщIэнур? Мы башибузыкъухэм сапежьэу ТаманкIэ яунэтIыну яжесIэн? Апхуэдэу сщIымэ, Мустэфа и пащхьэм сымышынэу сызэрихьэжынур дауэ? Уланышхуэр, Алыхьым бэлыхьу щыIэр ахърэтым къыщытрилъхьэ абы (мы дунейм къыщытрилъхьами зы ягъэ кIынтэкъым), шэч хэмылъу, яIэщIэкIащ, яIэщIэкIри щIэпхъуэжащ. Иджы ар нэхъри ерууэ хущIэкъунущ Темрыкъуэ хуещIэфу хъуар зэрыришIэным, пщышхуэр игъэгузэвэн щхьэкIэ, абы и унагъуэм щыщ гуэр гъэру иIыгъыну. Хьэуэ, Усыб IэнэщIу игъэзэжынри джыдэ щIагъым и щхьэр ихьу щIилъхьэнри зыщ. Хьэуэ, Усыб Iуэхур зэраубзыхуам тетынщи, нэхъыфIщ. А шейтIан емынэунэ КъупщхьэщIыжми игу тригъэпщэхэнщ, и щхьэгъусэ пагэ дахэр идыгъунщи. Е... Цукъарэ къыжриIауэ щытащ КъупщхьэщIыжым и Iыхьлыхэм щыщ гуэр еIусэмэ, къыщыщIыну мыгъуагъэхэр. Сыт ищIэнур? Хъунщ. ЗэкIэ Къансыкъуейм и лъапсэм псы иригъэжыхьыжынщи, адэкIэ еплъынщ. Мы жылэр зэтебгъэсхьэныр куэдрэкъым – Iэщэ хуэIыгъыну цIыхухъу тIощIрэ пщIырэ нэхъыбэ къыдэнакъым къуажэм.



А жэщым Усыб жеякъым. Нэхущ нэблэгъауэ мащIэу хилъэфат, ауэ шы фIалъэ куэдым я лъэ макъымрэ кIий макъхэмрэ зэхихри къыщылъэтащ. ПщIантIэм къыдэлъадэри, мафIэ пыгъэнахэр яIыгъыу зэрыгъэкIийуэ блэлъэт шухэр къилъэгъуащ. Гъунэгъу унэм и щхьэр мафIэм зэщIищтакIэщ. Усыб и гъусэм епIэщIэкIыу шыхэр шэщым къыщIеш. Унагъуэм я тхьэмадэ лIыжьыр къыщIэжащ:

– Сыт къэхъуар? ХъунщIакIуэхэр къыттеуауэ ара?

Усыб и гъусэ тэтэрым сэшхуэр кърипхъуэтщ, зы гуфIэгъуэшхуэ гуэр къеуэлIа пфIэщIыну къыхэкIиикIри, и сэшхуэр хэгъэрейм и щхьэм щигъэлыдащ. ЛIыжьыр хьэдэу укIуриящ.

Усыб и шым псынщIэу уанэр трилъхьэри къуажэпщым и унэмкIэ иунэтIащ. Къансыкъуейм псэуалъэу дэтым я нэхъыбэр мафIэм зэщIищтакIэт.

Къуажэпщым и щIапIэм и зэхуэдитIыр мывэкIэ, адрейр бжыхькIэ къэхухьат. Тэтэрхэр щымыгугъауэ мыбдеж зэхэуэ гуащIэм щыхэхуащ. Зэрыжылэу зэрыгъэIуща фIэкIа умыщIэну, пщым и унэм деж къыщызэхуэсат Iэщэ къэзыщтэфу къуажэм къыдэна псори, абыхэм сабии лIыжьи яхэтт. Хэт сэшхуэ е бжы, хэти пхъэ гуахъуэ жьитI е джыдэ, хэти бжэгъу яIыгът. ЛъэныкъуэкIэ укъыщеплъамэ, мы къомыр шурылъэс джэгу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым. Шухэр щIапIэ къэхухьам дыхьэну йокъу, лъэсхэм ахэр ягъакIуэркъым. Ауэ нобэрей шурылъэс джэгур лIэнкъэнэн джэгут. Тэтэр къызэщIэплъахэр, зэресам ещхьу, тафэшхуэм тету ебгъэрыкIуэ хуэдэ, зэрехьэжьэрти, адыгэхэм ятеуэрт. Ауэ я Iуэху къикIыртэкъым. Бжыхьым елъэф шу зырызым хэт и щхьэр бжэгъукIэ къыхузэгуаудырт, хэти и шыр гуахъуэ къашиям ныбэгукIэ фIэхуэрти, и ныбэр зэгуэпхъуауэ джалэрт.

Зэхэуэм щIидза къудейуэ, Усыб щIыгъуа тэтэритIым я зыр къаукIащ. ЕтIуанэм – Анвар – унафэ ищIащ бжыхьыр ягъэуэну.

Шэщымрэ бэкхъымрэ мафIэм иштакIэщ. Жэмхэмрэ шыхэмрэ щтауэ пщIантIэм къыщажыхь, цIыхубзхэр зэрогъэкIий, сабийхэр зэщIогъуагэ...

Зэхэуэр куэдрэ екIуэкIакъым. Пщым и унэр яхъумэу пщIантIэм дэта псори тэтэр джатэ къуаншэхэмкIэ яупщIэтащ, шабзэшэхэмкIэ зэпэгъуанибл ящIащ. Ауэ пщIантIэшхуэм тэтэр хьэдэуи зы тIощIым щIигъун къыдэнащ.

Усыб апхуэдиз хэщIыныгъэ игъуэтыну пэплъакъым. Ауэ, игъуэтами, хэкIуэдахэм щхьэкIэ зэрыгузавэ щыIэкъым. Анваррэ нэгъуэщI шу зытIущрэ зыщIигъури Усыб унэм щIэлъэдащ, цIыхубз пэшым щIыхьащ икIи... абы зыри щIэстэкъым. Пэшыр нэщIщ, шыгъуэгу хадэм ухуэзышэ бжэр IугъэзэщIыкIащ. Тэтэрым къилъэгъуащ хадэ кIуэцIкIэ сэрейм хуэжэ цIыхубзымрэ абы щIыгъу хъыджэбз цIыкIумрэ. Сэрейм адэкIэ мэзщ. ЦIыхубзым хъыджэбз цIыкIум и Iэпэр иIыгъыу здэжэм игъэпIащIэ зэпытт:

– Нэхъ псынщIэу, си хъыджэбз цIыкIу, нэхъ псынщIэу!

Усыб а тIум ялъэщIыхьащ. Епхъуэри цIыхубзым и дамэпкъитIыр иубыдащ:

– Идар гуащэр дэнэ щыIэ? – тэтэрым и жьакIэ кIэрыгъэпщIар лъэныкъуэкIэ екIуэтэкIащ.

– Сэращ Идар гуащэр! – пагэу жиIащ цIыхубзым. ЖиIэри, и Iэгъуапэм къриха къамэ цIыкIумкIэ Усыб и натIэр къриупщIэхащ. Тэтэрым и нэр зэуэ лъым щIихъумащ. Усыб удын къытехуар зыхищIэну хунэмыс щIыкIэ цIыхубзым и бгъэм хуэзэу къарууэ иIэмкIэ сэшхуэкIэ еуащ. Хъыджэбз цIыкIур къипхъуатэри къигъэзэжащ.

Анваррэ и дэIэпыкъуэгъухэмрэ пIащIэ-тхъытхъыу пщым и унэм хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIах: Iэщэрэ фащэрэ, Iэпслъэпс, дыжьын хьэкъущыкъу. А псори Iэтэу пщIантIэм щызэтралъхьэ, зэкIуэцIалъхьэри уанэкъуапэхэм кIэращIэ. Шы лей къыздащтахэм тIурытIу зэрапха щIалэ, хъыджэбз цIыкIу гъэрхэр трагъэтIысхьэ.

– ИIэ, псынщIэу фух! – яхэкIияш Усыб тэтэрхэм. – Дожьэж!

– Иджыпсту, иджыпсту, – жиIащ Анвар. – Мыпхуэдиз фIыгъуэр хыфIэдбгъэдзэну ара?

– А зинэкIэ къалъхуа хьэ нэIу, кхъуэ тхьэкIумэ! Иджы уэ сыножьэу сыщытыну арат къысхуэнэжар?! ИIэ, псынщIэу си шыр къэгъуэтыжи, нэгъуэщI зы ши къысхуэшэ!

МафIэр пщым и унащхьэм нэсакIэщ.

Усыб къыгурыIуащ и уIэгъэр зэрымышынагъуэр, – и набдзэр зэгуэупщIыкIа нэхъ лажьэ иIэкъым. И тюрбаным щэкI тIэкIу къытришщ, и натIэ щIэлъэныкъуэр и нэри къыдэкIуэу ипхэри, и жьакIэ нэпцIыр зэригъэзэхуэжыну хуежьат, аршхьэкIэ щIегъуэжщ, къыкIэритхъыжыпэри хыфIидзащ. Анвар къигъуэта шы лейм хъыджэбз цIыкIур тригъэтIысхьэщ, уанэм аркъэнкIэ ирипхыжри, гъэрыр зытес шыр и Iэдэжу, Усыб псом япэ къуажэм къыдэжыжащ.

Усыб и пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэжу Баблинэ IэщIэгъупщыкIыжат, ауэ уэрамым тету здэжэм, имыщIэххэу цIыхубзыр къыIэщIэлъэгъуащ: Баблинэ и анэм деж жэуэ къыщIэкIынут.

Усыб и насыпыр аргуэру къекIэрэхъуэкIащ!

Баблинэ къаубыду адрей бзылъхугъэ гъэрхэм гъусэ хуащIыну

Усыб и зауэлIхэм унафэ яхуищIри, езым лъэхъулъэущу и гъуэгум пищэжащ.

Нэхутхьэху хъууэ хуежьа къудейщ. Ауэ Къансыкъуейр зэщIэзыщта мафIэсым дунейр апхуэдизкIэ къегъэнэхури, шэджагъуэ жьэражьэу фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым. Усыб Iэмал зэриIэкIэ нэхъ псынщIэу мэз кIыфIым и лъэр зэрынихусыным хуопIащIэ...

Мэзым нэсри тIэкIу зигъэпсэхуну къэувыIауэ, Усыб хъыджэбз цIыкIум еупщIащ:

– Уэ, пэж дыдэу, Идар Темрыкъуэ урипхъу? Уи цIэр къызжеIэт.

Хъыджэбз цIыкIур Усыб и нэкIум къыщIэубжьытхащ. Мыдрейм щIопщыр къиIэтат пщым ипхъу емылыджым хэуэну, арщхьэкIэ еуакъым – щIегъуэжащ.

– Еплъыт абы, уеблэмэ и напIэ къудей хуэдакъым! – игъэщIэгъуащ Усыб. – Уи убжьытхэкIэри, шэч хэмылъу, пщы убжьытхэкIэщ. Дауи, уэ Идар Темрыкъуэ урипхъущ. Уи цIэр къызжепIэн умыдэми, сэ сощIэ уэ къызэроджэр, Гуащэнейщ – пэжкъэ?

ТIэкIу дэкIри, Усыб аргуэру зы гузэвэгъуэ нэрымылъагъу гуэрым игъэпIейтейуэ хуежьащ. Тэтэрым псэкIэ зыхещIэ и гупым щIыгъуу и гъуэгум пищэ зэрымыхъунур. Щхьэхуэ зищIын, лъэныкъуэ зригъэзын хуейщ. Урыс Скосыр Къансыкъуейм къыщыдидыгъукIам хуэдэу, Усыб мэшынэ гъуэгум Темрыкъуэ и гупым щыIууэнкIэ. ЖыпIэнурамэ, пасэIуэщ иджыри ар къэсыжыну. Темрыкъуэ къэмысыжурэ ахэр Псыжь зэпрыкIыу яIэщIэкIыфынущ. Апхуэдэу щыт пэтми, быдэ и анэ гъыркъым жыхуаIэращ, лейуэ и щхьэр мафIэм пэримылъхьэмэ, нэхъыфIщ. Усыб мысакъыу хъунукъым. Сыту жыпIэмэ, икъукIэ къуентхъ лъапIэIуэ хуешэ абы Мустэфа.

Арати, Усыб триухуащ шууитху нэхъыбэ гъусэ имыщIу гъуэгу пхыдзахэмкIэ, гъуэгу тедзэхэмкIэ, лъагъуэ щэхухэмкIэ Гуащэней Къэбэрдейм иришыну.

ЩызэбгъэдэкIыжым, Усыб Анвар жриIащ:

– Иужь дыдэу къэдубыда цIыхубз цIыкIур хъумэ. Ар сысейщ. КъыбгурыIуа? И щхьэц налъэ хэмыхуу схуэхъумэ. Тэмэму пхъумэфмэ, Тамань дынэсыжа нэужь а уи жьафэм жьэдэхуэм хуэдиз дыщэ уэстынщ. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ, – къэгуфIащ Анвар.

– Мыгувэу сэ пэщэ фащэри къысщатIэгъэнущ. Ари къыбгурыIуа?

— Ауэ сытми къызгурыIуа! – Анвар щIалэт. «КъыгурыIуами», и щхьэм акъыл щIагъуэ илътэкъым.

* * *

ИкIэм-икIэжым Цукъарэ и унагъуэм яхыхьэжынущ. Иджыпсту ар Иналрэ адрей къансыкъуейдэсхэмрэ я гъусэщ. Псори зы цIыху пщIей хуэдиз мэхъу – мэкъумэшыщIэ щхьэхуитрэ лъхукъуэлIхэу. Ахэр Темрыкъуэ и зауэлIхэмрэ Щепотьевым и гупымрэ япэ зымащIэкIэ ищахэщ, я къуажэм нэхъ пасэу дыхьэжу хьэщIэхэм къазэрыIущIэным зыхуагъэхьэзырын щхьэкIэ. Дзэр зэбграутIыпщыкIыжри, зауэлIхэр щхьэж и унэ екIуэлIэжащ.

ПсыкIэху деж щекIуэкIа зауэм и ужькIэ зэуэну къэахуихуа-

къым. Тэтэрхъан и шу миныр и пIэм щIиуджыхьыр мыгурыIуэгъуэу иуджыхьырт. Зыкъомрэ иуджыхьри, къызыхахари сытри ямыщIэу ягъэкIэрахъуэри къыздикIамкIэ яунэтIыжащ.

Абы и пэIуэ къихуэу, Темрыкъуэ къыхуэкIуащ Тэтэрхъан деж къикIа лIыкIуэ. Тэтэрхъан и гъусэу Кърымым щыIэ и Iыхьлыхэм ящыщ щIалэщIэт лIыкIуэр. Тэтэрхъан хъыбар Темрыкъуэ къригъащIэрт хъаным къыхуигъэкIуа лIыкIуэм къихьа унафэм ипкъ иткIэ, Тэтэрхъан икIэщIыпIэкIэ Темрыкъуэ и быдапIэм кIуэуэ дэтIысхьэн, быдапIэм и унафэр и IэмыщIэ ирилъхьэу абы зыщигъэбыдэн, ар къызэрыхухьа блынхэр нэхъ лъагэу дрищIеин, щIытIхэр нэхъ куууэ дитIыкIын зэрыхуеймкIэ. Апхуэдэуи Тэтэрхъан быдапIэр къызэригъэпэщын хуейт, ар къаухъуреихь хъужыкъуэмэ, зрикъун ерыскъы гъэтIылъыгъэкIэ. Пщыр щIэупщIэрт: дауэ сщIымэ, дауэ хъуну?

Хъан унафэм Идарыр хигъэгупсысыхьащ. Долэт-Джэрий абы и пэкIэ тетахэм хуэдэу делэтэкъым. ХулъэкIынур зымыщIэжхэм ящыщтэкъым. Языныкъуэхэм дежи къэрабгъэт, ауэ а щIэшынэми щхьэусыгъуэ иIэут зэрышынэр.

Идарым Цукъарэ къриджащ икIи Тэтэрхъан теухуауэ аргуэру фIыуэ пкърыупщIыхьащ. Езы Темрыкъуэ Тэтэрхъан зэрицIыху щIагъуэ щыIэтэкъым. Сыт хуэдэ цIыху ар? Сыт абы и гум Цукъарэ къриджыкIыфар? Апхуэдэуи, Цукъарэ зэреплъымкIэ, сыт апхуэдиз пIэщIэгъуэкIэ Тэтэрхъан тенджыз Iуфэм Iут а быдапIэм и унафэщIу щIагъакIуэр?

– Адыгэпщу къигъэщIа, кърым калга зыфIаща Тэтэрхъан адыгэ пщышхуэм и цIэм ещхьу зи цIэр Iу а быдапIэм и тету хъаным щигъэувкIэ, абы къикIыр... – кърихъэжьат Цукъарэ.

– Абы къикIыр, – Цукъарэ и псалъэм Темрыкъуэ пищащ, – абы къикIыр хъаныр къыдэпсэлъэну хуейуэ, дэчыхыныгъэ гуэрхэр къытхуищIыну хьэзыру аращ!

– Аращ, дичыхынущ, – арэзы хъуащ Цукъарэ. – Дичыхынурэ, и хъунщIэныр тIэкIунитIэкIэ нэхъ игъэмэщIэнущ, хъунщIэ къэс лъыуэ игъажэр зы шыуан цIыкIу из хъункIэ нэхъ мащIэ ищIынущ.

Идар мыпхуэдэ псалъэхэр Тэтэрхъан хуригъэхьыжащ: хъаным и унафэр гъэзащIэ, быдапIэм дэс. И пIалъэр къэсмэ, сэ си хъыбар къыпIэрыхьэнщ...

Ауэ Цукъарэ иджыпсту зэгупсысыр Идар Темрыкъуэ дригъэкIуэкIа псалъэмакъыр аратэкъым, атIэ пщыхьэщхьэ и унагъуэм зэрихьэжынур, и щхьэгъусэр, апхуэдэуи, пщIэнукъым, бгым къикIыжыфахэмэ, и къуэри зэрилъагъунур арат.

Цукъарэ зыщыгугъа пIалъэр къэмысу и щхьэгъусэм IущIэжащ.

Къансыкъуейдэсхэр мэз лъапэм къэсыжат, япэ итхэм шыхэр къыщыжьэдакъуам. Хуеишхуэм абыхэм къыщалъэгъуащ Анвар и хъунщIакIуэ гупыр. Ахэр мыпIащIэурэ хуейм зэпрыкIырт.

Анвар асыхьэтым зэпилъытыр Усыб къыщIигъэгугъа дыщэ ахъшэрт. Сыт хуэдиз жьэдигъэхуэфыну пIэрэ и жьэм? Анвар иIыгът Сибэкъуэ и унэм къыщIидыгъукIа дыщэ ахъшэ пщыкIутхури, ахэр къищтэри и жьэм жьэдилъхьащ, и бзэгур игъэкIэрахъуэри, иджыри апхуэдизыбзэ жьэдэхуэну къилъытащ. ТIэкIу егугъуIуэмэ, нэхъыби... Тэтэрым и къурмакъейм зыпхызыдза шабзэшэм Анвар и гупсысэр зэпиудащ. ИужькIэ ар къыщагъуэтыжам, Анвар и жьэ ущIам дыщэ ахъшэ

къыжьэдэлыдыкIырт. «НэгъуэщIым къыхуэмынэн щхьэкIэ, лIэным и пэ къыхуэу иригъэлъэтэхыну арат», – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу жиIащ Инал.

Зэхэуэр псынщIэ дыдэу иухащ. Къатеуахэр куэдкIэ зэрынэхъ мащIэм тэтэрхэр егупсысыххакъым икIи, шынэм зэщIиубыдати, зыкъызэрыпэщIаса щIагъуэ щыIэкъым. Мэзым къыщIэлъэта шабзэшэхэм Анваррэ нэгъуэщI зыбжанэрэ уанэгум зэрырахар щалъагъум, кърымхэм я нэхъыбапIэр щхьэж и занщIэу щIэпхъуэжащ, гъэрхэр зытепха, къахъунщIа хьэпшыпхэр зытелъ шыхэр къагъанэри.

– Уа, мыхэр ди къуажэ сабийхэщ! – къыхэкIиикIащ Цукъарэ и къуажэгъухэм ящыщ зы.

Ар зэхэзыха къансыкъуейдэсхэр нэхъри ерууэ тэтэрхэм еуэу щIадзэри хьэбэсабэр къыхуагъэкIуащ.

ФIы дыдэу хуэмыгъэIэрыхуэми, Цукъари сэшхуэр игъабзэрт. Куэд щIат абы сэшхуэ къызэримыщтэжрэ, ауэ иджыпсту мы дунейм зы Темрыкъуи къытепшынтэкъым ар къигъэувыIэфыну. Тэтэрхэм ящыщ зы КъупщхьэщIыжым и щхьэм сэшхуэкIэ къылъэIэсащ, икIи Цукъарэ зыхищIащ и шыр лъэныкъуэкIэ зэрещIэр. КъупщхьэщIыжыр уанэгум къихуащ. Абы зы хьэлъэ гуэр къытеукIуриежри, Цукъарэ и нэхэр щыункIыфIыкIащ.

Цукъарэ зыкъыщищIэжам псом япэу къилъэгъуар загъэщхъауэ къыщхьэщыт Баблинэрэ Иналрэщ.

– ПщIыхьэпIэу фыслъагъуу ара?

Баблинэ икIи дыхьэшхырт, икIи гъырт. Инал лъэныкъуэкIэ IукIуэтащ:

– Уи шыр къыпхуэсшэжынщ, Цукъарэ, – жиIащ абы. – Уи шым лажьэ екIакъым, хъарзынэу къызэтенащ.

Цукъарэ и щхьэгъусэм гупсэхуу еплъащ:

– Уэ нэхъри нэхъ щIалэ ухъуащ.

– Ар махуэл дэзмыхыу сыныппэплъати, аращ, – Баблинэ и нэпсхэр щIилъэщIыкIащ. – Уэ, си КъупщхьэщIыж, уи блыпкъ ижьыр пкъутэжащ.

– Ар хъарзынэкъэ-тIэ, – къыпыгуфIыкIащ Цукъарэ. – Ахъумэ, сыт си къупщхьэщIыж сэ, къупщхьэ къутар зищIысыр езым сымыгъэунэхуауэ.

– Ди щIалэ цIыкIум иджыри къигъэзэжакъым, – Баблинэ нэщхъейуэ хэщэтыкIащ.

– Умыгузавэ, къигъэзэжынщ. Сыт щыгъуи зыщыгугъын хуейр нэхъыфIырщ. Тэтэрхэр зэхакъута?

– Къанэ щымыIэу. ЯIэщIэкIа зырызри Темрыкъуэ и гупым пэщIэхуащ.

Цукъарэ сытым хуэдэу хуейт иджыпсту мы щхьэлъащIэм псалъэ гуапэ, псалъэ дахэ Iэджэ, псалъэ куэд дыдэ жриIэну! Ауэ... адыгэ цIыхухъум фIэемыкIущ фIыуэ илъагъу щхьэгъусэм хуиIэ лъагъуныгъэр щхьэтечу хуиIуэтэну.

ПхъэдзакIэхэм я пIэкIэ шабзэшэ къутахэр щIапхэурэ, Баблинэрэ Иналрэ Цукъарэ и блыпкъыр япхащ. ДэIэпыкъуурэ шым трагъэтIысхьащ.

– Нобэ щыщIэдзауэ сэри шы сиIэщ, – нэжэгужэу жиIащ Баблинэ. – Тэтэрыш, бацэрэ емылыдж хъужауэ. Ауэ сэ иджы абы мэлым хуэдэу аркъэнкIэ сытепхауэкъым къызэрыскIухьынур, – Баблинэ и нэр къытримыхыжыфу, хъыджэбзыр фIыуэ илъэгъуа щIалэм дихьэхауэ еплъ пфIэщIыну, и щхьэгъусэ зыхуэзэшам еплъырт.

... Къансыкъуейр мэщыгъуэ. Зыгуэр хэмыкIуэдыкIауэ жылэм зы унагъуи дэскъым. Псэуалъэхэр мафIэм хисхьащ. Iэщым и зэхуэдитIыр яфIэкIуэдащ. Псэуалъэмрэ Iэщымрэ щхьэкIэ гузэващэхэртэкъым. ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым жылэ гъунэгъухэм къикIыурэ Къансыкъуейм цIыхушхуэ къыщызэхуэсащ. Къызэхуэсри, унэщIэхэр гъэувыным занщIэу щIадзащ. Iэщрэ джэдкъазкIэ къадэгуэшахэщ.

Кърым молэ бзаджэнаджэм идыгъуа хъыджэбз цIыкIур, Темрыкъуэ и пхъур, псоми гущIыхьэ ящыхъурт. Ауэ хьэлъэу къауIар Идар гуащэр аратэкъым. Ар Сибэкъуэ и Iыхьлы цIыхубз гуэрым «сэращ Идар гуащэр» жиIауэ арат. Гуащэней тхьэмыщкIэм теухуа псалъэмакъыр псынщIэу ягъэувыIащ: щIэлъэIуари ямыщIэу, Темрыкъуэ лъэIуат (ауэ щыхъукIэ унафэ ищIат) а насыпыншагъэр афIэкIа ягу къамыгъэкIыжыну. Мыгувэу пщышхуэри, абы урысыпщ Андреи щIыгъуу, адрей пщыхэри зэбгрыкIыжащ. Нэхъ пасэу и къуршхэм игъэзэжат тобий Чэпэлэу. Айдобол и жэмыхьэтыр лIыхъужь нэсым зэрыIущIэм хуэдэу Чэпэлэу къыIущIэнут.

– Щэнейрэ, аргуэру щэнейуэрэ хэ нэлатыр зытехуэн духьэшы! – Баблинэрэ Иналрэ я анэм и губжьыр зикI хуэгъэужьыхыжыртэкъым. – Дэ абы цIыху хуэдэу дыIущIащ, езыр блэмрэ дзыгъуэшхуэмрэ яку къыдэкIа бзаджэнаджэу къыщIэкIащ!

– Хэт хъуну пIэрэ а молэр? – щIэупщIащ Цукъарэ.

– Ар сыткIэ пщIэн? – и дамэхэр дришеящ щыкъу анэм. – И лъэужь къудей къимыгъанэу бзэхыжащ. Бамейр къызыкIэрих и жьакIэ закъуэрщ къигъэнар.

– Дауэ къызэригъэнар? – игъэщIэгъуащ Цукъарэ.

– ЖьакIэ нэпцIу къыщIэкIащ. ЩыщIэпхъуэжым хыфIидзащ. ХыфIидзати, сэ къэсщтащ. КъыщIэсщтари сщIэркъым, – цIыхубзыр зытес шэнтым и лъабжьэм щIэIэбэри жьакIэр къыщIихащ. – ЖьакIэ лащ...

– Къащтэт, ди анэ, сегъэплъыт, – Цукъарэ жьакIэ Iуэхур фIэгъэщIэгъуэн хъуат. – А молэр хэтми къасщIэ хуэдэщ. ЖьакIэр зэкIэ сэ къэсщтэнщ. Хэт ищIэрэ, зейм естыжыну къысхуихуэнып зыхуэIуа щыIэкъым.

... Махуэ плIыщI дэкIащ. Бгым къинахэм хъыбар лъэпкъ яIэкъым.

КъупщхьэщIыжым и къупщхьэр хъарзынэу кIыжащ.

Зы пщэдджыжь гуэрым Цукъарэ Инал жриIащ:

– Хъунщ мыр, апхуэдизу укъызэмыплъ. Пщэдей нэхъ пIалъэ къыхэдмыгъэкIыу Чэпэлэу деж дыкIуэнщ.

Сыт щыгъуи псоми хуэхьэзыру щытыну зыфIэфI Баблинэ, Брат и цIэ къудей жимыIэну хущIэкъу Баблинэ, гъуэмылэ зэрылъ нэдышхуитI игъэхьэзырауэ зыкъом щIауэ щылъу къыщIэкIащ. Баблинэ хуейтэкъым Цукъарэ бгым игъэкIуэну. Ауэ, и лIым щхьэкIэ гузавэ пэтми, ар бгым кIуэмэ, щIалэр къигъуэтыжыфынкIэ гугъэрти, а гугъэм къару къыхилъ-

хьэрт. Армырагъэххэуи щIыи: гъуэгу техьэну мурад зыщIа цIыхухъур унэм пхущIэIыгъэн?

* * *

А зэман дыдэм ирихьэлIэу Мэкуу щынэщI махуэт. Пащтыхьым деж шэджагъуашхэ къыщызэхуэсахэм я Iэнэм телъыр дагъэ хэмылъу хьэм къыхэщIыкIа шыпс, дагъи лыи зыхэмылъ хьэнтхъупс, щIакхъуэ, бдзэжьей гъэва, нащэ гъэфIэIуагъащIэ, Iэгъэбэгу шыуа, къэбыстэ шыуам хэлъу ягъэфIэIуа мыIэрысэ – ахэрат. Узэфэ хъуну къытрагъэувар квасрэ псырэщ. Диныр хьэкъыу пхыкIауэ зи лъым хэт поп Сильвестр и жыIэм уедаIуэмэ, лыхэкI псори шагъырри мыхьэмыш щIын хуейщ. Попым лъэкIамэ, бдзэжьейри мыхьэмыш яригъэщIынт, уеблэмэ фо, фошыгъу хуэдэхэри яригъэшхынтэкъым. Езыр апхуэдизкIэ уэдыкъуащи, жьы мащIэ къепщамэ, ирихьэжьэн хьэзырщ. И нэщIащэхэр игъуэжурэ удзыфэ хъуащ, ауэ и нэ кугъуэхэр къолыдыкI, нурыр къыщIихыу... Iэнэр инышхуэщ. Ауэ бгъэдэсыр тху къудейщ. Сильвестр нэмыщI, пащтыхьым щIыгъуу шэджагъуашхэ ящI Адашев Алексейрэ Курбский Андрейрэ. Ефэ-ешхэшхуэхэм ерыскъы IэфI зэмылIэужьыгъуэхэр, фадэр пэрыхьэту щызэрахьэу, боярхэр Iэнэм пэрызу къетIысэкIарэ къакъэпщIыпщIу щызэхэсу щыта зэманыр щыIэжкъым. Иджы апхуэдэ ефэешхэшхуэхэр къыщыхъужыр зэзэмызэщ. Боярхэм загъэгусэ, зэманыфI блэкIар ягу къагъэкIыж...

ЩIэнэщхъеин щхьэусыгъуэ имыIэми, Иван Васильевич и гум зы хьэлъэ гуэр къыщIэгъуэлъхьащ. Мэкуу псэм хуэмыхьыжу зэрыщыхуабэр арауэ пIэрэ зи лажьэр? Уэрамым шу ирижамэ е гу блэкIамэ, сабэр апхуэдизкIэ Iуву къохъейри, мытIысыжу Iэджэрэ хьэуам хэтщ. Уэшх тIэкIу къешхамэ, аратэкъэ. ЦIыхухэм зэрыбэуэн ягъуэтыжыркъым.

– АтIэ, хъыбарыщIэ щымыIэу ара? – пащтыхьыр мыарэзыуэ япэщIыкIэ Адашевым, итIанэ Курбскэм еплъащ, хъыбарыщIэ щыIэнрэ щымыIэнрэ а тIум елъыта хуэдэ.

Андрей хэщэтыкIри и Iэхэр иущIащ. Алексей щабэу къыпыгуфIыкIри жиIащ:

– ЩыIэнущ, государь, щыIэнущ хъыбарыщIэ. Нышэдибэ Висковатэ и посол унэм щызэрызехьащ.

– Зи цIэ ираIуэ бжэщхьэIу тетщ, – макъ щIалэ жьгъырукIэ жиIащ пащтыхьым, езыр бзаджэу, дзыхьмыщIу пыдыхьэшхыкIыурэ. – Мис езы Иван Михайловичи. СыткIэ дыбгъэгуфIэну, фIыуэ тлъагъу дьяк?

Висковатэ и бгым нэсыху зигъэщхъыу щхьэщэ ищIри жиIащ:

– Зи щIыхьыр ин государь. Пащтыхьышхуэм тхыгъитI къыпхуагъэхьащ. Зым итыр узыгъэгуфIэнкъым, ауэ етIуанэм итыр узыщыгуфIыкIынщ, икIи етIуанэм укъеджа нэужь, япэ тхыгъэр абы дыхьэшхэн щIохъукIыж.

– Уи къуажэхьхэр удэзыхьэх защIэщ, Ваня, – къэнэжэгужащ пащтыхьыр. – Къеджэт-тIэ. ЯпэщIыкIэ дыщIэгуфIэн зыхэмылъым къеджэ. Хэт къэзытхыр?

– Кърым хъаныр щ.

– А-а. Дыкъэзылъагъу мыхъу ди гъунэгъурщ. Къеджэт.

Иван Михайлович бжьамийуэ зэкIуэцIышыхьа, цIыргъуш плъыжьышхуэ зытегъэуа, шылэ лэрыпс зэрыщIа тхыгъэр къызэкIуэцIихщ, зигъэпсчэуIури къыщIидзащ:

«Мэзкуууупщ!..»

И къару къызэрихькIэ пащтыхьым сэр пхъэбгъу Iэнэм хиукIащ:

– Еплъыт а хьэ щылъхур сэ къызэрызэджэм! Хъунщ. Къыпыщэ адэкIэ.

«Уэ Къэзан хъаныгъуэр зыIэщIэбубыдащ. Иджы Ливонием уозауэ. ИтIани, ари къомэщIэкIауэ, псори зэрапхъуэну хэт уи Iэхэр Астрэхъан хъаныгъуэмрэ Къэбэрдеймрэ я дежкIэ уоший. Алыхьым и къарур инщ, икIи абы идэнукъым Мухьэмэд бегъымбарым и бэракъыр щыхуарзэ щIыналъэхэм джаурхэр щытекIуэу. Уэ пщIэрэ, Мэзкуупщ, Iус зышхыкъуэу псы куэдыIуэ  тезыфыхьыж шым къыщыщIыр? ЗэщIобагэри зэгуоуд, псэхэлIэу малIэ. Зыр адрейм демыбийуэ, дэ зэныбжьэгъуу дызэдэпсэуфынут. Дызэдэпсэуфынут, уэ уи адэжьхэм къыпхуагъэна щIэин къулейхэм мамыру уахэсрэ мамыру упсэуамэ. Зыгуэрхэм уатеуэу пхъунщIэн хуейуэ къыпхудэкIми, уэ къозэуэну зызыгъэхьэзырхэм фIэкIа нэгъуэщIхэм я гугъу умыщIу щытамэ. Ауэ уэ ухуейуэ къыщIэкIынущ сэ Урысей лъэныкъуэмкIэ зекIуэ сынежьэну, уи Мэзкуур мафIэ лыгъэм хезгъасхьэу и лъапсэм псы изгъэжыхьыжыну. Къэбэрдей Iуэху дяпэкIэ къыумыхуэкIыжын папщIэ, сэ а щIыналъэм дзэшхуэ згъэкIуащ. А дзэм Къэбэрдейм щыIэ уи лIыкIуэхэр гущIэгъуншэу зэтриукIэнущ. Уи мурза Щепотьевым и гугъу пщIымэ, абы и щхьэр бдзэжьей шыуахэм яхэлъу фэндырэм илъу ныпхуезгъэхьыжынщ, ахъумэ уэ сэ слъагъур умэжэлIэкъуауэ къыщIэкIынущ...»

– Еплъыт а хьэ фIейм! – игъэщIэгъуащ пащтыхьым. – А хьэр иджыри къэс апхуэдэу тегушхуауэ зэи бэнакъым!

ИтIанэ Висковатэ къеджащ Щепотьевым къигъэхьа тхыгъэм:

«... Улан Мустэфа я пэщэу хъаным Къэбэрдейм къигъэкIуа шуудзэшхуэр ПсыкIэху псы цIыкIум къэсауэ, адыгэхэм къуэ зэвыр бгым кърагъэжэха мывэхэмкIэ зэхуащIщ тэтэрхэр имыкIуэтыжыфын хуэдэуи, бгы зэхуакум даубыда шуудзэшхуэр хьэбэсабэу зэхакъутащ. Псы цIыкIум и IуфитIми тэтэр хьэдэу миниблым нэблагъэ къыIунащ. Гъэр къащIар куэд хъуркъым. УIэгъэ хъуа улан Мустэфа гъуэмылашэ шыгухэр хыфIидзэри, шу минрэ щитхурэ хуэдиз и гъусэу ТаманкIэ щIэпхъуэжащ. Уи фочауэхэри, ди адэ государь, лIыгъэ яхэлъу зэуащ. Я фочхэр, нэхъ мащIэрамэ, тIощI-тIощIрэ яузэдагъэнщ, икIи тэтэр минитI мынэхъ мащIэ ирагъэгъуэлъыкIащ. ЛIыгъэ къигъэлъагъуэу зэуа Идар Темрыкъуэ и дзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтакъым. Ди фочауэхэм ящыщу хэкIуэдар плIы къудейщ. НэхъапэIуэкIэ къуршым игъуэщыхьри тIу кIуэдауэ иджыри къэс къагъэзэжакъым.

Мы зауэ екIуэкIам и ужькIэ Къэбэрдей псор, зы мащIэ тIэкIу фIэкIа къэмынэу, Урысейм къыгухьэну хуейщ...»

Висковатэ тхыгъэм кьыздеджэм, Иван Васильевич и нэкIу фагъуэ хъуам плъагъуурэ губжьыр щIэкIыжырт, лъы къыщIыхьэжырт, и нэхэр къэнэжэгужат икIи и нэкIущхьитIым плъыжьыгъэ мащIэ щIидзыжат:

– Тхьэм и шыкурщ! – жор ищIащ пащтыхьым. – ЕпIэщIэкIащ перекоп пащтыхь цIыкIур. Пэж дыдэуи, иджыпсту зэхэтхам и ужькIэ абы и тхыгъэр дыхьэшхэнщ. КъетIысылIэ ди Iэнэм, Иван Михайлыч.

– Государь! Ди кърым гъунэгъум жэуап ептыжынукъэ? –  щIэупщIащ Курбскэр.

– Естыжынукъым, Андрюшэ, – жиIащ Иван Васильевич. – ХьитIым яку къыдэкIам къигъэхьа тхыгъэр мафIэм пэрывдзи, вгъэс,



3 Заказ №453

хъаным къигъэкIуа лIыкIуэм и пащIэ-жьакIэр хупывгъэлыгъукIи, къэзыгъэкIуам деж футIыпщыж.

– ИкъукIэ тэмэмщ! – арэзы техъуащ апхуэдэ дипломат бгъэдыхьэкIэм посол приказым и Iэтащхьэ Висковатэ. – Апхуэдэ тхыгъэ мышыухэм ещIэн хуейр арaщ.

– Тхьэ елъэIун хуейщ, – къэпсэлъащ Сильвестр.

– Сэ ефэ-ешхэшхуэ тщIын си гугъати! – щIэдыхьэшхыкIащ пащтыхьыр, ауэ ар гушыIэрэ и фIэщрэ зыми къыхуэщIакъым.

Сильвестр гушыIэ къыгурыIуэртэкъым:

– НэщI зэманым хэт и ефэ-ешхэ? Ущымыуэ, государь!

Ауэ пащтыхьым иджы Сильвестр жиIэр зэхихыжыркъым. Ар зэгупсысыр нэгъуэщIщ. Дьякым и псалъэхэр и тхьэкIумэ иримыгъэхьэу, ар тепсэлъыхьу хуежьащ Щепотьевым зэфIигъэкIа Iуэхушхуэм, Къэбэрдейр къыгухьэным Урысейм дежкIэ иIэ мыхьэнэм: «Кърым хъаныгъуэм гува-щIэхами кIэ етын хуейщ. Абы къыхэкIыуи гулъытэ хэха хуэщIыпхъэщ Къэбэрдейр Урысейм къыгухьэным, сыту жыпIэмэ, абы тэтэрхэм я лъабжьэр фIыуэ къигъэтIэсхъэнущ. Уеблэмэ кърым тэтэрхэм я закъуэкъым мыбдежым Iуэхур здэщыIэр. Къэбэрдейр Урысейм къыгухьэмэ, кавказ лъэпкъ псоми, апхуэдэуи къуэкIыпIэ къэралхэми Урысейм яхуиIэ зэпыщIэныгъэхэм ину заубгъунущ. ИкIи Къэбэрдейр Урысейм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ гъунапкъэ хъунущ...»

– Щепотьев Андрюхэ къигъэзэжыну игъуэ хъуащ, – жиIащ пащтыхьым. – Дэри Къэбэрдейм и лIыкIуэхэр къедгъэблэгъэну ди чэзур къэсауэ къыщIэкIынущ.

– Чыристан диным къигъэхьэн хуейщ ахэр, – зы лэжьыгъэ хьэлъэ гуэр пэрыува хуэдэу, Сильвестр жор ищIри ину хэщэтыкIащ, – жор ятещIэн хуейщ. Къащтэну пIэрэ абыхэм ди диныр?

Диным теухуа псалъэмакъыр зэриужэгъуар къапщIэу, пащтыхьым зызэхуишащ:

– Ар, ди нэм и нэху, зи къалэныр сэракъым. Жор тращIэну арэзы хъухэрэ – хъарзынэщ, ямыдэрэ – зэрыхуейхэщ, ди щхьэ иридгъэжэнукъым. Къэрал Iуэхухэр зэрекIуэкIыу щытам хуэдэу дяпэкIи екIуэкIынущ.

– Ар дауэ? – къэнэщхъеяуэ щIэупщIащ попыр.

Попым къыбгъурыс Адашевым Сильвестр и Iэблэр щэху цIыкIуу икъузащ...

Хьэрэмыгъэ зигу имылъ Сильвестр и фIэщ хъуртэкъым нэгъуэщI дин зезыхьэ лъэпкъхэм ныбжьэгъугъэкIэ уакъуэувэфыну. Абы и дежкIэ Кърымми Къэбэрдейми зэрагъэхьышхуэ щыIэтэкъым, хузэхэгъэкIтэкъым а тIур тэмэму. Адыгэхэр IэщэкIэ зэщIэузэдарэ шым къепсых ямыIэу зэрыщымытыр, атIэ абыхэми Iэщ хъушэхэр зэрагъэхъур, зэрывэр, зэрысэр, гъавэ къызэрырахьэлIэжыр, языныкъуэхэм хуэдэу гъунэгъум къытраха гъавэкIэ мыпсэууэ, езыхэм я пщIэнтIэпскIэ къагъэкIыжа гъавэкIэ зэрыпсэур къыгурыIуэртэкъым, абы егупсысыртэкъым. Егупсысыртэкъым «псыхуабэ адыгэхэм» я щIэблэхэр цIыхугъэм, гуапагъэм зэрыхуагъасэ щIыкIэр Христос и Iэятхэм нэсу зэрезэгъым...

*ЗэзыдзэкIар* **УЭРЭЗЕЙ Афликщ**

# ПАЩІЭ Бэчмырзэ

## МЭЗКУУ ПАПЩІЭ СИ ПСАЛЪЭ

Мэзкуу къэралыр
Къэралыгъуэжьщ,
Биижь нэрыгъщ,
БыныфІ къилъхуахэм
ЛІыгъэр я гъусэщ,
Маисэ джатэр
Я Іэщэ жанщ,
ГунэщІ топыжьхэр
ИжькІэ я плъырт,
Биӥм ар теплъамэ,
ХуэІэкІуэлъакІуэу,
ЗэуапІэм макІуэ.
ЛыкІуэ игъакІуэм,
ЩІэкІуэр егъэхъур.
ХъунщІакІуэ къакІуэр
КІуэдыпІэ ехур.

* * *

Мэзкуу къэралыр
Къэралыгъуэжьщ,
Жьы щІэблэ лъэщщ,
Щыхьэру щыІэм
Ар я Іэтащхьэщ,
ЛІыщхьэ тІысыпІэщ,
Егъу зэрыщІапІэу щыщытым,
Пщыжьхэм я лІыгъэр
ЩызэхагъэкІт.
Пащтыхь зылъэкІым
Довер щегуэшыр,
Къэрал акъылу
Къалэр мэувыр,
КъыщыувыІари щопсых,
Къыщепсыхари щохашэ.

* * *

Ди МэзкуууащІыр
ГъащІэщІэ щІэкъут,
Уэ къуэфІ къэплъхуахэр
Народ пашэфІт.
Пашэ тхуэхъуахэм
ЛІыгъэ къытхалъхьэрт,
Пащтыхь гущІэгъум
Дыхуэмыпабгъэт,
БжыкІым дыпылъми,
Дэ дымылъаІуэт.
А пащтыхьыгъуэр
Благъуэ щІыналъэт,
Лъы икІутыпІэт,
ЛІыгъэр зи куэдыр
Утыкум ихьэрт.



* * *

МэзкуукІэ зэджэр
Къэрал узэщІщ,
Октябрь мазэм
И зыгъэзапІэщ.
ЦІыху Іущхэр щапІыр,
Насып быдапІэщ,
Довер щагуэш —
Мэжэр екъутэ,
Путэр ирехри
ЦІыхур егъэгушхуэ,
Народ властым
И зегъэкІуапІэщ,
ЦІыхубэ вождхэм
Я къулыкъущІапІэщ,
Къалэ хъуэпсапІэу
Ди щІышхуэм итщ.

* * *

Мэзкуу щыхьэрыр
Къалэ щыхьэрхэм

Я нэхъ Iэтащхьэщ.
И лIыгъэ инхэм
ХущIемыгъуэж,
Мывэ гъэжахэр
И уэрам лъэгущ,
Жэщ зытехъуэу
Нурыбэ кхъухьщ,
Бий лыгъэ мафIэр
ЗыгъэункIыфIщ,
Пащтыхь IэщIагъэр
ЩагъэтIылъыжри,
Пащтыхь урокыу
Я дыщэ тажыр
Музейм щIалъхьэжщ.
Тахътэ къан блищэм
Я дыщэ тафэм
Пхафэм тетахэм
Унафэ щащI.
ГъащIэ къэкIуэнум
И псыпэ дахэм
Хуэфащэ щIыхьыр
Дыщэу зэIуащэ.
Мэзкуу къалэшхуэм
Дыщызэхуосри,
Къэрал псэуалъэм
Хьисэп тыдощIэ,
Къалэн зэщIахэм
Я саулыкъуу,
Къэрал дамыгъэр
Мэзкуу щагуэш.

* * *

МэзкуукIэ зэджэр
Ди щIышхуэ гупсэщ,
Ленин и псалъэм
ЗыкъыщиIэтщ,
Ди нып Iэтахэр
Уэгум иплъыхьу
Мэзкуум щхьэщытщ,

Ди лъэпкъ зэбынхэр
И къэрэгъулщ,
Къэрал лэжьакIуэм
Я къаруулъэщ,
Дуней акъылым
И мелуан кхъухьщ,
ХьэщIэу къыдыхьэм
Я гъэщIэгъуэну
Дуней ухуакIуэщ.

* * *

Мэзкуу акъылыр
Ленин Iущыгъэщ,
Мэзкуу къалэшхуэр
Хышхуэ кхъухьыжьщ.
ХабзэфI зыухуэр —
Ди Мэзкуу лъапIэщ.
Къэрал гъэбжьыфIэр
Уи лэжьыгъэфIщ.
Индыл хуэдэпсыр
Уэ IубощIэф,
ЩIы къум диIахэр
БогъэщIэращIэ,
ЩIым ипхужахэр
Къыпхукъуоплъыж,
Къэралыжь инхэр
Къыбогъэубзэ.

* * *

Мы дунеижьыр
ТхьэIухуд бгъафэщ,
Фадэ щаIэтым
И хъуэхъу щыжаIэ,
Зауэм дыIухьэм,
Ди щIыхь дохъумэ.
Губгъуэм дихьамэ,
Хьэмыр икъутэу
Мэш тыдокIутэ.

Пщыжь татуугъуэм
Дэ гугъу дехьыхэу,
ФIыгъуэр щагуэшкIэ
Дыдурэш дэст,
Иджы насыпыр
Дэ ди IэщIагъэу
Лэжьыгъэм покIуэ.

* * *

МэзкуукIэ зэджэр
Дыгъэ увыпIэщ,
Насып хъумапIэщ,
Закон убзыхущ,
Бэчмырзэ лIыжьыр
ЦIыху мылIэжынкъым,
Сэ мэзкуууакIуэм
Сахэтыфакъым,
Мэзкуу сыдэхьэу
Щхьэщэ хуэзмыщIуэ
Си гъащIэр сухмэ,
Дуней ехыныр
КъызохьэлъэкIыр.
Си щхьэр нэмысу
Си усэр нэсми, —
СэркIэ гуфIэгъуэщ.



## КIУАЩ БетIал

### КЪЭБЭРДЕЙ

Зэман блэкIахэм я бэлыхьым
Уи тхыдэр пасэу къыдохьей,
ГъащIэфI щIэблахэм я гъуэгу кIыхьым
Уи бын текIакъым, Къэбэрдей!

Еру щIасэгъууэ пщы бейгуэлхэм
ЯфIэIуэхуакъым уи пщэдей,
Нэпсей кIыфI щIэблэу уи уэркъ Iэлхэм
ЗуагъэузэщIакъым, Къэбэрдей!

Хъаныжь, уилъ уэру зыгъэжахэр,
Куэд щIау уищI бэвым хуэнэпсейт;
Мылъку хей пщIэнтIэпскIэ къэблэжьахэр
ПIэщIатхъырт бийхэм, Къэбэрдей!

Шы фIалъэм щIыгур игъэгызу
Уи хэку бий гуартэ къихьэрейт,
Ажал пшыналъэм бгыр дэзджызджу
ПлIырт зэмыджахэр, Къэбэрдей!

Мыгъуагъэр ныбжьуэ пщхьэщытами,
Уигъэдзыхакъым плъыса лейм;
КуэдагъкIэ бийхэм уафыщIами,
УфIащ хахуагъкIэ, Къэбэрдей!

Къуэш пэж и къамэу, щышынагъуэм
Пхуэхъуащ уэ телъхьэ Урысейр,
ГъуэгуитI ппэщытым я хэдэгъуэм
Хэпхащ нэхъ захуэр, Къэбэрдей!

Лъэпкъ псом я вождыр уи уэчылуэ
Бэм дэпкъутащ уэ хабзэ Iейр,
ГъащIэфI бухуэныр уи акъылуэ
ЩIэбдзащ щхьэхуиту, Къэбэрдей!

ЛIэщIыгъуэ плIанэм гъэ мин куэдхэм
ПщIыхьар Iэрылъ щыхъуащ уи дей,
ТекIуауэ щыIэ ди зауэлIхэм
Хэтащ уи быныр, Къэбэрдей!

Уи хэхъуэныгъэм сегъэгуфIэ,
КъэкIуэн и фIыгъуэщ уи пщэдейр,
Совет щIы иным и хэку бжьыфIэ,
ЗыузэщI, гъуэгу махуэ, Къэбэрдей!

# УЭРЭДЫМ И ХЪЫБАР

*1957 гъэм ди къэралым и щыхьэр Москва Iэтауэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур. Гуимыхуж хъуа а гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэм хэтащ ди республикэм и артист, уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ нэхъ Iэзэ дыдэхэр. Зи зэфIэкI абы щызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ а зэманым хабзэм и хъумакIуэу лэжьа, милицэм и майор, уэрэдус ДыщэкI Залымхъан.*

*Залымхъан и Iэдакъэ къыщIэкIащ цIыхухэм я гумрэ я псэмрэ дыхьа уэрэд куэд. Ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и дыщэ фондым ноби щахъумэ. КъыжыIапхъэщ абы и дэтхэнэ уэрэдри езым япэу имыгъэзэщIауэ нэгъуэщIхэм яриту зэрыщымытар. Ар и натIэ хъуащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ иуса «ЛэжьакIуэхэм я марш» уэрэд цIэрыIуэми. Ар Москва япэу щызыгъэзэщIар езы Залымхъанщ.*

**КIУНТIЫЩ-ХЬЭПЦIЭ Аннэ**



## ДЫЩЭКI Залымхъан

### ЛЭЖЬАКIУЭХЭМ Я МАРШ

Къэбэрдей народыр
Езыхэм яфIэфIу,
Россием зэрыгухьэрэ
Илъэс 400 щрикъум,
Псоми ди гуфIэгъуэщ Къэбэрдейм.

Къэрал народ иным,
Ди парт хахуэу лъэщым
Я дамэм дыщIэтурэ
Хуитыныгъэ гъащIэм
Уардэу дыхуэкIуащ ди Къэбэрдейр.

Къэбэрдейм ди къалэхэр
МэщIэращIэр хуэмурэ,
Хахуэу ди колхозхэр
ЩIэращIэ зэпыту
Россием догъагъэр Къэбэрдейр.

## Усыгъэ

Ди партыр ди лъэщурэ
Лъэпкъ псори дызэшу,
Урысей лъэпкъ иным,
Ди пашэу, дыкъуэту
Догъагъэр, дофIакIуэр Къэбэрдейр.

Къэбэрдейм и губгъуэхэм
Тракторхэр щовэхэр,
Колхозхэм ди хьэсэхэм
Гъавэ бэв къыдатхэр,
Махуэ къэс догъагъэр Къэбэрдейр.

Къэбэрдей уэрамхэм
Уэздыгъэр къыщоблэ,
Ди псэм демыблэжурэ
Псори дыздэлажьэурэ,
Догъагъэр, дофIакIуэр Къэбэрдейр.



Колхозник унагъуэхэм
Радиор щопсалъэрэ,
Лениным и псалъэхэм
Псори дрилажьэурэ,
Россием догъагъэр Къэбэрдейр.

*ТхакIуэ Теунэ Хьэчим къызэральхурэ ильэси 105-рэ ирокъу*





# ЗИ КЪАЛЭМЫР ЗЭИ МЫУБЗЭЩХЪУА

Теунэ Хьэчим и япэ тхыгъэхэм ящыщ «Аслъэн» повестым дихьэхыу къемыджэ къытхэту къыщIэкIынтэкъым школым дыщыщIэсахэм щыгъуэ. Абы хэт псалъэуха шэрыуэхэр зэпэддзыжу тIурылът. «ЗэхэгъэкIыныгъэ» и пьесэмкIэ школым щыдгъэува спектаклым «си артистыгъэри» къыщызгъэлъагъуэу щытат. Ар дыщыцIыкIухэрат.

ДыкъыдэкIуэтейуэ, Iеймрэ фIымрэ нэхъ зэхэдгъэкIыф дыщыхъуам къыдгурыIуащ Теунэр адыгэ тхакIуэ нэхъыфI дыдэхэм зэращыщыр. ТхакIуэ, публицист, литературэхутэ, журналист, драматург Теунэ Хьэчим и къалэмыпэм къыщIэкIауэ щIэх-щIэхыурэ радиокIэ къат, печатым къытехуэ, тхылъ щхьэхуэури къыдэкI абы и IэдакъэщIэкIхэм ди щэнхабзэм увыпIэшхуэ щаIыгъыу екIуэкIырт. Ахэр зэпымыууэ хагъэхьэрт школхэм зэрыщрагъаджэ программэхэми. ДыщышколакIуэхэм щыгъуэ абыхэмкIэт сэри Теунэр зэрысцIыхур.

ИужькIэ япэ дыдэу Хьэчим сыщыхуэзар 1955 гъэм и бжьыхьэпэращ. А илъэсым къуажэ школыр къэзухри, ТхакIуэхэм я союзым и жэрдэмкIэ, Мэзкуу еджакIуэ сыкIуат. КъызэрыщIэкIамкIэ, илъэсым щIигъуауэ Теунэри щеджэрт сэ сызыщIэтIысхьа къудей Литературэ институтым къегъэщIылIа Курс нэхъыщхьэхэм...

Гъэ еджэгъуэм щIидзэжакIэт Хьэчим ныщигъэзэжам.

– Си студентэгъуу адыгэ щIалэ мыбы къызэрагъэкIуар Налшык къыщызжаIати, си гуапэ хъуащ. Сэ сы-Теунэ Хьэчимщ... Елгъэр Кашифыр уэра? – зыкъысхуегъазэ абы.

Жэуап естыным и пIэкIэ:

– Уэли, сэ куэд щIауэ узоцIыхум-тIэ... Уи тхыгъэхэмкIэ, – жызоIэ.

– Ари хъарзынэщ. Тхьэразэ къыпхухъу. Уи Iуэхухэр дауэ щыт? – набдзэгубдзаплъэу сызэпеплъыхь, IэпцIупцIу сызэрыхуэпам гу лъитакIэщи.

– ЩIагъуэкъым, – ерагъыу къыдызошей.

– Iау, дауэ зэрымыщIагъуэр? Дуней псом зифэгъу темыт, Iэджэм яхузэрымыгъэгъуэт еджапIэ укъыщIэтIысхьащ... Щхьэлыкъуэ школым укъыщIэлъэтри, ди къэралыгъуэшхуэм и щыхьэрым укъыдэхутащ. Уи насыпым кърихьэкIри... Афэрым, абы уи лIыгъэри хэлъыжу, еджапIэм укъыщIэхуащ...

– СыкъыщIэхуат, ауэ... – а сызэрынэщхъейщ.

– Уи «ауэм» къибгъэкIыр сыт-тIэ?

– Стипендие къызатынукъым.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Урысыбзэ тхэнымкIэ «щы» къэсхьащ. Дыдейхэм я Iуэху хуэщIакъым. Зэрыхъунур, сызэреджэнур сщIэркъым... – нехьэкI-къехьэкI хэмылъу, сыхуотхьэусыхэ.

– Ар хэплъэгъуэщ... Ауэ умыгужьей, хуэмыху. ЗэрыжаIэщи, мы дыкъыздэкIуа щыхьэрри занщIэу яухуакъым... Уи Iуэхуми, Тхьэм жиIэмэ, хуэм-хуэмурэ зэ зыкъигъэзэжынщ. Ауэ апщIондэху зыгуэр къэгупсысын хуейщи... Шэджагъуашхэри къэсащ. НакIуэ модэ, ди деж дыщIыхьэнщи... – жиIэу си Iэблэр щиубыдым, зизмычу зислъэфыхьырти: – Жыжьэ усшэнукъым. Ди общежитыр... дызыщIэсырморащ, – жери сегъэлъагъу еджапIэ пщIантIэм дэт унэшхуэхэм ящыщ зы.



ИужькIэ зи ерыскъы IэфI куэд сшха и щхьэгъусэ КIули щIэсти:

– Сыту фIыт! Сыту фIыт адыгэ щIалэ цIыкIу гъусэ къызэрытхуэхъуар! – жиIэу апхуэдизкIэ къысщыгуфIыкIт мо цIыхубз лъагъугъуафIэри, уи гугъэнт и Iыхьлы гуэр Мэзкуу къыщигъуэтыжауэ.

ЗэрыжаIэу, сыздагъэтIысынумрэ сыздахьынумрэ ямыщIэу, моитIур зэуэ къысхуэбзэIэфIщи, абыхэм къысхуаIэ щытыкIэ гуапэм сегъэIэнкун. УкIытэхышхуэ сыхъуащи, си щхьэр къысхуэIэтыркъым. Хьэчим зыщIэмыупщIэ къигъанэркъым. Абы хуэсIуэтахэмкIэ, сызэрыхуэтхьэусыхамкIэ къыгурыIуащ, пэж дыдэу, си Iуэхур икъукIэ зэрыхэплъэгъуэр. Гукъыдэж симыIэу сыщIэнэщхъейр. Сигу фIы ищIыну пылъу арагъэнщи:

– Газетхэми альманахми тета уи усэхэм сыкъеджащ. Хъарзынэу уотхэ. Ауэ фIым гъунапкъэ иIэкъым. ФIыр нэхъыфIыж пщIы, егъэфIакIуэ мэхъу. Абы щхьэкIэ уеджэн, уи щIэныгъэм хэбгъахъуэ зэпыту дунейм утетын хуейщ... Сэ, плъагъуркъэ, си жьыщхьи соджэ... Зэрыбину мыбы нэс дыкъэкIуауэ, – жери хуоплъэкI Iэнэр къытхуэзыгъэув КIули сабырыбзэу тхылъ еджэу щыс щIалэ цIыкIуми. – Иджыри бжызоIэ, си шынэхъыщIэ, умыгужьей, укъэмыскIэ. А къысхуебгъэкIуэкIахэм къызэрыхэбгъэщам ещхьу, лIыгъэншэу укъыщIэкIарэ ущIэпхъуэжамэ, ди адыгэ напэри тепхат. Мыбы укъэзыгъэкIуа Къардэн Буби КIуащ БетIали бгъэщIэхъуат. Апхуэдэ емыкIу зращIэм хуэдэкъым ахэр. Шэч къытумыхьэ: Бубэ укъызэригъэгугъа псалъэр игъэпэжынщ... КъыбдэIэпыкъунхэщ. Дэри тлъэкI къэдгъэнэнкъым. Мис, дыщыпсэур къэпщIащ. УмэжэлIэху къыщIэлъадэ...

– НтIэ, тIасэ, нтIэ. УмыукIытэ. Дэ ерыскъы хьэзыр димыIэу зэи къэхъуркъым. Мес, ди Алик цIыкIу школым жьыуэ къокIыж. Дэ

дыщӀэмысми, зэдэшхэ ӀэфӀщ, жи. Абырэ уэрэ... – къысщогуфӀыкӀ ерыскъыр Ӏэнэм тез къэзыщӀа КӀулэ. – ФыхэӀэбэ иджы.

Дошхэри дыщысщи, Хьэчим и ущиери зэпигъэуркъым.

– Уэ ушынэу ущӀэпхъуэж пэтами...

Пэта къудейм къыщымынэу, еджапӀэм сыкъыщыщӀэкӀыж дакъикъэм Къардэн Бубэ шокъущ жоуэ Алыхьым къызигъэхутылӀэу сыкъызэтримыгъэувыӀэжамэ, си еджэным кӀэ игъуэтат. Щхьэусыгъуэр арат: стипендиеншэу сызэремыджэфынур хьэкът. ЗанщӀэу къыжысӀэнщи, сэ цӀыхуфӀ си натӀэт: КӀуащ БетӀал, Къардэн Бубэ, ЩоджэнцӀыкӀу Ӏэдэм... Мис иджы – Теунэ Хьэчим. Абы и щхьэгъусэ бзылъхугъэ телъыджэ КӀулэ...

– Мыбы адыгэ щӀалэ бэлыхьхэр щеджащ. Иджыри щоджэ, – и псалъэм пещэж Теунэм. – Къущхьэ СулътӀан пцӀыхурэ?

– Ахьей сцӀыхурэ! «Советская молодежь» газетым япэ дыдэ си усэ къытрезыгъэдзар аращ.

– АтӀэ, абыи фӀы дыдэу къиухащ мы институтыр. ИкъукӀэ щӀалэфӀщ. Прозаик дэгъуэщ. Шэвлокъуэ Пётри...

– Ари соцӀыху, – зыхуэмышыӀэ пщтырафэ сохъу. – Мыбы сыкъэкӀуэным и пэкӀэ БетӀал сигъэцӀыхуащ.

– ЩӀалэ Ӏэзэщ. КритикыфӀи зэдзэкӀакӀуэ хъарзыни хъунущ. НэгъуэщӀ ди адыгэ щӀалэ бэлыхьитӀи... – зи гугъу ищӀынур къызгурыӀуащи, аргуэру япэ солъадэ: Мысачэ Пётррэ МэшбащӀэ Исхьэкъгрэ я цӀэр къызоӀуэ.

– Абыхэм гъэ къакӀуэ къаух. Сэ...

– И чэзур къэсмэ, уэри къэбухынщ, Тхьэм жиӀэмэ. Иджы тщӀэнуращ, си шынэхъыщӀэ. Ди председатель Бубэ укъызэригъэгугъам нэмыщӀ, нэгъуэщӀ хэкӀыпӀэ гуэрхэри къэдгъуэтынщ... – Ӏуэхум кӀыхьлӀыхь лъэпкъ къыхимыгъэкӀыу, занщӀэу письмоитӀ къегъэхьэзыр. Сэ къыздэӀэпыкъуну зыгуэрхэм елъэӀуу аращи:

– ЕмыкӀукъэ ар? – нэщхъей дыдэу сыщӀоупщӀэ.

– Абы емыкӀу пылъкъым. Мы дызэлъэӀухэм ахъшэр я жып кърахынукъым. Уэ пхуэдэ... студент хуэмыщӀахэм ядэӀэпыкъуным хухэхауэ къэрал ахъшэ яӀэщӀэлъщ абыхэм. Ауэ щыхъукӀэ... дыщӀэукӀытэн щыӀэкъым, – жиӀэу письмохэр тхын еухри: – Мыбыхэм ящӀыгъуну уэри лъэӀу тхылъитӀ тхы, – жи. Сеплъмэ, зыр зыхуитхыр Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэращ (сыщымыуэмэ, Лъостэн Чэлимэт си гугъэжщ), адрейр зыхуригъэхьыр КъАССР-м и ТхакӀуэхэм я союзым и Литфондтет, усакӀуэ Щомахуэ Амырхъант. Абыхэми сэ сыкъамыцӀыхуми, Теунэр зищӀысыр ящӀэрти, Хьэчим и псалъэм пщӀэ зэриӀэр мыгувэу зыхэсщӀауэ щытащ...

Теунэм, «и хьэтыр солъагъури», тӀэкӀу зислъэфыхьами, сэри лъэӀу тхылъхэр сотх.

Мазэ нэхъ дэмыкӀыу, Налшык нокӀри, аргуэру ахъшэ хъарзынэ къысӀэрохьэ. А лъэхъэнэм ди ТхакӀуэхэм я союзым и унафэщӀу щыта Къардэн Буби и псалъэм епцӀыжатэкъыми, щӀымахуэм хуэхьэзыр зысщӀащ: зысхуэпащ. Мэзкуу дэсхэм ещхьу фэ къызэрыстеуам щыгуфӀыкӀырт Хьэчими КӀули. Ауэ я деж сыщӀэмыхьэу зы махуэ дэзгъэкӀамэ, тӀури къызэшхыдэрт. Пэжщ, Хьэчим иджы нэхъ зытепсэлъыхьыр творчествэрат.

– ЗэкӀэ нэхъыщхьэр еджэнырами, деджэ къудейкӀэ зэфӀэкӀынукъым, си шынэхъыщӀэ. УщӀалэ щӀыкӀэ тхэн, бидэу тхэн хуейщ.

Птхар хъуарэ мыхъуарэ къэпщIэн папщIэ, ахэр цIыхум я пащхьэм иумылъхьэу хъунукъым. Абы щхьэкIэ тщIэнуращ... Мыбы зэдзэкIакIуэхэр щыкуэдщ. Уи тхыгъэхэр зытебдзэн жыпIэнущи, газетхэри журналхэри щыгъунэжщ... Аращи, умыбэлэрыгъ. Тхэ. Птхари уи студентэгъухэм ептурэ зэрегъэдзэкI... Дауэ зэрестынур жыпIа? «Подстрочнэ» жыхуаIэм хуэдэу зэбдзэкIынщи...

Мыбдеж Хьэчим къыгурымыIуэр... зэрыщыуэр зыт: си усэхэр сэ схузэдзэкIыжын хуэдэу сыIэзэмэ, урысыбзэ тхэнымкIэ «щы» къэсхьу стипендиеншэу сыкъанэрэт?

– Мыдэ сэ къызэт ахэр, – жери усэ зытхух сIех. ЗэдзэкIакIуэм зэреттынум хуегъэхьэзыр. Ахэр изот си студентэгъу Кузнецов Валентин. Абы зэридзэкIахэм Хьэчим хызогъэплъэж. Зыгуэрхэри зэрегъэзэхуэж. Псалъапэ гуапи щIегъури, усэхэр Налшык кърегъэхь. Ахэр къытрадзэ «Кабардинская правда» газетым.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ си литературэ гъуэгуанэр укъуэдииныр фIыуэ къыздигъэпсынщIа къудейтэкъым Теунэ Хьэчим – Мэзкуу дыщызэгъусэху абы и фIыщIагъэ куэд слъэгъуащ. И ущиехэр-щэ?..

А лъэхъэнэм щIэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзыру щIадзат Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс щиплI зэрырикъур ехьэжьауэ гъэлъэпIэным. А Iуэхушхуэр екIуу екIуэкIын папщIэ газетхэри, журналхэри, тхылъ тедзапIэхэри адыгэ тхакIуэхэм гуапэу къаIущIэнут. Сэри а хэкIыпIэр жыджэру къэзгъэсэбэпын зэрыхуейм теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэр къызет Хьэчим. Арат епIэщIэкIыу си усэхэр зэдзэкIыным щIыхуигъэхьэзырари. А IуэхумкIэ Хьэчим къыздэмыIэпыкъуамэ, 1956 гъэм и октябрым и пэщIэдзэ дыдэхэм «Комсомольская правда» газетым къытехуэнтэкъым «Щхьэлыкъуэ» зыфIэсща усэр. Апхуэдэу зэрыхъуам си тхыгъэхэм я гъуэгур нэхъ тыншу къызэIуихауэ зэрыщытами пцIы хэлъкъым.



А лIы Iэдэбым, хьэл-щэн дахэ зыхэлъым, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъым и гулъытэ, и гуапагъэ зылъымыса яхэту къыщIэкIынкъым си ныбжь итахэми, нэхъыжьыIуэхэми, нэхъыщIэIуэхэми. Си щхьэкIэ нобэми IэфIу сигу къинэжащ абы сызыщIигъэдэIуу щыта дерсхэр. Уи тхыгъэ гуэр радиокIэ къату зэхихамэ е зыщIыпIэ къытрадзауэ илъэгъуамэ, телефонкIэми, и щхьэкIэ зыкъыпхуигъазэми, къыпхуэмыгуфIэу, къомыхъуэхъуу къигъэнэнутэкъым. АпхуэдэлIт ар: уи фIым щыгуфIыкIынут. Игу иримыхьу къыбдигъуэри ибзыщIынутэкъым. Ауэ уи жагъуэ къимыщIу, Iэсэу, сабыру. Гъэсэныгъэшхуэ зыхэлъ лIы Iущти, абы и ущиехэр щхьэпэт, дахэт. Щхьэжэ пщыхъуртэкъым. Арат ар езыри фIыуэ къыщIалъагъур, фIэлIыкIыныгъэшхуэ иIэу дунейм щIытетыр...

Уи щхьэм уэ хуэпщIыж пщIэрщ бгъуэтыжынур, жаIэ адыгэм. Ар зэрыпэжыр нахуэ нэхъ пщызыщI ди адыгэлIхэм ящыщ зыт Теунэ Хьэчим. Абы ухуэза нэужь, угузавэрт, упIейтейрт. «Ярэби, мыбы зыгуэркIэ губгъэн зыхуезмыгъэщIащэрэт, мыр къызэрызэупщIынухэм хуэфащэ жэуап естыжыфыну псэлъэгъу сыдэхъуфащэрэт», – жыпIэу. Апхуэдэу щIыщытыр Хьэчим джэдыкIэм цы къыхихыу хьэмэрэ Iэмбатэм и пIэ Iэтэ иригъэувэурэ, уи бзэгум щэлъахъэ къыщидзэу аратэкъым.

Хьэчим цIыху зэщIэкъуат. Езым псалъэ лей къыбжиIэнутэкъым. Ар ауэ сытми псэлъэгъу къудейтэкъым. Чэнджэщэгъу, ущиякIуэ нэст. Уи гурылъхэм, уи Iуэху ныкъуэщIэм утезыгъэгушхуэ нэхъыжьыфIт. Езым и щхьэм хуимыгъэфащэ, и щхьэм иримыпэс уэри къыбжиIэнутэкъым. А къыбжиIар фIэмыIуэхужу, щыгъупщэжу: «И щхьэ зэрыхьщ, адэ зэ си натIэ икIамэ аращ», – жиIэуи ежьэжынутэкъым.

Япэ зизгъэщынщи, абы щыхьэт тесщIэу мыри сигу къэзгъэкIыжынут.

Ещанэ курсыр къэзухри, гъэмахуэм сыкъэкIуэжат. Шокъущ жоуэ Хьэчим къалэ уэрамым сыщыхуозэ. Езым и гулъытэм хуэдэ схэлъамэ, дауи, сыкъызэрысыжрауэ, я деж сыкIуэу зэзгъэлъагъуну схуэфэщат. АрщхьэкIэ... Зэрихабзэу, зыщIэмыупщIэ къигъанэртэкъым. Сэри, згъэгуфIэнщ жыхуэсIэу, си Iуэхур зэрымыIейхэр къыхуезгъэкIуэкIырт: езым сызэригъэIущауэ щытахэм сытету сызэреджэр, си тхыгъэхэр зэрезгъэдзэкIыурэ газетхэм, журналхэм щIэх-щIэхыурэ къызэрытрадзэр жесIэрт. Гупсэхуу къызодаIуэ. ПцIы щхьэ упсын хуей, къысхуэарэзыуэ псалъэ гуапэ къызжеIэ. ИтIанэ:

– А сызэбгъэдэIуахэр псори хъарзынэщ. Афэрым! Иджы ныбжесIэнуращ... УрикIуэжыну гъуэгупщIэ пхуэхъунщ, Лъостэн Чэлимэт деж щIыхьи... Хьэуэ жыпIэрэ, зэгъусэу дыщIыхьэнщи... – кърригъэжьар зыхуишэнур къызгурыIуащи:

– Хьэуэ, Хьэчим! КхъыIэ, абыхэм дыхыумыгъэхьэ... Си Iуэхухэр хъарзынэщ иджыпсту...

– НэхъыфIыж Тхьэм ищI, ауэ ахъшэр къызэлеекI студент слъэгъуакъым сэ... – сыт сымыщIэмэ, сыхэзэгъакъым. Щымыхъужым:

– Хъунщ. СыщIыхьэнщ, – жызоIэри, арэзы сощI.

Зэман тIэкIу докIри, аргуэру дызэхуозэ. Си напэр мэс: еста псалъэм себэкъуащ. Щыгъупщэжагъэнщ жызоIэри сигу согъэфI. АрщхьэкIэ – ухуеятэкъэ?

– Лъостэным деж ущIэзгъэкIуар дауэ хъуа? – къызоплъ. Сэ зызолъэфыхь. КъыгурыIуэнтэкъэ? КъыгурыIуащи:

– Еу-уей, ар къызэпщIэну... сыкъэбгъэпцIэну си гугъэнтэкъым. – сегъэукIытэ. Псалъэ быди изот: сыщIыхьэнщ.

Сымыгъэгувэуи сыщIыхьэри... Си Iуэхур хъарзынэу зэрызэфIэкIамкIэ хъыбар щезгъэщIэжым.

– Упсэу! СыбгъэгуфIащ. Тхьэразэ къыпхухъу, – жи, гъуэгупщIитIщы хъун зратар езыра нэхъей.

Апхуэдэ хьэли хэлът Хьэчим: къыбжиIам езыри текIынутэкъым, уэри уи псалъэ утригъэтыжынут...

Иджы, сыкъызытекIа Мэзкуу IуэхумкIэ згъэзэжынщи:

– Мыри зыщумыгъэгъупщэ, си шынэхъыщIэ, мыбы нэс еджакIуэ дыкъыщыкIуакIэ, ди тхэкIэми зедгъэхъуэжын хуейщ. ЛIыр гъуэгу щIытехьэр нэхъыбэ зригъэлъагъуну, имыщIэ зригъэщIэну аращ. Армыхъумэ, уи нэр уфIыцIарэ уи тхьэкIумэм цIыв ибгъэпщхьауэ къэпкIухьынумэ, вакъэ щIэбгъэлэжьэн щыIэкъым. Иджыри къэс мы институтым щыIа ди щIалэхэм дагъэукIытакъым. Уэри аращ дызэрыпщыгугъынур. ЗыгуэркIэ укъысхуейэ хъурэ – умыукIытэ, умыщхьэх, – жиIэрти сигу фIы схуищIырт. Сигъэгушхуэрт.

Куэдри сыхуей хъурт Хьэчим. Усэ стхыхэм псом япэ сыкъыхуеджэрт, урысыбзэкIэ зэрадзэкI си усэхэр езгъэлъагъурт. ЦIыхум и нэ къызэрыплъэрэ ямылъэгъуа гуэр стха сфIэщIыжу, жэщым къыщIезгъэдзам махуэм Хьэчим сыкъыхуеджэрт. Ауи си пщIыхь къыхэхуэртэкъым: «Ярэби, мы лIым и щхьэ езмыгъэужэгъуу пIэрэ?» – жысIэну. Апхуэдэфи зрызигъэплъыртэкъым Хьэчим. Уеблэмэ махуитIщы сыхуэмызамэ:

– СлIо, си шынэхъыщIэ, усэ птхыжыркъэ? Хьэмэрэ уи тхыгъэхэм тIэкIу сазэрытеухьар уи жагъуэ хъуауэ ара? Уи быным уэри ущыт-

хъуж, нэгъуэщIри къыщытхъу зэпыт хъуа нэужь, Iуэхур зэIыхьэнкIэ бетэмалщ. Сэ бжесIэхэр щхьэжэ умыщIу, мыдэ къысхуеджэт уи усэщIэхэм, – жиIэрти, и пащхьэм сригъэтIысхьэрт. Ар ауэ сытми къызэдаIуэ къудейтэкъым. Къэрэндащрэ тхылъымпIэрэ иIыгъыу зыгуэрхэр итхырт. «Абдеж къытегъэзэжи къеджэжыт», – жиIэрти, сатыр гуэрхэм етIуанэу, ещанэу укъригъэджэжырт.

«Уи тхыгъэхэм тIэкIу сазэрытеухьар» жиIэ щхьэкIэ, уи гум ежэлIэну, акъылрэ гупсысэрэ къыхыумыхыну зы псалъи къыжьэдэкIыртэкъым. Iэдэбу, щабэу, гуапэу, «къыбгурыIуа, си шынэхъыщIэ?» – жиIэури къоупщIыжырт. Хьэчим сыхуэзэрэ усэхэм сакъыхуеджа нэужь, дамэ къыстекIэрт. Си тхыгъэхэм сэ хэзмылъэгъуэж «фIы гуэрхэр» абы гурыхь щыхъурт. Ар егъэлеяуэ къызэрысщытхъум гу лъыстэртэкъым. Уеблэмэ, сигу къэкIыртэкъым абы «сыкъигъэпцIэну». АрщхьэкIэ иужькIэ нэрылъагъу сщыхъуащ а лIы губзыгъэм и хьэлыфIхэм ящыщ гуэрми: абы фIэфIт щIалэгъуалэр Iуэхум тригъэгушхуэну. Сэ къызэрысщытхъум хуэдабзэу, абы нэгъуэщI щIалэщIэхэми (Хьэчим деж щIэх-щIэхыурэ къакIуэхэрт Мэзкуу дэт еджапIэхэм щIэс нэгъуэщI усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэри. Псом хуэмыдэу Хьэчим къыхуеблагъэрейт Мэзкуу артист IэщIагъэм щыхуеджэ, усэхэри зытхыу щыта, иужькIэ зи тхылъхэри къыдэкIа Щоджэн Хьэбасрэ Къуэщхьэ Къанщобийрэ. Абыхэми я чэнджэщэгъуфIт, я ущиякIуэфIт Теунэр) тхъупсыр ятригъэлъадэрт.

– Уа, Хьэчим, а зигу фIы пщIы щIалэ къомым, а узыщытхъу, псалъэ гуапэ зыхужыпIэ псоми я тхыгъэхэм зы дагъуи ямыIэу ара? – сеупщIат зэгуэр Теунэм. ИкIи а упщIэкIэ мышыум хуабжьу сыхущIегъуэжауэ щытащ: «Уэ сыщыпщытхъукIэ, уигу щыпхуэзгъэдахэкIэ, Iуэхум ущытезгъэгушхуэкIэ апхуэдэу сыту укъызэмыупщIрэ?» – къызжиIэмэ, си напэр текIакъэ жысIэри. АрщхьэкIэ апхуэдэ укIытэгъуэ сыхидзэным и пIэкIэ, жэуапу къызитарат:

– Уэ жыг ухъуну щытамэ, щIымахуэ хьэщхьэтеуэм укъызэфIигъэщIэнтэкъым жыпIэу, бжьыхьэм хэпса жыгыщIэр гъатхэм къыхэптхъыжу хыфIэбдзэж хъунукъым. Абы есылIэ хуэщIын, псы щIэкIэн, ар зыхуей хуэгъэзэн хуейщ. Зэрыхъун гъэхъуауэ къыпыкIэм еплъын хуейщ. КъыбгурыIуа? ИтIанэ, зыкъомым зэращIым ещхьу, уэ фIумыгъэжар хьэрэму къэлъытэнри къемызэгъщ. Дэтхэнэ зыми и лэжьыгъэм пщIэ хуэщIын хуейщ.

Мис апхуэдэ хьэл езым хэлъти, арат Хьэчим и щхьэми пщIэ щIигъуэтыр. «Сэ сэлъытауэ уэ сытым ущыщ?» – жиIэу щытамэ хьэмэрэ езым адрейхэм япэ зригъэщыну хэтамэ, Теунэм и Iэдакъэм къыщIэкIынтэкъым абы ди тхакIуэ пажэхэми, усакIуэ ныбжьыщIэхэми яхуитх псалъэ хьэлэмэтхэр. ЩIыху щхьэхуещэм, зи лъэпкъым щхьэкIэ гууз-лыуз зимыIэм и къалэмыпэм къыщIэкIынкIэ хъунукъым нарт хъыбарыжьхэм акъылу, дахагъыу хэлъым, ахэр хъумэным теухуауэ Хьэчим итхахэр. ТхэкIэрэ еджэкIэрэ зымыщIэу щыта адыгэхэм Нэгумэ Шорэ хуэдэ лIы губзыгъэ къазэрыхэкIам ехьэлIа хъыбар хьэлэмэтым укъыщеджэкIэ, уи лъэпкъым урогушхуэ, ин урохъу. Нэгумэ Шорэ илъагъуну зыщIэхъуэпсу щыта адыгэлI еджахэм езы Теунэри зэращыщым щыхьэт тохъуэ «Урысей нэхур и гъуазэу» тхыгъэр.

Шорэ къызыхэкIа лъэпкъ тхыбзэншэм ПащIэ Бэчмырзэ хуэдэ лIы Iущхэри дыгъэ-мазэу къыхэлыдыкIыу зэрыщытам уардэу ириутыкуакIуэрт Теунэр. «Сэ губгъуэ нэщIым сыкъыщыхъуакъым. СызыщIапIыкIынрэ си щIыбагъ дэтынрэ сиIэу сыкъыфхохьэ», –

жиIэу щIэныгъэм и гъуэгушхуэм техьат Хьэчим. Щхьэзакъуэныгъэр зэрытхьэмыщкIагъэр къыгурыIуэрти, абы сыт щыгъуи тегъэщIапIэ ищIырт къызыхэкIа лъэпкъым и акъылыр, къыдалъхуа и къуэшхэм я дамэр.

А псоми урегъэгупсыс Теунэм «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэхэмрэ» зыфIища тхылъым укъыщеджэкIи. Хэт абы гулъытэ зыхуимыщIар, хэт абы хуэфащэ псалъэ зыхужимыIар?!

Лъэпкъ IуэрыIуатэм, езым япэкIэ ятхахэм, и ныбжьэгъухэм я лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм тэмэму щыгъуазэ зищIати, аращ Хьэчим и япэ рассказхэр, повестхэр тхылъеджэхэм гурыхь нэс щIащыхъуари, къэбэрдей прозэм зиузэщIын папщIэ, а тхыгъэ гъуэзэджэхэм мыхьэнэ ин щIаIэри. Езым и щIэныгъэр тхакIуэ ныбжьыщIэхэм зэрабгъэдилъхьэнур зы махуэ зыщигъэгъупщэртэкъым Теунэ Хьэчим. А къалэн лъапIэр щIыхь пылъуи игъэзащIэрт Теунэм, ар ди республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм щиунафэщIа 1945-1951 гъэхэми; иужькIи си зэманрэ си лэжьыгъэрэ япэ изгъэщынщ жимыIэу, усакIуэ, тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я егъэджакIуэ, ущиякIуэ пэжу щытащ.

«Газетым тета уи рассказым, журналым къытрадза уи повестым, радиом къита уи тхыгъэм сызэригъэгуфIам щхьэкIэ, сынохъуэхъуну сыкъэкIуат», – жиIэу Хьэчим и щхьэкIэ е телефонкIэ зызыхуимыгъэза яхэту пIэрэ ди тхакIуэхэм? Яхэту къыщIэкIынкъым. Ар къызыхэкIыр, аргуэру жытIэнщи, Теунэр зэрыпсэемыблэжырт. НэгъуэщIым къехъулIа гурыфIыгъуэр езым къылъысам хуэдэу къыщыхъурт абы. Мис а гуфIэгъуэр, ехъулIэныгъэр дэтхэнэ тхакIуэми и Iэдакъэрыкl хъун папщIэ, Хьэчим куэд ищIэфащ. Ар зэщхьыр ныкъуэсаныгъэ мащIэ зылэжьа быным щIэгубжьэу абы и гур изых адэртэкъым, атIэ зи къуэрылъху-пхъурылъхухэм иригушхуэ, иригуфIэ, ахэр сытым щыгъуи Iуэхум тезыгъэгушхуэ адэшхуэрт.

Зыгуэр птхащ. Абы зыгуэрхэри къебгъэджащ. Дагъуэ Iэджи къыхуащIри, уи Iэпкълъэпкъыр щIагъэлIащ. Абы зыгуэр къыпхухэщIыкIыжынкIэ уи гугъэр хыуагъэхыжащи, Iуэхум уи Iэ-уи лъэ хыхьэжыркъым. Апхуэдэм дежи Хьэчим щIэгъэкъуэн быдэ къыпхуэхъурт:

– Iау, зыщIым нэхърэ еплъыр нэхъ Iэзэщ, жи. АтIэ, уи джанэкIэр кIыхьщ, жаIа щхьэкIэ, джанэр зыщыпхыу хыфIэбдзэж хъун? Зэрыпхуэхъунум, зэрекIуным хуэдэу зэгъэпэщыжын хуейщ, – жиIэрти, акъыл зыхэлъ чэнджэщ къыуихьэлIэрт. Армыхъу тхыгъэр хыфIэбдзэжу къыпхуидэнутэкъым. «Уи щхьэм, уи лэжьыгъэм пщIэ хуэпщIыжын хуейщ», – жиIэрти ущIригъэгъуэжырт. Теунэ Хьэчим апхуэдэ нэхъыжьхэм ящыщтэкъым жызыIэни нобэрей ди тхакIуэхэм яхэт хъункъым.

Ар рассказуи, усэуи, повестуи, поэмэуи, романуи, пьесэуи е критикэ-литературэхутэ лэжьыгъэуи ирехъу – Теунэм и Iэр фIыкIэ зэмыIуса зы жанри иIэкъым адыгэ литературэм. НэгъуэщIхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэм и гугъу сымыщIауэ, адрей тхакIуэхэм, усакIуэхэм хуэфащэ пщIэ зэрагъуэтыным семылIэлIауэ, сэ зы рассказ е зы повесть, зы роман е зы пьесэ зэрыстхыным иужь ситащэрэт щIыжимыIар сыт Теунэм? И лъэпкъыр фIыуэ илъагъурт, а лъэпкъым къыхэкIа цIыху пэрытхэм я пщIэр игъэлъагэрти аращ. Абы и щыхьэт ухуей? Еджэ «Къэбэрдейм и литературэмрэ и тхакIуэхэмрэ» тхылъым. НэгъуэщIхэм ятепсэлъыхьа мыхъумэ, езым сыт итха жыпIэу ущIэупщIэрэ? Теунэм и рассказхэр, повестхэр, романхэр, пьесэхэр узытемыукIытыхьынщ. Ахэр



4 Заказ №453

ди лъэпкъым и псэукIэм, абы игъуэта гъащIэ дахэм я гъуджэщ. Хьэчим и тхыгъэхэм хэт художественнэ образхэр гъащIэм и курыкупсэм щыщ цIыху гъуэзэджэхэм ещхьыркъабзэщ. Абыхэм я фIыщIэкIэ ди республикэр зыхуэкIуа псэукIэр зэрыдахэр, зэрыгуфIэгъуэр тхакIуэм щыдигъэлъагъужащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым» зыфIища документальнэ фильмым и сценариймкIи.

КъыжыIэн хуейщ Теунэм документальнэ произведенэхэм гулъытэшхуэ яхуищIу зэрыщытар. Уи лъэпкъыр, уи республикэр къырацIыхун щхьэкIэ, сыт и уасэ «Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ» документальнэ повестыр?! Мыбы япэкIэ тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIа тхыгъэ гъуэзэджэхэм – «Псэм и IэфIыр къыуатмэ», «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романхэм – тхылъеджэхэм я дежи критикэм дежи хуэфащэ гулъытэ щагъуэтат. Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу Теунэ Хьэчим Республикэм и Къэрал саугъэтыр псом япэ къызэрыхуагъэфэщауэ щытам къикIри гурыIуэгъуэщ: гулъытэншэу къанэртэкъым тхакIуэм и лэжьыгъэр. Пэжщ, Теунэр зыхуэлажьэ лъэпкъыр, Хэкур езы тхакIуэми къыхуэгущIыIэтэкъым. ФIы пщIэмэ, фIым узэрыхуэзэжынур абы и дежи нэрылъагъу щыхъурт.

«ТIум щыгъуи си лэжьыгъэр псыхэкIуадэ мэхъу, сызыхуэлажьэр хэт сэ?» – жиIэу гузэрыдзэ ищIу щытамэ, и лъэпкъым, и Хэкум щхьэкIэ илэжьхэм гуфIэгъуэ къыхуахьу щымытамэ, Теунэм и Iэ-и лъэ хыхьэнтэкъым «Гъатхэр дунейм и щIэрэщIэгъуэщ» документальнэ повестыр итхыну. Абы зи гугъу щищIын иIэт, цIыхуфIхэр зэригъэгуфIэн, ер зигу илъхэр сэтей къызэрищIын Iэзагъырэ щIэныгъэрэ бгъэдэлът. Хьэчим и Iэ-и лъэ здынэмыс, и нэр фIыкIэ здынэмыплъыс республикэм зы щIы кIапи иIэ хъунтэкъым. Тэрч зэпрыплъырти илъагъурт абы батэр щызыгъэш лэжьакIуэ пэрытхэр. Шэрэдж аузи Бахъсэн аузи нэсыфырт. Иджыри къэс нэгъуэщI тхакIуэхэм я Iэ зылъэмыIэса цIыхур иригушхуэу, ин ирихъуу утыкум кърищэрт. ЩIэныгъэм, культурэм зезыгъэузэщI цIыхухэр дигъэцIыхун къудейратэкъым тхакIуэм къалэну зыхуигъэувыжыр, атIэ ди щIэблэр абыхэм зэрадэплъеиным къыхуриджэрт. «Ипэрей си лъэпкъ щIэныгъэншэр зэрыщымыIэжым и щыхьэт фыхуей?» – жиIэу щIэупщIэ хуэдэт тхакIуэр. ИкIи а упщIэм и жэуапыр хьэзырт: КIэрэф Къамболэт, Темыркъан Юрэ, ЩауэцIыкIу Залымджэрий, Балъкъэр Мухьэмэд... Лъэпкъым и набдзэ, къэралым, уеблэмэ дуней псом щыцIэрыIуэ цIыхушхуэ дыдэхэм я закъуэтэкъым тхакIуэр зэрыгушхуэу зи цIэ кърииIуэр. Зи къуажэгъухэм, зи лъэпкъым я псэукIэр нэхъри дахэ, щIэщыгъуэ щIыным хуэлажьэ дэтхэнэ зыми гулъытэ хуищIырт Теунэм. Ар иригушхуэрт ди жылагъуэхэм щIалэ ахъырзэманхэр зэрыдэсым, абыхэм щIэныгъэлI гъуэзэджэхэр, культурэм и лэжьакIуэхэр къызэрыдэкIам.

Мис а псоми наIуэ ящIырт Теунэ Хьэчим и лъэпкъым, и Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр зэрыгъунапкъэншэр. А лъэпкъыр узыншэу, фIыр и Iэужьу, нэхъыфIыжхэм хуэпабгъэу, зыхуэпабгъэми лъэIэсу зэрилъагъум тхакIуэр ягъэгушхуэрт, и гур хагъахъуэрти аращ Теунэ Хьэчим и акъыл нэхумрэ и къалэм жанымрэ зэи щIэмыубзэщхъуар. Мис а и лэжьыгъэфIахэмрэ абы дэслъэгъуа цIыхугъэшхуэмрэщ сэри ар фIыкIэ си гум къыщIинар.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цIыхубэ тхакIуэ*

ТЕУНЭ Хьэчим

# ШЭДЖЭМОКЪУЭ ЛЪЭПКЪЫР

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

Дауэ ямыущэхуами, сыт хуэдэу щIамыуфами, пцIыр къыщIощыжри, «Iыхьы, сыпхурикъункъэ! Мис, дунейм сыкъытехьэжакъэ!» – жиIэ хуэдэ, къежыхь, адэкIи мыдэкIи нэсу. ПцIыр щIэзыхъумэну хуежьар зэгуигъэпу, игъэукIытэу, щигъэшыни къэхъуу, нэмыукIытэу пащхьэм ар итщ. ИтIанэ йожьэжри Iыхьлыхэми, благъэхэми, жыжьэхэми, гъунэгъухэми, хъыбар ярегъащIэ: «Псым срагъэтхьэлэну я гугъат, ауэ, зэрыфлъагъущи, сыпцIти, сыкъыщIэщыжащ!»

Апхуэдэу дунейм къытехьэжа пцIыр щIэх дыдэу цIыхум зэлъащIысри, ар зыупсар щIэгъэщэщыным, абы теухуауэ зэхъуцэцэным щIадзэ. Къуажэ псом ар щызэлъащIыскIэ, ягъэныщкIу пэтми ирамыгъэхыфу, цIыхухэм я жьэм къыжьэдонэ.

Зырамыку и еджэныр апхуэдэ дыдэ хъуащ, къуажэм къызэригъэзэжу. А Iуэхум ину зиубгъунуи, къуажэ псор зэлъищIысынуи къыщIэкIынтэкъым, щIалэм и анэ ХьэкIулинэ и жьэр мыхъуамэ. «Алыхь, тхьэ, езы афицарыжьыр и щхьэкIэ къакIуэри, тхьэ, къулыкъущIэу, псори зи IэмыщIэ илъ унафэщIу иригъэджэну ишам» – жиIэурэ куэдрэ зэриIуэтам къыхэкIкIэ, физ куэд зэгуигъэпат, зыбжани зригъэфыгъуат. Зырамыку еджаи мыхъуауэ, псоми я унафэщI къулыкъущIэуи ямыгъэуvауэ къэкIуэжу къуажэм къыщыдэтIысхьэжым, фызхэм убэнымрэ щIэгъэлъэлъынымрэ щIадзащ.

Иныкъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Зырамыку и еджэныр зэпыудыныр ХьэкIулинэ и жьэ бзаджэм къиихьат. Адрейхэм зэраIуатэмкIэ, абы къигъэзэжыныр къызыхэкIар ягъэлажьэ фIэкIа зэрырамыгъаджэрт. Езы ХьэкIулинэ зэригъэхъыбарымкIэ, «Шыгузехуэу игъэлэжьэну мурад зэрищIу, алыхь, тхьэ, «уи щхьи уэри сыпхуейкъым», – жиIэри къытридзэри къэкIуэжам».

А псалъэ мышыу зекIуэхэр Зырамыкурэ Исмелрэ я дежи нэсырт. АрщхьэкIэ, загъэдэгурти, зэхамых защIырт. Ауэ физхэм я жьэм ужьэдэхуауэ щытмэ, дауи зыгъэдэгу, дауи зыгъэнэф, абыхэм я бзэр езыгъэубыдынрэ абыхэм я псалъэм имыуIэн гурэ щыIэкъым. Уэрамым дыхьами, мэжджытым кIуами, лажьэу губгъуэм итми, абыхэм ялъэIэсырт физхэм зэрахьэ хъыбарыр. ЦIыхубзхэм Шэджэмокъуэхэ кхъуэн и кхъуэцу зэрапщIыр зэадэзэкъуэм къегуауэрт икIи хигъаплъэрт.

Арыншэми Исмел хуабжьу нэщхъейт, и адэр дунейм зэрехыжар гуауэ щыхъуауэ. Абыхэм къинэмыщIкIэ, ар иригузавэрт и къуэм и Iуэхум. Дауэ мыгузэвэнрэт, зи мурадыр къызэмыхъулIа и къуэ закъуэр зэгуэпым къыхэкIыу нэгъуэщI щыхъуакIэ. Нэжэгужэу, и нэ фIыцIэ пIащитIыр лыдрэ пыгуфIыкIыу, псоми нэсу, псори фIэхьэлэмэту щытар иджы зэкIуэкIат, нэщхъеирилэ хъуат. И адэшхуэр зэрылIари, и еджэныр зэ мыхъуу щэнейрэ зэрызэтекъутари абы хуабжьу къехьэлъэкIырт.

ЩIалэр зыщригъэджэн школ къуажэм щыдэмыткIэ, пщIэкIэ къалэм зэрыщригъэджэн мылъку къыщыдимыгъэкIыфкIэ, Зырамыку игъэлIыщIэурэ иригъэджэнырт къыхуэнари, Исмел аргуэру ар къыщиIэтым, ХьэкIулинэ уафэм сабэ дрипхъейуэ щIидзащ:

– Алыхь, тхьэ, си хьэдэм фримыкIуауэ, ар лIыщIэу сымытын. Емыджэм, иремыджэ.

Зи узыр жьэн узым хуэкIуэжа ХьэкIулинэ апхуэдэу щыпиупщIым, я мурадыр пхагъэкIыну инымщэуи яукъуэдиякъым. Зэадэзэкъуэм ящIэрт абы едэхащIэкIи, егийкIи, еубзэкIи зыри къызэримыкIынур. Арати, анэр къахэмыту езы тIур зэпсэлъэным аргуэру хуэмыкIуэу хъуакъым.

ХьэкIулинэ и дыщым щыкIуэжа дыдэм ирыригъэхьэлIэри, Исмел и къуэр зыбгъэдигъэтIысхьащ. «Уеджэну, хьэмэрэ уемыджэну?» е «Уеджэн щхьэкIэ гугъу зебгъэхьыфыну, хьэмэрэ зумыгъэхьыфыну?» – жиIэу ар Зырамыку еупщIакъым. «Дауэ къомыхьэлъэкIми, урысыбзэмрэ урыс тхылъымрэ зумыгъащIэу хъунукъым», – жиIэуи игъэIущакъым. Арыншэми Зырамыку зэрыеджэныгур Исмел ищIэрти, и къуэр игъэIущурэ, иущийурэ къыхуригъэкIуэкIащ ерыщагърэ бэшэчагърэ фIэкIакIэ къэрэхьэлъкъым и Iуэху зэрыдигъэкIын зэрыщымыIэр.

– Екъу, екъу, си щIалэ, уи псэр зэпычыху, екъу, – жиIащ Исмел. – Арыншэу уи нэр къагъэплъэнкъым. УзэфIэкIыншэрэ укъару мащIэмэ, уи пэр щIым щахуэ зэпыту дунейр уагъэхьынщ. Зэи укъыдрагъэплъеинкъым.



БашыпэкIэ щIыр кърихтхъуурэ, мыри дыщIигъужащ:

– Уи нэм къеIэм и псэм уеIэжыфрэ – упсэунщ, зыкъыхебгъэгъащIэрэ – ухаутэнщи ежьэжынщ.

Шэджэмокъуэм ар ауэ сытми жиIэ псалъэтэкъым, атIэ езым и нэгум щIэкIа, и фэм дэкIа Iуэхугъуэхэм къыхихат. ИкIи Шэджэмокъуэхэ я къекIуэкIыкIам, я псэукIам егупсысыжу, псори и нэгу щIэкIыжу ар куэдрэ щысащ...

Шэджэмокъуэхэ уэркъ лъэпкътэкъым. Лъхукъуэщауэ къудейт. ЦIыхум къазэрыхэщын мылъкуи яIакъым. ВитI-жэмитI зезыхуэ адыгэ унагъуэу къэгъуэгурыкIуащ. ЗэфIэкIышхуэ зиIэхэм хуиту хаутэфхэм ящыщакъым. ЩIалэ щхьэпс къамэ къипкIрейуи щытхэтэкъым. Ауэ Iуэху гуэр къэхъеямэ, шынэу икIуэтыжхэми хабжэртэкъым. Мурад ящIакъэ – абы пхутемышыжыну ерыщхэт. ЦIыхухэр зэрыщыгъуазэщи, Iэюб пщым Шэджэмокъуэ лъэпкъыр пщылI ищIыну хуежьауэ щыщытам а лъэпкъым зэрылъэпкъыу зыкъратIэгъащ, лъхукъуэщауэу къэнэжыным щIэбэну. Лъэгуажьэмыщхьэу итIысыкIын, я щхьэр ирахьэхын щамыдэм, джатэ къиха къыхуагъэдэлъащ. АбыкIи щамыгъэшынэфым, Iэюб пщым и шухэр Шэджэмокъуэхэ ятеуащ. КъатекIуэ щыхъум, пщылI зрамыгъэщIын щхьэкIэ, Шэджэмокъуэхэ зэрылъэпкъыу зыкъаIэтри ежьэжащ. Лъэпкъышхуэу щыта Шэджэмокъуэхэ а щIыкIэм тету зэбгрыдза хъуащ. Иныкъуэр, бынышхуэ зыкIэрыщIахэр, Псыжь лъэныкъуэмкIэ Iэпхъуэри кIахэхэм я щIыпIэр псэупIэ яхуэхъуащ. Адрей ныкъуэр, я унэхъугъуэр къикIати, истамбылакIуэхэм гъусэ яхуэхъури, Тырку щIыналъэм къыщыхутауэ анэнэпIэсу къахущыт щIыпIэм щопсэу.

Iэюбейм абы щыгъуэ къыдэнэжауэ щытар а зэманым ныбжькIэ щIалэу щыта Дамжьыкъуэ и закъуэщ. Дауи, абы зыри къыдэнэнутэкъым, ауэ лъэпкъым заIэту щыщIэпхъуэжам щыгъуэ Дамжьыкъуэ щымыIэу къакIэрыхуати, здэкIуэнур зэримыщIэм къыхэкIкIэ, къэнэгъат.

Абы лъандэрэ Шэджэмокъуэ лъэпкъыр ялъытэ лIыгъэ зиIэ, къимыкIуэтыж лъэпкъыу, пэжагъым и щIасэ, абы щIэбэн лъэпкъыу. Шэджэмокъуэхэ я тхыдэр я набдзэм телъу, цIэфI зэраIэм иригушхуэу къекIуэкIырт. ЦIэфI яIэу, щIыхь къыхуащIу щыт пэтми, пщы-уэркъхэм къагъэшыпхэу, къагъэикIэу зэрыщытыр ягу къеуэрт.

Шэджэмокъуэхэ я цIэфI фIэкIа я хъыбар Iей къуажэм щыIуртэкъым. Абы иригушхуэу, ауэ лъэпкъкIэ зэрылъхукъуэщауэмрэ я мылъкур зэрымащIэмрэ я зэранкIэ яхуэфащэ щIыхьрэ тIысыпIэрэ къазэрылъымысым иризэгуэпурэ псэурт Шэджэмокъуэ лъэпкъыр.

ЦIэфIыр фIыщ, нэмыс къыпхуащIынри гуапэщ. Ауэ, Шэджэмокъуэхэ зыщIэныкъуэкъу жьантIэм Iуэхур зэрынэсу, я цIэфIри я нэмысри кIуэдыжырти, ялъэмыкIыу къикIуэтыжырт. Сыт ящIэнт, хъуртэкъым арыншэу.

Зэгуэрым Шэджэмокъуэ Дамжьыкъуэ и къуэ Пщыкъан хэплъэу икIи нэщхъейуэ къэкIуэжащ. Адэм ар щилъагъум, щIэупщIащ:

– Мыр сыту ухэплъэрэ. Къэхъуа щыIэ?

КъыщыщIар иIуэтэжын фIэфIтэкъыми, зриIуэнтIыхь фIэкIа, зыри къыжьэдэкIакъым.

Зыгуэр къызэрыхъуар Дамжьыкъуэ и гум къищIати, хэкъузауэ жиIащ:

– КъэIуатэ!

– ЖызумыгъэIэ, ди адэ.

– Къилъхьэ утыкум къанэ щымыIэу, къилъхьэ.

Пщыкъан и къуэш нэхъыщIэ Исмелым дежкIэ еплъэкIащ. «ЖесIэн? ЖесIэм, гуауэ щыхъункъэ?» – арат абы и плъэкIэм къикIыр. Къэхъуам нэхъыщIэри щыгъуазэти, ар жиIэжыну шынэхъыжьым таучэл щимыщIым, езым къригъэжьащ. Ар Дамжьыкъуэ щимыдэм, Исмел зыкIэрыт бжэблыпкъым зригъэщIыжащ.

Унэгуащэмрэ нысэ Дыщэнэрэ пэшым зэрыщIэтым Пщыкъан и зэIынэныр къыхэкIауэ къыщыфIэщIым, Дамжьыкъуэ унафэ ищIащ цIыхубзитIри лэгъунлеймкIэ кIуэну.

Ахэр зэрыщIэкIыу, еплъыхыу жыхафэм деж щыс Пщыкъан жриIащ:

– СынодаIуэ.

Абы и щхьэр хуэмурэ къиIэтри, гущIэ лъапсэр къыщIитхъыу къеупщIащ:

– Шэджэмокъуэхэ дылъэпкъ хьэмэрэ уэркъхэм я шы пэщхъын дыкъихуа?

Ар щызэхихым, Дамжьыкъуэ щIэупщIэжакъым къэхъуакъэщIахэм. И къуэхэм хуэдэу езыри къызэрытрагъэкIуэтыр, ныбжькIэ щынэхъыжьми жыхафэ тIысыпIэ фIэкIа къызэрылъымысыр, IуэхутхьэбзащIэ щащIыпи къыщыхъу зэрыщыIэр ищIэжырти, нэхъ къэщэбжэжауэ, жиIащ:

– УIэгъэ телъым бзэгукIэ ебзеижурэ хьэм зэрызигъэхъужым

ещхьу, гуауэрэ гуныкъуэгъуэу диIэр, фIыгъуэм дыщыгугъыу, ди гущIэм етхухыжурэ дыкъэгъуэгурыкIуащ нобэм къэс. Ауэ абы къытхуихьа щыIэкъым. Ди щхьэр дгъэшу дызэрыпсэуар ирикъунщ. Аращи, мырщ си унафэр...

Дамжьыкъуэ и къуэхэм яжриIэну къригъэжьар иджыпсту къищта унафэтэкъым. Ар куэдрэ зэгупсыса, куэдрэ ауи моуи зэригъэдзэкIыурэ и гущIэм щигъэтIыгъуа Iуэхут. ДамыпIытIэу икIи къамыгъэикIэу Шэджэмокъуэхэ псэун щхьэкIэ зызыгъэбэлацэхэм зыхагъэпшэхъуэн хуейт.

– Ауэ зыдгъэдыму дыщыскIэ ар къыдэхъулIэнукъым, – жиIащ абы. – Утыкум дыкъыдэзыгъэкIуэтхэу щIыфIри хъупIэфIри зыубыдхэм я жьэр зэрыткудэн, я нэр зэритщIын мылъку зэдмыгъэпэщкъэ, бжэкъуагъкъуэс Iыхьэншэу дунейр етхьэкIынщ.

Мурад ищIар нэхъ тыншу Шэджэмокъуэхэ къехъулIэн щхьэкIэ нэгъуэщI гуэри гухэлъу адэм зэриIэм и къуэхэр щыгъуазэ ищIащ:

– ТIэкIу дыкъэбэлацэм, тхьэм жиIэм, хьэжыщI сыкIуэнщ. Хьэжы сарыкъыр сщхьэрыгъыу, хьэжы цейр сщыгъыу Чэбэм сыкъикIыжым, иджы дэ къытпеуэхэм, ахэр хуейми хуэмейми, сашэурэ жьантIэм сыдагъэтIысхьэнщ. Сэ жьантIэр зэ къыслъысым, мащIэ-мащIэурэ фэри фыдэкIуэтеинщ. Апхуэдэурэщ лъэпкъыр лъэпкъ зэрыхъур. ЗэвгъащIэ мыр: щхьэкIуэ зышэчыфыр щхьэ шхыгъуэ йохуэ.

А пщыхьэщхьэм унафэ ящIам ипкъ иткIэ, унагъуэр зехьэныр адэмрэ къуэ нэхъыжь Беслъэнрэ я пщэ къыдэхуащ. Нэхъыжьым кIэлъыкIуэ Пщыкъан лIыщIэу Iууващ. Исмелыр мэлыхъуэ лIыщIэу ежьащ. НэхъыщIэ Увжыкъуэр щIалэ цIыкIути, шкIахъуэу ятащ.

Псы хуэлIэм псынэ къызэритIын имыIэмэ, Iэпэ защIэкIэ псы къыщIэкIыпIэр кърeтхъу, Iэбжьанэр щIэтхъауэ лъы къыпыжми. Абы ещхьу, Шэджэмокъуэхэ я кIэтIийр я лъэпсу, я нэр къыщихуарэ дыгъэр къыщыщIэкIри щыкъухьэжри ямыщIэу, лэжьащ. Я къурмакъейр щыщаубыдыкIи, я лъэм щызэримыхьэжи къэхъуащ. Ауэ я псэм щысхьыжу къызэтеувыIахэкъым. НыбэкIи фэкIи зыхуагъэлIащ. ЩIымахуэм джэдыгу къуэгъу, шабий икудауэ гуэншэрыкъ гъур, пыIэжь къуацэ, гъэмахуэм зым зыр тедэжауэ джанэ-гъуэншэджыжь, хъыдан вакъэ фIэкIа зыщамытIагъэурэ, зыхуагъалIэурэ, ауэ зэралъэкIкIэ гъэтIылъэурэ, ирахьэкIащ. Апхуэдэу псэуурэ, зы илъэсым адрейр къыпыувэурэ екIуэкIащ. МащIэ-мащIэу къахэхъуэурэ, мэл хъуши яIэ хъуащ. Я гум шитIи щIащIащ. Адыгэр зэрыпагэ уанэшри я бом щIагъэуващ.

ЩIыбагъкIэ мыхъуу, гупэкIэ насыпым зыкъызэрахуигъэзар алыхь Iуэхуу Шэджэмокъуэхэ къалъытауэ, ирагъэкIуэкIырт. Зы мазэ дэкIмэ, Пщыкъан лIыщIэныр зэриухым, гъатхэр къызэрихьэу, пщыIэ щхьэхуэ яIэу я мэл хъушэр Исмел Дзэлыкъуэ зэрыдигъэкIынум лъэпкъым я гъащIэр IэфI, я дунейр нэху ящIыжати, Шэджэмокъуэхэ я дэрэжэгъуэт.

Зызыгъэбэлацэхэм яхыхьэмэ, зыхыхьам къахэщын хуэдэу, захуапэуи щIадзат. АбыкIэ нэхъ ерыщыр зи къэшэгъуэ Исмелт. ХьэгъуэлIыгъуэ щыIэу цIыхухэм щахыхьэм е джэгу къыщыхъум, хъурыфэ пыIэр щхьэпхэтIыгум тригъэтIысхьэрт, дунейр уаеми, цей къащхъуэр щитIагъэрт, лъахъстэн вакъэр лъитIагъэрт, дыжьын бгырыпхымкIэ къамэ фIыщIэр щIипхэжырти кIуэрт. Хъурыфэ

пыIэм къыщIэщ и набдзэ фIыцIэхэм, лъэныкъуитIымкIэ елъэщIэкIа пащIапцIитIым, и нэ фIыцIэ пIащэшхуэхэм Исмел бжьыфIи гуакIуи ящIырт, пщащэхэр къыхузэкIэщIэплъу. И теплъэ къудеймкIэтэкъым ар зэрыгурыхьыр. Емыгупсысу мыпсалъэу, и псалъэм тебгъуэтэжу зэрыщытым къыхэкIкIэ, цIыхухэм ар фIыуэ къалъагъурт, щIыхьи къыхуащIырт.

ЛIыщIэныр нэзыгъэса и къуэшхэр, я унагъуэм илэжьыхьу зэрытIысыжынум иригуфIэ Беслъэни къэбэдзэуэжат. И бгъэр къримыгъэкIми, и плIэр ухуарэ езыри къепэзэзэхыу къикIухьыжыртэкъым, и къуэшхэр зэрылIыщIэм ириукIытэу. И хъурыфэ джэдыгур хуабэт. Къаз дагъэ егъэфа гуэншэрыкъ щабэм упщIэ лъей фIыцIитI ящхьэщытыжти, и лъакъуэр пIыщIэртэкъым.

И къуэшхэр унагъуэм къызэритIысхьэжу, псэуалъэ ящIынум хуигъэхьэзыр пхъэкIэбжьэкIэр емызэшыжу къишэурэ пщIантIэм щызэтрилъхьэу щIидзащ. Вэсэпшыхь, мэзым кIуэн и пэкIэ, и хъыджэбз цIыкIуитIыр абы къигъэгугъащ:

– Иджы фымыгузэвэж. Пхъэхэх сокIуэри, къызэрызгъэзэжу, шыгум физгъэтIысхьэнщи фи анэшым я деж фысшэнщ.

Ар зэхэзыха цIыкIуитIыр дэлъеящ, къелъыхащ. Зым и адэм IэплIэ иришэкIащ, адрейм абы и пащIэр ирилъэщIэкIащ, иIуэнтIащ. ГуфIэгъуэшхуэр яIэуи гъуэлъыжахэщ.

Нэху мыщу гур зэщIищIэри, Беслъэныр мэзым кIуащ.

Зыкъызэраужьам къыхэкIкIэ, Дамжьыкъуи и пIэм изэгъэжыртэкъым.

«Ди хьэрычэтыр алыхьым берычэт щищIкIэ, бэлэрыгъын хуейкъым», – жиIэурэ, сыт къыпэщIэхуэми кърилъэфалIэрт. Абы пщIыхьэпIэу куэдрэ илъагъурт хьэжыщI зэрыкIуэр. Мэчэ дэт чэбэшхуэм нэмэз щищIауэ, хьэфизыр къэзыгъэплъэж, щIакъуэм лъэ къыщIэзыгъэувэж зэнзэныпс къихьауэ, «Дамжьыкъуэ щыхьэжыкIэ, жьантIэмкIэ вгъэтIыс», – жаIэу цIыхухэр къызэщIэтэджауэ ныжэбэ епщIыхьати, гуапэ дыдэ ар щыхъуауэ, пIэм здыхэлъым и щхьэгъусэм хуиIуэтэжырт ар.

Хьэкум мафIэ ищIэныр щигъэтыжауэ, унэгуащэр зэфIэст, Дамжьыкъуэ жиIэр нэкIэ илъагъу хуэдэу къыфIэщIауэ, пыгуфIыкIыу.

– Тхьэм хьер ищIи нэкIэ дытригъэIэбэ, – жиIащ абы, хьэкум пхъэ ирилъхьэну зригъэзыхыурэ.

Дыгъуэпшыхь къэсыжын хуея Беслъэн къызэрымыкIуэжам Дамжьыкъуэ иригузавэу псалъэ къригъэжьа къудейуэ, Дыщэнэ хуэмурэ бжэр къызэIуихри, бжэщхьэIум къыщызэтеувыIащ. Гъынанэурэ абы жиIащ:

– КъэкIуэжакъым.

– Iэу, ар дауэ хъун, – къэщтауэ Дамжьыкъуэ къыщылъэтри зихуапэу щIидзащ.

Пхъэру мэзым ягъэкIуахэм Беслъэныр къагъуэтыжащ жыг къэуам щIипIытIауэ.

Дамжьыкъуэ и пщIыхьыр пщIыхь дахэу щыта щхьэкIэ, пщIыхь нэпцIу, я гъащIэри мыIэфIу, я дунейри мынэхуу къыщIидзыжащ. Шэджэмокъуэхэ зэрагъэпцIа псори хьэбэсабэу зэхэщэщэжыным мы фэбжьыр къежьапIэ хуэхъуащ.

Щыгъуэныр зэфIэкIри, цIыхубзхэм щыгъын фIыцIэр зыщахыжащ. Зи бгыр щIэзытIэтыкIахэми къамэр зыщIапхэжащ. Зи Iуэху зэфIэмыкIар Дыщэнэт. Сытыт абы и унафэнур? Беслъэн къыщIэна хъыджэбз цIыкIуитIым сытыт я псэукIэнур? Дыщэнэ и дунейр физабэу ихьыну къэбгъанэмэ, абы и гъащIэр гъащIэ ныкъуэу, гугъапIэншэу ирихьэкIыну арат. ЛIы дэкIуэжмэ, мылъкум щыщ дихынут, бынитIыр здыдишынурэ хамэ пщIантIэм, хамэ лъэпкъым къыщыхъунут, «анэдэкIуэу къэкIуащ» къыхужаIэу. Илъэс псом щIигъукIэ Дамжыкъуэ абы егупсысащ. «Дауэ хъуну? Дауэ тщIыну? Сабийхэми нысэми я гъащIэр IэфIын щхьэкIэ, ахэр зеиншэу щымытын щхьэкIэ, сыт щIэн хуейр?» – зэпымычу зэупщIыжырт ар.

Дамжыкъуэ куэдрэ абы егупсысауэ, зэчэнджэща и ныбжьэгъухэри мурад ищIамкIэ акъылэгъу къыщыдэхъум, Исмел Дыщэнэ физу къригъэшэжыным триубыдащ.

А Iуэхур къызэригъэпэщыну Дамжыкъуэ лIыкIуэ ищIащ Исмел и ныбжьэгъу сохъустэ Мухьэмэдыр. Ар игъэIущцурэ, Дамжыкъуэ жриIащ Исмелым фIыуэ гуригъэIуэну: зэкъуэшхэм я зэхуаку пэжагъ дэлъын зэрыхуейр, зыр ехуэхым, адрейр абы и пIэ иувэу щытын зэрыхуейр, ар зэрыалыхь уазыр.

– Ар дызэриунафэ быдэр жеIэж. Имыгъэзащ Iэу зэрыдмыдэнури быдэу гурыгъаIуэ, – жиIащ Дамжыкъуэ.



Зэманыр ичынды нэужьт. Шыхэм Iус, былымхэм нартыху жэпкъ яритауэ, Исмел ентIырыжьым тесу щыст. Махуэ псом ар лэжьати, и Iэпкълъэпкъ ешам псэхугъуэ зэригъуэтам къыхэкIкIэ, и псэми тыншыгъуэ къылъысауэ зигъэпсэхурт.

Абы и псэм тыншыгъуэ къезытар зэрызигъэпсэхум и закъуэтэкъым. Iуэху псори зэрызэфIигъэкIари аратэкъым гукъыдэж щIиIэр. АтIэ ныжэбэ щыIэну джэгум и пщащэм зэрыщыIущIэнурт. Ар къыщигъэуджкIэ зыуэ зэдэбауэу, я гурылъхэр зэхуаIуатэу джэгум зэрыхэтынурт абы и гур щабэ зыщIар.

ЩIалэгъуэу гугъэгъуэ, щIалэгъуэу гуапагъэ! Уи гупсысэхэр кIэщIщи, уи гугъапIэхэр нэхущ. КIэ ямыIэжуи кIыхьщ. Араиэ къыщIэкIынщ щIалэгъуалэм и дунейри щIэтыншыр. «Гугъэмрэ жеймрэ адэжь щIэинщ», жыхуаIэращи, уи нобэр пшагъуэншэмэ, пшапэр зэрызэхэуэу уи пщащэр плъагъунумэ, хэт уигъэгузэвэфын, хэт уи пэр къригъэлэлэхыфын! Гум къурекI закъуэ, псэм фIрефI къудей, уи щIалэгъуэм хузэфIэмыкIын щыIэ! Уи гур хуейуэ уи Iэр зылъэмыIэсын щыIэнкIэ хъун!

ЩIалэгъуэ гугъэгъуэ, армырауэ пIэрэ уэ къыщIыпхужаIэр: «И щIалэгъуэ-и делэгъуэщ», жаIэу. ИкIи абы къыхэкIкIэ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ фи фIылъагъуныгъэри, фи хъуапсэхэри, фи гугъэхэри, кIэщIу жыпIэмэ, фи гъащIэр зыгъэдахэ псори «щIалэгъуэ-делэгъуэу» къалъытэу ар зэрыдапIытIэр, зэратхьэлапэр щхьэ фщыгъупщэжрэ! «Нэхъыжь унафэм» зыкъуагъапщкIуэурэ, зи гур нэфхэу ерыщагъымрэ залымыгъэмрэ зи куэдхэм фи пщэр щаубыдыкIыу, фи нэр щапхыкIыу мащэм фыщрагъахуэ къыщыхъу зэрыщыIэр щхьэ фигу ивгъэхурэ!

Шэджэмокъуэ Исмел ахэр щымыгъупщэжатэмэ, зэзэмызэ ахэр игу къигъэкIыжу щытатэмэ, ныщхьэбэ абы гукъыдэж иIэри иIэнтэкъым, и гупсысэ дахэхэмрэ и гугъэ махуэмрэ и Iупэр яхузэтежуи щысынтэкъым.

– Мыр слIо, Исмел? – лIыкIуэу къыхуагъэкIуа сохъустэ Мухьэмэдым зигъэнэшхуэгушхуэурэ жиIащ. – Аркъэ-щэ, сыноплъри упогуфIыкI. СыныпкIэлъоплъыжри, уи шыр къызытежа щымыIэу мэжьэгъуашхэри шэщым щIэтщ. ЗэрысщIэщи, уи хьэми бажэ къиубыдакъым. Сыт къэхъуар?

– Си гурылъхэм елъытауэ, ахэр сыт, – пыгуфIыкIыурэ Исмел жэуап щритыжым, Мухьэмэд къалэн къыщащIар гъэзэщIэгъуей зэрыхъунум гу лъитэжащ. Абы хигъэгупсысыхьыжауэ, и гукъыдэжымрэ и гушхуэныгъэмрэ хулэжауэ, ентIырым ари тетIысхьащ. Исмел Жангуащэ фIыуэ зэрилъагъур Мухьэмэд имыщIэтэмэ, лъыхъуным Iуэхур гъунэгъу зэрыхуэхъуам щымыгъуазэтэмэ, и пщэ кърлъхьа Iуэхур гугъу щыхъуну къыщIэкIынтэкъым.

– Ныбжьэгъу жыхуаIэращ, – зэрыпыгуфIыкIым хуэдэурэ Исмел кърригъэжьащ. – Си Iуэхур – уи Iуэхущ. Ууейр – сысейщ. Ди гуапэхэмкIи, ди гуауэхэмкIи дызэдэгуэшэгъущ. Аращи, Мухьэмэд, ныжэбэ джэгум дыздыхэтынщ. Жангуащэрэ сэрэ жэуап зэпытхыну си мурадщи, си Iыхьлыхэр къытебгъэхьэнымкIэ лIыкIуэ усхуэхъуну сыпщогугъ.

«Къысхутебгъэхьэнщ» жыпIэныр тынш щхьэкIэ, и унафэм къытешыгъуей адэмрэ ерыщагъкIэ Дамжьыкъуэ къыкIэрымыху къуэмрэ я мурад зэжьэхэуар, зэзэгъынкIэ мыхъуну а мурадитIыр гъащIэ лъэмыжым зэремыдзыхыу зэблэгъэкIыныр гугъу зэрыхъунум хигъэгупсысыхьауэ, Мухьэмэд хэплъэрт. «Дауэ сщIыну? Дэтхэнэра сызилIыкIуэнур? Хэт срителъхьэну?» – абыхэм егупсысурэ, зи телъхьэ хъун хуейр къыхуэмыщIэу ар щыст.

Жэуап къызэримытыжыр Исмел гуапэ щыхъуакъым. Iуэху ирихьэлIамэ, акъылэгъурэ щIэгъэкъуэнрэ хъуну къызэримыгъэгугъари и щхьэм иригъэжащ.

– А бжесIа мащIэм апхуэдизу ущыхигъэплъакIэ, «унэидзыхьэ ныздэкIуэ» жысIэу сынокIуэлIам, умэхыпэнти, Мухьэмэд, – жагъуэ зэрыщыхъуар и псэлъэкIэм къыхэщу, жиIащ Исмел.

– Унэидзыхьэ сыбдэкIуэныр дэнэ къэна, щхьэхьэ сыбдэкIуэныр, аркъэ-щэ, къыхызагъэх зэадэзэкъуэм си пщэм къыдэфлъхьам, – ищIэнум зэрытримыубыдам къыхэкIкIэ Iэнкунурэ жиIащ Мухьэмэд. И ныбжьэгъум жиIар къызыхэкIыр ищIэртэкъыми, Исмел щтэIэщтаблэу щIэупщIащ:

– Къэхъуа щыIэ?

– Плъагъурэ, Исмел, – таучэлыншэурэ кърригъэжьащ Дамжьыкъуэ и лIыкIуэм, – къуэш диIащэрэт щIыжаIэр, аркъэ-щэ, уэ зэрыпщIэщи, уджэлам укъигъэтэджыжыфу, укIуэдам, къыпщIэнахэм и нэIэ ятригъэтыфу щытынырщ. Уи бынхэр зеиншэу къэзымыгъанэрщ. Аращи, Исмел...

Къызэрыригъэжьа псэлъэкIэр Мухьэмэд игу ирихьыжат. Нэхъыжьым и пщэ кърилъхьар имыгъэзащIэу и ныбжьэгъум и телъхьэ хъуныр нэмысыншагъэу къалъытэнкIэ шынэри, Дамжьыкъуэ и лIыкIуэ дыдэу, абы и телъхьэу Мухьэмэд псалъэу щIидзащ.

Дамжьыкъуэ къыжриIахэр Шэджэмокъуэ лъэпкъым заужьыным, Шэджэмокъуэхэ я щIыхьымрэ я нэмысымрэ хэхъуэным къызэрыхэкIар мыпIащIэурэ къыхуригъэкIуэкIащ. Абы жиIэр зыхуэкIуэнур къищIэным хущIэкъурти, Исмел и тхьэкIумэр тегъэхуауэ даIуэрт.

Дыщэнэ фызу къишэжын хуейуэ унафэ зэращIар Исмел щызэхихым, апхуэдизкIэ ар и щхьэм ихьати, блэ къеуа хуэдэ, къыщылъэтащ. И пэм жьы мыкIуэжу, пщIэнтIэпс щIыIэ и натIэм къыпхиву ар икIукIащ, къикIукIыжащ, хуабжьу зэгуэпыщати, жиIэнри ищIэнри къыхуэмыубзыхужу. ЩIы зытетыр и нэм имылъагъужу къызэтеувыIэри, Мухьэмэд еплъащ.

ЛIыкIуэм и щхьэр ехьэхауэ щысурэ, гъэмахуэ гъудэу и макъ псыгъуэмкIэ вурт:

– Плъагъуркъэ, Исмел, уи къуэшым, аркъэ-щэ, и бынхэр хамэ унэ щапIыныр зэрымыфIым нэмыщIу нэгъуэщI гуэри абы хэлъщ...

«Плъагъуркъэ, Исмел...» – жиIэурэ Мухьэмэд къытригъэзэжырти, Дыщэнэ, икIыжым, дихыну тепIэнщIэлъыныр, тас-къубгъаныр, хьэкъуцщыкъур, жэм зэщIэсыр кърибжэкIырт. Ауэ, сыт жимыIами, Iуэхур нэхъ зытрикъузэр «анэдэкIуэу мо дыщэ цIыкIуитIыр дэгъэкIыныр зэрыгуэныхьырт».

Зыри жимыIэу куэдрэ икIукIа нэужь, Исмел и бзэр къиутIыпщащ:

– Я алыхь, сыкъощIэ, а сабиитIымрэ ди нысэмрэ я ныбэ хущыщIэу си Iэр дэзмыхьеину! ЛIэным Iуэхур хуэкIуэрэ – а цIыкIуитIым я пIэкIэ си псэр сымытыфым, я алыхь, си мурадыр къызумыгъэхъулIэ!

– Плъагъурэ, Исмел, абыкIэ Дамжьыкъуи хэти, аркъэ-щэ, гурыщхъуэ ящIыркъым, ауэ...

– Хьэуэ, хьэуэ! ЖумыIэххэ. Ар щхьэгъусэ сщIыфынукъым.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Си къуэш нэхъыжьым и фызар, сэ нысэу сиIар... Хьэуэ, ар мыхъун Iуэхущ.

Дыщэнэ икIыжрэ и дыщым кIуэжын хуей хъумэ, абы здихьыну бацэ уэншэкум къыщыщIэдзауэ жэм зэщIэсым нэсыху и адэм къызэрилъытамрэ езым иджы и щхьэм трищIыхьын хуей унафэмрэ егупсыса нэужь, зытемыкIыну мурад быдэр ищIауэ, Мухьэмэд жриIащ:

– НакIуэ!

– Дэнэ?

– Унэидзыхьэ. Ныжэбэ Жангуащэ къэсхьым, ди адэм сыт ищIэжын. Дыщэнэ тIуанэу къызигъэшэжынкъым.

– Плъагъуркъэ, Исмел, унэидзыхьэ сыныбдэкIуэм, сэ къысхужаIэнум, аркъэ-щэ, уегупсысатэмэ...

Зэпишу, Iэнкун Iейуэ Мухьэмэд зэрыпсалъэм нэхъри нэхъ къызэгуигъэпати, Исмел абы пэрыуащ:

– Солъагъу, Мухьэмэд, фIы дыдэу солъагъу уэ ныбжьэгъу узэрымыхъунур!

«Плъагъуркъэ, Исмел, аркъэ-щэ...» – жиIэу Мухьэмэд аргуэру кърагъэжьэжа щхьэкIэ, абы къибжынум емыдаIуэу, ентIырым зэрытесу ар къигъанэри езыр пэшым щIыхьэжащ.

Цей къащхъуэр щыгъыу, лъахъстэн вакъэр лъыгъыу, пыIэ купсэ кIыхьыр щхьэрыгъыу, къамэ фIыцIэмрэ фокIэщI дакъэхумрэ кIэрылъу,

кIэщIу жыпIэмэ, и фащэ нэхъыфIымкIэ хуэпауэ, псынщIэ дыдэу къыщIэкIыжри, Мухьэмэд емыплъыххэу, дэкIри ежьэжащ.

Езымрэ Жангуащэрэ щызэIущIэу щызэпсэлъэну жыхуаIа джэгум Исмел занщIэу кIуакъым. И зэгуэпымрэ н губжьымрэ тIысыжыну хущIыхьэгъуэ игъуэтын щхьэкIэ, къуажэкIэмкIэ иридзыхри ехащ. Къыдригъэзеижри уэрам Iушэ защIэкIэ къуажапщэм нэси кIуащ. Ауэ абы и псэм тыншыгъуэ иIамрэ и Iэпкълъэпкъым псэхугъуэ игъуэтауэ щытамрэ къыIэрыхьэжакъым. Зы лъэныкъуэкIэ, и адэм пэщIэувва зэрыхъуам, етIуанэ лъэныкъуэкIэ, и Iуэхур мыпхуэдэу зэрыхъуам Жангуащэ зэреплъынур зэримыщIэм, ещанэ лъэныкъуэкIэ, «И къуэш нэхъыжьым и фызар къызыхуашэжыну хуежьам дипхъу еттыфынукъым», – жаIэу Жангуащэм и Iыхьлыхэм ямыдэнкIэ зэрыхъунум хуабжьу Исмелыр хагъэгупсысыхьырт. Гукъыдэж къозытынкIэ мыхъуну а Iуэхугъуэхэм егупсысурэ, уэрамхэр къызэхикIухьа нэужь, жэщыр хэкIуэтауэ, Исмел дыхьащ джэгур здэщыIэ пщIантIэм. Зимыгъэлъэгъуащэу къуэгъэнапIэм къуэтурэ джэгум Iут хъыджэбз гупым щахэплъэм, Жангуащэ и напIэр къимыIэтыфу зэрынэщхъейр къилъэгъуащ. Исмел и гур хуэкIуащ: «Си Iуэхур зэрымыщIагъуэр и тхьэкIумэм ицырхъащ, дауикI, а слъагъум».

Исмел щыуат. Жангуащэ щIэнэщхъейр и щауэм и Iуэхур зэрымыфэмыцыр зэхихауэ аратэкъым, атIэ, «КъыщымыкIуакIэ, сыкъимыгъапцIэу пIэрэ?» – жиIэу щIыIэ-щIыIэу игу къэкIати арат.

Джэгум Iут щIалэхэм Исмел яхэувэу Iэгу еуэу щыщIидзэм, Жангуащэ ар къилъагъури, и щхьэ фIэлэлар къыфIэувэжащ. И нэ нагъуитIри къилыдыкIыжащ. Быдэу зэтепIауэ щыта и IупитIри зэтежыжащ, и лъакъуитIри къэжаныжащ.

Джэгур зэрызэхаублэрэ къэфэныр зэрызэ-тIэурытIэ зылъымыса щIали хъыджэбзи яхэттэкъым. Я щIалагъэри, я жаныгъэри, я IэкIуэлъакIуагъэри, я Iэпкълъэпкъхэм я Iэчлъэчагъри ныбжьыщIэхэм щагъэлъагъуэ ислъэмейри зэфIэкIат. Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат. Хуиту зэпсэлъэну, я гурылъхэр зэхуаIуэтэну, я мурадхэм унафэ зэдытращIыхьыну щауэхэмрэ пщащэхэмрэ хуитыныгъэ щагъуэт уджым щIадзэным псори щIэбэгырт. Псом хуэмыдэжу абы хуэпIащIэр Исмелрэ Жангуащэрэт.

Псэр игъэлъатэрэ лъакъуэр щIигъэлъэту уджпыхум пшынауэр еуэу щыщIидзэм, хэгъэрейхэм пщащэхэр къыдашри щIалэхэм хуагуэшащ.

Исмел Жангуащэр къылъысауэ гупым яхэту еуджэкIырт. Абы и гупсысэныр нэхъ чэмами, и хэплъэныр нэхъ мэщIами, зэрихабзэу щытам хуэдэу, и лъэр щIэлъэтыжыртэкъым. Зи яку дэт пщащитIым я блыпкъыр пичу дэпкIейурэ и лъакъуитIыр игъэджэгуртэкъым. Зыгуэр къызэрыхъуар хъыджэбзым и гум къищIа щхьэкIэ, еуджэкIхэм пыкIыхункIэ еупщIакъым. ЕуджэкIыурэ утыкум щихьэм, зэхэзыхынрэ къакIэщIэдэIухьынрэ щыIэтэкъыми, Жангуащэ и нагъуэ дахитIымкIэ Исмел худэплъейри, еупщIащ:

– Щхьэ ухэплъэрэ?

Исмел дежкIэ тынштэкъым къэхъуар жиIэныр. Ауэ Дамжыкъуэ и унафэм зэхъуэкI зэрыхимылъхьэжынур хьэкъ щыхъуати, «жесIэнур гуауэми, фIыуэ сыкъилъагъур пэжмэ, си гъащIэ ебэкIам

зыкъыщIигъэкъуэфыну къару иIэрэ имыIэрэ къэсщIэнкъэ» жиIэри, Iуэхур зыIутыр кIэщIу хуиIуэтащ.

Исмел жиIар Жангуащэ и гум емынтIэIуауэ, ар абы жагъуэ щымыхъуауэ жытIэфынкъым. Апхуэдэ хъыбарым имыгъэгумэхэн, имыгъэнэщхъеин пщащэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Ауэ Исмел аркъудеймкIэ арэзы хъуакъым.

«Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ» жыхуаIэу, Жангуащэ къарурэ таучэлрэ хуримыкъункIэ гурыщхъуэ тIэкIу ищIауэ, еуджэкI гупым хыхьэжащ. Зригъэзыхыурэ щауэр пщащэм хущIэплъырт. Ауэ къэнэщхъеижа хъыджэбзым и нэ нагъуитIымрэ мывэу жа и нэкIумрэ къыжраIэр «псым ухэпкIэмэ, сыбдыхэпкIэнщ, щIы къатиблкIэ уехмэ, сыныбдехынщ» псалъэ гуапэхэртэкъым. «Си насыпыр щысIэщIахкIэ, сыт сщIэн? Ар алыхь Iуэхущи, сэ абы хэслъхьэжын щыIэкъым», – арат Жангуащэ и теплъэм къиIуатэр.

Гу зылъитам къигъэхэшауэ, Исмел еупщIащ абы:

– Сыщымыуэу пIэрэ?

АрщхьэкIэ жэуап къритыжакъым.

Мазэри щIилъэфэжауэ, дыгъэри къыщIэмыкIауэ нэхущыбгт, джэгуми и дыгъэлыгъуэт. Махъсымэм игъэнэжэгужа щIалэгъуалэр къызэрыкIауэ, я лъэри щIэджэгукIырт, я блыпкъхэри къафэрт, я «уитI-уисым» кIэ имыIэжу инт. Ахэр утыкуми иуджыхьырт икIи зэдэгушыIэрт, жыжьэу зэрыIушхэурэ зэхъуцацэрт. Жьы ящIэмыту къызэракIухьымкIи, щэху дыдэу зэрызэпсалъэмкIи, нэжэгужагъэ зэрамыIэмкIи Исмелрэ Жангуащэрэ псоми къахэщырт.

Зэрыщымыуэр и псэм къищIа пэтми (гугъэныр адэжь щIэинкъэ), Исмел Жангуащэ жриIащ:

– Апхуэдэу умыдзыхэ. IиплI, лъакъуиплI, ниплI диIэщ. Ди псэхэри къатыншэщ. Арэзы хъу закъуэ, ныжэбэ дыдэ усхьынци, къуажэжьым я молэм нэчыхьыр едгъэтхынщ.

Ар щызэхихым, Жангуащэ апхуэдизкIэ шынэщати, и бзэр иубыдат. Хъуни мыхъуни и жьэм къыжьэдэкIыфыртэкъым.

– Таучэлыншэу ущымыт. Арэзы хъу закъуэ, – пщащэр тригъэгушхуэну яужь итурэ, Исмел жиIащ: – Удэсхьеймэ, усфIэгъущIэу, укъесхьэхмэ, усфIэщIытэу, лIыщIапщIэ защIэкIэрэ успIынщ.

Мы иужьрей псалъэхэри жэуапыншэу къэна пэтми, дыщIигъужащ:

– Дызэрыша иужь сыт къыдащIэжыфын! Хьэрэм дащIым, жэм лъакъуэ шкIэ иукIрэ, иужькIэ дагъэкъабылыжынщ.

«КъыздэкIуасэ», «ЗэлIзэфыз дыгъэхъу», «Хьэрэм дыкъащIми, иужькIэ дагъэкъабылыжынщ», – псалъэ зэмысахэр зэрызэхихыу, абыхэм зэредаIуэ къудейм щхьэкIэ алыхьым и нэлатри, Iыхьлым я нейри къытехуэну Жангуащэ и фIэщыпэ хъуат. И фэри пыкIауэ, и лъэри щIэкIэзызэу, гузэвэх хъуарэ ищIэн имыщIэжу ар къызэрынар Исмел щилъагъум, абы и щтэIэщтаблагъэр уэим дыдэ имыщIу, жриIащ:

– ЩIагъуащэ къикIынкIэ сыщымыгугъ пэтми, си ныбжьэгъуижэрэгъухэр си адэм езгъэлъэIунщ къыплъыхъуну. АбыкIэ уарэзы?

Жангуащэ псалъэ къыжьэдэкIыфакъым, ауэ, зэреплъыхым хуэдэурэ, и щхьэр ищIащ, зэрыарэзыр къикIыу.

– Абы, а напэншэм, цӀыхугъэри Ӏыхьлыгъэри зымыщӀэжым, «фысхулъыхъу», – жеӀэри къысхуеӀуэху, – Исмел лӀыкӀуэ ищӀахэр зытекӀухьар Дамжьыкъуэ щыжраӀэм, жэуап папщӀэу абыхэм зэхахар а шхыдэ кӀыхьырщ.

Езыхэм нэхърэ нэхъыжьым пэпсэлъэжыныр яфӀэемыкӀути, зыри падзыжакъым.

Дамжьыкъуэ шхыдэ къудейкӀэ къызэтеувыӀакъым. «Фысхулъыхъу», – жиӀэу къызэрыкӀэлъигъэкӀуамкӀэ нэмысыншагъэ ин къърищӀауэ къилъытати, Дамжьыкъуэ и лъыр къавэрт, щӀы зытетыр и нэм имылъагъужу.

– ДрырекӀ. Зыкъызимыгъэлъагъуу дрырекӀ, – жиӀэри пиупщӀащ Дамжьыкъуэ. – ӀыхьэкӀи мылъкукӀи къысщремыгугъ. Аращ а напэншэм жефӀэжынур.

ЛӀыкӀуэхэр дэкӀыжа нэужьи, ар и акъыл иувэжакъым. «Хьэм и губжьыр кхъуэм щехьэ» жыхуаӀэу, зэм и унэгуащэм жьэхэлъэу, зэм адрей и къуэхэм ящӀэкӀиеу, и щхьэр здихьынумрэ зрихьэлӀэнумрэ къыхуэмыщӀэу пщӀантӀэм дэтащ.

И лӀыр хъийм зэрикӀам иригузавэ унэгуащэр шынэщати, Дамжьыкъуэ бгъэдыхьэу абы и губжьыр тезыгъэкӀын псалъэ жриӀэну дзыхь ищӀыртэкъым. ЛӀы къэӀэлам фэбжь гуэр ӀэщӀэщӀэнкӀэ шынэрти, щхьэгъубжэм Ӏуту унэгуащэр куэдрэ кӀэлъыплъащ Дамжьыкъуэ.

И губжьри нэхъ текӀауэ, езыри къаруушнэ хъуауэ, Дамжьыкъуэ унэм щӀыхьэжри хьэлъэ-хьэлъэу шэнт лъахъшэ цӀыкӀум тетӀысхьащ. Зыри зэжрамыӀэу, кърагъажьэми Ӏуэхум зэрытепсэлъыхьыну щӀыкӀэр къахуэмыщӀэу а тӀур щысащ хэплъэу зытэлайкӀэ. ИтӀанэ, и макъми щышынэжурэ, фызым жиӀащ:

– ТӀэкӀу ебгъэлеиӀуэу угубжьащ. Ар алыхьым фӀэфӀ хъункъым. КхъыӀэ, тобэ къэхьыж. Ди нысэми, сабий цӀыкӀуитӀми насып гуэр къайуэлӀэнщ... Упэрымыуэ щӀалэм. Хулъыхъу.

НэкӀэ щхьэгъусэр ишхыу еплъри, Дамжьыкъуэ кӀиящ:

– Уи жьэр зэтепӀэ!

– Хъыджэбзым и адэр къулейщ, цӀэрыӀуэщ... КхъыӀэ, тобэ къэхьыжи хулъыхъу, – гъыным нэсауэ аргуэру лъэӀуащ Исмел и анэр.

И щхьэр фӀэлэлауэ, зыри жимыӀэу Дамжьыкъуэ куэдрэ щыса нэужь, щхьэукъуэу къыхэщтыкӀыжам хуэдэу, занщӀэу къызэфӀэтӀысхьэри, къригъэжьащ:

– Пэжщ, ТӀасэ, – ар и унэгуащэм зэреджэ цӀэр арат, – тобэ къэсхьыжын хуейщ, ауэ къызытесхьэжынур си нобэ губжьыркъым, атӀэ...

Нэмэз имыщӀу блигъэкӀа махуэхэм къыщыщӀидзэри нэпсеигъэр къытекӀуэу мэкъу Ӏэтэ къызэридыгъуауэ щытамкӀэ иухыжу, гуэныхьу ӀэщӀэкӀа псори Дамжьыкъуэ къиӀуэтэжащ. А гуэныхь псоми ящыщу нэхъ ин дыдэр хьэжыщӀ кӀуэну мурад ищӀар зэримыгъэзэщӀэжарт.

– Мылъку тӀэкӀу зэдгъэпэщым, Мэчэрэ Мэдинэрэ сыкӀуэну щыжысӀам, си псалъэр алыхьым зэхихри, мылъку хъарзыни къыдитат. Ауэ, цӀыхугур зызымыгъэнщӀкъэ, «нэхъыбэӀуэ сиӀэ зэрыхъуу, сыкӀуэнщ», – жысӀэурэ алыхьым и ней зытезгъэхуащ.

Жыг къэуам щӀипӀытӀэу иукӀа и къуэ Беслъэныр зытекӀуэдари, Исмелыр жыӀэмыдаӀуэ щӀэхъуари, езыр губжьрейуэ, тэмакъкӀэщӀу къызэрынари Дамжьыкъуэ зыхуихьыр диным хуилэжьыну мурад ищӀар

зэримыгъэзэщIэжарт. КъыщыщIа псори абы къыхэкIа унэхъуныгъэут зэрилъытэр.

Алыхьым и нейм апхуэдизкIэ щышынэжат Дамжьыкъуи, хьэжыщI кIуэну мурад щищIам – нэхъ зыхузэфIэкIхэм захригъэбжэнымрэ нэхъ жьантIэ тIысыпIэ игъуэтынымрэ – я гугъу иджы ищIыжыххэртэкъым. Игу ар къэкIыжынуи хуейтэкъым.

Алыхьыр къызэрыдэмыджэгур хьэкъ зыщыхъуа Шэджэмокъуэ Дамжьыкъуэ иджы хьэзырт хьэрып щIыпIэ жыжьэм диным и хьэтыркIэ кIуэну.

–Аращи, ТIасэ, а напэншэр мылъкуэгъу сщIыуэ здэзгъэгуашэ нэхърэ, алыхьым ар хуэзгъэкIуэдым нэхъыфIщ. Нэхъ псапи, нэхъ напи хъунщ.

ХьэжыщI кIуэным апхуэдизкIэ дихьэхат Дамжьыкъуи, абы текIуэдэнум щымысхьу зифыщIыжынут, мылъкури хьэлэч ищIынут. Муслъымэныгъэм и къежьапIэу щыт, Мухьэмэд бегъымбарыр зыщыпсэуа Мэчэрэ Мэдинэрэ кIуэуэ щытмэ, тхьэшхуэр дяпэкIэ нэфIкIэ къызэреплъынур Дамжьыкъуэ хьэкъыу фIэщ щыхъуати, чэбэщI къызэрикIыжу мылъку нэхъыбэжи, насыпи алыхьым къызэрыритынум шэч къытрихьэжыртэкъым.

Хьэжы сарыкъым шылэхур къешэкIыжауэ и щхьэм фIэсу, хьэжы цей фIыщIэ кIыхьыр щыгъыу, хьэжы башыр и Iэм иригъэджэгухьу я къуажэ уэрамым къыщыдэхутэжыну махуэ нэхум сыт хуэдэу хуэпIащIэу ар щIэхъуэпсрэт! ЗэрыкъэрэхьэлъкъымщхьэкIэ ягъэикIэу зэрыщытар кIуэду, Шэджэмокъуэм хьэжыкIэ къеджэ зэрыхъунум и гур игъэхуабэрт, игъэгуфIэрт. Апхуэдэ мурадыфIхэмрэ гугъэ инхэмрэ иIэу Дамжьыкъуэ илъэс куэд иригъэкIуэкIащ. Ауэ хьэжыщI кIуэфакъым. ЩIэмыкIуар мылъкум щысхьауэ аракъым. И закъуэу ежьэн дзыхь ищIакъым. Зышэн игъуэтакъым.

Исмел и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу къэнащ, и адэм къыдихуа нэужь. И фэм илъ щыгъыным фIэкIа абы иджы зыри иIэтэкъым. Ауэ абы къегуауэр унэншэу къызэрынам и закъуэтэкъым, атIэ «и адэм къыдихуащ», «фызкIэ Iыхьлыхэр ихъуэжынут», жаIэурэ цIыхухэр къызэрыхуэпсалъэрт. И гур хэзыгъэщIу шэ фIыщIэу къытехуэр арат.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, псом нэхърэ нэхъ къыхуэгумащIэ и анэри лIащ. А гуауэм къыкIэлъыкIуэу нэгъуэщI гуауи къылъэIэсащ абы. Езыр зэхъуэпса, псэкIэ фIыуэ илъэгъуа, набдзэ къурашэу пщэху хурэ Жангуащэр Бэрокъуэ Тыгъуэн ишащ. Ар къызэрекIуэкIа щIыкIэр хьэлэмэтыншэкъыми, абы и хъыбарыр нэхъ иужьыIуэкIэ къэтIуэтэжынщ.

Исмел игу щIыхэщIынрэ хэзыгъэщIынрэ къелыжу иIэт, ауэ ар жьапщэм иригъэщIу ирищIыкI лIытэкъыми, гу махи, нэпс изыкIути хъуакъым. Арати, зыри зимыIэм куэд иIэн зэрыхуейр ищIэжырти, лIыщIэным аргуэру щIидзэжащ. Мылъку гуэрхэр зэригъэпэщыжу унэу тIысыжын щхьэкIэ, зы лIыщIапIэр Исмел дежкIэ мащIэнути, лIыщIапIитI Iууващ: махуэм мэлыхъуэт, жэщым шы табын плъырт.

Джэгум хыхьэну хущIэмыхьэу, цIыхум яхэтынуи хунэмысу, махуэми жэщми и закъуэпсу Исмел игъэкIуар зы илъэскъым икIи илъэситIкъым.

Хамэ мэл хъушэм хъупIэ тафэшхуэм зраубгъуауэ мэхъуакIуэ. Зи жьакIэ кIыхьыр щIым тезылъафэ, зи бжьакъуэ инитIыр джатитIу зэблэдза ажэжьыр пашэщи, хъун нэхъыфIымкIэ мэлхэр ишэурэ, абыхэм я Iупэ щабэ цIыкIухэмкIэ епIэщIэкIыу удзыр яхъу. Хьэпарий гъуабжэжьми и къалэнхэр зыщигъэгъупщэркъым: Iэшэлъашэр нэ жанкIэ къеплъыхь, хъушэм хэмыхьэ мэлхэм яхуолъри хехуэж. Ар Исмел щилъагъукIэ, хэзыгъэгупсысыхь Iуэхур и щхьэм къохьэжри, езырезыруи зоупщIыж: «Хьэ пэтрэ, мэлыр хъушэм хихуэжащ, ауэ сэ сыкъэзылъхуа си адэм сыкъызыхихуащ. Сыт ар къыщIызищIар? Ямылейуэ сыт сщIа?» Сыт хуэдэ лъэныкъуэкIэ емыгупсысами, Исмел къуаншэу зилъытэжыфыртэкъым. Махуэм абы егупсысауэ, жэщым шыбз гуартэм плъыру бгъэдэту, Шэджэмокъуэм къилъэгъуащ хъушэхэмыхьэкIэ зэджэ шыжь гуэр хакIуапщIэм хэкIауэ и закъуэу зэрыхъуакIуэр. Япэми хакIуэ лъакъуэхум ар шыбз гуартэм къыхихуэжат. Аргуэру хэкIыжауэ щилъагъум, хакIуэр щыщу щIэпхъуэри, хъушэхэмыхьэм едзакъэурэ аргуэру къыхихуэжащ. «СымыдаIуэмэ, мобы хуэдэу сил игъэузу, ауэ сызыхимыхуу адэ сиIам аратэкъэ!» – и щхьэ хужиIэжащ Исмел.

Къызэрыдахуар гущIыхьэ ин щыхъуат Исмели, абы щримынэщхъей, щримыукIытэ махуэ щыIэтэкъым. ЩыIэщIэхуж зэзэмызэхэми, ар куэдым игу къагъэкIыжырти, и адэм гукъанэ хуищIырт. Ауэ хуэшхыдэртэкъым икIи хузэгуэпыртэкъым. Ар гугъэрт Дамжыкъуэ тобэ къихьыжу зришэлIэжыну.

Абы ар нэхъри нэхъ щыгугъ хъуат и анэр лIа нэужь. КъызэрыфIэщIымкIэ, адэр нэхъ гу щабэ хъууэ, «хъунщ узэрыхьэулеяр, уи унэ къитIысхьэж» къыжриIэну къыфIэщIырт. АрщхьэкIэ Дамжыкъуэ ерыщагъ хуекIуати, нэкIи къеплъакъым, псалъи къыжриIакъым.

Апхуэдэу Iуэхур щыхъум, Исмел къыхуэнар фыз гуэр къишэу пщыIэ гуэр иухуэнырт. Ауэ къишэр зыщIишэн зимыIэр, хьэгъуэлIыгъуэ къыщыхъум, зиш зымыгъэджэгуфыр щауэ нэсу хэтыт пхуэзылъытэнур! Арати, Исмел хамэ унэм щыпсэууэ, хамэ мэжаджэ ишхыу, и фэр тезыха лIыщIэным итхьэкъужауэ, гъунэ къыдэкIхэм я бжэIух-я бо тхъуакIуэу лэжьащ, мылъку тIэкIу зэригъэпэщыныр и плъапIэу.

Жангуащэр абы IэщIэкIыпат. Зыпэплъэжыни зыщыгугъыжыни щыIэтэкъым. Исмел къыгурыIуэжат, и Iуэхур апхуэдэу щеутэкIакIэ, хъыджэбз щIагъуэ къызэрыдэмыкIуэжынур. Абы къыхэкIкIэ къыпэщIэхуэр къишэным триубыдащ.

УнапIэ къыIихыу, унэми емыщхьыпэу, пщыIэщ хужыпIи мыхъуну зыщIэсын гуэр зэригъэпэща нэужь, и ныбжьэгъухэр абы хулъыхъуащ къуажэ жыжьэ гуэрым дэс хъыджэбзыжь къамылыфэ, Iупэ пIащIэ, жьэ быхъу БгъэрыкIуэ ХьэкIулинэ. ЗыцIыхухэм зэрыжаIэмкIэ, ар ябгэт, пагэт, жьэ бзаджи щIэтт. Къыдэнэжауэ дэсыныр къызыхэкIари арат. Апхуэдэ хъыбар абы иIэ пэтми, Исмелыр къытеувыIащ ар къишэным.

Фызлъыхъу кIуахэм ХьэкIулинэ и Iыхьлыхэм жраIащ Шэджэмокъуэр къулейуэ, и унагъуэ илэжьыхьыжу псэууэ. Зи ныбжь хэкIуэта хъыджэбзыжьыр зыIэщIагъэкIыныр яфIэфIти, Бгъэрыкъуэхи, унаплъи къамыгъакIуэу, уасэ инырщи къыпамыубыду къратыну къыщащIэм, лъыхъуну кIуахэр зэчэнджэщыжащ. Iуэхур псынщIэу зэфIагъэкIмэ, Шэджэмокъуэм дежкIэ нэхъыфIу къалъытэщ, «куэдрэ щылъа шыбжиижьым зэикI уасэшхуэ зэримыIэнум» ирипсалъэхэри, нэчыхьыр ятхащ.

Зышар зэрытхьэмыщкІэр гущІыхьэ ин щыхъуа пэтми, ХьэкІулинэ Іэдэбу, псалъэншэу япэ мазэр иригъэкІуэкІащ. ИтІанэ мащІэ-мащІэурэ гъумэтІымэу, ди унэр хъуркъым, унэлъащІи, дызыхэлъын пІэфІи диІэкъым, жиІэу кърригъэжьащ. Исмел абы жриІэжырт:

– Си лъэм сыщызэрихьэкІэ, си Іэр щылъэщкІэ, си нэр къыщыплъэкІэ, адрейхэм демыхъуапсэу дыпсэуф дыщыхъун зэман дэри къытхуихуэнщ.

АрщхьэкІэ псалъэкІэ зэтрагъэувыІэфым ящыщтэкъым ХьэкІулинэ. Зэм, щыгъыныфІ къысхуэщэху, зэм, си Іыхьлыхэм я цІэ зэрисІуэн къысхуэгъуэт, е унэлъащІэщІэ къызэгъэпэщ, жиІэурэ и лІым тефыщІыхьырт. МэлыхъуэпщІэри плъырыпщІэри кърат пэтми, Исмел къилэжьыр хурикъуртэкъым фызыр зыхуейм. КъищымынэмыщІауэ, ХьэкІулинэ хуабжьу ириукІытэрт и щхьэгъусэр зэрылІыщІэм, жэщкІэрэ унэм ар зэримылъыжым иризэгуэпырт.

Мазэм зы жэщт унэм зэрилъыр. «Мэл ебзымэ къыпкІэрихым а жэщ закъуэми согъэтхьэлэ», – жриІащ ХьэкІулинэ зэгуэрым и лІым.

– Сыт пщІэн, си лэжьыгъэр щыапхуэдэкІэ, – жэуапу кърритыжащ Исмел.

– ПщІэнури? Тыкуэн къызэІухи сату щІы. Дыпсэунщ цІыху псэукІэу. ЦІыхум сахыхьэну сэри сыукІытэнкъым. ПщІэнур аращ, «цІыху къу-лей-уэ псэу!»

«Пэжу, щхьэ семыплъэрэ абы, – и щхьэм хужиІэжащ Шэджэмокъуэм. – Си насып хэлъми сщІэркъым. ЩІымахуитІкІэ си ныбжьэгъу къэзакъым деж тхэкІэм, еджэкІэм, есэп щІыкІэм сыщеджащ».

Мазэ фІэкІа дэмыкІыу, тыкуэн тІэкІу къызэІуихри сабын, шыгъу, тутын, Іуданэ, нэгъуэщІ цІыруфэрухэр ищэу щІидзащ. Ауэ и тыкуэныр зэрыпсыІэм щхьэкІэ хьэпшыпхэр зэрыгъуатэр арат, хьэмэрэ Бэрокъуэ Тыгъуэн и тыкуэн зэгуэт зыкъизыхым дихьэхыу арат, е Тыгъуэн Исмел ищэ цІыруфэрухэм хуэдэхэм я уасэм кІэпІейкІэ ныкъуэ кІэригъэхуауэ щищэ къыщыхъу зэрыщыІэр арат, сытми, Шэджэмокъуэм и гъуэмбырэщ цІыкІум щэхуакІуэхэр блэкІыурэ тыкуэнышхуэм кІуэхэрт. Исмел ейм щІэлъыр псыф хъурт, гъуатэрти, уасэ ныкъуэкІэ имыщэжу е хыфІимыдзэжу хъуртэкъым.

Сатум хилъафэ фІэкІа фейдэ къыхихыртэкъыми, Исмел зыщІэгупсысыжри къыгурыІуэжащ щхьэр зылъэмыІэсым пэр дэпшейкІэ къикІын зэрыщымыІэр, и насып зыхэмылъ Іуэхум зэрыхыхьар зэрыщыуэныгъэр. Арати, тыкуэныр зэхуищІыжри, сату Іуэхур игъэтІылъыжащ. ХьэкІулинэ абыкІэ арэзытэкъыми, къэгубжьауэ жиІащ:

– Тхьэуэ мор зи уафэ, симысын. СикІыжынщ, уи къуэр къыпхуэзгъэнэнщи!

«Хьэдрыхэ кІуэрэ физ икІыжрэ зыубыда щыІэкъым. Къыппэувын щымыІэу уи гъуэгур зэІухащ», – жиІащ ИсмеликІ. Апхуэдэу щыхъум, джэгу абы зэрыхэмылъыр ХьэкІулинэ хьэкъ щыхъуауэ, нэпсыр щІигъэлъэлъурэ, зиущэхужащ. Езы Шэджэмокъуэми мэкъумэшыщІэ ІэщІагъэм зритыжащ. И щІы Іыхьэр гъавэу ищІэрт, езым и мэлым хэту хамэ мэлхэри игъэхъурт, «мэлкІэ апхуэдэу Іэзэ щыІэкъым» къыхужаІэу щытхъу иІэу.

«Си кIэтIийр зэпоч», жиIэу щIэщIауэ лажьэурэ, Исмел и гъащIэр ирихьэкIырт...

А псори Исмел и гум къыдридзеижауэ, абыхэм ящыщу и къуэм хуиIуатэ хъуну къилъытэр хуиIуатэри, Зырамыкум набдзэгубдзаплъэу еплъащ. Иущийурэ мыри жриIащ:

– Ауэ, зэрыплъагъущи, сытым зыпызмыщIами, сызыщIэхъуэпс, сызыщIэбэг насыпыр зыми къыхэсхыфакъым. Нобэ къэси ар къысIэщIыхьэркъым. Ауэ си гугъэр хэсхыжакъым. Сэ къызэмыхъулIар уэ къохъулIэн хуейщ. АбыкIэ алыхьыр щIэгъэкъуэн къытхуэхъуну согугъэ. Аращи, екъу, екъу. Уи псэр пытыху екъу. Арыншэм, уи нэр къагъэплъэнкъым, хэутэн уащIынщ. Зыгуэр плъэкIыу, лIыгъэ уиIэу укъэхъурэ – упсэунщ. Укъару мащIэ – уапIытIынщи ежьэжынщ. Ар быдэу зэгъащIэ! Ар зэи уи гум иумыгъэху! Хэти сыти жрыреIэ, ауэ уеджэн зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэ. Аращ къарууфIэ узыщIынур.

* * *

ПщыхьэщхьэкIэ еджэхэр езыр хэмыхьэу зэрызэбгригъэхуфам Бэрокъуэр игъэгушхуауэ, Кулибиным тефыщIыхьу щIидзащ:

– Уэ, щIалэ, улахуэ щIостыр си IэмыщIэ илъ жылэр къызэщIэбгъэвэну аракъым. Уи Iуэху зыхэмылъым уи бэлагъ хэпIум, уи щхьэр зэрыхэплъхьэнур зэгъащIэ.

Михаил Петровичыр иджыкIэ хуейтэкъым и хозяиным пэщIэувэу някъуэкъуэгъу ар ищIыну. Хуейтэкъым и мурадыр нимыгъэсу абы деж IукIыжу ежьэжынуи. Тыгъуэн къызэрепсэлъа щIыкIэр жэуапыншэу къигъанэу, шынауэ фэ кърипльи хъунутэкъым. Сыту жыпIэмэ, хьэ къобэным укъыпэщIэкIуэтыху, ар къызэрыптегушхуэр ищIэрт. Арати, Бэрокъуэм иритыжыну жэуапым тIэкIурэ егупсысу щысауэ, къэтэджыжри жриIащ:

– Щхьэр хэлъхьэным Iуэхур хуэкIуэу щытым, Тыгъуэн, япэ дыдэу уэ узэрыхэкIуэдэнум шэч къытумыхьэж.

Къэгубжьарэ и нэшхуитIыр къитIэтIу, старшынэр къыщылъэтащ.

– Укъимылъу щыс, хозяин. Дзэлыкъуэ бунтыр къэгъэхъеиным уэ узэрыхэтам, ар щIэпхъумэжын щхьэкIэ лажьэ зимыIэхэм лажьэ зэратеплъхьам си ныбжьэгъуфI Нестеров уэчылыр щыгъуазэщ. ФIы дыдэу щыгъуазэщ. Ар япэу. ЕтIуанэу, абы уи деж къыщилэжьа ахъшэр зэрумытыжам щхьэкIэ и дзэр къызэрыпхуилъыр, абы къыхэкIкIэ Iулъхьэ хуэзбгъэхьар зэрыпIимыхар уощIэ. ФIы дыдэу уощIэ. Ещанэм ущыгъуазэкъым. Ауэ зэгъащIэ: Нестеровым и адэ къуэшыр областым и начальник генерал Флейшерым Iэ ижьу иIэщ. Щхьэр хэлъхьэн Iуэхум теухуауэ сэ бжесIэнур аращ.

Апхуэдэ псалъэ старшынэмрэ Кулибинымрэ зэрызэжраIэ лъандэрэ Бэрокъуэм и къулыкъущIэм щытыкIэ хуиIэр фIы хъуауэ, сату IуэхухэмкIэ чэнджэщэгъу ищIу, хьэпшыпщэху щигъакIуи къэхъуу екIуэкIырт.

А тIум я зэхущытыкIэр ефIэкIуа щхьэкIэ, цIыхухэр Тыгъуэн хузэгуэпырт, пщыхьэщхьэкIэ еджэну зэрыхуимытыжым старшынэм и бзэ зэрыхэлъыр къащIауэ. Абыхэм я зэгуэпымрэ я мыарэзыныгъэмрэ

къигъэсэбэпурэ, Кулибиныр лIыжьхэм якIэщIэупщIыхьырт, Бэрокъуэр зищIысыр зригъащIэу.

Iэюбей къуажэм я тхыдэм, дэтхэнэ лъэпкъми и къекIуэкIыкIам фIыуэ щыгъуазэ Алъхъэс Беймырзэм Михаил Петровичыр абыкIэ щеупщIым, ар абы къеплъщ-къеплъри, къегиящ:

– Сыноплъри, Къулибын, ущIалэ хъарзынэщ. Адыгэ щылъху хуэдэу, ди бзэмкIэ уIэкIуэлъакIуэщ. Тхылъи бзэи уощIэ. Бэрокъуэм зыпыпщIауэ щхьэ мыгъуэ зыбгъэкIуэдыжрэ, къурмэн сызыхуэхъун!

Михаил Петрович ар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ фэ зытригъэуауэ, Беймырзэ йоупщI:

– Ар сыту, дадэ дыщэ?

– ПхъэкIэ ущыгугъыу екIэпцIэ къыумышэ, лIыкIэ ущыгугъыу Бэрокъуэ лъэпкъ пэшэгъу умыщI.

Кулибиным «къызгурыIуэркъым» щыжиIэм, лIыжьым щIигъужащ:

– ЦIыху пэжкъым ахэр. УкъагъэпцIэнщ.

– КъызгурыIуэркъым, – жиIащ Кулибиным, ар къигъэгубжьу Бэрокъуэхэ зищIысыр нэхъ наIуэу къригъэIуэтэн папщIэ.

– Сыт къыбгурымыIуэр! Бэрокъуэхэ тхьэгъэпцI-пцIыупс лъэпкъщ. Куэдым я гугъу дымыщIу ахэр уэркъ зэрыхъуар къэсщтэнщ, – абыкIэ къригъэжьащ Беймырзэ. – Мы Бэрокъуэхэр Iэюбейм тщыщу щытакъым. НэгъуэщI щIыпIэ къиIэпхъукIа хэхэсхэщ ахэр. Тыгъуэн и адэ Долэт напэншагъэ, бзаджагъэ гуэр зэрихьэри абрэджу къежьэжыгъащ. ЗэфIэкI иIэу, лIыгъэ зэрихьэфу, игу зэбгъам и щхьэр фIихыу щытти, ди къуажэ уэркъ Бэрокъуэм хъумакIуэу къищтащ. Ауэрэ екIуэкIыурэ, Бэрокъуэ и къуэжьым мурад ищIащ Истамбыл иIэпхъукIыжыну. Долэт абы дежьащ, «СыныбдэкIуэтэнщ, кхъухьым уизгъэтIысхьэжынщ», – жиIэри.

Гъуэгуанэм тету тенджыз Iуфэм хуэкIуэхэурэ, Долэт къызэтригъэувыIащ Бэрокъуэжьым игу зэщIэщIахэр. IуэхукIэ хуейуэ жиIэри, мэзымкIэ ар хишэри, елъэIуащ:

– Къэгъэзэж уимыIэу хэкум уокIыж. Уи уэркъ тхылъым уэ ухуеижкъым, сыту жыпIэмэ Тыркум абы пщIэ щиIэнукъым. Ар сэ къызэт.

Бэрокъуэ и къуэжьым ар идакъым.

– Абы щыгъуэ, зиусхьэн, уэри уи фызыжьми фи хьэдэр Кавказ щIыналъэм къинэжынщ, уи уэркъ тхылъри сысей хъунщ.

Бэрокъуэ лIыжьым фIыуэ ицIыхурт ар. Абы емыныкъуэкъуу, зэрыуэркъымкIэ тхылъи имыIыгъыу Истамбыл икIыжыныр нэхъыфIу къилъытэщ, Долэт зыхуей тхылъри къритри, хэкум икIыжащ.

Пащтыхь офицер гуэрым IулъхьэшхуэкIэ а тхылъыр Долэт и цIэкIэ зеригъэпэщыжащ. А щIыкIэм тету, мы Бэрокъуэ нэпцIхэр уэркъ хъуащ.

– Къуажэм къыдэна уэркъхэм ар дауэ яда? – щIэупщIащ Кулибиныр.

– Я гугъащ зыхамыгъэхьэну. Илъэс щэ ныкъуэ и пэкIэ пащтыхьым ушаскIэ зритыну пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я спискэм храгъэтхакъым. Ауэ Долэт зэи ящыщакъым «щысхуэмыфащэкIэ, сыт сщIэн!» – жызыIэу бжэщхьэIум деж увыжу, зиусхьэнхэм я Iэнэм къытенам щыщ къыхуашииным пэплъэу щытхэм. Къемызэгъми хуэмыфащэми, ар жьантIэм дэпщхьэрти, тхьэмадэм и гъунэгъуу тIысырт, щхьэ щIэлъэныкъуэм щыщ къылъысын хуэдэу.

Арати, пащтыхьым игуэшыр народ псом я зэхуэдэ щIыти, щIы зылъымыса уэркъ цIырубжьэрухэр, къэрэхьэлъкъ мэкъумэшыщIэхэр мыарэзыуэ къызэщIэхъеящ. Пащтыхь инэралым унафэ къыдигъэкIащ, мо къызэщIэхъеяхэр ирагухыжын папщIэ пащтыхьыдзэм адыгэ шу хигъэхьэну. Арати, си щIалэ, апхуэдэ хъыбар къызэрыIуу, Долэтыр япэ дыдэу пащтыхьыдзэм хыхьащ. ИкIи бунтыр зэтегъэувыIэжынымкIэ ар лIыгъэкIи, зыми щымысхьыныгъэкIи къыхэщащ.

Къэбэрдейр ягъэмамырыжа иужькIэ, пащтыхьым и унафэкIэ инэралыжьу уэркъ цIырубжьэрухэм щыщу унагъуэ щитI къыхригъэбжыкIащ IушаскIэ иратыну, япэкIэ хьэлэбэлыкъ къамыIэтыжын папщIэ. ЗэраIуэтэжымкIэ, си щIалэ, мис а спискэщIэм езы инэралым и IэкIэ Бэрокъуэ нэпцI Долэтыр иритхащ, зыкъэзыIэтауэ щытахэр щыдагуэм лIыгъэ зэрызэрихьам папщIэ. Мис а щIыкIэм тету, Долэт уэркъ зищIащ. Абы и ужькIэ «ууэркъкъым» жиIэу къеныкъуэкъуу къыпэувыжаи щыIэкъым.

А щIыкIэм тету, уэркъ хъуа иужькIэ, Бэрокъуэм къыгурыIуащ зыхуэмейхэр игъэшынэфу, зыхуэлIэхэр къыдихьэхыфу, мураду ищIыр пхыкIыу щытын папщIэ щIэгъэкъуэнрэ дэIэпыкъуэгъурэ иIэн зэрыхуейр. Къеплъщ-неплъщ, гупсысэщ-къэгупсысэри хамэхэр зэикI лъыкIэ къыпыщIахэм хуэдэ зэрымыхъунур къилъытащ. Арати, еуэри, езыр къыздикIуэсыкIа щIыпIэм къина и унэкъуэщхэр къигъэIэпхъуэри Iэюбейм къыдигъэтIысхьащ.

Абы и къуэ Тыгъуэн утепсэлъыхьу щытым, абы щхьэкIэ жыIэн хуейр мыращ: банэм и пIэ банэ къокIэж. Тыгъуэн банэщ, нэсауэ банэщ, къыпхэуэу. КъибупщIыкIыу бгъэкIуэдыну ухуежьэ щхьэкIэ, упэлъэщынукъым: зы банэ къызэрыбупщIыкIам банипщI къызэрикIэжым хуэдэу, Бэрокъуэхэ псэ быдэщи зыкъаужьыжыр.

Ар жиIэри, Беймырзэ къызэтеувыIащ. ИтIанэ къригъэжьэжри, Iэюбей псом яфIэмыфI пэтми, лъэщыгъэрэ пцIыкIэ къуажэ старшынэу зэрафIэувар хуиIуэтащ.

– Тыгъуэн къаплъэным хуэдэщ, лъы иримыфым, зимыгъэнщIу. Бажэм ещхьуи хьилэшыщ, – жиIащ лIыжьым. – Ар апхуэдэщ. Ар зищIысыр къэпщIэн папщIэ, абы фыз къызэриша щIыкIэр пщIэн хуейщ.

– Си гуапэ дыдэу сэ абы седэIуэнщ, – жиIащ Кулибиным.

– Шэджэмокъуэ Исмел фIыуэ илъагъурт Тэркъан Къербэч ипхъу Жангуащэр. Хъыджэбзри абы фIэкIа зэплъ щыIэтэкъым. Къербэчми фIэфIт ар Исмел иритыну, – апхуэдэу къригъэжьащ Беймырзэ. – АрщхьэкIэ Исмел и адэ Дамжьыкъуэ а Iуэхур зэпиудащ, и къуэ нэхъыжьым къыщIэна и нысэм ар хигъэхьэжын мурад иIэу.

Пэжыр жыIэн хуейщ. Къербэч и пхъур дахэ дыдэт, и набдзэр къурашэу, пщэхуу, нэсауэ хурэу. Абы куэди къылъыхъуат, куэди адэм игъэщIэхъуат. Езы Къербэчыр лIы пхъашэт, хыхьэхэкI иIэу, цIэрыIуэу, зекIуэкIэ къыпэувын щымыIэу. Арати, мо хъыбарыр щызэхихым, езыри ипхъури къагъэикIауэ къилъытэри, уври тхьэ иIуащ: «Апхуэдэу щыхъуакIэ, зыми яхузэфIэмыкIа Iуэху зылэжьа щIалэ фIэкIа си пхъур езмытын», – жиIэри.

Зи къэшэгъуэ щауэхэм ар щызэхахым, пщащэр лIыгъэкIэ зыIэрызыгъэхьэн зи гугъэхэр зекIуэ ежьащ. МылъкукIэ абы и адэр къы-

дэзыхьэхын зи мурадхэм уасэшхуэ ирагъэлъэгъуащ. ШыфэлӀыфагъэм щыгугъхэм зэрышууейр, нэщанэ еуэнкӀэ зэрыӀэзэр ягъэлъэгъуащ.

И адэм къызыхихуа и ужькӀи Исмел Жангуащэр къишэнымкӀэ и гугъэр ӀэщӀыб ищӀатэкъым. Ерыщ екӀуауэ, ар къыӀэщӀыхьа зэрыхъуну щӀыкӀэм ауи моуи егупсысащ. Къигупсысам и ныбжьэгъухэри щыгъуазэ ищӀащ. Исмел и мурадхэр Тыгъуэн щыжраӀэм, Бэрокъуэр Шэджэмокъуэм деж кӀуащ, чэнджэщэгъу, дэӀэпыкъуэгъу дэхъуну фэ зытригъэуауэ.

Епсалъэм-къепсалъэурэ, «зыми яхузэфӀэмыкӀа Ӏуэху» Шэджэмокъуэм зэрилэжьыну щӀыкӀэр Бэрокъуэм къыщищӀэм, Исмел зэрихъэну хьилагъэхэр игъэдахэурэ жиӀащ:

– Алыхь-алыхь, дэгъуэщ! Ӏуэхум екӀуу икӀи Ӏущу уегупсысащ. Умыгузавэ, си ныбжьэгъу, дэӀэпыкъуэгъу сэри сыпхуэхъунщ. Ауэ щыуэныгъэ е хэпырхъэныгъэ къэмыхъун папщӀэ, мурад пщӀам фӀыуэ, фӀы дыдэу зыхуэгъэхьэзырын хуейщ. УемыпӀэщӀэкӀыу, зы тхьэмахуэ хуэдизкӀэ псори зэпэлъытыж. Ар нэхъыфӀщ. УщӀегъуэжынкъым. Уэлэхьи, ущӀемыгъуэжын, си къуэшыжь. Умыгузавэ, сэ укъэзгъэпцӀэнкъым.

АбыкӀэ зэгурыӀуауэ зэбгъэдэкӀыжахэщ, мурад ящӀам зыхуагъэхьэзырыну.

Махуищ фӀэкӀа дэмыкӀауэ, Бэрокъуэ Тыгъуэн щӀыхьащ Тэркъан Къербэч деж, и сэлам алейкумыр япэ иту.

– Уалейкум сэлам, – жиӀа фӀэкӀа, Къербэчым зыкъиӀэтакъым, и Ӏэри щӀалэм къыхуишиякъым.



– Сэ сы-Бэрокъуэ Тыгъуэнщ, – жиӀащ абы.

– АтӀэ сыт? Бэрокъуэр куэдщ, Тыгъуэныр нэхъыбэжщ.

КъызэригъэикӀар и гум щӀыхьауэ, Тыгъуэн къригъэжьащ:

– Сэ сыщӀалэщи, щӀыхь къысхуумыщӀми емыкӀу уиӀэкъым. Ауэ си адэ Долэт пщӀэ гуэр иӀэн хуейщ. ЗэрытщӀэщи, тенджызитӀ зэхуакум дэсакъым лӀыгъэкӀэ абы къытекӀуэ. ИнагъкӀи абы къыдэхъу щыӀакъым. ИувыкӀамэ, абы и пыӀэ шопсыр жыг щхьэкӀэм нэсырт.

ЖьэрыхуагъэкӀэ и пхъур Тыгъуэн фӀихьыну къыхуэкӀуауэ къилъытауэ, Къербэч абы пидзыжащ:

– АтӀэ, щӀалэ, зэгъащӀэ: уи адэм хуэдэхэр сысейм и шыкӀэм пысу къихьу щытащ. Си адэр иувыкӀамэ, ууейр зимыгъэщхъыу абы и бэкъу зэхуакум дэкӀырт.

– Ди адэхэмкӀэ дызэныкъуэкъу нэхърэ сыкъыщӀэкӀуам кӀэ еттым мынэхъыфӀу пӀэрэ? – щӀэупщӀащ Тыгъуэн.

– ЖыӀэ нэхъ узыхуейр, щӀалэ.

– Уи пхъум срипсэлъыхъуу сыкъыпхуэкӀуащ.

Иджыри къэс и щхьэр къиӀэту щӀалэ къепсалъэм емыплъа Къербэчым и нэр абы триубыдащ. НэмыукӀытагъэ хэлъу ар къызэрепсалъэм къигъэгубжьауэ, абы и набдзитӀыр зекӀуэрт, щыблэр къызыхэукӀ пшэуэ. Ауэ зызэтриубыдэжри, Тыгъуэным еупщӀащ:

– Зи мурадыр ину, зи укӀытэр мащӀэ щауэ, уэ пщӀэуэ пӀэрэ хэкум ис щӀалэфӀ куэдым а мурадыр зэраӀэр?

– СощӀэ.

– Зыми яхузэфӀэмыкӀа Ӏуэхугъуэ гуэр абыхэм зэрамылэжьыфам къыхэкӀыу а псори зэрыпыщэщыжари пщӀэрэ?

– СощIэ. СщIэ къудейм къыщымынэу, сащIэнакIэурэ ауан сощI ахэр. Ар зыуэ. ЕтIуанэу. Сэ сыкъыщIэкIуар къысхуумыщIауэ сыщIэкIыжынукъым уи унэм.

ЩIалэм и псэлъэкIэр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, Къербэч абы еупщIащ:

– Си пхъур уэстын щхьэкIэ, сыт хуэдэ лIыгъэ уэ зепхьар?

– ИджыкIэ зесхьа щыIэкъым, ауэ зесхьэнщ.

– Зепхьа нэужь, къакIуи дызэпсэлъэнщ. ИджыкIэ кIуэ. Згъэхь адэ!

– УемыпIэщIэкIыт сыщIэпхужыным. Абы нэхърэ нэхъыфIщ мы сызэрыноупщIынум и жэуап къызэти: уи лIыгъэм къытекIуэн щымыIэу зыплъытэжрэ?

– Апхуэдэ насып зиIэ нобэкIэ дунейм къытехъуакъым.

Ар зэрызэхихыу, Тыгъуэн къаплъэну лъэри, Къербэчым и бгъэм къамэпэр ириубыдылIащ.

– Зумыгъэхъей. КIий-гуоуи къыумыIэт, – жиIащ абы. – Узэхэзыхыни къыпщыжыни уи пщIантIэм дэскъым. Дэплъей унащхьэмкIэ, плъэ щхьэгъубжэмкIэ – фоч пщыкIутIыр къыуагъэпщауэ, си ныбжьэгъу пщыкIутIым укъаувыхьащ.

Къербэч зиплъыхьащ. Фочыпэ пщыкIутIыр къытраубыдар пэжт.

– Зыми яхузэфIэмыкIа Iуэхугъуэ сэ иджыпсту злэжьыфынущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, узукIыфынущ. Ухуей абы?

– Хьэуэ, сыхуейкъым, – жиIащ Къербэч, и пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ.

– Зыми хузэфIэмыкIар сэ зэрысхузэфIэкIынур хьэкъ пщыхъуакъэ?

– Шэч лъэпкъ къытесхьэжыркъым.

– Апщыгъуэ уи пхъур сысейщ, – жиIащ Бэрокъуэ Тыгъуэн.

КъыщыщIар жагъуэ щыхъуауэ, Къербэчыр хэплъащ. Гупсысащ. Сыт ищIэжынт: тхьэ иIуар имыгъэпэжмэ, тхьэгъэпцI-пцIыупс хъунурэ, и напэр текIынут, цIыхууи къалъытэжынутэкъым. Арати, Iуэхум аргуэру хэплъэжщ, егупсысыжри, гугъу зримыгъэхьу хьилагъэкIэ и тхьэрыIуэр фIэзыхьам и пхъур игъэпсэуфыну къилъытауэ, жиIащ:

– Иджыри къэс сэ къыстекIуэнрэ сизыгъэкIуэтынрэ срихьэлIакъым. Ауэ нобэ сэ къысщыщIар алыхь унафэу къыщIэкIынщи, сыт сщIэжын, си пхъур пхьащ.

Шыпсэм ещхь мы таурыхъыр гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, Исмелрэ Жангуащэрэ я насыпыр зэрызэтекъутауэ щыта щIыкIэр и гум щIыхьауэ, щыст Михаил Петрович. Щыст гъащIэм и хьэлъагъым, мызахуэныгъэу щыIэм къабзэм и къабзэжыр фIей зэращIым, гугъэм и нэхъ дахэхэр зэрыхаутэм егупсысу.

Кулибиным къищтащ тетрадь, зэхихар итхыну. Беймырзэ иухатэкъым хъыбарри, абы къызэрыщIидзэжу, тхэныр щигъэтыжащ езыми.

– Жангуащэр зыIэригъэхьэн щхьэкIэ Исмел къигупсыса хьилагъэр Тыгъуэн къигъэсэбэпу пщащэр зэрыIэщIигъэкIарщ Шэджэмокъуэм гуауэ Iей щыхъуар, – жиIащ дадэм. – Мис абы лъандэрэ а тIур зэжагъуэгъущ.

Бэрокъуэхэ зыхуэдэ дыдэр Михаил Петровичым иригъэщIэныр Беймырзэ иухакъым абыкIэ. Тыгъуэн и адэ Долэт тхьэгъэпцI-пцIыупсу, щхьэфIэх нэсу зэрыщытами тепсэлъыхьу кърigъэжьа къудейуэ, Кулибиным и фэтэрым хьэтхауэр къыщIыхьащ, «Бэрокъуэр къоджэ», жиIэри.

Нестеровыр зищIысымрэ абы хузэфIэкIынкIэ хъунумрэ Бэрокъуэм къызэрищIэ лъандэрэ и жейр кIуэдат. Зы сыхьэт-сыхьэтитI Iурихым, къэушыжырти, и щхьэр щхьэнтэм емызэгъыу, и пкъыр гъуэлъыпIэм имызэгъэжу, зриудэкI-зыкъриудэкIыу жэщыр ирихырт. Къэтэджыжу тутын ириф щхьэкIи, къикIукI-никIукIыу унэм щIэт щхьэкIи и гумрэ и псэмрэ псэхугъуэ ягъуэтыртэкъым. Мис абы куэдрэ егупсысауэ, Нестеровым екIужыныр къызэригъэпэщын и мураду арат и унэм щIригъэшар Кулибиныр.

– АтIэ, тIу, – жиIащ абы, къыпэтIыса Кулибиным нэ утхъуа къитIэтIитIыр триубыдауэ, – уэчыл Нестеровым и хьэкъ стелъыр хуэпхьыжынщ. ХьэщIэу къызэрезгъэблагъэр жепIэжынщ. КIэщIу жыпIэмэ, абырэ сэрэ дызэбгъэкIужыныр уи пщэ изолъхьэ. БгъэзащIэрэ – фIыщIэншэ усщIынкъым.

– СлъэкI къэзгъэнэнкъым! – жиIащ Кулибиным. – Ауэ бжызоIэ: ар Iейуэ пагэщ икIи леймыгъэгъущ.

Нестеровым иритыжыну ахъшэри, езым Тэрчкъалэ расход щищIынури и гуфIакIэм дэлъу, Михаил Петровичыр Бэрокъуэм деж къыщIэкIыжащ.

Тыгъуэн щхьэкIэ «щхъуэжь», «къаплъэн», «уи Iэпэр жьэдэплъхьэмэ, уи Iэр пичынщ» щIыжаIэр Кулибиным къыгурыIуэпат иджы. И пащIэкIэ щIэгуфIыкIыурэ, абы и щхьэм хужиIэжащ: «Хозяин, си Iэр пумышхыкIын щхьэкIэ, си Iэпэр ныбжьэдэслъхьэнкъым».



* * *

Бэрокъуэр Нестеровым иригъэкIужу, ар щIэшынэ щымыIэ хъуныр Кулибиным и мурадхэм езэгъыртэкъыми, уэчыл лъэщыр старшынэм жагъуэгъу къыхуищIынымкIэ хузэфIэкI псори илэжьащ. Тэрчкъалэ къикIыжу къызэрысыжуи, уэчылым хуригъэхьа ахъшэр иритыжурэ, жриIащ Бэрокъуэм:

– Дауэ семыкIуэлIами, сыт жезмыIами, Тыгъуэн сыхэзэгъакъым.

Ар пэжт. Ауэ зэрыхэмызэгъар нэгъуэщI Iуэхут. Кулибиным и гугъащ Нестеровыр къызэщIигъаплъэу, Бэрокъуэм суд тращIыхьынымкIэ абы и адэ къуэш къулыкъушхуэ зиIэр здигъэIэпыкъуну. Ар къызэщIэгъэплъэныр Кулибиным къехъулIат, ауэ щIыхуей IуэхумкIэ акъылэгъу къищIыфатэкъым.

– Дзэлыкъуэ бунтым хэтахэм сакъыщыжыщауэ елъытэ си адэ къуэшми, абы теухуауэ псалъэ жесIэ хъунутэкъым, – апхуэдэ жэуапт Нестеровым къритыжар Кулибиным.

Къыхуахьыжа жэуапыр щызэхихым, Бэрокъуэм и щхьэр къиIэтри, Кулибиныр зэпиплъыхьащ, абы и гум илъхэр зэхигъэкIыу. Михаил Петрович и нэр упIэрэпIакъым. ЖриIам мыри дыщIигъужащ:

– Си хьэтыр къилъагъури, зэкIэ Iуэху укъимыщIыну, Дзэлыкъуэ бунтым узэрыхэтар и адэ къуэшым деж иджыкIэ нимыгъэсыну сыкъигъэгугъащ. АдрейхэмкIэ зикI сыгурыIуэфакъым.

Мы яужь зэманхэм къуажэр хъийм икIыпауэ, Шэджэмокъуэхэ, Сэхъухэ, Алъхъэсхэ, Къэбардхэ къыхуэпсалъэ хъуауэ, Бэрокъуэр

зэрыщIагъэлъэлъым Кулибиным къихьыжа хъыбарыр щыхыхьэжым, Тыгъуэн гупсысащ. Игъэшынэм, ятрикъузэм, жылэр нэхъ зэтригъэувыIэфыну къилъытауэ, и лъэпкъыр зэхуишэсри унафэ ищIащ:

– ФIыуэ яхущытынми сеплъащ. КIапсэ кIапэр къэзгъэлэлэху, ди лъабжьэм къыщIэтIыхьыр нэхъыбэ хъу фIэкIа къикI щыIэкъым. Аращи, хьитIым яку къыдэкIахэм псэлъэгъуэ евмыт. Я нэр яхуифщI.

А пщыхьэщхьэм Тыгъуэн лъэщу ешхыдащ и шынэхъыщIэ Болэтым, куэдрэ къилъ-къипкI Шэджэмокъуэ Увжыкъуэм хуэфащэ жэуап иримытыжурэ зэрыщигъэкIым щхьэкIэ.

– Нэхъ бзаджэжыр Кулибинырщ, – кърикъэжьащ Болэт, ауэ Тыгъуэн абы жьэдэуащ:

– Абы и гугъу фымыщI. ИджыкIэ ар дызыхуейщ. Дыхуэмеиж зэрыхъуу, абы и унафэр екIуу сэ сщIынщ.

Къуэш нэхъыжьым деж Болэт къыщIэкIыжащ, къэтэмакъарэ зэгуэпу. Пшынэ макърэ Iэгуауэ макърэ щызэхихым, ар Iэнкуну тIэкIурэ щытри, щIыхьэжащ унэм. Гупсысэурэ зихуэпащ, къамэмрэ кIэрахъуэмрэ зыкIэрищIэри дэкIащ пщIантIэм.

Джэгур здэщыIэмкIэ ар хуэму кIуэрт, шынэкъэрабгъэу къызэралъытар зэригъэзэкIуэжыну щIыкIэм егупсысурэ.

ХьэгъуэлIыгъуэ зиIэ унагъуэм гуапэу ирагъэблэгъащ Болэт. Ефэ-ешхэхэр щызэхэс унэмкIи щIашащ. Ар къызэрыкIэрыхуар гупым щхьэусыгъуэ ящIри, ягъэтIысын и пэкIэ, зым зыр кIэлъыкIуэу мысостей бжьищыр къыIэщIагуэурэ ирырагъэфащ...

Я лъэгухэм щIэплъэжын мурад яIэу, гупыр Iэнэм къыбгъэдэкIыу жэщыбг джэгум щыIухьам, чэфыфI яIэт.

Болэт и къыщIэкIри, и джэгу хыхьэнри зы ищIауэ, пщIантIэшхуэм щызэрызешэ уджым яхэуващ. Iэпэгъу хуэхъуа КIуцацэм Iеищэу зришытIылIэу, щызытригъэщIапи къэхъуу, хъуэр псалъэхэри ириутIыпщу Болэтыр еуджэкIырт. Псалъэншэу пщащэм зихъунщIэрт, чэф зиIэ щIалэм пэщIэкIуэтыным хущIэкъуу. Ауэ быдащэу Болэт КIуцацэр зэщIиубыдати, и мурадыр къехъулIэртэкъым.

Джэгум Iут Шэджэмокъуэ Увжыкъуэ дэкIащ, КIуцацэр Болэтым къыIихыу къигъэуджын мурад иIэу. Ауэ Болэт и лъэр щIигъауэщ, лъапэкIэ къифыкIщ-нифыкIщ, лъэпэрэпэным нэсу хъыджэбзыр иришэхри, КIуцацэр къримыту Iуигъэзыкlри ежьэжащ.

Увжыкъуэ гуапэ ар щымыхъуами, къызэригъэикIам тIэкIу ириукIытами, абы е кърикъэкIакъым. «Псалъэ гуэр къэрагъэжьам, нрегъэс», – жиIэри утыкум икIыжри и щытыпIэм увыжащ. Зыкъомри пэплъащ. КIуцацэр къигъэуджыну етIуанэу щыдэкIым, Болэт аргуэру Iуигъэзыкlри ежьэжащ, Увжыкъуэр плъыжь хъуауэ утыкум кърилнэри. Псоми ялъагъуу къигъэикIэу арат абы къикIри, Шэджэмокъуэм мурад ищIащ зригъэщIэжын хуэдэу Болэтым епсэлъэну.

И ныбжьэгъу гуэр хигъэхьэу, Болэтыр уджым къыщыхэкIыжым, «Сыпхуейщи, моуэ зэкIэ ныIукIыт», – жиIэщ Увжыкъуи, Iуишащ ар.

– Уи адэ и шы пэщхъын сыкъихуа уи гугъэ, Бэрокъуэ и къуэ, си напэр утыкум щытепхыну? КъызжеIэт! – Увжыкъуэ ар жиIа къудейуэ, кIэрахъуэр уащ.

Джэгум Iутхэр щабгъэдэлъэдам, Увжыкъуэр мыбэуэжу щылът, Болэтыр щIэпхъуэжауэ пщIантIэм дэжыжырт.

ЩIэщхъу къызэрыхъуамкIэ псалъэ зэрыIуу, гуфIэгъуэ макъ къизыш пшынэр IэщIэхущ пшынауэми, къугъыу щIым техуащ. Уджым хэтхэри зэрыутIыпщыжащ, къэуIэбжьауэ.

Увжыкъуэ и ныбжьэгъухэр, Къэбард Мурат я пашэу, зэрехьэжьащ, Болэт къаубыду яукIыжын мурад яIэу.

Шэджэмокъуэхэ я лъыр зыгъэжар а напIэзыпIэм бзэхати, ар зыукIыжыну щIэпхъуахэр унэтеуэу Бэрокъуэхэ я пщIантIэм зэрыдэхуащ, лъэпкъым щыщ гуэрым и псэ ягъэнын мурад яIэу.

Лъы зыщIэжынухэм я ужь иту къэса Шэджэмокъуэ Исмел къэIэлауэ яхэгуоуащ абыхэм:

– ФыныдэкI! ФызэмыплъэкIыу фыныдэкI! Дилъ зыгъэжарщ дукIыжынур!

Увжыкъуэ щIалъхьэу дыуэщIыр зэбгрыкIыжа и ужькIэ, Тыгъуэн къуажэ лIыжьхэр зэхуишэсащ. Молэри иригъэшащ.

И щхьэр хэлъхьауэ зыкъомрэ щысауэ, Бэрокъуэм зыкъиIэтри къригъэжьащ:

– Си IэкIэ, си Iэ защIэкIэ и фэр тесхынт а Болэт напэншэм. Ауэ неIэмал: щIэпхъуэжащ. ЗигъэпщкIуащ, зигъэбзэхащ шынэкъэрабгъэжьым. Иджы дэри фэри къытхуэгъуэтынкъым ар. – Аргуэру и щхьэр ирихьэхыжри псалъэншэу тIэкIурэ щысауэ, пищэжащ: – Дызэхуэдэ муслъымэнщ, дыадыгэщ. Дэр-дэру дызэрыукIыжыныр, зым и лъыр адрейм игъэжэныр... Дызыхуэмейщ ар, ди нэхъыжьыфIхэ. ЗыкIи дызыхуэмейщ.

– Мы Тыгъуэн жиIэр, аркъэ-щэ, пэжщ. Хэбдзын хэмылъу пэжщ. Зэпэуву муслъымэнитI зэрызэрыукIым къыхэкIыу Алыхьу тэхьэлам игу къыдэбгъэнкIэ шынагъуэщ. Аращи, аркъэ-щэ, мафIэ къэлыдам лъэпкъитIри имыс щIыкIэ, гъэункIыфIын, Iэмал имыIэу гъэункIыфIын хуейщ.

– Мис аращ, аращ, Мухьэмэд ефэнды, уэри, зи щIыхьыр лъагэ мы лIыжьхэми сынывщIывэлъэIур Шэджэмокъуэхэ къыдэвгъэкIужыну. – Псалъэр зэпигъэури чэзу-чэзууэ псоми яхущIэплъа и ужькIэ жиIащ: – Дэ, Бэрокъуэхэ, дыхьэзырщ лъыр тпшыныжыну. Сыт пщIэн, апхуэдэу щыхъуакIэ.

Зэхуишэсахэм Тыгъуэныр куэдрэ зрагъэлъэIуакъым. Апхуэдэ фэбжь къыщыхъукIэ, хабзэр арати, дэлэлыныр абыхэм я пщэ дальхьащ...

ЛIыжьхэр нэщхъей-нэщхъейуэ, гузэвафэ ятету, хэплъэу Шэджэмокъуэм и унэм щIэст. Я пщэ далъхьа къалэныр гъэзэщIэныр гугъу зэрыхъунур ящIэрти, къыщIамыдзэфу, езыр-езыру зэплъыжу, зэзэмызэкIэ Шэджэмокъуэми хущIэплъу щысхэт. Ахэр къыщIэкIуар зыщIэ Исмел пылът къыхуеблэгъахэр и нэгу зэрыщIимыгъэплъэным, сыту жыпIэмэ, къызэрелъэIунумкIэ зэригъэщIэхъунур Iуэху ухат. И къуэш яукIам и кхъащхьэм тету тхьэ иIуат лъыр ищIэжынуи, ар узыхэIэзэщIыхьыж мыхъун Iуэхут.

Нэхъыжьхэм псалъэр къыщамыIэтыфым, Мухьэмэд ефэндым къригъэжьащ:

– Аркъэ-щэ, Исмел, лъыкIэ бий пхуэхъуа лъэпкъым я лIыкIуэу, а IуэхумкIэ дэлэлыныр тфIэкъабылу дыкъэкIуащ. ФызэкIужыныр,

лъэпкъитIыр, аркъэ-щэ, фызэрымыукIыжыныр – мис аращ дэ дызыхуейр.

– Фэ псоми сэ щIыхь фхузощI, ауэ а Iуэхум теухуауэ псалъэ къэвмыIэтыну сынывольэIу. СыщIывэлъэIур фызмыгъэщIэхъуу хъунукъыми аращ: сэ тхьэрыIуэ сиIэщ силъ сщIэжыну.

Яужьу жиIа псалъэр щызэхихым, Мухьэмэд ефэндыр къэщэбэжри икIуэтыжащ. ТхьэрыIуэ зиIэм жепIэIакIи уеныкъуэкъукIи къикIын щымыIэу къилъытауэ арами, Шэджэмокъуэхэ я шэ Бэрокъуэхэ я гущхьэм техуэм зэрыфIэфIым къыхихами – сытми, къикIуэтыжащ. Ауэ, и мурадыр зэрихъуэжар нэрылъагъу мыхъун щхьэкIэ, Мухьэмэд ефэндым Шэджэмокъуэм гуригъэIуащ шэрихьэтым ипкъ иткIэ, бегъымбарым ар хуит зэрищIыр и къуэшыр къэзыукIар иукIыжыну е лъым и уасэу дийэт абы къыIихыну.

– Шэрихьэтым ипкъ иткIэ, уэ узыхуитыр, аркъэ-щэ, бжесIэнщ, Исмел, – жиIащ ефэндым. – Ауэ нэхъыфIыр, Бэрокъуэхэ дийэт къеIыпхыу уагурыIуэжынырщ.

ЛIыжьхэри Исмелым тепщхьащ, лъыкIэ зэбий хъуа лъэпкъитIыр зэрамыгъэукIын мурад яIэу. Ауэ Бэрокъуэхэ куэдыIуэ кърaщIат Шэджэмокъуэхэ, абыхэм я гущIэр лъыуэтэпс защIэ ящIауэ къызэгуэчырти, лъэпкъитIым я зэхуакум дэлэлу дыхьахэм Исмелыр къагъэшыфакъым икIи къагъэдэIуэфакъым.

– Нэм къеIэм и псэм еIэжу, уи цIыху къэзыукIар яукIыжу хабзэщ. Ар сэ згъэувакъым. Абы и къутэнри си пщэ кърaлъхьакъым. Бэрокъуэхэ схуажефIэж сазэремыкIужынури сазэрыщымысхьынури. Болэт щIы къатиблкIэ ехыу зигъэпщкIуами, къэзгъуэту зэрызукIыжынур ирырещIэ Тыгъуэн.

– ЗэплъэкIыж, Исмел. ЗыщIэгупсысыж, шынэхъыщIэ! Я мэхъэшагъэм, я щхьэр ягъэлъэхъшэн зэрамыдам и зэранкIэ фи лъэпкъым и ныкъуэр зэрыкIуэдар, адрей ныкъуэр зэбграхуу дуней псом хэпхъа зэрыхъуар уигу къэгъэкIыж, – жиIащ хэплъэурэ Беймырзэ лIыжьым.

– Ар пэжщ, ауэ ди лъэпкъым зэи къыхужаIакъым дылIыгъэншэу е текIуэм дрейуэ, – и лъэпкъ тхыдэм ирипэгэжу жэуап итыжащ Шэджэмокъуэм.

– Уэ улIу щытым, уи къалэн нэхъыщхьэр, – щIикъузащ аргуэру лIыжьым, – Шэджэмокъуэхэ мыкIуэдыжу къызэтебгъанэу лъэпкъ пщIыжынырщ. ЗэгъащIэ, шынэхъыщIэ, удзыжьым зэщIащта щIыналъэм хэхуа нартыху хьэдзэри зимыгъэкIуэдыну гъащIэм щIобэн. Жылапхъэ хъун къигъанэу езым хуэдэ нартыху дунейм къытринэн папщIэ ар къокI, и купщIэр ишхыжурэ. ЗегъэлIапэ абы, ауэ жылэ хъуну нартыху хьэдзэ щэ ныкъуэм, щэм нэс дунейм къытренэ. Уи лъэпкъыр бэгъуэжа иужь, уэ умыщIэжа лъыр уи къуэрылъхухэм е абыхэм я быныжхэм ящIэжынщ.

– Аргуэру жызоIэ: хьэуэ! – щIикъузэжащ Исмел. – Сэ сынартыху хьэдзэкъым икIи сыхьэмбылукъым, атIэ пащIэ стету сылIщ. Уилъ умыщIэжу щытым, уи напэр зытепхыжу аращ. Напэншэу, лIыгъэншэу упсэумэ, хэти хуитщ пу нэлат къыуихыну. Апхуэдэ гъащIэр гъащIэкъым. Апхуэдэу сыпсэунуи сыхуейкъым.

Лъы зэрищIэжынур быдэу мурад зыщIа Шэджэмокъуэр, сыт жрамыIами, дауэ трамыкъузами, къагъэдэIуэфакъым.

ЛIыкIуэ ищIахэм жэуапыр къыщыхуахьыжым, Тыгъуэн и унэкъуэщхэр зэхуишэсри хъыбар яригъэщIащ:

– Фымыбэлэрыгъ! Шэджэмокъуэхэ къанлы хъуащ.

Абы и ужькIэ участкэм и начальникым деж кIуэщ Бэрокъуэри, «Шэджэмокъуэ Увжыкъуэ си къуэш Болэтыр къиукIыну джэгум щыIуишым, япэ езым зригъэщри ар IэщIэукIащ. Абрэджу езыр ежьэжащ», – жриIащ. Начальникыр къызэригъэпцIэным егупсысати, хъыбари иригъэщIащ и къуэш абрэджыр къиубыдыным езыр зэрыпылъыр. Аргуэру зэрыукI къэмыхъун папщIэ лъэпкъитIыр зэгурыIуэжынымкIэ дэлэлынуи ар абы елъэIуащ.

– Зэрыплъагъущи, зиусхьэн, псомкIи, абы щыщу лъыр пшыныжынымкIи, сыхьэзырщ, – щIигъужащ Бэрокъуэм.

– Сыпхуэарэзыщ. Хуабжьу сыпхуэарэзыщ, фэбжь къызэрыхъуамкIэ хъыбар къызэрыдбгъэщIамкIи, уекIужын мурад узэриIэмкIи, – жиIащ участкэм и начальникым.

– ГукIи псэкIи аращ сызыщIэкъур, зиусхьэн.

– ЖыпIэр си фIэщ мэхъу, старшынэ, си фIэщ дыдэ, – Тыгъуэн къыщIигъэкIыжурэ жиIащ начальникым. – Семыжьэу щытамэ, а Iуэхур сэ зэфIэзгъэкIынт. Ауэ умыгузавэ. Ар зи пщэ ислъхьэну чиновникым ищIэн хуей псори илэжьынщ.

Участкэм яша Шэджэмокъуэм Iуэхур къызэрекIуэкIа щIыкIэр чиновникым хуиIуатэри, лей къызэрылъысыр жагъуэ щыхъуауэ, щIэупщIащ:



– Сыт сэ сыщIызефлъафэр, зиусхьэн? Сыт сызэрывгъэкъуаншэр? Мыхъуну сыт злэжьар?

Участкэм щылажьэ къулыкъущIэр Исмелым къеплъащ гущIэгъу къыхуищIу, жэуапуи мыр кърityжащ:

– Си щхьэкIэ сэ зыкIи узгъэкъуаншэркъым. Ди начальникым и унафэр бжесIэ къудейуэ аращ. ЛъыкIэ бий пхуэхъуахэм ящыщ гуэр букIыжмэ, абы уэ узэрытекIуэдэнур пщIэрэ? Аращи, зумыгъэунэхъуж.

АрщхьэкIэ къулыкъущIэм къыжриIами, абы кърита чэнджэщми къызэтригъэувыIэфакъым илъ ищIэжыну мурад зыщIа Шэджэмокъуэр. Иджы абы илэжь псори, гупсысэу иIэ псори зытеухуар зыт – Болэт къигъуэту зэриукIыжынымрэ лъы телъыр зэрызытрихыжынымрэт.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ лъэпкъитIыр зэпэуващ, бий зэхуэхъуауэ.

Хьэпшыпщэху Тыгъуэн иригъэжьа Кулибиныр къызэрысыжу, Къэбардым абы иригъэщIащ фэбжь къызэрыхъуар икIи жриIащ Шэджэмокъуэм и Iэщхэр ищэжурэ Iэщэ, уанэшыфI къызэрищэхур.

Михаил Петровичыр абы деж жаш, зэрылъэкIкIи елъэIуащ:

– Губжьыр зытумыгъакIуэу, къызэтеувыIэ, Исмел. Бэрокъуэхэ лъэпкъышхуэщ. Уапэлъэщынкъым. НэгъуэщI ебэныкIэкIэщ абыхэм ебэнын зэрыхуейр. КъызэтеувыIэ, уи фыз сымаджэри, уи къуэри умыгъэунэхъу.

«Апхуэдэ чэнджэщхэр зэхэсхыну сыхуеиххэкъым», – жиIэри, едэIуэн идакъым Исмел.

Абрэджу ежьэжа Болэтыр Исмел къимыгъуэтыфурэ, зыкъомыфI екIуэкIащ. А лъэхъэнэм и кIуэцIкIэ Шэджэмокъуэм зитIэщIу зы жэщ хуиту жеякъым. Губгъуэм дэкIыу, тхьэмахуэ зэкIэлъыкIуэ и хьэсэм илэжьыхьауэ зылъэгъуаи щыIэкъым. Абы и зэманри и къарури зытекIуадэр

бийр къилъыхъуэнырт. Ауэ, Болэтыр бзэхати, дунейм къытехьэртэкъым.

Мы къэхъуакъэщIам хигъэщIэпар ХьэкIулинэт. ПIэм къыхэнэжауэ сымаджэт ар. Цырхъ макъ зэхихам е зэадэзэкъуэр жэщым къэмыкIуэжамэ, кIуэдыкIейуэ и лIымрэ и къуэмрэ кIуэдауэ къыфIэщIырти, нэпсыр щIигъэжу жэщыр ирихырт. И пыхьэныр махуэми зэпычыртэкъым. ЗэрыжаIэжымкIэ, а цIыхубзым и жьэн узым гущтэ уз къыхыхьэжати, арат щIэмыжеижыфыр.

«Илъ ищIэжыфыркъым», «АпхуэдэлI сыкъилъэ» къызэрыхужаIэм Исмел къызэщIагъэлыдати, и жагъуэгъум и псэр зэригъэныным фIэкIа зэгупсыс щыIэтэкъым. Мэкъумэш лэжьыгъэхэмкIэ щапхъэ зытрахыу щыта лэжьакIуэшхуэр иджы бийм щылъыхъуэм лъыхъуэрт, щымылъыхъуэм, нэщанэ еуэрт. Зырамыкур фочауэнымрэ сэшхуэкIэ зэуэнымрэ хуигъасэу зэманыр игъакIуэрт. ИныкъуэхэмщакIуэ щхьэусыгъуэкIэ щIалэр дишырти, хьэкIэкхъуэкIэм зэрещэм нэхърэ Болэт зэрылъыхъуэр нэхъыбэу, жьэпкъыр щIищыкIырт.

Зэадэзэкъуэр къыщыт жэщ гуэрым ХьэкIулинэ псчэм итхьэлэу щIидзэри, ерагъпсэрагъкIэ гъуэлъыпIэм къепщыхащ, псы тIэкIу ирифмэ, и псчэр нэхъ чэмыну гугъэу. Ауэ, пэгуным лъэмыIэсыфу, и Iэр шияуэ абы и псэр хэкIащ, унэ лъэгум илъу.

Уэсят зыхуищIыжыни, и хьэдэр зэзыгъэзэхуэжыни щхьэщымыту ар зэрылIар зэадэзэкъуэм гущIыхьэ дыдэ ящыхъуати, я напIэр къамыIэтыжыфу нэщхъейхэт. Хьэдэр щIалъхьа иужь, Исмел Зырамыку жриIащ:

– Бэрокъуэхэ зи псэ ягъэнам уи анэри ящыщщ. Зыщумыгъэгъупщэу ари уигу игъэлъ.

Шэджэмокъуэ Исмел и щытыкIэм и мызакъуэу, и теплъэкIи нэгъуэщI хъуат. ХьэкIулинэ зэрылIа щIыкIэр гущIыхьэшхуэ щыхъуати, иригъэгъыхыу хэплъэ фIэкIа, и нэр къиIэту ар зыми еплъыжыртэкъым. Трагъэуну къыкIэлъыкIуэ Къэбардми, Сэхъуми, Кулибинми, Алъхъэсми епсэлъэххэртэкъым.

Зы гуауэм адрейр къытехъуэу зэрекIуэкIым Зырамыку акъмыкъ ящIати, и нэр къилэлу, езыр зэфIэлэлу къэнат. Абы дунейр фIэнэхужтэкъым. Мыр сщIарэт е мыр злэжьарэт жыхуиIи щыIэжтэкъым.

Тхьэмахуэ-тхьэмахуитI дэкIауэ, Исмел къызэфIэувэжащ, мэхъашэ дыдэ хъуарэ и нитIым мафIэр къыщIихыу. АпхуэдизкIэ ар къанлыфэти, уеплъынкIэ шынагъуэт. Абы тхьэ иIуат Болэтыр ауэ иукI къудей мыхъуу, игу къэбэгар тепщахэу абы и псэр Iуихыну.

Шэджэмокъуэм и мурадыр къехъулIэн щхьэкIэ зэригъэпэщащ уанэшу тIу, пятизаряду тIу, фочышэ куэд, сэшхуитI. Iэщ ищэжам къыдэхуа ахъшэри и гуфIакIэм дилъхьэжащ.

Е лIын е лIэн! Шэджэмокъуэм и Iуэхур зытриухуар арат.

Iэюбей жьэпкъым Бэрокъуэ Болэт щалъэгъуауэ, бгыхум деж пщыIэ щищIарэ жэщым абы къекIуэлIэжу Исмел хъыбар щрагъащIэм, зэадэзэкъуэм IэщэкIэ зызэщIаукIэри мэзым кIуахэщ. Махуищ-жэщищкIэ ахэр абы лъыхъуащ. Ягъуэтакъым. ЕплIанэ махуэм пщыхьэщхьэхуэкIуэ хъуауэ, зиплъыхьыну Зырамыкур нэгъуэщIыпIэкIэ игъакIуэри, езыр

мэзым хыхьащ. Хуей гуэрым нэсауэ, абы шы щыщ макъ къыхэIукIащ. КIуатэу щыплъэм, Болэтыр шым шэсыжарэ къыхэкIыжыну зигъэхьэзыру къилъэгъуащ. Исмел мэзым зыхигъэпщкIуэжри зимыгъэхъейуэ щытащ, бийр къыхэкIыжу гъуэгум теувэжыху. ЗыкъомыфIкIэ япэ иригъэщауэ кIэлъыщIэпхъуащ. Жыжьэуи кIэлъыгуоуащ:

– Бэрокъуэ и къуэ Болэт, умыбэлэрыгъ!

Зыпэмыплъа бийм зэрыIущIам Болэтыр къигъэуIэбжьащ. АрщхьэкIэ псынщIэу зыкъищIэжщ, и пятизарядыр къызыпщIэхипхъуэтри, Шэджэмокъуэм тIэурэ къеуащ. Ауэ къытехуакъым. Абы щIэщтыкIыжауэ, Болэтыр шым елъэдэкъауэри щIэпхъуэжащ.

Шэджэмокъуэр фочым епхъуакъым. ТIэурэ фIэкIа къызэремыуар игу ириубыдэщ, еIэбэкIри аркъэныр къыкIэритIэтыкIщ, зэридзыным хуэдэу ар игъэхьэзырри, НатIэхур иутIыпщащ. И шым игурэ и щхьэрэ хузэтелъти, Болэт зэрылъэщIыхьэнум шэч къытрихьэжыртэкъым. Мыгъунэгъущэ-мыжыжьащэу Исмел кIэлъыжащ и бийм, абы и пятизарядым къинэжа адрей шищыр иригъэкIыхукIэ. ИтIанэ НатIэхум хущIэуэщ-хущIэуэри, зэрылъэкIкIэ иутIыпщащ. И пщэр хишарэ зиукъуэдияуэ, и лъакъуиплIыр щIым емыIусэ хуэдэ, жэрт шыр.

Фочыр иузэдыжыну хущIэмыхьэжын къыщыфIэщIым, Бэрокъуэм сэшхуэр къигъэIэгъуэну еIэбэкIащ. Абы ирихьэлIэу Шэджэмокъуэм идза аркъэным абы и бгъэм зришэкIащ, IитIри Iэпкълъэпкъым кIэрикъузэу.

Исмел аркъэным къызэреIэу, щIыбагъкIэ гъуэгум къытехуэу Болэтыр къеджэлэхащ шым.

Исмел шым къепкIэри, и бийм щхьэщыуващ, и нитIым лъыр къытелъэдарэ бауэкIэщI хъуауэ.

– ЩIыбагъ дэукIкIэ лъы сщIэжыну сыхуейкъым. Къэтэдж, – жиIащ Исмел.

Болэтым зимыгъэхъейуэ щылъти, Шэджэмокъуэр лъакъуэкIэ абы еIунщIри, бгъукIэ щылъу игъэтIылъащ. ЕIэбыхри, аркъэныр къыпщIэхилъэфыжащ.

– Къэтэдж, Бэрокъуэ и къуэ! ХэтIэ-хэсэ дызэдэджэгунщ.

Ар дыдэм ирихьэлIэу къэса Зырамыкуми шым зыкъридзыхри къабгъэдыхьащ.

ЩэIу фIэкIа зыри жимыIэу Болэт щылъ.

И нэкIэ илъагъуу иджыпсту ар зэраукIынур Зырамыку и псэм хуабжьу зыхищIат. АпхуэдизкIэ ар фIэпсэкIуэдти, зригъэзыхыу ар къигъэтэджыжыну мурад ищIат. АрщхьэкIэ и адэм щышынэри еIусакъым.

И бийр къыIэщIыхьа нэужь, Исмел къанлыгъэр нэхъ текIыжати, япэм хуэдэу иджы хуеижтэкъым укIыкIэ IейкIэ ар иукIыну. Шэджэмокъуэр арэзы техъухьынут, и зэфIэкIыр Бэрокъуэхэ яригъэщIэжу, «апхуэдэлI сыкъилъэ» къыхужызыIахэм я жьэр зыгъэувыIэн щIыкIэкIэ илъ ищIэжым.

Зэадэзэкъуэр гупсысэу щытыху, Болэт зигъэщэIуу щылъурэ кIэрахъуэр кърипхъуэтри къэуащ. ЕтIуанэу кIакхъур къыщIичыным хунэмыс щIыкIэ, Зырамыку лъэри абы зытридзащ.

Исмел къэIэлыжауэ сэшхуэр кърипхъуэтурэ щIалэм щIэкIиящ:

– IукIи а лIыбзыр хуит къысхуэщI!

Зырамыку абы и кIэрахъуэр къыIэщIитхъыу зэрызэфIэувэжу, Болэт къыщылъэтащ.

«ЛIыбз» къызэрыхужаIам зыкъригъэщIэжауэ, абы и сэшхуэр къридхъуэтащ. АрщхьэкIэ куэдыщэ дэмыкIыу Бэрокъуэр иукIурикIащ, сэшхуэр зыхаIуа гущхьэм хъырхъыу лъыр къижу.

– Я алыхь, я ди тхьэ, уи мэсхьэбым къалэн къысщищIар згъэзэщIащи, лъы стелъар стехыж, – жиIащ Исмел, иукIам и хьэдэм щхьэшыту.

Зырамыку и фэр шэхуу пыкIауэ, и лъэр щIэкIэзызэу, и Iур гъущIарэ Iупс лъэпкъ имыIэжу, епэзэзэх-епэзэзэхыу, къэплъэнэфу зэрыщытым гу щылъитэм, адэр абы хуилъащ:

– Уи, хуэмыху, уи лIыгъэр здынэсыр ара! КIуэи мыбы и шыр къэубыдыж.

Бий яукIам и пятизарядымрэ кIэрахъуэмрэ къыищынэмыщIа адрей псори Болэт и шым кIэрищIэжщ, Iэдэжу Зырамыку ар иригъэубыдри, къызэдежьэжащ.

Зэманыр ахъшэмым фIэкIат. Мэзыр Iувти, дунейр кIыфIыбзэт. Зэадэзэкъуэм ялъагъу щIагъуэ щымыIэ щхьэкIэ, шхуэIум езауэу шыхэр унэм хуекъуу кIуэжхэрт. Исмелрэ Зырамыкурэ зы псалъи зэжрамыIэу, зыр адрейм и дежкIэ емыплъэкIыфу зыкъом къакIуауэ, адэм щIалэм жриIащ:

– Зэман бзаджэм халъхухьа тхьэмыщкIэ. Апхуэдэу угу махэмэ, щIыр пэкIэ бвэуэ уи дунейр уагъэхьынщ.

ЩIалэм къыпэщыт гъащIэр зэрыхьэлъэнур фIэгуауэут ар абы зэрыжиIа щIыкIэр.

ЗэгуэптегъэкIыу Исмел НатIэхум къамышыкIэ хущIэуэри къыжьэдикъуэжащ. Ущым лъэхъукIи зригъэхъуэжащ. Апхуэдэ защIэу къуажэм нэсыжыхукIи кIуахэщ.

Жэщ кIыфIым Iэюбейр хэкIуэдэпат. Ар даущыншэт, зэзэмызэ къыхэбэныкI хьэхэмрэ бохэм щыпырхъ шыхэмрэ я макъхэм фIэкIа щымыIэу.

Уэрам зэвым дэтурэ зэадэзэкъуэр зыкъомрэ кIуа нэужь, Исмел сэмэгурабгъумкIэ дидзыхри, Бэрокъуэхэ я пщIантIэ лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ. Зырамыкуи абы и ужь иуващ. Бийм я деж жэщыбгым щIэкIуэр щIалэм къыгурыIуакъым. Ауэ абыкIэ адэм зэригъэзар Зырамыку жагъуэ щыхъуат. Унэтеуэ-фочауэкIэ Жэнэт зыдэс пщIантIэм дыхьэну Зырамыку хуейтэкъым. Ауэ, и гум къызэрыщIитхъым хуэдэурэ, адэм и ужь итурэ кIуэрт.

Бэрокъуэхэ я пщIантIэм гъунэгъу щыхуэхъум, Исмел и шыр зэщIигъэувыIыкIри къехъуцацэурэ Зырамыку къыжриIащ:

– Иджы умыбэлэрыгъ!

Исмел и пщэм пятизарядыр къыфIихыу къыщигъапкIэм, Зырамыку и фочри игъэхьэзыращ.

И адэм и мурадымрэ езым ищIэн хуейуэ и пщэм къыдэхуэмрэ зэрыщымыгъуазэм щIалэр ягъэIэнкунат.

Исмел и гугъащ Бэрокъуэхэ я бжыхь щхьэкIэм Болэт зытеса шыр фIидзэу къыIуигъэзыкIыжыну. Ауэ, зыщIэгупсысыжри, Бэрокъуэхэ зэращымышынэр яригъэщIэн щхьэкIэ, пщIантIэм дыхьэу шы фIэдзапIэм Болэт и шыр ирипхыным триубыдэжащ. Арати, Зырамыку иIыгъ шы

Iэдэжыр Исмел Iихри, къэгъазэ-нэгъазэ щымыIэу, пщIантIэм занщIэу дыхьэри шы фIэдзапIэм деж къыщцыувыIащ. Шыр фIэдзапIэм быдэу кIэрипхащ, Болэт зэрыщымыIэжыр кърaщIэн папщIэ, абы и пыIэр уанэ къуапэм фIидзащ.

«Фи былыми, фи мылъкуи сызэрыхуэмейм и щыхьэтщ шыр къызэрысшэжар. Сызэрыфщымышынэр си макъым къывегъащIэ», – жиIэри, зэрылъэкIкIэ Исмел гуоуащ:

– Бэрокъуэ и къуэжь! Фи хьэдэр къуаргъым евмыгъэшх. Ар бгыху лъапэм къыщцывгъуэтыжынщ!

Зэрыхуеймхуэдэу псори зэфIигъэкIауэ Бэрокъуэхэ я деж къыдэкIыжа щхьэкIэ, Исмел и гур тIысатэкъым. И лъыр ищIэжмэ, и гур псэхужыну, и зэгуэпыр кIуэдыжыну и гугъа щхьэкIэ, япэм хуэдэу иджыри абы и гущIэр зыгуэрым кърaшхыкIырт.

Зэадэзэкъуэм фIэкIа Шэджэмокъуэхэ ящыщ къэмынэжа пэтми, Бэрокъуэ лъэпкъ лъэщым щапэувакIэ, зытеува гъуэгур зэрыхьэлъэнури, зэрышынагъуэри, езыр ирагъэпсыхмэ, къыщыжын имыIэу щIалэр къызэрынэнури, ар дэнэ къэна, къыхуэнэжа къуэ закъуэр къыфIаукIынкIэ зэрыхъунури абы ищIэжырт. Ауэ зэхищIыхьа Iуэхум ар хущIегъуэжыртэкъым.

ШхуэмылакIэр Iэ сэмэгукIэ кIэщIу иIыгъыу, НатIэхур щIэджэгукIыу, уэрам зэвым къыдэкIыжыным и пIэкIэ, Исмел и щхьэр фIэлэл-фIэлэлу, къещIэ-нещIэу къызэрыдэкIыжым Зырамыку гу лъимытэу къэнакъым. Гупсысэ хьэлъэм къыхигъэушыкIын щхьэкIэ, Зырамыку елъэдэкъауэри и адэм бгъурыхьащ.



– Аращ-тIэ, си щIалэ, Iэюбейр добгынэ, – жиIащ Исмел.

Лъыр зэращIэжу, къуажэм дэIэпхъукIын зэрыхуейр нэхъапэу ящIа унафэти, зэадэзэкъуэр я пщIантIэм дэлъэдэжщ, зыхуейхэр къaщтэщ, абрэджу зэрежьэжымкIэ я гъунэгъу Къэбардым хъыбар ирагъащIэри, дэкIахэщ кIэху къиищIу хуежьауэ. Арати, ижь лъандэрэ я гуфIэри я гуауэри зыпыщIауэ щыта Iэюбейр къабгынащ.

Къуажэм зэрыдэкIыу, Исмелрэ Зырамыкурэ шыхэм къамышыкIэ хущIэуэри, зэдыщIэпхъуащ, жьым зэрихуэ щIакIуэ кIапэ тIурытIыр бгъащхъуэ дамэу шияуэ. Абыхэм къурш лъэныкъуэмкIэ яунэтIащ, балъкъэр къущхьэхэм я деж гъэпщкIупIэрэ псэупIэрэ къыщалъыхъуэну...

*ТхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд къызэральхурэ илъэс 95-рэ ирокъу*





# ЛЪЭУЖЬ

Къупщхьэ гуащэм хуэдэщ зыхужаIэ адыгэ бзылъхугъэ дахэхэм ящыщт КIэрэф Мухьэмэд и анэ Назифэ. Зи бзэри IэфI, зи теплъэрэ зи хьэл-щэнкIи дунейр зыгъэбжьыфIэ а цIыхубз телъыджэмрэ си адэмрэ зы анэм къилъхуа зэкъуэшитIым я бынт. Назифэ и дыщхэмрэ дэрэ дяку бжыхь къудеи дэмыту, ди пщIантIэхэри ди хадэхэри зэпылът. Арат и анэшым я деж щIэхщIэхыурэ къакIуэ Мухьэмэд сызэрыцIыкIу лъандэрэ фIыуэ щIэсцIыхур. Ар щIалэ къуэгъу щхьэпэлъагэт. Iэдэбт. ПсэлъэрейкIэ уеджэнтэкъым, жиIэнрэ узригъэдэIуэнрэ зэриIэр, тхылъ куэди зэреджар нэрылъагъу пэтми. ДызыIэпишэу дедаIуэрт ди пхъурылъху щIалэм. И адэ Жанхъуэт ещхьу, ари и адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ зэщIэльут зэрыпсалъэр. Зэадэзэкъуэм я псэлъэкIэр сабийхэм тфIэгъэщIэгъуэнт – я адыгэбзэ къабзэм къыдэкIуэу, а зэманхэм куэдым къатехьэлъэу щыта урысыбзэмкIи уэрсэрыжьт а тIур. Ди Щхьэлыкъуэ нэхъ пхъащIэ Iэзэ дыдэу дэсахэм ящыщ Жанхъуэт лIы губзыгъэт, япэкIэ плъэфырти, абы пасэу къыгурыIуат гъащIэм дызыхуишэр, щIэныгъэм и нэхум хуэIэгъуэ зыхуэщIын зэрыхуейр. Арат псори зи Iэм хуэщI пхъащIэ IэпщIэлъапщIэм и абджыпс унэ дэгъуэр (апхуэдэхэри мащIэ дыдэт а лъэхъэнэм) Щхьэлыкъуэ къуажэм, ди хьэблэм дэс сабийм щхьэузыхь щIахуищIар – ар школу щIитар. (Жанхъуэт и унэм щеджахэм ящыщт си къуэш нэхъыжьри си шыпхъури).

И адэм и IэпщIэлъапщIагъри я унэм илъ хабзэ дахэхэри зылъагъу, жаIэхэр зэхэзых Мухьэмэд, дауи, цIыхур зэхъуапсэу зыдэплъейм хуэдэт. Ди пхъурылъхум и Iэзагъым, абы ищIэм и куэдагъым дехъуапсэрт. Псом

хуэмыдэу Мухьэмэд къыщызэрыкIыпэр, «псэлъэрей щыхъур» абырэ и анэ дэлъхум и къуэ, езым нэхърэ тIэкIукIэ нэхъыщIэ Сэфарбийрэ зэрыгъуэтыжа нэужьт. Абыхэм щыгъуэ ахэр зытепсэлъыхьхэм сэ зыри хэсщIыкIыу щымытами, иужькIэ щыгъуазэ сызэрыхъуамкIэ, а тIуми литературэ фIэкIа нэкуинапIи яIэжтэкъым, езыхэми зыгуэрхэр ятхырт. А щэхум япэщIыкIэ щыгъуазэ сыхуэзыщIар Мухьэмэд СэфаркIэ зэджэу щыта Сэфарбийт. ИужькIэ тхакIуэшхуэ хъуа КIэрэфым и повестхэм куэдрэ къыщигъэсэбэпащ Сэфар цIэр. Ар къызыхэкIар зэкъуэшитIми я псэ къуэпсхэр литературэм хуаIэ лъагъуныгъэм зэрипхыу зэрыщытарагъэнщ.

Акъыл зиIэм акъыл къелъыхъуэ, жи. Адрей хьэблэдэсхэм елъытауэ, бзэхэми хуэшэрыуэ, тхылъ куэди еджа КIэрэф Мухьэмэд щIэныгъэ куум зэрыхуэпабгъэри ди нэгу щIэкIырт: мо щIалэ псыгъуэ щхьэпэлъагэм портфелышхуэ иIыгъыу и анэшхэм, ди гупэмкIэ, блэкIыурэ махуэ къэс Налшык кIуэуэ, къэкIуэжу зэрыщытар ноби слъагъу хуэдэщ – ар кIуэр-къэкIуэжу щеджащ егъэджакIуэхэм я курсхэми, пединститутым егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэми, итIанэ, и IэщIагъэм зэрырилажьэм хуэдэурэ, щIэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэтащ.

Мис а лъэхъэнэхэм щыгъуэщ сэри КIэрэф Мухьэмэд сыщригъэджар. Гухэхъуэт апхуэдэ егъэджакIуэ уиIэну. Ар егъэджакIуэ къудейтэкъым – ущиякIуэ Iущт. УзэщIакIуэ телъыджэт. Абы дызэрыригъаджэр адыгэбзэмрэ литературэмрэти, а тIуми дыхигъэгъуазэу ди пащхьэм щитым деж урокхэр апхуэдизкIэ щIэщыгъуэ хъурти, и псэлъэкIэ дахэми жиIэхэм яхэлъ купщIэшхуэхэми дыщедаIуэкIэ, шыпсэ зэмыфэгъухэм щекIуэкI телъыджэлажьэхэм дыхэт хуэдэт.

*Жьыбгъэ, жьыбгъэ,*
*Куэд пхулъокI,*
*Пшэ гуэрэнхэр*
*Уэ къохуэкI! –*

Пушкиным и сатырхэм хуэдэхэр щапхъэу къыщытхуихькIэ, дэри а жьыбгъэр къытщIэпщэрти, ди псэхэр игъэпIейтейрт. Апхуэдэу ди егъэджакIуэ Iэзэм кIуэрыкIуэм тету езым адыгэбзэкIэ зэридзэкIырт Пушкинми Лермонтовми я усэхэр. Е «Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр Пшэм пхылъэту щытыгъакъым, Къимыгъазэу, щIыри хыри Зэпиупщ Iу ар къэсакъым», – жиIэу къригъэжьэнти, ЩоджэнцIыкIу Алий и усыгъэ хьэлэмэтхэм къытхуеджэнт.

Абыхэм щыгъуи нэрылъагъут КIэрэф Мухьэмэд езыри зэрыусакIуэр. Ауэ дэ ар тщIэртэкъым. Езыми зыкъыдигъащIэртэкъым. ИужькIэ къызэрысхуаIуэтэжамкIэ, тIуми я усэхэр ТхакIуэхэм я союзым яхьауэ щытащ. АрщхьэкIэ зэрагугъауэ я IэдакъэщIэкIхэр къызэрыщIэмыкIар, зыхуэза тхакIуэхэр IэплIэешэкIкIэ къазэрыIумыщIар щхьэжэ ящI, къыжраIахэр я жагъуэ мэхъури, тIуми я Iэ-я лъэр тхэным хущIохуж. Аркъудейкъым – ятхахэр ягъэсыж. Сэфарбий и жагъуэ дыдэ хъур езым и щхьэм къырикIуаратэкъым – Цуцэ (Мухьэмэд къыдалъхуахэм, и гъунэгъухэм яхэтт апхуэдэу къеджэхэри) и усэ къомымрэ и поэмэхэмрэ зэригъэсыжарат. Абыхэм ящыщ куэд гукIэ къысхуеджэрт Сэфарбий. Ауэ езы Мухьэмэд, ахэм я гугъу къыпхуищIыныр щыгъэтауэ, а Iуэхур игу къэбгъэкIыжыну фIэфIтэкъым. И жагъуэт. Ар зэбгъэщхь хъунур фIыуэ илъагъу гуэр зыIэщIахауэ абы и бампIэм ихьырат.

Ауэ, Тхьэм и шыкуркIэ, гукъеуэхэри зэ етIысэхыж хабзэщ. Уи псэр зэ зыхьэхуам къыбгъэдэхыжыгъуейуэ зэрыщытыр КIэрэф Мухьэмэд и дежи нэрылъагъу щыхъуауэ къыщIокI: егъэджакIуэу, школхэм я унафэщIу, нэгъуэщI къулыкъу IэнатIэхэри фIыщIэрэ щытхъурэ пылъу зезыхьэу лажьэ

КIэрэфым, къэзыгъэзэжыр Алыхьым къещтэ, жи, тхэн IэщIагъэми зретыж. Ар зэи IэщIыб имыщIа хуэдэт. ПцIы щхьэ упсын хуей, Iуэхур апхуэдэу зэрыщытыр япэ дыдэу зылъагъуу абы щыгуфIыкIар сэращ. Ар къыщыхъуар 1987 гъэм и гъэмахуэращ. ЛэжьапIэм сыщIэсу, телефоныр къоуэ. Къытесхрэ седаIуэмэ, къэпсалъэр КIэрэф Мухьэмэдт. Сэлам-чэлам нэужьым:

– Iуэху гуэркIэ сынышIыхьэнути, ухущIыхьэну пIэрэ, Кашиф?

– ЖыпIэр сыт?! Ахьей сыхущIыхьэн! Дэнэ уздэщыIэр, Мухьэмэд?

– Уэлэхьи, жыжьи сыщымыIэ: фи лъабжьэм щIэт телефонымкIэ сыныдэпсэлъейуэ арам.

– КъыщIыхьэ-тIэ, зиунагъуэрэ! Е зэ догуэт. Абдеж щыт, – жызоIэри сыкъожэх.

– Сытым укъытхуихьа, Мухьэмэд? – соупщI ауэрэ дыздыщIыхьэм.

– Уэлэхьи, Кашиф, сэ сыкъыфхуэзыхьар Алыхьымрэ сэрэ фIэкIа зыщIэ щымыIэ. ШейтIанхэм сыщамыгъэуауэ Тхьэм къыщIигъэкI. Си жьыщхьэ делагъэ гуэрхэм сыхыхьэжащи… ЕмыкIу сыкъыумыщI. НэгъуэщIхэм я деж хэIущIыIу зыщысщIыфынутэкъыми… ЯпэщIыкIэ уэ уэзгъэлъагъумэ нэхъ сфIэтэмэму…

– Зыгуэр птхауэ, къытхуэпхьауэ ара, Мухьэмэд? – сыкъытричу соплъ, къызитын дзыхь имыщIу фIэкIа умыщIэну и куафитIым телърэ Iэ лъэныкъуэри къызытримых папкэм.

– КъэпщIащ: си жьыщхьэ зыгуэр стхати…

– Мыдэ къапщтэркъэ-тIэ, зиунагъуэрэ! – соIэбэри папкэр и куэщIым къызох. «Лъэужь е лIэужь» – арат повестым зэреджэр. Зэрыхъуар сымыщIэу, Iэрытхыр псынщIэу зэтездзауэ иужьрей дыдэ напэкIуэцIым сыщеплъым:

– Уэлэхьи, Кашиф, укъеджэнуи утезэшэнуи урикъунмэ абы, – и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI мо лIы Iущыр.

– Тхыгъэшхуэмэ нэхъ къэсщтэнущи аращ, Мухьэмэд, – сIэщIэкIа щыуагъэр згъэзэкIуэжыну сыпылъщ.

– Сэ узгъэпIащIэркъым, тIасэ. УщыхущIыхьэ…

– ПIалъэ къыхэзмыгъэкIыу сыкъеджэнщ.

– Упсэу. Ауэ къызэрыпщыхъуар сэ къызжумыIэжауэ тхыгъэр нэгъуэщIхэм иумыгъэлъагъу… Си жьыщхьэ укIытэгъуэ сумыгъахуэ. ДызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, Мухьэмэд.

– Хъунщ-тIэ. Уи зэманыр пфIэзгъэкIуэдынкъым, – къотэджыж. – Тхьэмахуэ е тхьэмахуитI хуэдэ дэкIмэ сыкъыплъыгъуэзэнщ.

– ТхьэмахуитIи думыгъэкIыу къэпсалъэ.

ХьэщIэр зэрезгъэжьэжу тхыгъэм сыкъеджэн щIызодзэри… Утезэшэн дэнэ къэна, узыIэпишэрт абы – лIыхъужьхэм я образхэм я къэгъэлъэгъуэкIэкIи, и гъэпсыкIэкIи, бзэ и лъэныкъуэкIи. Хэт пцIы сигъэупсрэ, адыгэ литературэм иджыри къэс сыщрихьэлIатэкъым абы и фэгъу. Си IыхьлыгъэкIэ, си егъэджакIуэу зэрыщытам щхьэкIэ жысIэнкъыми, адыгэ литературэм, и ныбжькIэ мыщIалэжми (ар илъэс 65-рэ хъурт абы щыгъуэ), зи шыфэлIыфэ, зи гупсысэкIэ щIэщыгъуэ, зи псэлъэкIэ зиIэж тхакIуэ къызэрыхыхьэр нэрылъагъут.

А махуэ дыдэм сыкъеджащ Мухьэмэд и повестым. Тхыгъэр адрей си лэжьэгъухэми естыну си Iэпэр мэпIэжьажьэ – шэч къытесхьэркъым ар псоми ягу зэрырихьынум. Ауэ мобы и лъэIуми себэкъуэфыркъым.

Апхуэдэурэ тхьэмахуэ докI.

– Къалэм Iуэху гуэркIэ сыкъэкIуати… – жери Мухьэмэд темыгушхуащэурэ къопсалъэ.

– КхъыIэ, псынщIэу къыщIыхьэт! – жызоIэ мор сIэщIэкIыжын нэхъей.



6 Заказ №453

– Апхуэдэу щІэх укъеджэфамэ, уэлэхьэ, щІалэ ахъырзэману укъыщІэкІам, си анэш цІыкІу, – зэрихабзэу, и пащІэкІэ къыщІогуфІыкІ. И нэхэр къогуфІыкІ.

– А къыщыпхьа махуэ дыдэм сыкъеджат, Мухьэмэд, – жысІэу къезгъэжьауэ езыми и тхыгъэми тхъупсыр къезгъэжэхыу щыщІэздзэм:

– Сэ сыщІалэ цІыкІужкъым, Кашиф. Іуэхум Іыхьлыгъэ хэплъхьэу утыку сумыгъэлъадэ, – нэщхъей-нэщхъейуэ къопсалъэ. – Платон си дежкІэ лъапІэщ, ауэ пэжыр нэхъ лъапІэжщ, жи…

– Пэжыращи-тІэ, Мухьэмэд, мыр художественнэ тхыгъэ нэс хъуащ. Сэ жысІэр уи фІэщ мыхъумэ…

– Іа-ау, уэ сыт щхьэкІэ сыкъэбгъэпцІэн? Ауэ… нэ зыхуащІа къуаргъыр екуэкуншэу къыщІэкІыу набдзи схуэфщІ зэрыжиІэгъам ещхь сыхъунщи… Иджыри зыгуэр щхьэкІэ сынолъэІунут..

– ЛІот, Мухьэмэд?

– Уэ дзыхь пхуэзмыщІу, уи вкусыр къизмыдзэу аракъым. Ауэ, тІэкІу укъысщытхъуІуащи, Іуэхум Іыхьлыгъэ хыумылъхьауэ пІэрэ жызоІэри…

– Хьэуэ, Мухьэмэд! ПщІэжрэ?.. Дауи, уэ ар къызыхэпхагъэнур сыбгъэгушхуэн папщІэу къыщІэкІынт. Илъэс плІыщІкІэ узэІэбэкІыжмэ, еханэ классым дыщІэсу… Къыздеджэхэм сытрагъэгушхуэри… Уэзгъэлъэгъуат япэ дыдэ стха усэр…

– Уэлэхьи, Кашиф, ар сымыщІэж. ЛІот бжесІар? Мы иджыпсту уэ зэрыпщІым ещхьу, сыпщытхъуат? – и пащІэкІэ къыщІогуфІыкІ.

– Узыщытхъуни хэлътэкъым абы. Ауэ сытебгъэгушхуэри утыку сибгъэлъэдат… ТхакІуэхэм я союзым сыкІуэну чэнджэщ къызэптри…



– Дауи, абыхэм уэри укъагъэлъагъэнт… Ягъэ кІынкъым. Уэ ущІалэ цІыкІут абы щыгъуэ… СынышІолъэІунуращи-тІэ, си жыщхьэ сымыжэкъуэн папщІэ, уи хьэтыр, ди хьэтыр къилъагъурэ къемыхьэлъэкІынумэ, мыбы Сокъур Мусэрбий къысхуегъэаджи, къызэрыщыхьуам сегъэплъ.

– Уэли, хъарзынэм. Япэрауэ, Мусэрбий ди журналым и редколлегием хэтщ. КъимыдэкІэ, абырэ сэрэ зы унэ дыщІэсщи, пщыхьэщхьэ хущІэсхьэнщ… МахуитІ-щы дэкІмэ, къылъыгъуазэ…

– Іау, апхуэдэу дгъэпІэщІэну емыкІукъэ? ХущІыхьэгъуэкІэ къеджэмэ…

– Хъунщ, Мухьэмэд. Япэ къалэм укъыщыкІуэ къэпсалъэ…

Мухьэмэд къыщыпсэлъам и тхыгъэр еуэ-еуэкІэ хуэдгъэхьэзырт журналым къызэрытеддзэным. Мусэрбий абы хужиІам елъытауэ, сэ сызэрыщытхъуар зыми щыщтэкъым. Редактор нэхъыщхьэ Шэвлокъуэ Пётри адрей ди лэжьакІуэхэми ягу ирихьащ КІэрэф Мухьэмэд и повестыр. Ди журналым къытехуа нэужь, а тхыгъэми абы къыкІэлъыкІуэхэми куэдым псалъэ гуапэ хужаІащ. Сэри къытезгъэзэжу абыхэм аргуэру сащытхъуну аракъым – си щытхъуи хуэныкъуэкъым ахэр. КъыжыІэн хуейуэ къысщыхьур, сигу къеуэр нэгъуэщІщ: бетэмал, 1922 гъэм къалъхуа, 1993 гъэм дунейм ехыжа КІэрэф Мухьэмэд мащІэІуэщ адыгэ литературэм зэрыхуэлэжьар: илъэс зытхух къудейщ. Ауэ а зэман мащІэм къриубыдэу «Лъэужь е лІэужь», «Адэ щІэин мылъку хъурэ», «Сэфар», «Сэфар и щакІуэ хъыбархэр», нэгъуэщІ тхыгъэ гъуэзэджэхэри зи Іэдакъэ къыщІэкІа КІэрэф Мухьэмэд лІы и лъэужь къыхинащ адыгэ литературэм.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цІыхубэ тхакІуэ*

КӀЭРЭФ Мухьэмэд

# ЛЪЭУЖЬ Е ЛӀЭУЖЬ

*Повестым щыщ пычыгъуэхэр*

ЦӀыхум и псэукӀэм, и дуней тетыкӀэм ехьэлӀауэ щыӀэщ адыгэ псалъэ – кӀэгъуасэмыщӀ, – жари. КӀэгъуасэмрэ кӀагъуэмрэ зэхэгъэгъуэщэн хуейкъым. КӀагъуэр – ар уэздыгъэ уэнжакъым е унэ кӀуэцӀ блынхэм Ӏугъуэм трищӀэ фӀыцӀагъэ лъэужьыращ. Ар кӀэгъуасэкъым иджыри. КӀэгъуасэр жьэгу, пэшхьэку уэнжакъхэм я кӀуэцӀым, сагъыз фӀыцӀэм хуэдэу, тыкъыртыкъыру е, сабэм хуэдэу, щабэу ирищӀэ сахуэращ. Уэнжакъым кӀэгъуасэ куэд ирищӀэн щхьэкӀэ, куэдрэ, щӀэх-щӀэхыурэ мафӀэ илъын хуейщ, куэдрэ щыпщэфӀэн хуейщ. Куэдрэ пщафӀэм зыхуеи егъуэт, хуэщӀащ, ипщэфӀын иӀэщ. Абы кӀэгъуасэ ещӀ. КӀагъуэ пщӀынымрэ кӀэгъуасэ пщӀынымрэ зэхуэдэкъым, япэр Ӏейщ – ІэфӀейлъэфӀеигъэщ, етӀуанэр – фӀыщ – къулеигъэщ. Арагъэнщ къызыхэкӀар адыгэ псалъэ – кӀэгъуасэмыщӀыр – дахэ-дахэу унагъуэ мыхъу, псэукӀэмыщӀэ – къикӀыу. КӀагъуэ зи куэдыр хуэмыхущ, ауэ кӀэгъуасэмыщӀыр тхьэмыщкӀэщ. «Унагъуэм ис цӀыхубзым и зэфӀэкӀыр я уэздыгъэ уэнжакъымкӀэ къызощӀэ», – жиӀэу щытащ Долэт. Ауэ езы тхьэмыщкӀэр и щӀалэгъуэ дыдэм къыщыщӀэдзауэ кӀэгъуасэмыщӀхэм халъытэу къекӀуэкӀащ куэдрэ. ЩыӀэт а зэманым апхуэдэ куэд, «аӀэ, фытемыпсэлъыхь абы, кӀэгъуасэмыщӀщ ар», – жыхуаӀэм хуэдэу. Абы щыгъуэ зыри егупсысыртэкъым, сыту пӀэрэ цӀыхум и тхьэмыщкӀагъэр къызыхэкӀыр, езым и хуэмыхугъэ, хьэмэ цӀыху зэхэтыкӀэм щыщ къуаншагъэ, – жаӀэу.

Долэт кӀэгъуасэмыщӀу щӀыщытар езыр мылажьэу, щхьэхынэу аратэкъым. Ар къызыхэкӀакӀи езым и щытыкӀэкӀи лэжьэн фӀэкӀа зэштегъэугъуэ яӀакъым, езэшынуи хущӀыхьакъым. Долэт къэзылъхуа и Ӏыхьлыхэр мы хэкум, Къэбэрдейм къызэрихьэрэ, зэрыщыпсэурэ куэд дыдэ щӀакъым. XIX лӀэщӀыгъуэм и щӀэдзапӀэ дыдэхэм XVIII лӀэщӀыгъуэм и кӀэуххэм ирихьэлӀэу Мейкъуапэ къурашри фызабэ гуэр Мэремхэ къашащ. Абы анэдэкӀуэу щӀалэ цӀыкӀу щӀыгъуащ, Хьуд и цӀэу. Абы и ужькӀэ мыгувэу щӀалэ цӀыкӀум и адэнэпӀэсри и анэри лӀэри къэзыша лъэпкъым зеиншэу къахэнащ. Къэзымылъхуа лъэпкъым зеиншэ къабзэу къахэна сабийм хэт игу щӀэузынт, хэти кӀэлъыплъыжынт? Абы ищӀыӀужкӀэ къэзышари жьгъейми, уэркъ лъэпкъти, щӀалэ цӀыкӀур хьэиху-бжэхуэщӀу, унэӀуту (мыунэӀут дыдэми, ӀуэхутхьэбзащӀэу) къыӀунащ абы я деж. Ауэрэ уэтэртес хъуащ, Ӏэщхэм мэкъу яритыфу, ӀэщӀэлъынхэр иудэфу, псафэ ихуу. Анэ-адэӀэ щабэрэ дахэрэ зымылъагъуу цӀыху гущӀэгъуншэ, гу быдэхэм я псалъэ пхъашэмрэ гугъуехьымрэ къыщӀэтэджыкӀа сабийм щӀалэ бэшэч къыхэкӀащ. Езыри лӀы пхъашэ быдэ хъуащ. И къэхъукӀам къыхихагъэнт: дунейм дахэ гуэррэ ӀэфӀыгъэ гуэррэ щыӀэуи и фӀэщ мыхъужу гъащӀэми гузэрыдзэ хуищӀат. Щыгъын шэджэладжэмрэ гъэмахуэми щӀымахуэми псыхъуэм зыщигъэпскӀыу зэресамрэ (нэгъуэщӀ Ӏэмал къызыхыхьа лъэпкъым щимыгъуэту) и Ӏэпкълъэпкъыр фэжьӀужь хуащӀат щӀыӀэри хуабэри зыхимыщӀэжу. ЩӀымахуэ жьычми лъахъстэн вакъэрэ цей пцӀанэу къикӀухьыныр зыуи къыщыхъуртэкъым. ЛэжьыгъэкӀи, пэхъун щымыӀэ жыхуаӀэм хуэдэу, нэпсейт. Ӏуэху зыбгъэдэувар зэфӀиудырт, псынщӀэу икӀи шэрыуэу. Хьуд и жыджэрагъымрэ и лэжьэкӀэмрэ щӀэхыу гу лъызыта Мэремхи ар лэгъупэжь ящӀащ,

абыкIэ пщIэ лей хуащI я гугъэжу. АрщхьэкIэ ар езым хьэлъэ лейуэ фIэкIа, пщIэ лейуэ къыщыхъуакъым. ИтIани илъэс зыщыплIым къриубыдэу Мэремхэ я Iэщ, щIэх-щIэхыурэ сэрмэлычым ихьу щытам, абы и лэжьыгъэм къыпхуэмыщIыхужыну зыдиузэщIащ. Бацэр тенэжауэ, ебыркъ-ешыркъыу гъэмахуэ техьэу щыта хъушэхэм иджы я фэр дзыгъуэцым хуэдэт, цIууэ, нэр щыджылу щIымахуэ щIэкIырт. Хьуд и псалъэр уэтэрым, хэбгъэзыхьмэ, Iэщ зехьэным и Iуэхугъуэ псомкIи лъэпкъым зэрыщыту унафэ щыхъуащ. Уэтэртесхэри абы жиIэм фIэкIа зыми едэIуэжыртэкъым...

Пщыхьэщхьэ гуэрым, Iэщхэри зэгъэжауэ, Iэщыхъуэхэри лъапцIэу, я вакъэ-лъейхэр мафIэмкIэ ягъэгъущыжу здэщысым, уэтэрыхьэхэр банэу зэрехьэжьащ. Я банэ макъымкIэ къапщIэу, ахэр жыжьэ IумыкIыу къэувыIащ, ауэ банэ макъыр зикI кIащхъэ хьуртэкъым, нэхъри зиIэтырт. Iэхъуэхэм ящыщ зыгуэрым и вакъэр псынщIэу лъитIэгъэжу щIэкIыну зыщричым, Хьуд къэтэджащ:

– Хьэуэ, фэ зыфтIэщIыжащ, фыщыс, зывгъэгъущ, сэ сыплъэнщ, – жери.

Жэщыр Iуву кIыфI хъуат. Уэс ныкъуэтекIыжу щIы щхьэфэ къуэлэныр, уздэбэкъуэнур умыщIэу, пхыхуа-пхыхуауэрэ плъагъурт, пшагъуэ псыф щIыIэри щIыгум хьэлъэу къытегъуэлъхьат. Ауэ Хьуд а щIыпIэр вакъапхъэ зырызу ицIыхурти, къэплъэнэфыгъэ лъэпкъ хэмылъу хьэхэр къыздибэныкIымкIэ жыджэру ежьащ.

– Парий! Парий, фыбэяу!

Хьэ щхъуэшхуэ гуэр, тхьэкIумэ къуагуэу, яхэтт, зы хьэ-хьитIым, игъэпщIэууэ, едзэпкъауэри а здэщытым и деж гъуэлъащ, адрейхэри зыри жамыIэжу игъуэлъыкIащ, я гупэр здэгъэзауэ щытамкIэ плъэуэ. Хьуд тэлайкIэ зиплъыхьащ, хьэмбыIуу етIысэхри щIэплъащ, къэтэджыжащ. Зыри илъагъуртэкъым. Хьэхэр иуштыжыну гукъэкI щищI дыдэм щэIу макъ къызэхихащ. Зыгуэр хьэлъэу щэIурт: ы-ыхь, ы-ыхь, ы-ыхь. АбыкIэ лъэбакъуэ зытхух ичри, уэс зытемылъыж щIы пцIанэ псыфым хэIубауэ зы лIышхуэ хэлът.

– Сыт, гущэ, тхьэмыщкIэ, къыпщыщIар, хэтхи уащыщ? – зригъэзыхащ Хьуд, лIыр къигъэтэджыну. И блыпкъыр иубыдри щIым къыщытриIэтыкIым, апхуэдизу хьэлъэу щэIуам хуумыгъэфэщэну и Iэхэр зыщIигъакъуэри езым и къарукIэ къэтэджащ. Ар зыхуэмыубыдыжу кIэзызырт, и дзэхэр зэтеуэрт, техьэгъуэ бзаджэ зытехьам хуэдэу. Iуэхур къаугъэншэу зэфIэкIыу щалъагъум, хьэхэри къэтэджыжри, я кIэхэр щIаупскIэягъэкIэрахъуэу Хьуд и щIыбагъым дэувахэщ, хьэуам хэпамэу. Хамэ цIыхум и мэр зрагъащIэ хьунт. ЛIым зыри жиIэртэкъым, Хьуд иIыгъ и Iэблэри къытрихыжыртэкъым.

– НакIуэ, – къришэжьащ ар Хьуд. ЛIым лъэбакъуэ зытIущ нэхъ къимычу къэувыIащ.

– Сурианэмэтщ, цIыхугъэ уиIэмэ, сыбгъэпщкIуфынумэ, зы заулкIэ сыгъэпщкIу. ЦIыху бзаджэ къыстеплъэну сыхуейкъым, – лъэIуащ ар. А лъэIум и къару псори хилъхьа хуэдэт.

– Тобэ ярэби, тобэ, ар дауэ жыпIэрэ. Мыбы узыщышынэн зыри щыIэкъым. Сэ уэ узихьэщIэщ. НакIуэ, – арати, Хьуд и хьэщIэр уэтэрым къытришащ, хуэсакъыпэу и Iэблэр иIыгъыурэ. Хьуд и щытыкIэкIэ апхуэдэу гумащIэу гу лъыптэртэкъым: ирихьэлIатэкъым гумащIагъ кърахыу, псалъэ гуауэ къыжраIэрэ къэщхьэфауэрэ фIэкIа. Ауэ езым хуэдэ цIыху егуха тхьэмыщкIагъэ ихуауэ щилъагъум и деж гущIэгъуу иIэ псо-

ри къызэщIэрыуэрт, хузэфIэкIыну псори, хэбгъэзыхьмэ, хузэфIэмыкIыну къыпфIэщI псори апхуэдэм хуищIэнут. Апхуэдэт а пщыхьэщхьэм зыхуэзари. Ар пщыIэ пыхукIам щIишэу и закъуэ дыдэ фIэкIа, нэгъуэщI къытемыплъэу щигъэзагъэм, къыхудэплъейри жиIащ:

– КъысхуумыщI губгъэн. Сэ куэдрэ гугъу уезгъэхьынукъым. Дызэхуэдэ муслъымэнщ, – зэхищIыкIат абы, пцIы хэмылъу, езыри Хьуди зэрызэщхьыр. Хьуд уэздыгъей ласкIэ щIигъанэри къубгъан быдзым иригъэмбащ. Щэдагъэ щIэгъэфа пхъэ ласкIэр пIэнкIыу блэуэрэ пщыIэр къигъэнэхуащ, зи щхьэр анэмэту уэтэртесхэм я деж къезыхьэлIа лIы мыцIыхури кIыфIым къыхипхъуэтри нэрылъагъу къищIащ. Ар лIы гъур кIыхьт, и ныбжькIэ лIыку хужыпIэну. И щыгъынкIэ фейцейт, IэпцIэлъапцIэт, и гуэншэрыкъ лъэгур щIэлэжьыкIри, напэр къыдрикъеижауэ и лъапщэм фIэльт. Езыр лъапцIэу щIым щытт. И кIэзызыр иджыри мыувыIауэ, плъыржьэрыгъэр жьэражьэу къыжьэхихырт. ЩIыIэ къеуа хъунт. Адыгэ хабзэти, Хьуд и хьэщIэм пкърымыупщIыхьу зыхуей хуигъэзащ. Шэ гъэпщта пщтыр иригъэфащ, ауэ щIагъуэу хуэшхакъым. ПIэ хуищIри быдэу щIиуфащ, пщIэнтIэн и гугъэу.

– Сыт ар, Хьуд, куэдрэ укъэтаи? – къеупщIащ абы, Iэщыхъуэхэм щахыхьэжым. Махуэ псом гугъу ехьахэм я Iэпкълъэпкъ ешар хуабэмрэ жеймрэ хущIэлIэжауэ, хэт щхьэукъуэрт, хэт нэхупцIапцIэ хигъэкIыу зиукъуэдийуэ инрэ IэфIу хущхьэрт, хэти дыдрэ фэдэнрэ къищтауэ гуэншэрыкъ идыжырт. Дэтхэнэ зы уэтэр пщыIэми пщыхьэщхьэкIэ, цIыхухэр етIысылIэжа нэужь, щекIуэкI хабзэ гъащIэ теплъэгъуэт.

– Зыри щыIэкъым, сщIэркъым хьэхэр щIэмыувыIэр, – зибзыщIащ Хьуд.

– Алмэстыуэ къыщIэкIынмэ, – ищIащ шэч зыгуэрым, ину хущхьэурэ. Адрейхэри зэдэууэ абы дэхущхьащ, ауэ зыми ауан ищIакъым абы жиIар.

– КъэпщIэпаи, апхуэдэу гъунэжу хьэрэ цIыхурэ здэщыIэм ар къэмыкIуэни. Ар здэкIуэр уэтэрыжь бгынэжахэр, хадэ кIырхэращ, – жиIащ нэгъуэщI зыгуэрым, а IуэхумкIэ нэхъ щIэныгъэ куу зэриIэр къигъэлъэгъуафэ тету, ахъумэ езы алмэстым шэч лъэпкъи къытримыхьэу. А зэман жыжьэм щыгъуэ ахэр уи фIэщ мыхъунри дуней Iуэхухэм зыри хыумыщIыкIынри зэхуэдэт. Щхьэукъуахэри къэжыджэрыжауэ даIуэрт.

– ПщIэнукъым, е мэжалIэ малIэ, е щитIэгъэн гуэр хуейщ, къэкIуэнкIэ хъунщ.

– Тхьэ дыгъыIэ, къэмыкIуэнкIэ, гын пут егъэшхи, дэ къомыр мыбдеж дытесу, – жиIащ вакъэ зыдыжым, фэдэныр быдэу пхрилъэфурэ, – ар къыщыкIуэнур дэ дыщытемысым и дежщ, зыхуей гуэр игъэбзэхыну.

– ЗикI, игъэбзэхын жыпIэмэ, дыгъуэрабзщ, – къыщIидзэжащ алмэстыр уэтэрыжь бгынэжа фIэкIа мыкIуэу жызыIам, – сэ сыцIыкIут абы щыгъуэ. Бжьыхьэ гуэрым дадэрэ нанэрэ щэдж Iуэж сыздашат ТIуащIэм. Мэш щэджхэр адэ жыжьэу хьэсэкум итти, абы нэс ди пщыIэр имыхьу хьэсэпэм и деж псы Iуфэм IуищIыхьащ дадэ. Дэ пщэдджыжьым жьыуэ дытекIырти, щэджхэр здэщыIэм дыкIуэрт, жэщ хъуху мэшыр тIуэрт: хьэм ящIауэ щэджыр къызэтрахыжурэ лъэхъийуэ абы тракъухырт, сэ выхэр а хьэмым хъурейуэ къыщесхуэкIырт. Шэджагъуашхи дыкъытехьэжыртэкъым: махуэхэр кIэщI хъуат, бжэныкIэм ещхьу. Махуэ зытIущ дэкIауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым дыкъытехьэжмэ, нанэ зыгуэрым мэлъыхъуэ, уэр егъэз, щIыр егъэз, мэгъуматIымэ, зыхуэшхыдэри щIэгъуматIымэри къыпхуэмыщIэу.

– Сыт, гущэ, къэхъуар? – жиIащ дадэ, еша-ешауэ.

– Ан-на, си цыхъарыр згъуэтыжыркъым, щIыр зэгуэхуу дэхуами ярейщ. Флъэгъуа фэ? – Ар щIымахуэ кIуам езым зэрихъауэ цыхъар хуабэшхуэт, и щхьэри и плIэри игъэхуабэу.

– Хьэмым къытебна хъунщ, дэнэ кIуэн, – фIэIуэхущакъым дадэ.

– Къытезнар сэ сщIэжыркъэ, пхъэлъантхъуэм фIэздзэри сынытекIащ.

– Хъунщ, къыкъуэкIыжынщ. УпщэфIэху, нышэдибэ къэна хьэнтхъупс тIэкIур къыдэтыж, – мэжалIэ дылIат. Пхъэлъантхъуэм фIэдза шыуан цIыкIур къыфIихыу иплъэмэ, нанэ къэуIэбжьащ, хъупри шыуанри Iэ зырызымкIэ иIыгъыу къытхуигъэпIиящ.

– Ассымыгъуэзэрабгт! Мыбы итари дэнэ кIуа? Ари хьэмым къытезна, гущэ?

Дади жиIэнур имыщIэу зэ шыуаным иплъэрт, зэ сэ къызэплъырт.

– Дадэ, сэ уэ суригъусащ жэщ пэплъэ нэс. ПщIэжыркъэ?

– Хьэуэ, дауи, уэракъым ар изыфар, – жиIащ итIанэ си адэм, – ар изыфари цыхъарыр зыдыгъуари зыщ.

Абы и ужькIэ шхын гуэр пщыIэм къытедмынэу дытекIакъым. Си адэм и унафэкIэ нанэ зы шхын гуэр зыгуэрым илъу пхъэлъантхъуэм фIидзэрти къыигъанэрт. ДыкъытехьэжыхукIи ар зэрылъар къэбзеижауэ дыкъыхуэзэжырт: «Хэт, дадэ, ар зышхыр?» – жысIэмэ, «Ар уэ пцIыхунукъым иджыри», – жиIэ фIэкIа, сигъащIэртэкъым. Нанэ ищIэу къыщIэкIынт, сыту жыпIэмэ ар и цыхъарми щIэупщIэжыртэкъым. Пэжщ, зэ жиIэу зэхэсхат «цыхъарыр къытехыжын хуейщ», – жери, ауэ си адэм идакъым, «ар уи бий нэхърэ, уифIмэ нэхъыфIщ», – жиIащ абы. Ауэрэ ди пщыIэм нэгъуэщI зыгуэрхэри къыщыхьуу щIидзащ. ПщыхьэщхьэкIэ дыкъытехьэжмэ, нанэ пщэфIэн фIэкIа, нэгъуэщI ищIэн имыгъуэтыжу нэхъ зигъэпсэху хъуащ: пщыIэ кIуэцIри бжэIупэри къабзэу зэщIэпхъэнкIауэ, пэгунми шыуанми ярыз псы къабзэ тету, жьэгущхьэм къуацэ-чыцэ гъур IэплIэ бгъэдэлъхьэжауэ дыкъыхуэзэжырт. Абыи къыщыфIыкIыжщ си анэри, жэщкIэ дызыхэлъа пIэр Iуимыхыж хъуащ, а лэжьэгъу къытхуэхъуа мыцIыхум и пщэ ари дилъхьауэ. ЕтIуанэ махуэм дыкъыщытехьэжам пIэри Iухыжат, ауэ хъуатэкъым: шхыIэным и щIэбзэ хужьыр къыдэгъэзеяуэ зэкIуэцIылъхьат. Ар зэрыщытын хуейм хуэдэу си анэм ищIыжащ. Абы гу лъитэри, къыкIэлъыкIуэ махуэхэм пIэхэри, нанэ зэрищI дыдэм хуэдэу, Iуихыжу щIидзащ. Мис ар губгъуэ нанэт! ЦIыхуфIым хуэдэу къыдэсат.

– АдэкIэ-щэ? – щIэупщIащ и пщыIэгъухэр, хъыбарым и кIэр къащIэну.

– АдэкIи? АдэкIи лIо... Пщыхьэщхьэ гуэрым дыкъытехьэжащ ди пщыр къэкIуауэ, и хьэ джафэхэри и гъусэу. Абыхэм ягъэщтагъэнт, иужькIэ зэи къытлъыгъуэзэжакъым, и Iыхьэхэри ишхыжакъым. Сыт къэдгъанэми, зыри емыIусауэ, зэрыщыту дыкърихьэлIэж хъуащ. Дэри афIэкIа Iыхьэ хуэтщIыжакъым – къыдэлеекIыщэртэкъым.

– Сыт хуэдэ и сурэт дыдэр а алмэстым? Уэ уи нэкIэ езыр плъэгъуа?

– Бэяу! Уи жьэм псы жьэдэгъэжыхьыж. Абы и цIэ дыдэр жаIэркъым! Ар фIэфIкъым абы. Губгъуэ нанэщ зэреджэр.

Гупыр зытэлайкIэ псалъэмакъыншэ хъуащ. ПщыIэкум илъ мафIэм и пIэнкI макъыр къыдэуеящ. ПIэнкI хъуаскIэ цIыкIухэр Iугъуэ хуабэ зызыIэтым нэшэкъашэу дришейуэ пщыIэщхьэ Iугъуэ икIыпIэмкIэ ирихырти, вагъуэижхэм хуэдэу, жэщ кIыфIым хэкIуэдэжырт. ФIыцIэрэ цIууэ кIэгъуасэм ириIа арэф лэрыджхэр мафIэ бзий нэхум къыпэлыдыжу къыхэщырт кIагъуэ хъуа бгъэным. Iугъуэмэмрэ кIэгъуасэмэмрэ сырымэ жану,

блын лантIэ хуэдэ, нэкIукIэ уIуурзу щызеуэрт пщыIэ кIуэцIым. Къэхъу адыгэ лIэужьхэр зэблэкIыурэ лIэщIыгъуэ куэдкIэ зэса гъащIэмэ хьэлъэт. Зыми зыри жиIэртэкъым. Хьуди щыму, ауэ нэгу жанкIэ къахэплъэу дэст пщыIэ жьантIэм, упщIэ фIыцIэ зытеубгъуа мэкъу щIэлъыным хэсу. Хэт ищIэнт ахэр асыхьэтым зэгупсысыр. Щхьэж и щхьэ Iуэху егупсысрэт, хьэ-мэ хъыбарыр щхьэж езым къызэрыщыхъуам хуэдэу зэригъэзэхуэжрэт...

Хьуд зэгупсысыр игъэпщкIуа лIырат. Алмэсты хъыбар и Iуэхутэкъым абы. Пэжу, фIыуэ къыхидзат ар Хъанбий, алмэсты хъыбарри зэран къыхуэхъуатэкъым, нэгъуэщI мыхъуми, уэтэртесхэр зэкIэ тригъэуат, езым къыкIэрымыхъыжьэу. «АдэкIэ дауэ хъуну? – иригузавэрт игъэпщкIуа тхьэмыщкIэм и Iуэхум. – ТеплъэIа мыхъунумэ, дауэ ящысхъумэну ар уэтэртес гупым? Езыр зищIысри сыт, дэни къикIа? Къуаншагъэ зэрихьэу, лъы къищтэу зыкъигъэпщкIужа, хьэмэ нэгъуэщI мыгъуагъэ гуэрым кърихужьа? Сыту щытми, сэ си къалэныр згъэзэщIэн хуейщ зи щхьэ къызэзыхьэлIар хъумэнымкIэ. АбыкIэ си уэтэртесэгъухэри къыздэIэпыкъунщ: дэ псори дызэхуэдэ тхьэмыщкIэщ, лей зетхьэркъым, къыдах мыхъумэ. ЯжесIэнщ абыхэм... ауэ иджыпсту яжесIэнкъым. Абы япэ къихуэу езым и Iуэхур зэрыщыт дыдэр къэсщIэн хуейщ, ауэ абыкIи иджыпсту уеупщI хъунукъым, тIэкIу зыкъимыужьыжу», – зыхуищIыжащ Хьуд игукIэ унафэ белджылы. Махуэ гугъуехьхэм я ужькIэ пщыхьэщхьэ кIыхьхэр зэрагъакIуэр хъыбар Iуэтэнти, иджыри ежьэхэрт хъыбар гуэр къыхадзэным. Арат зытегъэупIэу ягъуэтыр. Пэжым ухуеймэ, нэгъуэщI гурыфIыгъуи щаIэ къэхъурт уэтэр пщыIэхэм. Апхуэдэт, псалъэм щхьэкIэ, жаныгъэкIэ, къарукIэ, IэкIуэлъакIуагъкIэ зэпеуэныр: жэрыгъэрэ лъэнкIэ, къарукIэ зэпеуэхэрт, шы къызэдагъажэрт, пыIэзэфIэхь джэгурт. Ауэ апхуэдэ джэгукIэхэр къащехъулIэр зэзэмызэ дыдэт, сыту жыпIэмэ, абы щхьэкIэ махуэ, зэман ухуейт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ухущIыхьэн хуейт. Апхуэдэ хущIыхьэгъуэ, хуеиху, дэнэ кърахынт а тхьэмыщкIэхэм. Абы ищIыIужкIэ нэгъуэщI гугъуехьи хэлът абы – текIуэхэм саугъэт хуащIын яIэн хуейт. Саугъэтыншэу зэпебгъэуэныр гъэщIэгъуэнтэкъым. КъызэщIэплъэхэртэкъым. Саугъэт ящIын нэгъуэщI щамыгъуэтым и деж шатэпхъампэ ящIырт. Ар зищIысри? Е-е-е, гуимыкIыжу ерыскъы IэфIщ ар! Бжьыхьэ къэс, гъэшым и Iувыгъуэм деж апхуэдэ зэ иригъэщIырт Хьуд, щIалэхэр зэдигъэджэгуну. Шэр пщыхьэщхьэм ягъэпщтырт, ауэ къагъэкъуэлъапэртэкъым, къэкъуэлъэным зэрынэсу лъахъшыр драгъэлъеижырти, шэ шыуаныр мафIащхьэм лъагэу фIэдзауэ нэху кърагъэкIырт. Ар шэр щIагъэпщтхьауэ арт. Апхуэдэу щIэгъэпщтхьа шэм и щIыIум шатэ вэгъу Iув трещIэ (вэгъу щыжытIэкIэ, вэгъу къурэ гъуркъым – тхъум хуэдэу IэтIэлъатIэу, ауэ быдэу зэрыIыгъыу апхуэдэ шащхьэщ. Аращ адыгэхэм япэу шатэ зыфIащар, ахъумэ иджы птулькIэм иракIэ шатэр сыт?). А шащхьэ дияр къытрахыурэ зэбгъурагъэжырт, шатэ кIапсэу, бэлагъым хуэдэу, пхъампэшхуэм трашэрт, кIэструл цIыкIу хуэдиз хъуху. Аращ шатэпхъампэкIэ зэджэжыр. Апхуэдэ саугъэт зылъысми зигъэгусэртэкъым. Адыгэ уэтэрыжьхэм уащIехъуэпсэн зыри щыIакъым. Ауэ иджыри, дяпэкIи шатэпхъампэ ящIыфу щытамэ, нэхъыфIт. Ари зы ерыскъыгъуэ IэфIу яшхынт цIыхухэм. АрщхьэкIэ зи гугъу тщIы пщыхьэщхьэм апхуэдэ Iэмал яIэтэкъыми, алмэсты хъыбар гуэрыр къыщIадзэжащ.

– Губгъуэ нанэр, ар лейземыхьэщ икIи леймыгъэгъущ. ИгъащIэкIэ и зэран къокIынукъым, уэ уемыкъуэншэкIмэ. Хэбгъэзыхьмэ, сэбэп къыпхуэхъунущ, укъихъумэнущ, – кърыгъэжьэжащ япэрей хъыбарыр жызыIам. –

Аргъынэкъуэ фоцIыху фэ. Ар къуэ куу кIыхьщ, и Iуфит Iыр къуацэ-чыцэ кIыру, къуащхьэм, шэджынащхъуэм хуэдэу, псынэ щIыIэмыл къыщыщIожри къуэм и кIыхьагъкIэ щожэх, адэкIэ Псышхуэ холъэдэж. Къуэм и сэмэгурабгъум къуажэр Iусщ, и ижьырабгъур мэз лъапэм нэс мэкъупIэ бэвщ, аргъынэр къыпхуемыхьэкIыу. Мис а къуажэм щыщ унагъуэ гуэрым (я лъэпкъыщIэри къызжаIати сщыгъупщэжащ, къуажэ гъунэ дыдэм, къуэ Iуфэм и гъунэгъуу щысщ ар), къеуэсащ губгъуэ нанэ. АтIэ ари псэуну хуейщ. Зыгуэр хуэныкъуэ мэхъу, е шхын, е щыгъыныкIэжь сыт, е, хэбгъэзыхьмэ, Iэмэпсымэ-хьэпшып гуэрхэм. Зэ абыхэм я хадапхэм къуанщIэгъащтэу ит пыпхэм щатIэгъа бостеиплIэжьыр кIуэдащ, зэ ягъэгъущын щхьэкIэ бжэгъу щхьэкIэм кърадза жьыщIыгъэр ягъуэтыжакъым, зэ ягъэгъуну бжьыхьэкIапэм къыфIадза лы кIапсэр фIэмылъыжу къыщIэкIащ. ЦIыху ахьмакъхэр а псоми егупсысакъым, бостеиплIэжьымрэ жьыщIыгъэмрэ жьым фIихауэ тралъхьэщ, лы кIапсэр къуаргъым фIишхыкIауэ жаIэри – абыкIэ зэфIэкIащ. Ауэ абыкIи иухакъым, а унагъуэм я деж нэгъуэщI телъыджэхэри къыщыхъуу хуежьащ. Ахэр езыхэр зэрыхъур цIыхуиплIт: лIымрэ фызымрэ, сабий цIыкIуитI – зым лъэтеувэ мэжаджэ хуащIа къудейуэ, адрейр цIынэ дыдэрэ быдзафэу. Ахэр лэжьакIуэ щыкIуэм и деж пщIантIэм зыри къыданэртэкъым, ухуеймэ, псори зэрыщыту гъэIэпхъуэ, зыми укъащIэнутэкъым. Гъатхэт. Лэжьэгъуэ зэмант. ЩIы псыIэ хуабэмрэ гъатхэ дыгъэмрэкIэ зызыгъэнщIу къежьа къэкIыгъэхэр плъагъун къудейуэ гухэхъуэт. ЩIанэхэр бэвыгъэкIэ укъагъэгугъэу щхъуантIэ-фIыщIафэт, пIащэт. Жыг пщIащэхэр, дэтхэнэ зыри жьауэ пхуэхъун хуэдизу, тхьэрыкъуэф щIыкIэт. ИтIани, гъавэ щIанэхэр, гъавэ бэв хъун щхьэкIэ, зехьэн, елэжьын хуейт. ЛIым выгур зэщIищIэри гущэр иригъэуващ, и фызри сабий цIыкIуитIри иригъэтIысхьащ.

– Сэ сыкъэбгъэнами хъунут, ди унэ хадэри зэщIэкIэжащ, бжьынри бжьыныхури пщIэн хуейщ, – жиIат фызым, арщхьэкIэ лIым идакъым, IумпIэр иубыдри дишащ. Куэдрэ къэта, мащIэрэ къэта, кIыфI хъуа хъунт къыщысыжами, сабийхэри жея къыщIэкIынти, пщыхьэщхьэшхи мышхэу гъуэлъыжри нэху къекIащ еша-елIахэр. Пщэдджыжьым фызыр хадэм ихьэмэ, елъагъу: и бжьын хьэсэри и бжьыныху хьэсэри къабзэгъурыджэу пщIащ, удзыжь лъэпкъ тетыжкъым. Ауэ къытрача удзри дэнэ кIуа? ХьэсэбэкъухэмI зы удзыжьи дэлъкъым, хадэми илъкъым. И лIым къеджэу щригъэлъагъум, абыи фIэтелъыджэ хъуащ.

– Уэлэхьи, гъэщIэгъуэнмэ! Хэт ипщIа? Зыгуэрым ипщIами, къытрапщIыкIа удзыжьхэр дэнэ кIуа? Хьэмэ мелыIычхэм я нэфI къыпщыхуауэ удзыжьхэр щIы щIагъымкIэ екIыхыжа? Е хьэршым здахьа?

– А сымахуэт, атIэ пэж дыдэу пIэрэ, – фIэфI хъуащ фызым а иужьрей псалъэхэр. АрщхьэкIэ заплъыхьыIуэри гу лъатащ хьэсэбгъухэми хьэсэкухэми лъапцIэ лъэужь иIэхэу. Ар цIыху лъэужьым ещхьт, ауэ и лъэпхъуамбэшхуэхэр куэдкIэ нэхъ кIэщIт, и лъэкIуэцIымкIи егъэлеяуэ хуэIушэт. «Хьэуэ, ар мелыIыч лъэужькъым», – жиIащ лIым, мелыIыч лъэужьыр фIыуэ ицIыху хуэдэ. «Хэт и лъэужьми, алыхьым фIыгъуэр къыхуищIэ, къыздэIэпыкъуащ», – хъуэхъуащ фызри игукIэ. Гъунэгъухэм еупщIахэщ: «Ярэби, дыгъуасэ ди хадэм итыIауэ фымылъэгъуауэ пIэрэ?» – жари. «Тлъэгъуакъым. Тлъэгъуамэ, алыхь, итхужынтэмэ. Iисраф ящIа мыгъуэ?» – гузэващ ахэри. АрщхьэкIэ Iуэхур зытетыр къыщащIэм, хъыбарыр зэпрадзыжурэ хьэблэм дэз хъуащ. Псоми зыжьэу ягъэIуащ а унагъуэм жин пэшэгъу

ягъуэтауэ, ари – жин хужьу, къакIуэурэ хадэм еплъахэщ, зэрагъэщIэгъуэныр ямыщIэу. ИужькIэ фызыр Аргъынэкъуэ псыхьэ дыхьауэ къыщилъагъужащ хьэсэхэм къытрапщIыкIа удзыжьхэр зэхуэхьэсарэ абы щыхыфIэдзэжауэ. А хьэблэм дэст дуней ицIыхуу, гъащIэ игъэвауэ лIыжь губзыгъэ гуэр. Ари къакIуэри къажриIащ, башышхуэ щIэгъэкъуауэ куэбжэпэм къэуври: «Фэ, сытми, пэшэгъуфI гуэр вгъуэтащ, фи насыпщ. Ар езыри зыгуэркIэ къыфщогугъри ерыскъы тIэкIу, ныкъуэшхми, кIэкъинэми, ягъэ кIынкъым, нэхъ къыщигъуэтын зы щIыпIэ и деж къытевнэурэ фыщыт. Фи Iыхьэ ишхынкъым абы. Щыгъыныжь гуэрхэр вгъуэтми, нэрылъагъуу зыщIыпIэ деж фIэвдзэ».

– Жиным щыгъын щитIагъэрэ-тIэ? – щIэупщIащ уэтэртесхэм ящыщ зы.

– Зэ умыпIащIэркъэ, – а лIыжь губзыгъэм ищIэрт ар зищIысыр, ауэ къажриIакъым. Ауэрэ екIуэкIыурэ, пщэдджыжь гуэрым фызым и щхьэр ижьыну лъыхъуэри и мажьэр игъуэтыжакъым. Ар бжьакъуэм къыхэщIыкIа мажьэшхуэ гуэрт, дзэхъуи дзэбзи иIэу. ЩигъэтIылъар фIыуэ ищIэжырт. Мажьэр бзэхащ. КъыбгурыIуа иджы ар зищIысыр? Хэт мажьэ зыгъэбзэхыр? Мажьэ зыгъэбзэхыр губгъуэ нанэщ. Абы щхьэцышхуэ тетщи, имыжьу хъуркъым. Апхуэдэу къащIащ а унагъуэм къеуэсар. Ар абы я гъунэгъу дыдэу Аргъынэкъуэ щыпсэууэ арат, сыту жыпIэмэ абы ищIэрт а унэми пщIантIэми къыщыхъу псори. ЕкIуэкIыурэ, зэманыр мэш хыжыгъуэ хъуащ, хадэхэкIхэри къехьэлIэжын хуейт. Фызым сабиитIыр зыр гущэм хэпхауэ, етIуанэр тахътэбаным илъу игъэжейри бжьын, бжьыныхухэр кърачыжыну хадэм ихьащ. Щынэ IэрыпI цIыкIу яIэти, ари гущэбгъум и деж щысу сабийхэм есати, къабгъэдэнащ, и щхьэ цIыкIур фIехуэхмэ, къипхъуэтэжурэ щхьэукъуэу. Махуэр дыгъэпсу хуабэт, хьэпщхупщи гъудэбадзи жан зыщI, зыгъэятэ дуней щытыкIэт. Хьэблэ пщIантIэхэр нэщIт: хэт мэшхыж щыIэт, хэт хадэ цIыкIухэр кърихьэлIэжырт. Аргъынэкъуэ къыдэпщри, зы цIахуэ абрагъуэ зиIуантIэ-зишантIэу а пщIантIэм дэпщхьащ. Ар гъуабжэ-гъуэжьыфэ хъужауэ гущыкIыгъуэт икIи шынагъуэт. Блэ щIыкIэу и щхьэр дзасэм хуэдэу къиIэтри зиплъыхьащ. Унэбжэр Iухати, ипкъ яе лантIэжьыр бжэщхьэIум щхьэприлъэфри унэм щIэпщхьащ. Аргуэру и щхьэр игъэкIри, тахътэбаным илъ сабийм еплъащ. Сабийр къэушри гъын щIидзащ. Гущэм хэлъым еплъащ. Ар къэушакъым. ИтIанэ гущэбгъум щыс щынэм и нитIыр триубыдэри Iейуэ теплъызащ. Щынэм и щхьэр къипхъуэтэжри зэщIэкIэзызэу къэтэджащ, и лъакъуэ цIыкIухэр хуэубыдыркъым, мэкIэзыз, зегъэш, зэфIоунтIыIуэ, блэм хуокIуатэ. Сабий цIыкIу къэушар къызэфIэтIысхьэжауэ, гужьеящи, магъ, щIыбагъкIэ икIуэтурэ блын плIанэпэм зыдекъузэ. Сабийр и псэм еджэу мэкIий, гущэм хэлъри къэушащи, зэщIэжьыуэжу гъы макъышхуэ хъуащ. ЦIахуэм уэрдыхъу-уэрдыхъуурэ щынэ цIыкIум зыхиукIауэ зэхегъэщIыщIэ. Ари щхьэфэцгъэтэджу мэIуей. Асыхьэтым а Аргъынэкъуэ дыдэм къыдэльри, гъуэжькуийм хуэдэу псынщIэджэрэзу зыгуэр унэмкIэ щIэпхъуащ. Мажэ, щхьэцышхуэ зридзэкIхэр гуэрэн фIыщIагъэщи, жьым щIихурыхукIыу мэлъей, мэфий. Езыр пцIанабзэщ, и шхужьым деж, и укIытапIэм хъыданыжь фIей тIэкIу къешэкIащ. Арати, куэдрэ нэсынт. КъыIухутащ бжэIупэм. Iуэхур зэрыщытыр щилъагъум, пхъэ къутапIэм хэлъ джыдэр къипхъуатэри унэм щIэлъэдащ. АсыхьэтыпцIэм блэм и щхьэр пиупщIауэ къыщIилъэфыжри бжэIупэм щыхыфIидзэжащ. Езыри – бгъуэтмэ къащтэ. Аргъынэкъуэ пабжьэм хыхьэжащ. Арат а унагъуэм къеуэсар – губгъуэ нанэ. Сабийхэм я анэр щтауэ бжэIупэм къыщыIухьэжам къызыхуэзэжар икIи гуфIэгъуэт икIи гужьеигъуэт: цIахуэр Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпыупщIауэ абдеж Iулът, сабийхэр

89

икIи мыгъыжыфу хьэлъэу зэщыджэрт, щынэ цIыкIум зыкъимыIэтыжыфу унэкум илът. Ар Iейт. Хэт и анэ абы имыгъэщтэнур?! АрщхьэкIэ бынхэр лажьэншэу къызэтенати – ар гуфIэгъуэт. ИтIани, а къэхъуа телъыджэм гупсысэшхуэ хидзащ хьэблэ псори зэрыщыту. «Дауэ, – зэупщIыжырт ахэр, – апхуэдэ цIыхуншэу къэхъункIэ зэрыхъуар? Иджыри къэс зыми и нэгу щIэкIакъым апхуэдэ Iуэху нэрылъагъу, апхуэдэ Iэужь нэрылъагъу пэшэгъу гуэрми илэжьауэ. Пэшэгъум – ар жинми, нэгъуэщI бзаджэнаджэ дыдэми – езым натIэрыIуапIэ ищIа, къыхиха цIыху гуэрым и щхьэм, и гум кърилъхьауэ, къыфIигъэщIу иригъащIэ фIэкIа, езым и IэкIэ зыри илэжьыркъым. Мес, КIритIэ тхьэмыщкIэр зэпымычу псалъэу къыщIэнар сыт щыгъуи псэлъэгъу и гъусэу е утыкушхуэ иту къыфIагъэщIри арщ. Мамызи хьэблэм кхъуэщын бащырыбэ къыдинакъым, бжэгъушхуэ иIыгъщи, къикIухьурэ яфIекъутэ: благъуэщ, жи, ахэр, цIыхур зэфэн псы ямыгъуэтыжу абыхэм яубыд. Дарий Макъи мэл хъушэ илъагъумэ, гъуэгыу щIопхъуэ. Абыи мэл хъушэр хьэIуцыдзу кърагъэлъагъу. Ауэ мыр... Мыбы цIыху хэткъым, зыми илъэгъуакъым цIахуэр зыукIар. «Уэлэхьи, си гъащIэкIэ сытелэжьэнтэмэ, ар къэзгъуэтамэ», – жиIащ сабийхэм я адэм. «НакIуэ, мы хэкум ар щыщыIэмэ, дэ къэдгъуэтынщ», – жаIащ хьэблэ щIалэхэм. «Хьэуэ, си щIалэхэ, и ужь фимыхьэ абы. Ар Iэрыубыд зыщIа къэхъуакъым, къэхъуи хъунукъым», – жиIащ лIыжь губзыгъэм, башыр щIэгъэкъуауэ здэщытым. АрщхьэкIэ, лIым и унэхъугъуэти, а псалъэхэм емыдаIуэу ежьащ, сабийхэр къэзыхьэумар къигъуэту фIыгъуэ хуищIэжыну. ЗэгурыIуащ япэщIыкIэ Аргъынэкъуэ щIащыкIыну. «Ар, дэнэ щыIэми, жыжьэ щыIэкъым», – жаIэрт абыхэм.

Махуэр уэфIт. Хьэуар къабзэт. Жыжьи гъунэгъуи фIыуэ плъагъурт. ШейтIанIупс хужьхэр нэшэкъашэу хьэуа уэмым щызэрихьэрт, адэ-мыдэкIэ жыг щхьэкIэхэм, къуацэ-чыцэхэм фIэнауэ тIэкIу щIихурыхукIыу фIэлът. ЛъыхъуакIуэхэр Аргъынэкъуащхьэ къыщыдыхьащ, гупитIу загуэшри, къуэ джабитIри щIащыкIыну. «ХьэкIэтеуэ дывгъэщI!» – жиIащ зым. Ауэ ар ядакъым: «Iэуэлъауэншэу лъыхъуэн хуейщ».

Арати, щIалэхэм лъэ макъи Iэуэлъауи зрамыгъэщIу ежьащ, къуэ пабжьэр щIащыкIыну. Зыри зэхэпхыртэкъым, къуэм дэж псы кIантIэ цIыкIум и шкIуршкIур макъым фIэкIа. Зэзэмызэ ущыхуэзэрт джабэ сэмэгум фызхэм пхаубыкIа псыхьэ лъагъуэ цIыкIухэм. НэгъуэщI цIыху лъэужьи хьэкIэкхъуэкIэ лъэужьи иIэтэкъым, мыбы зыгуэр щопсэу, жозыгъэIэн, адэ-мыдэкIэ къуацэ-чыцэхэм къыхэлъэт къуалэбзу цIыкIухэм фIэкIа. Къуэ бжьэпэ ижьырабгъум адэкIи мэкъупIэ зэщIакъуэжам щызэпэджэж бжьыхьэ ныбгъуэхэм я кIытI-кIыррытI, кIытI-кIыррытI макъыр къиIукIырт. Зыри ямыгъуэтурэ къуакIэм нэсащ, псы цIыкIур Псышхуэ щыхэхуэжым. Абы хэту къуащхьэм, псынэр къыщыщIэж дыдэм къанжэ кIакIэ макъ зэрызехьэ къыщыIуащ. «Шэч хэлъкъым, къанжэхэр зыгуэрым игъэпIейтеящ», – жари лъыхъуакIуэхэм абыкIэ ягъэзэжащ. Псынащхьэ дыдэм зыгуэр щхьэщыст, и щхьэр ижьу. Ар и IэпкълъэпкъкIэ цIыхум ещхьт. Ауэ щыгъын щыгътэкъым, и шхужьыщхьэхэм къешэкIа хъыданыжь фIей тIэкIум фIэкIа. И нэкIур плъагъуртэкъым, щхьэц кърижьыхым щIиуфэрти. И щхьэр щижькIэ мажьэм къыхилъэф щхьэц налъэхэр хуэсакъыпэу зэкIуэцIигъэджэразэурэ и куэщIым ирилъхьэжырт, зы щхьэц налъи щIым нимыгъэсу. Езым и Iэблэм, и лъакъуэхэм цы уэр тетт. Ар къалъэгъуат, ауэ зэрыбгъэдыхьэнур ямыщIэу чэнджащэхэрт. Унафэ ящIащ, ямыгъэщтэн щхьэкIэ псори емыбгъэрыкIуэу, ар зэуэса унагъуэм я лIыр дахэурэ бгъэдыхьэну, адрейхэм къуащхьэр къау-

выхьыну, утыкум ирамыгъэкIыу. Апхуэдэуи ящIащ. Арщхьэк Iэ къуацэ гъур зэхэщIыщIэ Iэуэлъауэ зэрызэхихыу, къыщылъэтри къуэм дэцIэфтащ, нэр темыпыIэу мэкъупIэм адэкIэ къыщылъ гъуей лъапэм щIыхьэжащ. Здэщыса псынащхьэм и деж къытена лъэужьыр хьэсэхэр зыпщIам и лъэужьырат. ЛIыр зригъэзыхауэ зыгуэр лъыхъуэрт. Мыгувэу къигъуэтащ ар зылъыхъуар. Губгъуэ нанэ гужьеям хузэщIэмыкъуэжу къыкIэрыхуа щхьэц налъэ гъэджэрэзар щылът, щIы фIыцIэм хэгъуащэу. Ар щилъагъум, гуфIэри къищтащ. Бэльтоку кIапэм кIуэцIигъапщкIуэри, и бгъэгущталъэм ирилъхьэжащ. Зэхихат абы Iэджэрэ, губгъуэ нанэм и щхьэц налъэ зыIэрыбгъэхьэфрэ бгъэпщкIумэ, ар езыр игъащIэкIэ къыпхуэлэжьэну, лэжьэгъу къыпхуэхъуну. Дэнэ щищIэнт абы кърихьуэну псор. ГуфIэу къэкIуэжащ, унэ бгыкъур кърибзыкIщ, абы щхьэц налъэр ирилъхьэри пхъэ цIыб IуиукIэжащ, «къигъуэтыжынкъым иджы ар абы», – жыхуиIэу. Жэщ хъури, хьэр банэрт, илъукъикIуэтыжу, илъу-къикIуэтыжу, ауэ бгъэдэмыхьэфу зыгуэрым ебэнырт. ЛIыр щIэкIмэ, шындэбзийм кIэрысщ губгъуэ нанэр. Уз хьэлъэ зэфыкIым хуэдэу мэгурым, зэпымычу мэщэнауэ, и бгъуитIымкIэ хъыринэ ещIэ хуэдэщ. ДахэкIэ епсэльэну хуежьа щхьэкIэ, дэнэ щыгурыIуэнт. Ауи къеплъыххакъым, и щхьэцыр къеуфэхащи, и нэкIури плъагъуркъым. Бгъэдыхьэну щыхуежьэм, Iэлу илъри къэувыжащ. ЗэрыгурыIуэн Iэмал къыхуэмыгъуэту, лэгъунцIыкIум и бжэр Iухауэ къигъанэри лIыр щIыхьэжащ. ЛIымрэ фызымрэ яхьри я хьэщIэ Iэлым и шхыни лэгъунцIыкIум щIагъэуващ. Нэху щыху жеякъым лIыри фызри. Фызыр гузавэрт, шынэрт. ИныкъуэкIи шэч ищIырт уз хьэлъэ е гузэвэгъуэ гуэрым кърихулIауэ. ИщIэртэкъым абы лIым зэхищIыхьар, и гугъэт езыр къэкIуауэ губгъуэ нанэр. ЛIым щхьэц налъэр щигъэпщкIум зыми яригъэлъэгъуатэкъым икIи яжриIатэкъым. Щэхур – щэхут.

– Дауэ нэху дыкъекIыну мыгъуэ дэ ныжэбэ? – ищIыртэкъым дзыхь фызым.

– Умыгузавэ, – едэхэщIащ лIыр и фызым, – абы дэ зыри къыдищIэнукъым, ар иджы дыдей хъуащ. Ди лэжьэгъущ, ди дэIэпыкъуэгъущ. Къуажэпщми иIэкъым абы хуэдэ хъумакIуэ. Ауэ унэм щищIэн хуей лэжьыгъэхэр ныкъуэщIу къыщIэдза къудейуэрэ къыхуэгъэнэн хуейщ, гу лъитэн щхьэкIэ, итIанэ езыри есэнущ абы.

– Зи, си гур пыIэркъым, си псэр мэгузавэ. Зыгуэр къыдимыщIэкIэ. Псыхьэ сыкIуэнуми, хадэм сыкIуэнуми, сабийхэр дауэ хъуну?

– Сабийхэм щхьэкIэ ищIар плъэгъуакъэ, а псом и ужькIэ абы шэч хуэпщIыж хъурэ?!

– НтIэ, зыгуэр хуейуэ пIэрэ, хьэмэ сымаджэу пIэрэ? Нэрылъагъу дыдэу щхьэ къыдэкIуэлIа? Иджыри къэс зыри теплъакъым. Къэхъуар сыт? – ищIэртэкъым фызым зыхуихьынур. АрщхьэкIэ лIым пэжыр ибзыщIащ. Нэху щащ апхуэдэурэ. ЛэгъунцIыкIум и бжэр зэрыIухат. ЩIыхьатэкъым, хущIагъэува Iыхьэр емыIусауэ щытт. Езыр мэкъуэщым кIуауэ пыпхъуэ зэхуакум дэст, гурымырт хьэлъэу, щэнауэрт.

– Еу-уей мыгъуэ, сыт гущэр пхуэсщIэну, тхьэмыщкIэ! Сыт уи гуIэгъуэр? – щIэузащ фызым и гур, ар щилъагъум. ЛIым къыгурыIуауэ къыщIэкIынт абы и гукъеуэр, итIани аргуэру ибзыщIащ: и гугъа хъунщ езым хуищIэну фIыгъуэр алыхьым кърита хуитынытъэм нэхърэ нэхъ IэфIу. КъыгурыIуакъым ар дыдэмкIэ абы леишхуэ зэрырихар. Езыр пщылIыпIэм есагъэжьти, арагъэнщ.

– Дунейм тет, пхузэфIэкIыу, пщылIыпIэ уиувэ щIэхъун фIыгъуэ? – жиIащ уэтэртесхэм ящыщ зыгуэрым. – Алмэсты дыдэми езэгъакъым ар.

– Аращ-тIэ, алыхь IэщIагъэр цIыхум зэрагъэзэхуэжым, апхуэдэу мэхъу. Ар зыми езэгъынукъым, – жиIащ Хьуди.

– Езэгъакъым, – къыщIидзэжащ хъыбарыр зыIуэтэжым, – ауэ къыIунащ абы и деж, епхам хуэдэу. ЩыIащ апхуэдэу зы тхьэмахуи тхьэмахуитIи. ЩыIэт, ауэ къыкъуэкIыртэкъым, дэст пыпхъуэ зэхуакум зиудыгъуауэ. ЩымыIэIамэ, зыгуэрхэр ищIэрт езыхэм ящIэу илъагъухэм хуэдэу: пхъэ къихьырт, псы къихьырт, игъэкъабзэрт, зэщIикъуэрт, хэбгъэзыхьмэ, анэр щIэмысу гъы макъ зэхихмэ, кIуэрти сабий гущэр щIиупскIэрт. Абы щыгъуи гызырт, гурымырт, езыри, гущэм ещхьу, щэнауэурэ. Сабийри жеижырт, къыщыхъу хъунт а гурым макъыр гущэ уэрэду. Сыт щыгъуи ерыскъы гуэр зы щIыпIэ къыхутранэрти, абыи мащIэ-мащIэурэ хэIэбэ хъуащ. Шыгъуэгу нартыхури къыдичыжащ. КIэщIу жыпIэмэ, лэжьакIуэ гъуэзэджэ хъуну щIидзат, ауэ махуэ гуэрым псори зэIигъэхьэжащ. А махуэм лIыр дэсакъым, фызри щIакIуэгъапцIэ щIыхьэху щыIэт. КъыщекIуэлIэжахэм унэлъащIэр зы къэмынэу къетхъуэжьауэ унэ лъэгум илът. ЩIалэ нэхъыжь цIыкIур гъыуэ гущэм бгъэдэст. Гущэм хэлъа сабийр щыIэжтэкъым, гущапIэри имылъыжу нэщIт. Къажыхьащ-нажыхьащ, арщхьэкIэ губгъуэ нанэри ягъуэтыжакъым. Фызыр гъуэгыу уэрамым дэлъэдащ. Хьэблэр къызэхуэсри Аргъынэкъуи, мэз лъапи, пабжьэ къедзаи къагъэнакъым. Сыт ямыщIами ауэ и лъэужь къудеи техьэфакъым. ИтIанэ лIыр дэплъейри гу лъитащ унэ бгыкъум: бдзыгъэр нэщIу къаплъэрт, пхъэ цIыбри къыIучыжат, шэху кIуэцIылъу ирилъхьа щхьэц налъэр илъыжтэкъым, – иухащ хъыбарыр къезыгъэжьам. Абы и ужькIи уэтэртес гупыр тэлайкIэ тепсэлъыхьыжащ абы.

– Еу-уей, сыту хьэлъэ сабийм и кIуэдыкIар умыщIэу апхуэдэу пфIэкIуэдыну. Итхьэлэу хыфIидзэжа, хьэкIэкхъуэкIэм яшха.

– ИукIакъым ар абы. ИпIауэ къыщIэкIынщ.

– Сабий быдзафэр дауэ алмэстым зэрипIынур?

– Губгъуэ нанэ жысIакъэ! Абыи псэ иIэщ, быдзыши иIэщ. Есауэ къыщIэкIынт ар а сабийм, и быным хуэдэу. ИукIынумэ, а унэми щиукIынт, иримыхьэжьэу. ЦIыхухэм жаIэ тIури зэгъусэу ялъэгъуауэ. ЗэрыжаIэмкIэ, щIалэр цIыху псоми хуэдэу, хуэпащ, лъэтэну псынщIэщ, пелуану лъэщщ.

– Хэт ищIэрэ, и адэ-анэри игъуэтыжынкIэ хъунщ.

– ПщIэнукъым.

* * *

Жэщыр фIыуэ хэкIуэтат, псори щыгъуэлъыжам. Хьуд и пщыIэ пыхукIам щIыхьэжащ, ауэ гъуэлъыжын и Iуэхутэкъым. Абы ищIэн хуейт щэхуу къекIуэлIа цIыхур зищIысри, абы зэрыхущытын хуей щIыкIэри, уэтэртесхэм ящибзыщIын хуейри хуэмейри. Пэжым ухуеймэ, Хьуд уэтэртесхэр и хамэу зэи къилъытакъым: ахэр псори пщылIыпIэм ит зэхуэдэ тхьэмыщкIэт, езы Хьуди яхэту. АпхуэдизкIи тхьэмыщкIэхэти, «хэтхэ уарей?» – жаIэрэ къайупщIамэ, езым я лъэпкъыцIэ-унэцIэ яIэу ящIэжыртэкъым, зи пщылIым я унэцIэ фIэкIа. Хэт и хьэ, жыхуаIэм хуэдэт цIыхури, апхуэдизкIэ пуд хъуати. ПсэкIэ зыхищIэрт Хьуд апхуэдэ псэукIэр алыхь Iэмыру зэрыщымытыр, ар цIыху бзаджэхэм гъэпцIагъэрэ шынагъэкIэ ягъэува хабзэу залымыгъэкIэ

зэраIыгъыр. Ауэ сыт и Iэмалт, шэчын хуейт пIалъэр къэсыху. Алыхьым ещIэ абы и пIалъэр. Ар мыгурыфIыгъуэшхуэми, цIыхуи, псэущхьи, Iуэхуи пIалъэ гуэр зимыIэ дунейм зэрытемытым Хьуд игу дахэ къищIу гугъэ гуэр къыхилъхьэрт. АрщхьэкIэ, кIуэ пэтми а гугъэм нэхъ пэIэщIэ хъу фIэкIа, зыщIыпIэ и дежи нэхугъэ гуэри къыдидзыртэкъым. Мыгъуагъэ псоми ящIыIужкIэ урыс пащтыхьым и хьэ самырхэри: и инэрали, и къулыкъущIи, и сэлэти къэкIуауэ тест адэ хэкужьым, адыгэ уэркъым и жей IэфIыр яхъумэу. Къыхэхъуат адыгэпщым и щIопщ тIуащIэм урыс пащтыхьым и гъущI лъэхъужьхэри. Хьэлъэу гупсысэрт Хьуд: гугъут цIыхум езым и щхьэр щыхуэмыхъумэж зэманым нэгъуэщI анэмэту къэпщтэныр. Хьуд апхуэдэу гупсысэурэ нэбэнэушэу нэху игъэщащ, уэтэртесхэри – щхьэж езым и Iуэху и ужь ихьэжащ: хэт жэм къишын хуейт, хэт Iэбгъэр тригъэкIын хуейт, хэт бэкхъхэр къитхъун, хэт ТIуащIэ мэзым пхъашэ кIуэн хуейт. Iуэху Iэджи телът уэтэрыжьым. Абы цIыхур зэи лей щыхъуртэкъым. Хьуд щхьэж и махуэ IэнатIэр игъэбелджылыуэ и пщыIэм щыщIыхьэжам, хьэщIэр къэтэджат. Ар щытт и IитIыр щIыбагъымкIэ ехьэкIауэ, щIыIэ техьэгъуэр теужа хуэдэт, ауэ и фэр пихуат, шэхум хуэдэу.

– Дауэ нэху укъекIа, сыт ухуэдэ? – еупщIащ абы Хьуд.

– Тхьэразэ къыпхухъу, сыхъужа хуэдэщ.

АрщхьэкIэ зэрымыхъужар Хьуд илъагъурт: плъыржьэрыгъэр и нэм къыщIихырт, хьэлъэу бауэрт, и макъри зэрыIур дэгуут, и бгъэ кудам дэхъырхъыу.

– Ухъужамэ, фIыщ, ауэ ухъужа хуэдэкъым. Умыгузавэу шхэи гъуэлъыж. Сэ зэрыджэ пхуэзгъэвэнщ, абы бжэн дагъэ тедзауэ уефэнщ, нэхъ сэбэп къыпхуэхъункIэ хъунщ.

Хьуд псынщIэу щIэкIри ху хьэлIамэ, пхъэ шынакъкIэ хьэлIамэпс пщтыр, лы гъэжьа телъу пхъэбгъу Iэнэ цIыкIу, лъакъуэ щIэмыту, къыщIихьэри пIэкум и деж игъэтIылъащ. ТIури етIысэхащ. Хьуд еплъырт абы и шхэкIэми, и щытыкIэми, и шыфэлIыфэми, щIэмыупщIэу зыщыщри и Iуэхури къищIэн хуэдэ. Ар иджы нэхъыфIу шхэрт, зэрымэжэлIар белджылыт. Сэхум хуэдэу фагъуэ и нэкIугъумрэ вындым хуэдэ и жьакIэ фIыцIэмрэ – зыр зым апхуэдизкIэ игъэнаIуэрти, гуемыIуу зэщымыщ къыпфIэщIыртамэжэлIами, мынэпсейуэ, Iэдэбу икIи IэкIуэлъакIуэу шхэрт. Шхэн иухщ, пхъэбгъу Iэнэр лъэныкъуэкIэ иригъэкIуэтэкIщ, алыхьым шыкур хуищIщ, бысымым ехъуэхъури къеплъащ ар, сэ сыхьэзырщ иджы, укъызэупщIынумэ, – жыхуиIэу, ауэ бысымыр жиIэнум нэмысу езыр къэпсэлъащ.

– Дыгъуэпшыхь лъандэрэ пхъэр Iэуэлъауэ зэхыумыхауэ пIэрэ?

– Апхуэдэ щыIэкъым.

– АтIэ иджы къедаIуэ, бжесIэнщ сэ зыри сымыбзыщIу сызищIысри уэ сыкъозыхулIа си Iуэхури. Хэтхэ уащыщ, жыпIэрэ укъызэупщIмэ, сэ си лъэпкъыцIэ бжесIэну сщIэжыркъым, бжесIапэми, абыкIэ зыри къыбгурыIуэнукъым. СыкъызэрацIыхур Даникъаныпщым сриунэIутущ, къызэрызэджэр Къэрэщейщ. ХьэщIэ къыхуэкIуэмэ, сыIэнэзехьэу, зекIуэ кIуэмэ, срипщафIэу иджыри сыкъэсащ. Си адэри си анэри Iутащ абы и деж, пщылIу. ТIури игъуэ нэмысу IукIуэдащ, гугъуехьымрэ бампIэмрэ ихьащ. Зы шыпхъу закъуэ къысхуэнауэ дызэдэпсэурти, ари мэл жьагъэм хуэдэу итащ. Балигъ хъуа къудейт си шыпхъур. ЩIэупщIэ иIэт. Унагъуэ гуэрым естыну зэтедуIэфIауэ, ныбжьэгъу хьэщIэ къыхуэкIуащ Даникъаным. Ефащ, ешхащ, джэгуащ, зэрахабзэжьу. Джэгум здыхэтым си шыпхъум гу къылъита мыгъуэщ пщы хьэщIэм.

– Хэтхэ яй а цIыхубзыр, сыту дэгъуэ?! – щIэупщIащ хьэщIэр.

– Сысейщ ари, псори сысейщ, хэт ей уи гугъэ, – жиIащ бысымыпщым, нащхьэ ищIурэ, – уехъуэпсамэ, узот.

Арат езыри зыхуейри, си шыпхъур хьэщIэ лъапIэм саугъэт хуэхъуащ. Гуащэм и лъакъуэм ба хуищIурэ, зэщыджэу гъыуэрэ лъэIуащ си шыпхъур, насыпыншэ ямыщIыну, хьэзаб хамыдзэну.

– Умыгузавэ, абы уигъэфIэнущ, – дыхьэшхащ ину си пщыр. Сэ сылъэIуэну къыщезгъажьэм, къысхуэгубжьащ:

– Бэяу, жэнэтбзур псалъэмэ, шыдыр увыIэн хуейщ. – «Жэнэтбзур» ар езыхэращ, зэрагугъэмкIэ, уэркъхэр! Арати, си шыпхъу тхьэмыщкIэр мэхауэ щIакIуэм кIуэцIашыхьри дахащ. Сэри зызгъэбзэхри сыкъежьэжащ, сыпсэухукIэ пщылIыпIэм семыкIуэлIэжыну, зэрысхузэфIэкIкIэ си лейр сымыгъэгъункIэ си тхьэрыIуэу. ЖэщитI-махуитI мэхъури зызгъэпщкIуурэ сыкъокIуэ, махуэм сыпабжьэхэсу, жэщым сыгъуэгурыкIуэу. Дыгъуэпшыхь уи деж сыкъэсауэ арщ. Иджы сэ ныщхьэбэ сежьэжмэ, уи дежкIи си дежкIи нэхъыфIщ: сэ си ужьым кърикIуэнуIащ, си зэран нокIыну сыхуейкъым.

– Сыт убгъэдэлъ уэ урежьэну?

– Сыкъызэрыплъагъущ, – жиIащ абы, лъэгу зыщIэмылъыж и гуэншэрыкъым хуеплъыхыурэ.

– Хъыбар щIагъуэкъым икIи щIэщыгъуэкъым къызжепIар, сыт тщIэн. НэхъыфI укъэхъужыхукIэ зыгъэпсэхуи, итIанэ уежьэжынщ. Мыбы узыщэжын щыIэкъым. Дэ тхуэдэщ псори.

Апхуэдэу пщылI къыщIэпхъуэжар уэтэрым къытенэри, зы тхьэмахуи тхьэмахуитIи тесащ, и узыншагъэкIи зыдимыгъуэжIауэ зиужьыжащ. АпщIондэху Хьуд хузэригъэпэщащ абы гъуэмылэ: кхъуей плъыжь, лы гъэгъуа, мэжаджэ – зы тхьэмахуэкIэ мэжэщIалIэ мыхъуу лIы закъуэ зрикъун. ЩыгъынкIи икъукIэ фIыуэ гу лъитащ. А псори и пащхьэм ирилъхьэри:

– Мыращ дэ тхузэфIэкIар, – жиIащ Хьуд, – IэщэкIэ дэ нэгъуэщI пхуэтщIэфынуIакъым, ауэ мы къамэри зыщIэпхэ, мыр Базылей езы дыдэм ипсыхьа гъущIыпэщ, укъигъэпцIэнукъым, – езым щIэпха къамэр зыщIитIэтыкIри – ари щыгъын хуигъэтIылъахэм трилъхьащ.

Щыст Къэрэщей и нэхэр щIэх-щIэхыурэ упIэрапIэу, зыри хужымыIэу, гумащIагъэ нэпс къыфIекIуэрт. Псыхъуэ мывэ гъущэр пхузкIэ псы къыпхущIэхун, апхуэдэт а зэман жыжьэм адыгэлIым и быдагъыр, ауэ гуапагъэр зылъэмыIэсрэ абы имыгъэдзыхэ цIыхупсэрэ щыIэкъым. ИщIакъым а пщылI тхьэмыщкIэм езыр зэрахъумам ищIыIужкIэ ар зытеувэну гъуэгуанэ гугъуми хуагъэхьэзырыну. А зыри зэрыжимыIэм хуэдэурэ, зихуэпащ Къэрэщей, гъуэмылэ къэлътмакъыр и дамэм зэпридзэкIри, Хьуд и Iэр быдэу икъузыжащ, ежьэжыну.

– Сщыгъупщэнкъым, сэ пхуэзмыщIэжыфми, алыхьым къыпхуищIэж, – жиIащ макъ кIэзызкIэ. АрщхьэкIэ Хьуд и Iуэхутхьэбзэр абыкIи зэфIэкIатэкъым. А тIур зэщIыгъуу пщыIэм къыщIэкIри, бысымым шыхэр зыщIэт бомкIэ игъэзащ, шитI къыщIишащ зэщхьыркъабзэу, зыр шыбзу, етIуанэр шыхъу сэкIауэ, зэанэзэкъуэу къыщIэкIынт, тIури брул тхъуагъэфэт.

– Мы тIум хэди, узэгуакIуэр къыхэх, – Къэрэщей хэдэни къыIихыни ирикуртэкъым: Iэнкун хъуат.

– Ар уэ дауэ зэрупшыныжынур? – щIэущIащ ар: хьэлъэIуэ зэрытехъуэм иригузавэрт икIи ириукIытэрт.

– Абы щхьэкIэ уэ умыгузавэ. Шы Iэджи Iэщ Iэджи абрэджхэм ирахужьэ. Абыхэм хэгъуэщэнщ мыри, – Къэрэщей щыхэмыдэфым, Хьуд шыхъур иритащ абы.

– Сэ мыдрейм нэхъ сесащи, мыбы уэ шэс, мыри хуэмыхукъым, – уанэжь гуэри хутрилъхьащ, нэхъыфI бгъуэтыхукIэ, жери. Пщыхьэщхьэр уэфIт, уэс лъэпкъ телътэкъым, щIыри гъущэт. Хуабагъэ зыщIэт псэущхьэу щыIэм я лъыр къызэщIэзыгъаплъэ псэуныгъэм и джакIуэ гъатхэмэ маер хьэуам щызеуэрт, гур игъэхъуапсэу. Щынэгъэджэгум къыкъуэщыж къудейуэ къухьа дыгъэм и къуапэм брулым и цыпэр дыщэзэрылэу пэлыдырт. Сурэт гухэхъуэт уеплъын къудейуэ, ауэ алыхьым ещIэт а брулри абы шэсыну пщылI щIэпхъуэжари зытеувэну гъуэгуанэм зыщыхуэзэнур: зэман пIейтейт.

– Иджы уэ уожьэж, – жиIащ Хьуд, Къэрэщей и дамэм и Iэр трилъхьэри, – тхьэм фIы къыуигъэхъулIэ! Сэ куэдкIэ сынэхъыжьщ уэ нэхърэ, хуит сыкъэщI чэнджэщитI уэстыну. Гъусэнши зумыщI, гъусэкIи умыбэлэрыгъ. Япэ къаIэрыхьэр лыхулыпцIэ ямыщIу зыфыщIымрэ зыхъунщIэмрэ, цIыху нэпсымрэ цIыхулъымрэ пщIэи хуэзымыщIу гуузи хузимыIэмрэ гъусэ умыщI, абы фIым ухуашэнкъым, захуагъэм тет гъусэ хьун гъунэжщ, апхуэдэ къэгъуэт. Абы щхьэкIэ япэ уи гъуэгур здэбунэтIынур Шэшэн-Мышкъыш хэкурщ. ЗанщIэу кIуэ Хъумбылей псыхъуи, псыщхьэмкIэ дэгъэзей, абы къыщыбгъуэтынщ дзыхь зыхуэпщI хьун. Мы шыр абы къыщацIыху, сэ узэрызгъэкIуари яжеIэ. ИтIанэ езыми къыпхуащIынщ дзыхь. АдэкIэ уи лIыгъэм къызэрихьщ. Аращ япэ чэнджэщыр. ЕтIуанэр: уэ узытеувэ гъуэгуанэм шы Iэджи щызэпхъуэкIынкIэ хъунщ. Ари гъусэ палъэщ. Шы фIыуэ пцIыхурэ уэ?.. Уи шым хузэфIэкIынур умыщIэу IуэхушхуэкIэ зэи умышэс. Еплъыт мы шым и лъакъуэхэм. Лъэдакъэ цыджэщ. Еплъыт и тхьэкIумэхэм, еIэбыт, тегъащIэт. ТхьэкIумэ Iувкъым икIи лалэкъым, ткIийщ. ТегъащIи пэт, жыр дзасэм хуэдэу, къызэфIоувэж. Еплъыт и нэщIащэм. Iэпхъуамбэшхуэр ибгъапщкIуэ хьуну куущ. Еплъыт и щхьэщIыдзэм... Ахэр псори шыфI нэщэнэщ, адыгэш лъэпкъым ехьэлIауэ. Абыхэм я закъуэкъым, ауэ ахэр нэхъ нэрылъагъущ. Аращ хэхауэ щIыбжесIэр. ТхьэкIумэ ткIийрэ лъэдакъэ цыджэмэ, нэщIащэ куурэ щхьэщIыдзэ кIыхьмэ – мис ар шы пхуэхъунущ, – иухащ Хьуд и чэнджэщыр.

Ауэрэ дыгъэр къухьащ. Гъатхэ щIы бахъэм Iуву зэхищIэ хьэуам гъуаплъафэ къыщIэуващ. Жэщ гъуэгурыкIуэу шу закъуэри пщыхьэщхьэ пшапэм хэшыпсыхьащ, Хьуд кIэлъыплъурэ. «Ари зы абрэджти, щIэуэ къэунэхуащ... – егупсысащ ар хьэлъэу цIыху гъащIэм, – сыт хуэдиз адыгэ шу икIуадэрэ губгъуэм, апхуэдэу ежьэжауэ. Зэман бзаджэ!..»

Хьуд и хьэщIэр зэ къызэплъэкIыжри пшапэ Iувым хэкIуэдэжащ. МащIэ дэкIа, куэд дэкIа, Кавказ жьэгъухэм абрэджышхуэ къыщыунэхуауэ хьыбар къэIуу щIидзащ, бын зеиншэхэмрэ къулейсызхэмрэ ядэIэпыкъуу, къащхьэщыжу, тхьэмыщкIэ пщIэнтIэпсым игъэета бей ерухэм я псэхэхыу. Хьуди а хъыбархэм фIэгъэщIэгъуэну щIэдэIурт, и шыфэлIыфэм щытепсэлъыхькIэ, шэч ищIырт арауэ – езым и хьэщIар: зэрыжаIэмкIэ, ари шы брул тест. «Ярэби, ар арамэ, ту зэи къызэмыкIуалIэрэ гъуэмылэ щхьэкIэ е мэл жьагъэ щхьэкIэ», – жиIэрт игукIэ. ИкIи, Хьуд и гум къишхыдыкIыпам хуэдэу, къекIуэлIащ жэщ гуэрым. Хьуд хьэ банэ макъым къыдэушрэ щIэкIмэ, зы шу Iутщ пщыIэ бжэIупэм, шы IэдэжитIи иIыгъыу. ШитIми уанэ ятелъщ, тесахэм я Iэщэ-фащэхэр уанэ къуапэхэм фIэдзэжауэ къакIэроблэбл.

– ПщыIэ махуэ апщий! – къэIуащ шум и макъыр, дэгу-дэгуу, ауэ жыджэру.

– Шу махуэ ухъу, – зэпиплъыхьырт шур Хьуд Iэнкуну, мазэхэти, жэщыр кIыфIт, къыхуэцIыхуртэкъым.

– ЛIо, Хьуд, сыкъэпцIыхужыркъэ, сэ сы-Къэрэщейщ, – жиIащ абы, шым зыкъригъэлъэтэхри, сэлам гуапэ зэрахащ.

– Си гуапэщ, си гуапэщ, узыншэу услъагъуну! Еблагъэ.

– Себлэгъэну сыкъыпхуэкIуащ, ауэ уигу къызумыгъабгъэ жэщыбгым узэрызгъэпIейтеямкIэ.

– Хьэуэ, зи лIэун, ар дауэ жыпIэрэ. ХьэщIэ гуапэ и дежкIэ жэщ, махуэ щыIэ?

Хьуд мафIэр зэщIигъэстыжащ, Iусыпс фIидзащ шыуан цIыкIукIэ лъахъшым, хугу хикIутэну.

– Умыгузавэ, Хьуд, сэ сыгувэнукъым, услъагъум, сежьэжыну арщ.

– Тхьэм фIыкIэ укъилъагъу, нэгъуэщI мыхъуми, ушхэху ущысынщ.

МафIэ къызэщIэнэжам хьэщIэри бысымри бгъэдэтIысхьащ, гуапэу зызэпаплъыхьу, фIыуэ зэрыцIыхужын мурад яIэ хуэдэ. Хьуд зыкIи зихъуэжатэкъым, Къэрэщей лIыфэ нэхъ къытеуат, ауз акъужьымрэ мэз щIагъ мафIэмрэ япсыхьа хуэдэт и Iэпкълъэпкъ псори. ЖьакIэ фIыцIэ Iувым и къэухьым и нэкIущхьитIыр узыншагъэкIэ къыхэтхъуэплъыкIырт, жыжьаплъэ и нэ фIыцIитIым лIыгъэрэ тегушхуэныгъэрэ къыщIихырт. Хьэуэ, ар иджы хуитыныгъэншагъэмрэ узымрэ зи къарур щIаха щIалэм зыкIи ещхьыжтэкъым – лIы игъуэ лъэщт, сыт хуэдэ лIыгъэ гъэунэхупIэми къэмылэнджэжу ирикуну.

– АтIэ, Хьуд, сыт щыхьыбархэр фи дежкIэ? – щIэупщIащ ар.

– Сыт хъыбарын, псори а зэрыщытыжьщ, дыуэтэртесщи дыуэтэртесщ. Уэ къызжеIэ хъыбар, дауэрэ къекIуэкIа уи Iуэхухэр? Сыт уи псэукIэ?

Къэрэщей мафIэм зыкъомрэ пэрыплъызэри кърригъэжьащ и хъыбарыр. Мыращ абы къиIуэтэжам, ди псалъэкIэ жыпIэжмэ, къикIыр.

Хьуд и чэнджэщым тету занщIэу Хъумбылей псыхъуэ кIуащ Къэрэщей, уэтэр пщыIэр къызэрызэринэкIыу. ЩIыпIэ мыцIыхур къигъуэтыхукIэ зыкъомри щхьэрыуащ, ауэ ар къигъуэту Хьуд и брулымрэ и псалъэмкIэ къацIыхуа нэужь, лъэпощхьэпо лъэпкъ хэтыжакъым. IэплIэкIэ къащтэу я гуфIакIэм дагъэтIысхьам хуэдэу, хэщIапIи ныбжьэгъуи къыщигъуэтащ. Къэрэщей тIэкIуи игъэщIагъуэу шэч къихьыжат, «ярэби, мы сэ сыкъэзыутIыпща Хьудыр – езыр мыабрэдж пашэу пIэрэ, апхуэдизыпщIэ хамэ хэкуми щхьэ къыщыхуащIрэ?» – жиIэу. АрщхьэкIэ Хьуд абрэдж пашэтэкъым икIи абрэджыххэтэкъым. Абы къыхуащI пщIэм и щхьэусыгъуэр къызыхэкIыр нэгъуэщIт. Кавказым и жьэгъущIэс лъэпкъхэр зэрызэкIэлъыкIуэ гъуэгушхуэм – Шэшэн-Мышкъышым къикIыу, Тэрч зэпрыкIыу Псыжь адрыщI зэрыкIуэ гъуэгум тетт Хьуд и уэтэрыр. Iэщ зэрызэрахуэри а гъуэгурат. Мис абы къыхэкIкIэ Iэджи кърихьэлIэрт Хьуд и уэтэр пщыIэм, хэт иш хутыкъуауэ, хэт гъуэмыладжэ хъури мэжэщIалIагъэм иубыдауэ, хэти и лъэужьыр къахурэ зигъэпщкIун хуейуэ. Апхуэдэ цIыхухэм я нэхъыбапIэр, я щхьэусыгъуэкIэ зырызми, я IуэхукIэ зыт – псори гъащIэм и мыгъуагъэм кърихуэкIырт. Мис абыхэм къыщагъуэтырт Хьуд и деж гущIэгъурэ дэIэпыкъуныгъэрэ. Арат Кавказым и зекIуэлIхэм – ар абрэдж дыдэуи щIы е гъуэгурыкIуэ къудейуи щрет, пщIэ къыщIыхуащIыр Мэрем Хьуд – Долэт и адэшхуэм.

Арати, Хьуд и фIыгъэкIэ Къэрэщей увыIэпIэ къигъуэтащ. Ар цIыху езэгъынкIэ Iэмал имыIэу быдапIэ лъэщт, мывэ пхъуантэт. Аузыр псыщхьэм нэблагъэу хуежьа нэужь, псы IуфитIыр мывэ блын лъагэу зэпэщыту зэву зэхуэкIуэжырти, куэбжэ быдэм хуэдэу, дыхьэпIэ хъурт, адэкIэ аузыщхьэм зиубгъужырт, и лъэгур хъупIэ щхъуантIэу, и хъуреягъыр, къуршыбгъэ фIэкIа нэмысыфыну, удэплъеямэ, пыIэр пщхьэрыхуу, мывэ сэрей лъагэу къурш дыдэм къищIыхьыжауэ. Дыхьамэ, дэкIыпIэ иIэжтэкъым, къыдэкIамэ, дыхьэпIэ иIэжтэкъым, а зы куэбжэ закъуэм фIэкIа. А къыр куэбжэми лъагэу иIэ бгъуэнщIагъхэм зы фочауэ фIэкIа хуейтэкъым исыну, аузыщхьэ псори пхъумэн щхьэкIэ. КIэщIу жыпIэмэ, Даникъаныпщыр абы къэкIуэфынкIэ Къэрэщей шынэжыртэкъым. Ауэ езыр кIуэн хуейт. КIуэн хуейт, мурад ищIат кIуэну. Ахъумэ къимыкIыу, дзыгъуэнэфым хуэдэу, бгы гъуанэм исыну аратэкъым ар къыщIежьар. ИкIи зигъэхьэзыру щIидзащ. Зигъэхьэзыр щыжысIэкIи сыт ищIэнт: шы иIэт, ари сыт хуэдэш, Хьуд пцIы иупсатэкъым, езыри гъуэгуанэ здытетым игъэунэхуакIэт, брулыр, япэ къиувэн щымыIэу, шы хуэдэт. ИтIани шы къудейкIэ зэфIэкIрэт, щIежьэм хуэфэщэн Iэщи хуейт, езым иIыгъыр къамэ закъуэт. Пэжу, къамэр шэшэнхэми зыхуагъэщIагъуэу зэпаплъыхьащ, цIэрыIуэу гъущIыпэфIт. Ауэ иджыри, езым зэригугъэмкIэ, джатэрэ фочрэ къыхуэтт. Ари къыхузэрагъэпэщащ мыIейуэ. Абы ищIыIужкIи, блэ уэным хуэдэу, зэрыжу аркъэн гъуэзэджи къыкIэрапхащ ныбжьэгъу хуэхъуахэм, зы фокIэщIи кърататащ. АрщхьэкIэ Къэрэщей ищIэрт абыкIи зэрызэфIэмыкIыр. Iэщэ уиIэ къудейкIэ хъуркъым, Iэщэм хуэIэкIуэлъакIуэу щытын хуейт. Езыр унэIуту щытыху пщэфIэнымрэ лы гъэвэнымрэ къыпэрагъэкIатэкъым, Iэщэ зэрихьэу есатэкъым. Абы щыгъуэ езыхэм я унейуэ ялъытэжу Iэщэ зезыхьэр пщыхэмрэ уэркъхэмрэт, ахэр хуеиххэу къыщIэкIынтэкъым пщылI IэщакIуэ хъуну. Къэрэщей къыпэрыуэфын щымыIэу шыкIэ Iэзэти, Iэщэми зыхуригъэасэу щIидзащ. АбыкIэ къыдэIэпыкъуащ зыхэхуа шэшэн, мышкъыш и ныбжьэгъухэр. Ахэри гупу щыпсэурт а ауз быдапIэм, пащтыхь къулыкъущIэхэмрэ я бейгуэлхэмрэ яхуэмышэчу къеежьэжауэ. Зырызу къакIухьырт, кърахьэлIэр зэдашхырт, зэгъусэу щежьэхэр зэзэмызэххэт. Яхэтт абы цIыху IэкIуэлъакIуэ, жыджэр, шыщхьэмыгъазэ. Ахэр ауз хуеишхуэм шырэ IэщэкIэ щыджэгурт щыхущIыхьэм деж, зэпеуэу-загъасэу арт. Загъасэрт фочауэнкIэ, джатэ гъэбзэнкIэ, шы тесынкIэ. ШхуэмылакIэр яутIыпщырти, шыр куэпкъкIэ зрагъакIуэурэ, IитIымкIи Iэщэ зырыз ягъэлъащэрт, джатэрэ фочрэ, къамэрэ джатэрэ е фокIэщIрэ къамэрэ. Шууэ бжэн ирахужьэрти, аркъэнкIэ къаубыдырт. Япэ еплъыгъуэкIэ джэгукIэ Iэлт псори, ауэ Iуэху дзыхьыджэ хуэзамэ, а псори сэбэп къахуэхъужырт. Абы яхэтурэ илъэс ныкъуэ кIуащ Къэрэщей, хузэфIэкIынуми шэч къытримыхьэжу тегушхуащ: жэрыгъэм здытетым фочкIэ уэми, джатэ игъабзэми, зридзыхрэ шыбгъум зыбгъуригъапщкIуэми, дагъуэ хуамыщIыж хъуащ. Ишри апхуэдизкIэ сат икIи къесати, шыри лIыри мызырызыжу – зы псэущхьэ лъэщу къыпфIэщIырт. ЛIыжь гуэр яхэтт а шэшэн гупым, шыи мышэсыжу Iэщи зэримыхьэжу, и къуэ закъуэр жылэм къыдэмыкIыу щымыхъум, унэ нэщIым къыщIэмынэн щхьэкIэ, абы и гъусэу къыдэкIауэ. Абдулай, арат а лIыжьым и цIэр, и жьакIэр и бгым нэсырт, уэсым хуэдэу хужьт, псырылъэ пылъэсыкIам хуэдэу, къабзэт, лей лъэпкъ зыкIэрымылъыж и Iэпкълъэпкъ гъурым тешэщIа и фэм апхуэдизкIэ ущызэкIэщIэплъырти, нур гуэр къыпхыпсу къыпфIэщIырт. Жьы хъуат, жьы дыдэ, ауэ иджыри псынщIэт, и нэри жант. ЗэрыжаIэмкIэ, фочауэ Iэзэт, арщхьэкIэ ауз



7 Заказ №453

дыхьэпIэм деж къэрэгъулыпIэм итIысхьэну елъэIухэмэ, къахуидэртэкъым. «Хьэуэ, хъунщ сэ сщIари къэскъэрэгъулари, алыхьым къысхуигъэгъу!» – жиIэрти нэмэз щыгъэр игъэжэн щIидзэжырт. Махуэ гуэрым гупыр псори ауз хуейм щызэхуэсауэ джэгурт, зэпеуэрт шэрыуагъэрэ IэкIуэлъакIуагъэкIэ. УэфIти, бгыщхьэ хьэуа къабзэм дыгъэ нурыр зы мэскъалкIи имыубыду хуей щхъуантIэм толъкъун нэрылъагъуу щыушкIуашкIуэрт, ихъуреягъкIэ къыр джабэ дыгъэмыхъуэхэр щIыхуфэт. Абдулай бгы жьауэм щIэсу шу гуп зэрызехьэм къахэплъэрт, нэмэз щыгъэр хуэму зыIэпигъэжурэ. Илъагъурт абы Къэрэщей ишри езыри псоми къазэрыхэщыр: зэрышэрыуэр, зэрыпсынщIэр, зэрылъэщыр.

– Си щIалэ, – жиIащ абы ар зришалIэри, – псори фIыщ, IэкIуэлъакIуагъэкIэ ухуэмыхукъым, зырызкIэ уэ зыри къыптекIуэн хуейкъым, ауэ гуп хъумэ, алыхьым укъихъумэ. Сэ зыгуэркIэ сыноупщIынут иджы.

– КъызэупщI! – жиIащ Къэрэщей, щэныфIэу.

– Хьэ зэрыщх плъэгъуа уэ? – Къэрэщей къэуIэбжьащ, Iэнкун хъуащ, сыт хьэ зэрыщхым мыбы и Iуэхуу хэлъыр, – жыхуиIэу, ауэ гупсысапэри жэуап иритащ.

– Слъэгъуащ, ахьай слъэгъуа.

– Хьэ гупыр зы лъэныкъуэу, хьэ закъуэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэу зэрышхыу плъэгъуа?

– Слъэгъуащ апхуэди.

– АтIэ хьэ закъуэр хьэ гупым текIуауэ плъэгъуа?

ЩIалэр гупсысащ тэлайкIэ.

– Слъэгъуащ.

– ФIы дыдэщ. Плъэгъуамэ, фIыуэ къэщIэж ар зэрыхьуа щIыкIэр, зыр гупым зэрытекIуар. Абы лъэщыгъэм и закъуэкъым, нэгъуэщIи хэлъщ. Уежьэну жори, гъуэгу махуэ, дэнэкIэ бгъазэми!

А пщыхьэщхьэм, гъуэлъыжа нэужь, жейр къытеуэу хилъэфэху егупсысащ Къэрэщей лIыжьым и псалъэм. Зэрысабийрэ илъэгъуауэ гукъинэ хуэхъуахэри жаIэу зэхихахэри игу къигъэкIыжащ.

* * *

ЕтIуанэ пщыхьэщхьэм Къэрэщей гъуэгу теуващ. Зыгуэр гъусэ дыщI, къыжраIа щхьэкIэ, идакъым. «Сэ сыщIежьэ Iуэхур си щхьэ закъуэ Iуэхущ», – жери. Хъумбылей псыхъуэри Шэшэн хэкури къибгынащ, Тэрчи къикIыжащ. Иджы Къэбэрдеишхуэр зэпичын хуейт, Балъкъ адрыщI ихуэху. Ар жыжьэжтэкъым, гъуэгум и Iыхьэ щанэр къыхуэнауэ арт, ауэ и шым щысхьри, зы махуэ хуэдэ зигъэпсэхуну мурад ищIащ. Къуажи жыли дыхьакъым, бысыми лъыхъуакъым, псы Iуфэм пэмыжыжьэу мэз лъапэ дей чыцэр увыIэпIэ ищIри, и шым уанэр трихри лъахъи иримылъхьэу иутIыпщащ, езыри тIысащ, гъуэмылэр къызэкIуэцIихыну. Ар Iэщэ-фащэкIи гъуэмылэкIи гъуэгуанэ жыжьэм хузэгъэпэщат. ЩIыIэпсыIэу тIэкIу едзакъэу – абыкIэ зэфIигъэкIыну и ужь ихьат, арщхьэкIэ «тIум щыгъуи мыбдеж сисын хуейщ махуэ псом», – жери щIегъуэжри мафIэ ищIыну къэтэджыжащ. ЛIот, пхъэ, гъурыкIэбжьэрыкIэр гъунэжт, езыри и хэку Iугъуэмэм хуэзэшат. Мыгувэу мафIэр къызэщIэнащ пIэнкIыжу, лы гъэгъуа гъэжьэрымэри акъужьым IэфIу ипхъуатэри, джэгурэ-къуейщIейуэ ирихьэжьащ. Къэрэщей и гум щызу бэуащ, гуапэрэ щыгуфIыкIыу гуфIэгъуэ гуэрхэр къыщыушащ. «Хьэуэ, Iейкъым гъащIэр,

IэфIщ гъащIэр, хуэфащэщ абы ущIэзэуну. Сыт и уасэ иджыпсту сэ щхьэхуиту къэспсэу мы пщэдджыжь дахэр!» – хуеплъэкIащ ар и брулым. Къэрэщей зыщигъазэм брулри къеплъащ нэжэгужэу, и тхьэкIумэхэр гъэкIауэ и щхьэри къыхуищIурэ: «Аращ, аращ», – жиIэ хуэдэ. Хьэмэ, хэт ищIэн, шыми зыгуэр къыгурыIуэу пIэрэ? ШэмэджкIэ пагъэщхъа хуэдэ, дей щхьэкIэр пихъукIырт абы, къудамэч лантIэхэм нэсу. Шым гъуэгуанэ къикIуар зыхищIа хуэдэтэкъым, ауи къэбэкхъатэкъым, гуэбэн ищIын дэнэ къэна. Асыхьэту абы гуапэу игу къэкIащ Хьуд. Пщыхьэщхьэм, пшапэ зэхэуэгъуэм гъуэгу теувэжащ, я къуажэм нэсыжыным хуэпIащIэу. АрщхьэкIэ пщIэншэт: Къэрэщей дзыхь зыхуищI и къуажэгъухэм, пщылIхэм къызэрыжраIамкIэ, Даникъаным и бейгуэлхэр и гъусэу нэгъуей шы гуартэ къадыгъури Тэрч ирахуауэ къэтт, Шэшэн-Мышкъышым щагъэкIуэдыну, щащэну. Сыт ищIэнт, къигъэзэжащ, ахэр къызэрыкIуэжыну гъуэгум къытеувэри. Тэрч Iуфэ къэсыжащ. Псы икIыпIэхэр фIыуэ зригъэцIыхуати, абдеж къыщыувыIащ, гъуэгур япихъумэу. Шу гуп (жыжьэу зэрибжамкIэ, шу зытхух хъууэ арт) псым къыхэпкIауэ къикIыжу щилъагъум, псы Iуфэ тафэшхуэм (губгъуэшхуэт, шы къыщыбгъажэ хъуну) и кум ихьащ, япэув щIыкIэу. «Ярэби, арауэ пIэрэ, армырауэ пIэрэ? Сыту фIыт ахэрамэ», – жиIащ игукIэ. ЕIэбэкIри шыныбэпхыр фIыуэ щIикъузащ. Iуэхур псэзэпылъхьэпIэт, ауэ Къэрэщей и гур IэмпIэт, и пси кIэзызыртэкъым, еIэбыхри шы щхьэфэм Iэ дилъащ, шыми и щхьэр мащIэу иутхыпщIри сабырыжащ. Шухэр псым къикIри зэщIепсыхащ. Шыхэм псы сабэр яIэту заутхыпщIыжащ, лIыхэми зызэпалъэщIыхьыжри къежьэжащ. И нэгур белджылыуэ имылъагъу щIыкIэ Даникъаныр и шы къарэ лъакъуэхумкIэ къицIыхуащ Къэрэщей. Арат. Лъэбакъуэ щэ ныкъуэ хуэдизкIэ зригъэкIуалIэри гуоуащ, Iэ ижьымкIэ къамышы тIуащIэр иIэтауэ. Шухэри къэувыIащ, малъхъэдис гуэрым зыщIишэ хуэдэ.

– Даникъан! УкъэдаIуэрэ?! Лъэпкъ кIуэдыр зыхуэбгъэкIуа Къэрэщейр сэращ. Сэ си тхьэрыIуэщ лей зепхьар пхуэзмыгъэгъуну. Уи насып къыстекIуэмэ, сыбукIынщ, ар пхузэфIэмыкIмэ, сэ узукIынущ. КъакIуэ, къахэкIи къызбгъэдыхьэ! Сэ сыкъызэрыплъагъуу си закъуэщ, алыхьым фIэкIа гъусэ сиIэкъым.

Шу гупым, нэ Iейр зытекIыжам хуэдэу, зыкъащIэжащ. АрщхьэкIэ Даникъаным и щхьэ иримыпэсарэ е шына, и нэгу ябгэр губжьым зэкIэщIишауэ къэгубжьащ.

– Сыт жиIэр хьэм къилъхуа мы унэIутыхьэм, усхуэмыгъуэту укъэзгъуэта иджы! Фубыд, фубыд псэууэ, фымыукI. Сэ седэхэщIэнщ абы!

Езыр я ужь къинэри шууиплIыр къызэрехьэжьащ, хэт Къэрэщей лIыгъэрэ напэрэ зыхэлъ и псалъэхэр пашэм къызэримыщтар фIэмыкIуу, хэти и пщым хуэфэрыщIыныгъэм къыхихыу. Къэрэщей шхуэмылакIэр уанэ къуапэм фIидзэри Iэ сэмэгумкIэ фочыр иубыдащ, ижьымкIэ джатэр кърихри япежьащ. Ауэ гуп зэрыIыгъым нэмысыпэу бгъукIэ щIэтхъукIри губгъуэ хуитым ихьащ, шу гупыр зэщIэгуоуэжу и ужь иту, джатэхэр ягъэкIэрахъуэу. Ар иджыпсту къаубыдын хуэдэт, езыхэри зыщыгугъыр арт. АрщхьэкIэ брулыр, зыщIэзыдзурэ щIы щхьэфэм телъэтыкI пцIащхъуэм хуэдэу, цIыкIу хъужарэ щIым тешэщIауэ, хьэпщIэуфI фIэкIа умыщIэну, кIуэрт. Къэрэщей и шыр Iэпкълъэпкърэ куэпкърэкIэ зегъэкIуэным апхуэдизкIэ иригъэсати, шым езыр-езыру къижыхь фIэкIа, лIым и жэрдэм лъэпкъ хэмылъу къыпфIэщIырт. Езыри тешха хуэдэт абы, бгым щыбдзами, къемыхуэхыну. Зэ шухэм я пэ, зэ я ужь къихутэрт ар, уафэхъуэпскIым хуэдэу. ИтIанэ тафэ

гъунапкъэр зригъэгъуэтри, жэрыгъэ кIыхькIэ зиукъуэдиящ. И ужьым итхэм яшхэр, гъуэгуанэ зытетами щешауэ къыщIэкIынт, пщащ, къызэкIэрыхуу щIадзащ, шукIапсэ хъуащ (ар жытIэ щхьэкIэ, брулми нэхъ гъуэгуанэ цIыкIу зэпичатэкъым). Шухэр зэпэжыжьэу зырыз хъуауэ зэрилъагъуу, Къэрэщей псынщIэу къигъазэри япежьэжащ. Шу къажэхэм къытрашащIэ джатэм Iэ сэмэгумкIэ фочыр пэщIидзурэ, езыр джатэ тIыгумкIэ я щхьэм еуэурэ шууиплIри зырызурэ ириудыхащ, тIу къызэдеуэну запэщIимыгъахуэу. Къэнэжауэ джатэр зыгъэдалъэу къыхуэжэ шу къарэ лъакъуэхум шыбгъэрыуэ хуищIри ари зэтеудауэ зырызу хыфIихуащ.

– Тэдж, Даникъан, уи Iэщэр къэщтэж, шэсыж. Мис иджы хуит дызэхуэхъуащ уэ дэрэ. УщIемыгъуэжауэ пIэрэ тIэкIу?

– Ухьэщ уэ, сэ хьэм сыхущIегъуэжыркъым, – жиIащ Даникъаным, ар къеуэну зыкъыщричым. Арат абы дунейм и ужь дыдэу щыжиIэжыну псалъэр...

– Аращ, Хьуд, си Iуэхур къызэрекIуэкIар, – иухащ Къэрэщей хъыбарыр.

– Адрейхэр-щэ, адрей абы и гъусахэр дауэ хъуа? – щIэупщIащ Хьуд.

– Щым зыкъащIэжри шэсыжахэщ. ЕплIанэри алыхьым къыздищIэу сукIынутэкъым, къысIэщIэукIащ, удын гъущэм илIыкIащ. УкIыгъитIым я Iэщэ-фащэри яшри а плъэгъуахэращ. Зумыусыгъуэджэмэ, ахэр уэ къыпхуэзгъэнэну сыхуейт.

– Хьэуэ, зейхэр хьэбыршыбырми, хьэдэ щIэин сыхуейкъым. Здэшэ адэ, сэбэп къыпхуэхъужынщ.



Къэрэщей щIэкIри алэрыбгъу къэлътмакъ зэпедзэкI къыщIихьащ. Абы илът шы гуартэм къыщIэкIа ахъшэр, фадэ пIащIэ, бащырыбэм иту. Ауэ абыи Хьуд хэIэбэн идакъым.

– Ари уэ къэбгъэсэбэпынщ. Мы зэман Iейм дэ нэхърэ нэхъ тхьэмыщкIэж щыIэхэщ, зеиншэу, адэ ящхьэщымытыжу. Мис апхуэдэхэм я хьэлэлщ ар.

– Ари пэжщ, – жиIа фIэкIа, Къэрэщеи къыхигъэзыхьакъым.

– АтIэ, шэшэн лIыжьым, Абдулай, хьэ зэрыш плъэгъуа, – жыхуиIар фIы дыдэу къыбгурыIуауэ къыщIэкIащ уэ, Къэрэщей, – тришыжащ Хьуд псалъэмакъыр мылъкурэ-былымым.

– Сэбэп къысхуэхъуащ сэ ар, ауэ уэ къысхуэпщIам пщIэ иIэкъым. Брул уасэ пхухуэщIынукъым.

Ещанэуи зэ хуэзэжащ Хьуд Къэрэщейм, Кавказ бгъуэщI псом щызэпрадзыжу ар абрэдж цIэрыIуэ хъуа нэужь. Ауэ ар иужькIэщ. А псор сэ къыщIэстIэщIыжыр, си щIалэ цIыкIу, уэ укъызыхэкIари узищIысри пщIэн щхьэкIэщ, зы зэман зэ умыудэфэжын хуэдэу.

* * *

Зэрыхуэзэжари мыпхуэдэущ. А зэманым, XIX лIэщIыгъуэм и япэ илъэс щэ някъуэхэм, хамэ хэку къикIа къэкIуэхьакIуэ цIыху бзаджэхэм е бзаджащIэу къэзыкIухь абрэджхэм (апхуэди къахэкIыу щытащ абыхэм) щIалэгъуалэ ядыгъун, яхьын жыхуэпIэр зыуи къащыхъуртэкъым. Ауэ нэхъыбэрэ ядыгъур гужьгъэжь зыхуаIэхэм яйт. Дауи, апхуэдэ къулейсызыгъэм лажьэ зимыIи ямыцIыхуи хэхуэрт. Апхуэдэу яхьа сабийхэм я Iыхьлыхэм хъыбар кърагъащIэрти щхьэщэхужыпщIэкIэ къыхурагъэшэжырт.

Къамыщэхужмэ, нэгъуэщI щIыпIэ унэIуту, пщылIу щащэрт. Уэ къэгъуэтыж. Ари фейдэ хэкIыпIэт абыхэм я дежкIэ.

Махуэ гуэрым Къэрэщей гу гъуэгумкIэ къыкIуэцIрыкIыжу жыжьэу къаплъэри къилъэгъуащ зы шу гуэр, тесри умылъагъуу, жьыбгъэм хуэдэу къыдэжейуэ, абы и ужьым жыжьэу иту шу гуп къызэрыхьу. ЯпэщIыкIэ Къэрэщей и гугъащ ахэр зыхуейр шыр къаубыдыну арауэ. АрщхьэкIэ къелъэдэкъауэурэ щIэплъыIуэмэ, Къэрэщейм къелъагъу шым телъррэ тесрэ къыпхуэмыщIэну хьэлъэ гуэр ихьу. Адэ, жыжьэу бгы лъапэм щIэс къуажэм хуэпIащIэу шыр апхуэдизкIэ псынщIэу кIуэрти, къэзыху шу гупым кIуэ пэтми нэхъ япэжыжьэ хъурт. Къэрэщей и брулыр, езым ицIыхужырти, щIэпхъуащ гъуэгу зэпыупщIу. Шу бзаджэхэм яIэщIэкI шыр къицIыхуащ куэд дэмыкIыу – ар Хьуд и шыбз брулырат, езыр зытесым и анэр. Жьы хъуат абы щыгъуэ Хьуд и шыр, ауэ, итIани, абы щIыхьэфыну къедзам итыр езы Къэрэщей зытес брул зи щIалэгъуэрт. ИкIи лъэщIыхьащ, шыри шым ихьри къищIэн хуэдэу. Абы ихьыр щIалэ цIыкIут. КъыгурыIуащ итIанэ шухэр зыхуейр икIи къапэуващ, губжьарэ къамышы тIуащIэр игъэдалъэу. Шухэр къыщысам, яшхэр пщIэнтIат, джалъэрт – куэд щIауэ къахуу къыщIэкIынт абыхэм щIалэ цIыкIур зыхьыж шыр, арщхьэкIэ зыри къыкIэлъэщIыхьакъым.

– ЛIо, иджы сабий цIынэ къефхуэкIыу ара фыкъызыхуэнар, напэншэхэ! ФщIэрэ фэ а фызытегушхуар зищIысыр? Абы и зы псалъэм фипIытIынущ фэ. Абы и пащхьэм узыхьу ирамылъхьэн зы тхьэмыщкIэ джати щызэрахьэркъым мы Жьэпкъ псом. Фэ джэд дыгъухэмрэ хьэжьвакъэжьышххэмрэ лажьэ зимыIэ абрэджхэми я напэр тывох. ФикI мы хэкум, фыпсэуну фыхуеймэ, – губжьат Къэрэщей, зыхуэмыубыдыжу. Шухэри къэувыIауэ щытт, пIэр псыф зыщIа сабийр анэ шхыдэм зэредаIуэм хуэдэу, я щхьэр ирагъэзыхауэ икIи укIытэжауэ. Дауи, а бзаджащIэхэм иджы щихъыфэ зытрагъэуа щхьэкIэ, апхуэдэу сабырыжынтэкъым, ауэ я нэхъ пашэIуэм Къэрэщей фIыуэ къицIыхуу къыщIэкIат икIи, пэж дыдэу, мыукIытахэми, шынэжауэ къыщIэкIынхэт. Шухэр Iуджэдыжащ, зи кIэр зи бэкъум дэзыупщIэжа хьэ яубэрэжьам хуэдэу. Къэрэщей иригъэзыхыжащ, Хьуд IущIэн мурад иIэу. «Ар дауэ, зи пIэм ирамыгъэсыж цIыхухэр хъунщIакIуэмрэ дыгъуакIуэмрэ хыхьэжауэ, хьэпIацIэм хуэдэщ. Хьуд шымрэ сабиймрэ иутIыпщынкIэ дауэ хъуа, гъусэ гуэри ямыIэу? Е къэхъуаIа, къащыщIаIа?» – гузавэрт Къэрэщей.

– Уэ, еблагъэ, еблагъэ! – гуфIащ Хьуд, Къэрэщей пщыIэм щытехьэм, – гъуэмылэ ди куэдщ, гъэлъэхъу тIущIэ дукIауэ дотхъэж, тхьэмщIыгъуныбэ уэдгъэшхынщ.

– Бей тхъэж фыхъу, – Къэрэщей, и шыр пхъэлъантхъуэм фIидзэри, пщыIэм щIыхьащ. Хьуд а махуэм нэфIэгуфIэт, гурыфIыгъуэ гуэрым пэплъэ хуэдэ.

– Хьуд, уи шыр дэнэ щыIэ? Сыт хуэдэ? Иджыри а зэрыпсынщIэ, зэрышы Iущ?

– Шыр къуажэм дэкIуеижащ, щIалэ цIыкIу ихьыжри, Iейкъым иджыри.

– ФIыуэ дзыхь уощI уэ, Хьуд! – Къэрэщей зыхуэзар псори жриIэжащ абы.

– АIэ, ар абыхэм яхуэубыдынукъым, апхуэдэшкъым ар иджыри, – дыхьэшхащ Хьуд, – ди щIалэ цIыкIу щыIэт мыбыи, зышэжын сымыгъуэту, арэфыпскIэ шым теспхэри сутIыпщыжащ. Ар езы шыми игъэунэхуагъэжь-

щи, занщIэу мэкIуэж, шхуэIуи хуейкъым, щIопщи хуейкъым. Хамэ лъэпкъ зыбгъэдигъэхьэнукъым.

– ИтIани, пщIэнукъым, бзаджэм Iэмалищэ иIэщ, зи ныбжь хэкIуэта шыри умыщIэххэу лъэкъыкъ хъункIэ хъунщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, куэд щIащ ар зэрынэсыжрэ, слIожь абы и дежкIэ верст тIощIыр. Жэрыгъэ защIэкIэ икIунущ ар абы. Умыгузавэ абы щхьэкIэ, ар иджы къатIэтэжауэ а хъыбар дыдэр жиIэж хъунщ. – Мис а шым арэфыпскIэ тепхауэ абрэджхэм яIэщIэкIа щIалэ цIыкIурат Долэт и адэ хъунур.

Апхуэдэщ, си щIалэ цIыкIу, уи лъэпкъыр къызэрежьа щIыкIэри къызыхэхъукIари. Уэ жыIэ иджы, щхьэхынагъэрэ хуэмыхугъэкIэ абыхэм дагъуэ яIэ хъунуми мыхъунуми, е Долэт кIэгъуасэмыщIу куэдрэ щIыщытар лэжьэн фIэмыфIу, лэжьыгъэм пыIукIуэту арами армырами. Хьэуэ, абы нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэщ.

*УсакIуэ Брай Адэлбий къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





КХЪУЭIУФЭ Хьэчим

# ЩХЬЭГЪУБЖЭ НЭХУ: УСЭМРЭ ПСЭМРЭ ЗЭЩIЭЗЫГЪАБЛЭ

*Элегие пэлъытэ*

***Зытхам къыбгъэдэкIыу***

«Iуащхьэмахуэм» еджэхэм гу лъатагъэнкIэ хъунщ литературэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм ятеухуауэ иужьрей зэманым журналым тета си тхыгъэхэр жанр и лъэныкъуэкIэ нэхъ зэкIуалIэр зэхэгъэкIыным авторыр гугъу зэрыдехьам. «Эссе пэлъытэ» яфIэсщат, нэхъапэми а рубрикэр нэгъуэщI тхыгъэхэми ятезгъэувати. «Сыту пIэрэ мы «пэлъытэм» къригъэкIыр?» жаIэмэ, мис абы щхьэкIэ «Адыгэ псалъалъэм» итыр: «Приравненный к кому-чему-либо; равносильный, той же значимости, функции и т.п. /зыгуэрым и пIэ ирагъэувэ, пагъэув, хуэдэу ялъытэ».

Мыбы щхьэкIэ «Элегие пэлъытэ» жызоIэ. Къытпэщылъ псалъэмакъыр зытеухуар гум зэрежэлIэн и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, къысфIощI ар «пэбгъэув», «хуэдэу къэплъытэ» хъуну элегие жанрым кърагъэубыд нэщэнэхэм. УсэкIэ тхауэщ элегиер нэхъыбэу зэрацIыхур. Прозэ теплъэ иIэу къыщыкIуи щыIэщ. «Стихотворение в прозе» жаIэу

дыщесэжакIэ, прозэ элегиери дурыс пщIыным сыт хэлъ? Сатырхэм я теплъэр аркъым мыбдеж укъэзыгъэгъуазэр – тхыгъэр зэрыщыту зыхуэдэрщ, абы и купщIэрщ, узыхуишэ гупсысэрщ, гукъыдэжу къуитымрэ узэригъэнэщхъей-узэригъэгумэщIымрэ зэрызэхуэкIуэрщ. Элегиери лирическэ очеркщ, лирическэ геройм къыщыщIа, зыгъэпIейтея гуэрхэр езым къиIуэтэжу («япэ щхьэ» грамматикэ формэм иту), цIыхур зыхэхуа хэплъэгъуэм е гур зыщIэхъуэпс гуэрым тращIыкIа сурэтщ. Дэ ди элегием и «къэзыIуэтэжыр» езы авторырщ.

Ди япэ элегие къедзыгъуэрацщ – Брай Адэлбий, ди ныбжьэгъужь мыгъуэр, псэужатэмэ, иджы илъэс 80 ирикъунут. Куэд и уасэтэкъэ и ныбжьыр абы нэсауэ къытхэтыжыну! Хэт игугъэнт дэ псом нэхърэ нэхъ лъэ жаныр, узыншагъэкIи гукъеуэшхуащэ зимыIэр апхуэдизкIэ ди япэ ищыну! Зэманым нэхъ узыгъэбэлэрыгърэ укъэзыгъапцIэрэ зыри щыIэкъым.

Сэ мыбы ипэкIи тхыгъэшхуэ къытрезгъэдзат ди усакIуэ хьэлэмэтым, ди къуэшыфIым теухуауэ. Езы тхьэмыщкIэри псэууэ зэрэ-тIэурэ къалэмкIэ салъыгъуэзат и усэхэм. Абы лъандэрэ – нейзэман! Япэр «Iуащхьэмахуэ» журналым къыщытехуар 1963 гъэрт. Иужьрейр – 2007-м. (УрысыбзэкIэ къыдэкIахэр: «Слезою счастья и слезой печали», «Советская молодежь», 1965, сентябрым и 22-м; «Тень друга, или Свет в окне поэта». «Литературная Кабардино-Балкария», 2007, №3). А тхыгъэхэм къытезгъэзэжу селэжьыжыну сытегушхуащ, щIэупщIэ зэраIэм къыхэкIыу. Мыпхуэдэ щхьэусыгъуи иIэщ къыщIытезгъэзэжым. Си закъуэу къысфIощI литературэм апхуэдиз лъандэрэ елэжьу, апхуэдиз рецензэ, статьяхэр, очеркхэр адыгэбзэкIэ итхауэ, ауэ ахэр адыгэбзэкIэ къыдэкIауэ тхылъ щхьэхуэу зимыIэр, тхылъеджэр хуей хъумэ, Iэбэу къиищтэн хуэдэу. Ди зы тхылъ, литературэ-критикэ статьяхэр иту, урысыбзэкIэ къыдэкIыгъат 1980 гъэм. Ари нобэ къэбгъуэтыжыну тыншкъым, уIэбэм, къэпщтэн дэнэ къэна.

Зэманыр, зэрыжытIащи, узыгъэбэлэрыгъэщ. Дэ, нэхъыжьыжьхэм, гу лъыдмытащэурэ, дунейм зиублэрэкIыпащ. Къэралым цIыхуу исым я нэхъыбапIэм нэгъуэщI псэукIэ, нэгъуэщI гупсысэкIэ яIэ хъуащ, фIыгъуэу зыхущIэкъухэри ягъэлъапIэхэри куэдкIэ къащхьэщокI дэ дыщIэпсэууэ, дызыщIэхъуэпсу щытахэм. ЩIэблэм ящIэн хуейщ япэ итахэм я псэукIамрэ лъапIэныгъэу ягъафIэу щытахэмрэ зыхуэдэхэр. Нобэ адыгэ текстхэм я Iуэху зыхуэкIуэмрэ адыгэ тхылъеджэхэр, ахэр мащIэ зэрыхъум и мызакъуэу кIуэ пэтми нэхъ хуэмыху, нэхъ щхьэхынэ зэрыхъухэмрэ зэпхьэлIэжмэ, шэс уихьэну гугъущ гъуэтыгъуей хъуа тхыгъэхэр къалъыхъуэжу абыхэм гугъу зрагъэхьыщэну. Интернетым имылъмэ, зыми зыри къамылъыхъуэжыххэу шэч бощI.

А псом нэхъри нэхъ сезыхулIэ щыIэщ нэхъапэкIэ стхам тезгъэзэжыным. Ди тхыгъэхэр къагъэсэбэпмэ (газетхэм, сборник щхьэхуэхэм традзэмэ), ахэр щхьэж зэрыхуейм хуэдэу щызэхаупщIатэ, щагъэкIэщI, и мыхьэнэр щызэрахьэкI къохъу. «Авторскэ правэм» теухуа Законым ипкъ иткIэ, зым и лэжьыгъи ухэIэбэну, къэбгъэсэбэпыну ухуиткъым, езы авторым и Iизын хэмылъу. Ауэ ар хэт къыфIэIуэху IэджэкIэ нэхъ гуащIэ законхэри зыми къыщримыдзэж къэралым?!

Нэхъ ткIийуэ бгъэдыхьэн хуейт литературэ-критикэ тхыгъэхэр щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къызэрыщагъэсэбэпми. ЦIэи,

унэцIи – ари хъарзынэу – зиIэ авторыр анонимым щыхуагъакIуэ гъунэжщ. Куэдрэ абы щхьэкIэ дохъущIэ, итIани тхуэухыркъым: псоми диссертацэ ятхын хуей зэрыхъурщ нэхъыбэр зи лажьэр. Диссертацэ зытхыр иужь йохьэ дунейр къызэIузыхар а зырауэ, псори къыщежьэри абы дежу къафIигъэщIыну. Ар тыншкъым. Сыт щыгъуи щыIащ литературэкритикэ статьяхэр литературоведением и кIэрыхубжьэрыхуу, литературэм и пхъэнкIий идзыпIэу е и бжэкъуагъыу къагъэлъагъуэмэ зыфIэфIхэр – езыхэр зыхуейр абы къыхаха иужькIэ. Пэжыр здэщыIэр аращи – литературэ критикэр литературоведением и щIэдзапIэщ, литературэм и мыбжэкъуагъ дэнэ къэна, абы и бжэщхьэIущ, бжэщхьэIум уебакъуэмэщ унэм ущыщIыхьэри – адэкIэ здэбгъэзэнум уэ ухуитыжщ.

НэгъуэщIу лъахъэ къизылъхьэр литературэм и жанр псоми ди деж иджыри лъэ быдэ зэрыщамыубыдам къыхэкI гуэрхэщ. Лажьэ нэхъыбэ зыбгъэдэлъыр езы тхылъеджэхэмрэ редактор языныкъуэхэмрэщ. Зи, къабыл ящIыркъым пэж дыдэу къэхъуа-къэщIахэм, дунейм тета (тет) цIыхухэм ятеухуа, документхэм ятещIыхьа очеркхэм, статьяхэм, нэгъуэщI тхыгъэхэм геройм и гъащIэм и щэху гуэрхэр, и гум щыщIэ, и псэр зыгъэгузавэ, IэщIэкIа щыуагъэ, н. къ. хуэдэ гуэрхэр къыхэщмэ. Ухуеймэ эссе фIэщ уи тхыгъэм, ухуеймэ элегие – узэсэр сэгъейщ, консервативнэ, и пIэм ижыхьа гупсысэкIэм пхутешхэркъым. Псэм и сурэтым хуэнэфщ, гум и гъыбзэм хуэдэгущ лъэпкъ литературоведениер. Ар къыщежьэнкIэ хъунущ лъэпкъ хьэл-щэнхэми, лъэпкъ гупсысэкIэми (менталитет жыхуаIэжым). Адыгэр есакъым и физ е и бын хамэ щыту тепсэлъыхьу, жылэм я пащхьэ къиувэрэ, и щхьэ кърикIуам иритхьэусыхэу, зым и щхьэ Iуэху къуажэ Iуэху ящIу, игу щыщIэм, псэкIэ игъэвым щхьэкIэ езым зипхъэхыжу... Мыбы тохьэ адыгэм «зи бзэ быдэм» хуищI дзыхьыр. «Исповедь» жыхуаIэм хуэдэ зи мыхабзэ муслъымэн диным и ткIиягъри хыхьэжауэ къыщIэкIынущ: хьэрэм-хьэлэлым фIэлIыкIыныр, «Алыхьым деж нэмысынум» щышынэныр.

А псоми акъыл гуэр хэлъ хъунщ, ауэ цIыхум и портретыр литературэм кууэ къыщыбгъэлъэгъуэныым зэран хуохъу, уи геройр нэхъ къацIыхун щхьэкIэ апхуэдэ хъыбархэри, нэгъуэщI Iэджи щхьэпэ зэрыхъунур наIуэщ. Iуэхур нэхъ кууэжщ поэтым и литературэ сурэт пщIыну иужь уихьамэ. Лирикэм и хэкIыпIэр ар къэзыгъэщIым и дунейр, и псэм, и гум щыщIэхэрщ, езым гъащIэм щигъэунэхуам, щигъэвам, щишэчам гупсысэу зыхидзахэр, дэрэжэгъуэ къезыт лъагъуныгъэр, ныбжьэгъугъэр, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэрщ. Абыхэм уахэмыIэбэмэ, дауэ птхын поэтым и сурэт, дауи къыбгурыIуэн абы и поэзиер? И чэзу дыдэщ мыбдеж а Iуэхухэр къыщыпIэтыну. Брайм и гъащIэмрэ и творчествэмрэ щызэпкърытхкIэ дэ къытпэщытщ абыхэми, нэгъуэщI куэдми жэуап къахуэдгъуэтыну, ахэрщ ди тхыгъэм элегие плъыфэ къыщIэзыгъэувэри.

ИкъукIэ узыщыгуфIыкIынщ Адэлбий и усэхэр щIэныгъэхутэ лэжьыгъэхэм хэша зэрыхъур.

Ди тхыгъэхэу 2007 гъэм журналхэм («Iуащхьэмахуэ», «ЛКБ») тетахэм дэ щхьэхуэу дыкъыщытеувыIат 1960 гъэхэм урыс совет литературэм къыхыхьа щIалэгъуалэ гупым («шестидесятники») я поэзиемрэ абыхэм япэ итахэм я творчествэмрэ зэрызэхущытым. Урыс литературоведением а тIум яку дэлъ зэщхьэщыкIыныгъэр белджылы дыдэ зэрыщыхъурэ куэд щIащ. Дэ ди республикэ литературэ щIэныгъэр а те-

мэхэм хуэгумащIащэу пхужыIэнкъым. Арауэ къыщIэкIынт а поэзие лIэужьыгъуитIым яку данагъэ гуэр дэсшыну иужь сыщIихьар, абы пыщIа псор къэстIэщIыну мурад симыIэхами. «Ура!» куэдыIуэ зыхэт («ДофIакIуэ, догъагъэ...»), коммунизмэм и пафосым нэхъ гур зыкIэрыпщIэн зыхэмылъ усэхэр щыужьыхымрэ цIыху къызэрыгуэкIым и Iуэху зыIутхэр, абы и гум щыщIэхэр зи япэ тегъэщIапIэ поэзиер къыщыунэхумрэ я кум дэувауэ къэтлъытат, КIуащ БетIал и творчествэр зы лъэныкъуэу, Брай Адэлбий и тхылъ «Щхьэгъубжэ нэхур» нэгъуэщI зы лъэныкъуэу. Хэт нэгъуэщIу къилъытэнуми езыр хуитыжщ. Дгъэтэмэмын хуейуэ къыщIэкIынущ: КIуащымрэ Браймрэ я лэжьыгъэр апхуэдэу гъунэгъу зэрызэхуэтщIам къикIыркъым абыхэм къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэу хуащIар тэрэзэм тетлъхьауэ зэпэтшэчу. ГуитI-щхьитI чэнджащэ хэлъын хуейкъым: КIуащ БетIал – КIуащ БетIалщ. Абы сэ шэч къытесхьэу къызыщыхъу щыIэмэ, КIуащым теухуауэ 2016 гъэм «Iуащхьэмахуэ» журналым и номеритIым тета тхыгъэшхуэм ирепльъ. Брайм и усэхэр «нэгъуэщI зы лъэныкъуэу» щIэувыр илъабжьэкIэ къэкIуэнум къигъэлъэгъуэнщ.

Си гуапэ хъуащ ныбжькIэ нэхъ щIалэ ди литературоведхэм ящыщ Къэжэр Иннэ зи гугъу тщIы «данагъэм» зэрыблэмыкIар, «данагъэр» здыкIуэцIрыкI ди тхыгъэм и цIэ езым и статьям къыщримыIуэу къигъэнами. (Еплъ: «Идеал типического человека в аспекте традиции (на материале поэтических произведений Адальби Браева)». Вестник КБИГИ. 2014. №2). Тхылъ щхьэхуэ къыщыдигъэкIми, ди лэжьыгъэм и цIэр езы къэхутэныгъэ текстыр мыхъуу, «къагъэсэбэпа литературэм» я спискэрщ зыхэхуар, ар «Идеалым...» зэримыхамэр нэрылъагъу дыдэми. Сэ апхуэдэхэр уэим зыщIхэм сащыщкъым (сесэжари хэлъынкIэ хъунщ). Дэ ди лэжьыгъэ лIэужьыгъуэм ехьэлIауи абы къикI щыIэкъым. ИтIани литературэ-критикэ статьяр, зэ зэрыжытIауэ, литературэм и пыдзахуэу зэрыщымытыр, унэм и хъуреягъыр дапщэрэ къэпкIухьми, абы и щIыхьэпIэр бжэщхьэIур зэрыарар пщIэжмэ, нэхъыфIщ. Псори зытещIыхьыжар Брайм и творчествэр аращи, абы утыкущIэ, щIэплъыпIэщIэ зэригъуэтыр нэхъапэщ. Ар зи фIыщIэ Къэжэр Инни нэхъыбэж Тхьэм къригъэхъулIэ!

Абы, дауи, хэхауэ тепсэлъыхьыпхъэщ. МызэкIэ, щхьэусыгъуэ диIэ щыхъуакIэ, кIэщIу щIызгъунут.

Сэ Къэжэр Иннэ си цIыхугъэкъым. Зытепсэлъыхьыпхъэ куэд и тхэкIэм хэслъэгъуауэ аращ. Псом япэу: фIыщIэ хуэщIыпхъэщ нобэ ди литературоведением игъуэт щытыкIэм ехьэлIауэ. Литературэхутэ щIэныгъэм къыхих гъуэгухэр хьэдэгъуэдахэ жыхуэпIэнум къыщынэжыркъым. Утыкур яубыд адыгэбзэкIэ емыджэ, адыгэ литературэхэм ди зэманым щекIуэкIхэм щымыгъуэзащэ, зыщагъэгъуэзэнуи хуэмей, ауэ хуабжьу зызыгъэдадэкъуапэ (пэж жыпIэмэ, нэхъыбэр – нанэхэщ), егъэлеяуэ дэпсэлъей, уеблэмэ, псоми едэмэпкъэуэну хьэзыр литературоведхэм – кандидатхэр, докторхэр, профессорхэр яхэту. Ахэр зыщыгъуазэр урысыбзэ тхылъхэращи, апхуэдэ зыгуэр къащтэри ягъэпIий: мис мыращ нобэ адыгэ литературэм и напэр, ар нобэ зытет лъагъуэхэр къызыхэщыр... ИпэжыпIэкIэ адыгэ литературэр зытетыр нэгъуэщI лъагъуэхэщ, ауэ ар къызыхэщ тхылъхэр урыс тэрмэш хъуахэкъыми, дурэшым дэлъщ, мыдрейхэм я хъыбарыр «от Москвы до самых до окраин»

жыхуиIэм нос. УрысыбзэкIэ тхэ адыгэхэм нэхъ лъэпкъ патриот щымыIэу ягъэIуу къызэраублар хэлъхьэж.

Къэжэр Иннэ и лэжьыгъэхэр нэгъуэщIщ – адыгэбзэкIэ къыдэкIа тхыгъэхэр урысыбзэкIэ зэпкърех. Апхуэдэ тхылъхэр («Кабардинская поэзия XX века: актуализация идеала», Н., 2014; «Модусы художественности», Н., 2016) зэрыдмылъагъужрэ илъэс куэд щIащ. Зэпкърихыну Иннэ къищтэхэми куэд яхэтщ иджыри къэс литературэ критикэри литературоведениери ялъэмыIэсауэ. Шэч къызытепхьи къыдокIуэ абыхэм яхуигъэфащэ лъытэкIэм. Куууэ къыщIигъалъэ щхьэкIэ, езы къигъэхъуапIэр чэнжыIуэу къыщыпфIэщI мащIэкъым. Бзэ зэрытхами тIэкIу нэхъ хуэсакъыпхъэт. ЗэпкърихIхэр бэм куэд щIауэ яхэлъ, псори зэсэжа текстхэщ, псалъэ къызэрыгуэкIхэу зэхэтхэщ, мурад ящIу, зэтраубам хуэдэ «наукообразнэ» бзэ хьэлъэр апхуэдэм екIущэркъым. Псоми зэращIэщи, нэхъ псынщIэрщ, нэхъ къызэрыгуэкIырщ нэхъ бзэ пэжыр, нэхъ бзэ дахэри.

Дэ ди тхыгъэ илъабжьэкIэ къэкIуэнум деж дгъэзэжынщи, абы щIэуэ зыкъом щIыдгъужащ. Илъэси 10 – 15 ипэкIэ литературэми жылагъуэ гъащIэми мыхьэнэшхуэ щаIауэ, ауэ иджы апхуэдэ дыдэу цIыхухэр щIэмыгузэвэж («актуальнэу» щымытыж) Iуэхухэу япэм хэтахэм ящыщ гуэрхэр хэдгъэкIыжащ. «Уэрэдыжь макъамэхэр» усэ циклым щыщу Брай Адэлбий и цIэр зытестхам, япэм ауэ сытепсэлъыхьауэ арати, иджы езы усэр зэрыщыту хэзгъэувэмэ, тэмэму къэслъытащ – нэхъ гурыIуэгъуэ хъунщ псори. Абы и закъуэкъым: литературэм теухуа ди тхыгъэхэм хуэдэщ зэзэмызэ къытIэщIэтхэ усэ тIэкIухэми я Iуэху зыIутыр, ахэр зэхуэтхьэсыжу тхылъ щхьэхуэу къытхудэгъэкIакъым, нэгъуэщIыр хуеин хъумэ дэнэ къэна, дэр дыдэри дыIэбэмэ, дызыхуейр щыдмыгъуэтыж щыIэщ.



Поэзиер мыпоэзием къыпыгъэщхьэхукIыныр гугъущ, щхьэж игу ирихь-иримыхьым тещIыхьа мэхъури. Сэ сыкъапщтэмэ, нэхъ сыдэзыхьэхыр «гупсысэм и поэзиекIэ» зэджэрщ. Абы къикIыркъым адрей поэзие къэкIуэкIэр, гурыгъу-гурыщIэхэр зэщIэгъэстыным нэхъ тегъэпсар, «эмоциональнэ» жыхуаIэжыр, си хьэрэму. Ари си нэщ, си псэщ, гурыщIэхэм я къабзагъэр, цIыху цIыкIум и псэм игъэвымрэ ишэчымрэ пэжу къигъэлъагъуэмэ; хьэм нэщI щыIуэу темыщэнауэу зиукъэбзмэ; тхьэлъанэу кърабжэкIыу хъуар нэд зэфэзэщу къыщIимыдзыжмэ. Псалъэ купщIэншэхэр мышыууэ зэпылъэфыныр, жьэрыIэзэу дэпсэлъеиныр хьэл мыгъуэ зыхуэхъуар политик мылъхуэсхэрщ. УсакIуэм апхуэдэ тхэкIэ нэрыгъыу иубыдыным къикIыр и IэкIэ зиукIыжу аращ. Езым и мыхьэнэм, пкърылъ гупсысэм тещIыхьауэ усэр къыхэхыныр къысхэзылъхьар Лермонтов Михаилрэ КIыщокъуэ Алимрэ я тхыгъэхэр зыми пэзмыщIу фIыуэ зэрыслъагъур арагъэнщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр (поэзием деж къыщымыувыIэу) тIэкIу хуэгъущэпсыщэу, рационалистичнэ жыхуаIэм нэхъ хуэкIуэу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунури къыдгуроIуэ.

ДыбзыщIынкъыми, догматизмэм, зэ зэрыува пIэм зэи имыкIыным тещIыхьа литературоведениемрэ зыр зым щытхъужу есауэ къекIуэкI

критикэмрэ я къэрэгъулхэм, псори зэсэжам темыкIыным, щIэуэ зыгуэри Iуэхум зэрымыщIэкIэ къыхэмыбжьэхъуэным сыт щыгъуи хуэсакъхэм, къыддамыщтэнкIэ хъунущ 1963 гъэм Налшык къыщыдэкIауэ щыта Брай Адэлбий и тхылъ «Щхьэгъубжэ нэху» жыхуиIэм си дежкIи, тхылъеджэ псоми я дежкIи мыхьэнэуэ иIар зэрызэпэслъытэ щIыкIэр.

ДауикI, Iэджэ бгъуэтынщ апхуэдизу а тхылъыр си гум дыхьауэ щIыщытар дэ а зэманым диIа ныбжьым е «литературэшхуэм» хэтщIыкIыщэ «зэрыщымыIам» хэзылъэгъуэн. Бгъуэтынуми, сэ абы щыгъуэ университетым и иужьрей курсым сынэсат, кIэщI-кIэщIурэ газетхэм, журналхэм къытехуэрт литературэм и Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр зэпкърызых си тхыгъэхэр, тхылъыщIэхэм, журналыщIэхэм ятеухуа рецензэхэр, ар дэнэ къэна, иджырей псэлъэкIэкIэ жытIэнщи, сыкритик «крутой» гуэрт – IурыIэбапIэ имыIэу.

Тхылъыр зи IэдакъэщIэкIыр дэр нэхърэ илъэсищ хуэдизынкIэ нэхъыжьт. Си курсэгъу Мэзыхьэ Борисрэ сэрэ къытхуэжумарту езым и ныбжьэгъухэм дахибжэрти,  мис ар ди напщIэм телът – дригушхуэу, дрибжьыфIэу. УщIэгушхуэнри мащIэтэкъым: ди ныбжьэгъу нэхъыжьыр а зэманым къалэм и нэхъ уардэ Къэбэрдей уэрамыр зыгъэбжьыфIэхэм ящыщт, нэхъыщхьэрати – литературэ Iуэхухэр зэкIуалIэхэм ядэлажьэрт. Абы нэмыщIкIэ «Унэшхуэм», а зэманым Советхэм я унэкIэ зэджэм, кIуэгъужэгъу гуэрхэр щиIэт. Езыр жыпIэнути – зэпэщт, зэкIужт, и щIалэгъуэ дахэт, «Iэпэ зыхуишийр къыдэкIуэнущ» жыхуаIэм хуэдэу. Дэ фэуэ етплъыр арати – сыткIи и пхъэр къикIырт, «насып натIэ дыдэ» пэлъытэт, – дауи, псэун щIэзыдза къудей интеллигентым, пролетар дыдэхэм къахэкIам, тещIыхьауэ а зэманым «насып натIэу» убж хъуну щытам къиубыдым хуэдизкIэ; сытыт нэгъуэщIи – псори иIэт: университет диплом, лэжьыгъэ хъарзынэ, ишхын-ищIэн, псэупIэ, хыхьэхэкI зиIэ гуэрхэм кIэщIу зэрапыщIари хэтыжу. Сытыт абы нэхърэ нэхъыбэ а лъэхъэнэм щIалэр зыхущIэкъункIэ хъунур? Къулыкъут? Къулыкъу хуэпабгъэу ди ныбжьэгъур зэи псэуакъым – щищIалэгъуи, нэхъ лIыпIэ щиуваи.

Абы и усэхэр къыдэкIыгъуэ щхьэхуэхэм къызэрыхэхуэрэ куэд щIат, кIэщI-кIэщIурэ уаримыхьэлIэми. Уеблэмэ, урысыбзэкIи зэрадзэкIырт, ауэ щыхъукIэ, пщIэшхуэ хуащI хуэдэт. 1957 гъэм Брайм и тхыгъэхэр ихуат къэбэрдей усакIуэ щIалэхэм я сборникыу Налшыки Мэзкууи къыщыдэкIам.

Япэ дыдэу и тхыгъэ къызэрытрадзауэ щытам и гугъу пщIымэ, ар зи фIыщIэр зыкIи пэмыплъауэ зэгуэрым къэхъуа зэIущIэрт. А махуэм ТхакIуэхэм я союзыр зыщIэс унэм и пкIэлъей кIыхьым (иджы ар «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр здэщыIэрщ) Сашэ (е Шурэ – апхуэдэут абы псори зэреджэр, и япэ тхыгъэхэм тетари а цIэрщ – Александр), гукъыдэж лъэпкъ имыIэу къехыжырт. Школым зэрыщIэс лъандэрэ къакIуэрт ар мыбы, адыгэ литературэм лъагъуэ дахэ хуэзыщIа гъуэгу угъурлым тету Щхьэлыкъуэ къикIыурэ. КъакIуэрт усэхэр зритхэ тетрадь пIащIэ цIыкIухэр къэпщIэнтIа и IэгухэмкIэ икъузу. IэджэкIэ щыгугъырт а усэхэм. Ауэ тхакIуэ союзым и лэжьакIуэхэм, Сашэ къызэрыфIэщIымкIэ, Iыхьэ лейм икIауэ ткIийхэм, усэхэр бжэныцрэ хьэцыпэу къыхуракъухьырт. Псом хуэмыдэу и жагъуэ къащIат зи гугъу тщIыж махуэм. Зытеувэр имылъагъуу дэкIуеипIэм къехыжырти, зэуэ гу лъитакъым ту-

тын ефэу пкIэлъеитIым я зэпылъыпIэм деж тет лIы хэщIыхьам. Сашэ занщIэу блэкIынут, ауэ абы деж къыщыс дыдэм лIым зыкъигъазэри «укъызбгъэдэлъадэу IэплIэ щхьэ къысхуумыщIрэ, зиунагъуэрэ?» жиIэм хуэдэу, гуапэу къыхуэгуфIащ. «Уэ хэт ухъуну?» – и нэ пIащэшхуэхэр къытриубыдащ. ЗдэщыIа, къыщIэкIуа сыткIэ къеупщIакъым, фIыуэ щыгъуазэу къыщIэкIынт мис апхуэдэу тетрадь тIэкIур я Iэгум щакъузу мыбы къекIуалIэ ныбжьыщIэхэр а унэжьым къэзышэм. КъызыхэкIари имыщIэу, Сашэ и гум къыпылъэдащ усэхэм ехьэлIауэ гукъеуэу иIэри, и жагъуэ къызэращIари мо лIы мыцIыху угъурлыфэу къеплъым хуиIуэтэну. И Iэр и дамэм къришэкIри лIы мыцIыхум Сашэ щIишащ гъунэгъуу къыщыт пэшым, плIанэпэм дэт стIолым бгъэдэтIысхьэжри, «къащтэт мыдэ» – жери и тетрадхэр Iихащ. ЛIыр щызэпиплъыхьыпэм, пэшри нэкIэ къыщищым, Сашэ къыгурыIуащ ар зи хъыбарыр псоми яхуэмыух КIуащ БетIал и пащхьэм зэритыр. Куэд зэхихат абы теухуауэ, ауэ езыр зэи илъэгъуатэкъым. УсакIуэ хьэлэмэтыщэр абы щыгъуэ «Къэбэрдей» альманахым щылажьэрт. Альманахым и зи чэзу къыдэкIыгъуэм къытехуат Брайм и усэу япэ дыдэу дунейм къытехьар. (КIуащ БетIал зэрыхуэзам и хъыбарыр Адэлбий къысхуиIуэтэжауэ япэу зытета «Советская молодежь» газетым тIэкIу мыбы къыщхьэщыкIыу къытрадзат).

«Брай Александр» – адыгэр зэмысэща цIэ-унэцIэр сэ занщIэу сигу къинат газет гуэрым абы сызэрыщрихьэлIэу. Езы усакIуэр и щхьэкIэ щыслъэгъуар тэмэм дыдэу къысхуэгубзыгъыжыркъым – 1958 гъэрщ е 59-рщ. «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм щылажьэ литобъединенэм и зэхуэсыгъуэм сэри, къуажэм сыкъикIри сыкъэкIуауэ, сымыщIэххэу срихьэлIат. Зытепсэлъыхьыр Брай Александр и усэхэрт. ФIыуэ сощIэж а махуэм абы хуабжьу зэрыхукъуалъхьар, къызэрысфIэщIамкIэ, тIэкIуи ирагъэлейуэ. Усэхэм тепсэлъыхьхэри, иджырей жыIэкIэкIэ ари жыпIэмэ, «крутой» гуэрхэт, тхыгъэхэм никъусаныгъэу халъагъуэр дзыгъуэ гъуанэ дихьа къамыгъанэу къагъэубэлэцырт. Сэ апхуэдэ зэIущIэ япэ дыдэ сыхэхуауэ арат, къэпсалъэхэм ящыщу зыри сцIыхуртэкъым. Сыщымыуэмэ, ахэр псори университетым щеджэ щIалэхэт. Сыщыгъуазэкъым абыхэм ящыщ гуэрхэм тхакIуэ е журналист IэщIагъэм зратауэ, армыхъуамэ иужькIэ цIыхугъэ дызэхуэмыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым. Брайр цIыплъу къызэщIэнауэ щытт, и жагъуэ къызэращIыр зыхищIэщауэ арарэ нэгъуэщI зыгуэррэ къыпхуэмыщIэу. Модрейхэри кIуэ пэтми къызэрызэщIэгъэстыжурэ нэхъри къытегуплIэрт...

Абы и ужькIэ илъэситху дэкIауэщ Брайм и япэ тхылъыр цIыхухэм я пащхьэ ирилъхьэну щытегушхуар. Критикэр абы хуабжьу сэбэп къыхуэхъуагъэнущ. «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъым итхэр нэгъуэщI усэхэщ, и жинтми тетщ авторым и цIэ дыдэр – Адэлбий.

Къанэ щIагъуэ щымыIэу усэхэр автологие гъэпсыкIэм тету тхащ. Апхуэдэ усэхэм псалъэхэр къыщагъэсэбэп езыхэм я мыхьэнэ дыдэм трамышу, абы къыхэкIкIи ахэр «бэзэрым къызэрытекIам» хуэдэу мэIу, щIагъыбзэ е хъуэрыбзэ хэмылъу. Апхуэдэ тхэкIэм нэхъ дихьэххэри поэзиер ар псом япэу гупсысэм и абгъуэу къэзылъытэхэрщ. Къапщтэмэ, КIыщокъуэ Алим. Пэжщ, жыIэн хуейщ мыбы и тхыгъэхэм «фигуральнэ» жыхуаIэ псэлъэкIэми, метафорэ гъэщIэрэщIахэми, щIагъыбзэ зыщIэлъ нэгъуэщI троп лIэужьыгъуэхэми хъушэу уазэрыщрихьэлIэр. Автоло-

гием къыщхьэщыкIыу, апхуэдэ тхыгъэхэр зыхэпщIэн хуейщ псалъэ щхьэхуэхэм, жыIэгъуэхэм къагъэщI образхэм я мыхьэнэм тещIыхьауэ, кIэщIу жыпIэмэ, зэхьэкIауэ – «зыжраIэ» нэхърэ «зраIуэкIыр» нэхъ уигу илъу.

Брайм и тхылъым ноби къибджыкI хъунущ авторым и ныбжьым итхэм, Хэку зауэшхуэм и хьэзабымрэ зауэ нэужь илъэсхэм я гугъусыгъуэхэмрэ сабийуэ зыгъэунэхуахэм, яшэчамрэ ягъэвамрэ. Гугъэмрэ гукъыдэжымрэ я нэхугъэ кIапэхэу 50 – 60 гъэхэм я зэблэкIыгъуэхэм къэралым и жылагъуэ псэукIэм, цIыхухэм хабзэ-бзыпхъэ я лъэныкъуэкIэ я зэхэтыкIэхэм къыхыхьахэри, «Хрущёв и хуабэ налъэ» зыфIащам (оттепель, «хуабэпцIкIэ» уеджэмэ, нэхъ тэмэмынкIэ хъунущ) и акъужь гуапэри хэту. А псори зэрыдигъэлъагъур псалъэ гъэщIэрэщIахэр щIыIэщIыIэу акъыл гъущэкIэ къиугъуейрэ, щхьэпригъэIукI мыхъуу, лирикэ лIыхъужьым и нэгу щIэкIхэр зэрызыхищIэр, абы и гурыгъу-гурыщIэхэр гукъинэ пщыхьуу къиIуатэурэт.

УсакIуэм и биографиер абы и псэм и тхыдэрщ – дэракъым япэу гу лъызытар. «Щхьэгъубжэ нэхур» зытхам къигъэщIэшхуаи щыIэтэкъым абы ирихьэлIэу. ИтIани мо тIэкIу дызылъэIэса темэ иныр къригъэлъэгъуэжыну щапхъэ хъарзынэт. Брай Адэлбий 1937 гъэм июлым и 15-м къалъхуат. Сабиигъуэ гукъэкIыжхэм ар щIэх-щIэхыурэ хашэжырт зауэм щыщIидза гъэмахуэ гуIэгъуэм къэхъуа Iуэхухэм. И нэгум къыщIыхьэжырт къуажэ щIалэ цIыкIухэр гъуэгу сабэм хэту куэдрэ зэрыкIэлъыжахэр зауэм ираджа я адэхэр Налшык зышэ шыгухэм. Хьэлым, абы и адэр, иужь дыдэ ит гум исти, Адэлбий псоми япэ иту жэрт, и адэр иджыри илъагъуну Iэмал зэриIэм щыгуфIыкIыу. Япэ ит гухэр сабэм хэзэрыхьыжати, модрей щIалэ цIыкIухэм я гугъэр хахыжат. Къуажэм дэкIри, шыгухэр лъэхъулъэущкIэ ежьахэщ, щIалэ цIыкIухэри къыкIэрыхужахэщ. Адэлбий къыфIэщIащ и адэм сэлам ехыжу зыгуэр жиIэу къеджауэ. Езыми ныбжьыфI иIэ щыхъуами игу къеуэж зэпытт и адэм, иужькIэ зэи имылъагъужам, абы щыгъуэ къыжриIар зэрызэхимыхар. ЦIыхухъу закъуэу унагъуэм къина Адэлбий игъэунэхуащ апхуэдэу зауэм зи адэр зыщхьэщича псоми натIэ яхуэхъуар. АтIэми, хузэфIэкIащ школыр, абы и ужькIэ университетыр къиухын. Тхылъ тедзапIэм редактору лэжьэн щыщIидзат.

И литературэ щIалэгъуэм къикIа Брайр ебгъэщхь хъунутэкъым джэдыкIампIэм къипща къудей усэ лъэрымыхьхэр нэху трамыгъащхьэу къапхъуатэу, редакцэхэм ебгъэрыкIуэхэм: «ФытекIуэти, гъуэгур къефтыт гений дамыгъэр зи натIэпэм къытецIуукIым!» ЗыгуэркIэ апхуэдэм ебгъэпщэн хьэл абы хэмылъым и мызакъуэу, усэр и щхьэ хуетхыж, ищIэн имыгъуэтыгъэм къыхэкIыу и гупсысэхэр сатыр зэпэбжым ирегъэтIысхьэ жыпIэнт. Итхахэм ирипагэу зыщIыпIэ зыщимыгъэлIышхуэ дэнэ къэна, и усэхэм ириукIытэм хуэдэт. Апхуэдэ къыщыхъур и тхыгъэхэр зэрымыбэлыхьыщэр цIыхум къыщыгурыIуэжым дежщ (пэж жыпIэмэ, къызыгурыIуэж, и талантым и «лъэщагъыр» зи фIэщ мыхъуж куэд къахэпшынкъым хьэрф къизытхъэхэм). НэгъуэщIу апхуэдэ къыщыхъур и усэхэмкIэ и псэм и щэху куэдыIуэ иIуэтауэ шэч ищIыжрэ, щIэукIытыхьыжмэщ: хэIущIыIу имыщIмэ, нэхъ къищтэрт, арщхьэкIэ, сыт пщIэн, – къытезэрыгуащ. Теурэзращи – мис а «къытезэрыгуар» хэмытмэ, уигури уи псэри умыупцIэнмэ, ари жылэм укъалъагъуу, узэха-

хыу, псомкIи зумыумысыжмэ, поэзие жыхуаIэр щыIэххэнукъым. Поэзиер ар Iэпкълъэпкъым къыхалъэфа нерв пцIанэм и рентгенщ, цIыхум къытепсыха драмэм и лъэужьщ, псэм и кардиограммэщ. Бернард Шоу зэрыжиIащи, «усакIуэхэр макъкIэ я щхьэ хуопсэлъэжххэр, дунейр абыхэм якIэщIодэIухь».

ЗанщIэу тебэм кърихыжар редакцэхэм ятригуашэу, якIэщIиукIэу къызэремыкIуэкIар арагъэнщ: Брайм и «Щхьэгъубжэ нэхум» ихуа тхыгъэхэр тхылъеджэр иджыри зыщымыгъуазэ защIэт. Ахэр псори зы макъамэм щIэту ятхам хуэдэт, ауэ щыхъукIи, дэтхэнэми и цIэрэ и щхьэрэ иIэжу. Я нэхъыфIхэр дэтхэнэри зэщIэбгъэт Брайм и усэкIэм и нэщэнэ пажэхэмкIэ: дызыхалъхуа, дыщыпсэуну къытхуихуа зэманым и къуагъ къуэлъхэр къэхутэным ерыщу хущIэкъуныр; «псэуныгъэм» (а псалъэм куэд дыдэ кърегъэкI), гъащIэмрэ лIэныгъэмрэ я щэхухэр, емрэ фIымрэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэр сэтей къэщIыныр, а псоми пIейтеиныгъэу цIыхум къыхилъхьэр гупсысэ жанхэмрэ образ щIэщыгъуэхэмрэкIэ къэуткIэпщIыныр... Дауи щIы, сыти жыIи, куэдыIуэ мэхъу, «ДыкъэзыгъэщIар» арами е мы дунеижьым Iуэхуу щекIуэкIыр захуагъэм тету зэтес ищIыну дызыщыгугъ нэгъуэщI къару гуэрми – абы етIуэтылIэну ди нэр къыщIикIыр:

*Махуэ блэкIым хехьэр зыгуэр хышхуэм.*
*Махуэ блэкIым зикI къимыгъэзэж...*
*Дыпсэуну щIэуэ, дунеишхуэм*
*Хъумэ арти зэ дыкъытехьэж.*

*Махуэ блэкIым ехьыр ди гурыгъухэр,*
*Псэм фIэIэфI дакъикъэр ныщIелъхьэж.*
*Псори ехьыр, къонэр гукъэкIыжхэр,*
*ГукъэкIыжхэр дыпсэуху мылIэж.*

*ДыблэкIынщ зэгуэрым уэшхым хуэдэу.*
*МылIэжыну зыри къимыгъэщI...*
*..................................................................*

*Псэуным пылъкъым гугъуехь мащIэ.*
*Армыхъум гъащIэм сыт щищIэнт*
*Къалъхуауэ лIэжын зыпэщылъым?!*
*ПщIэ лъэпкъ псэуным имыIэнт!*
*Нэрыгъ ищIащи зым псэуныр,*
*ГугъуехькIэ зэикI къимыкIуэт.*
*Ауэ псэуным къиухуауэ*
*Нэпсхэр щIигъэкIыу дапщэ тхэт?*
*Къэхъуащ зэгуэрым сэри нэпсхэр*
*СыкъэдзыхауэщыщIэзгъэкI.*
*Иджы си гущIэм жыр ткIуэпсхэр*
*И куэдщи, псэун схулъегъэкI.*
*СыщощIэ, сохъу нэщхъей, согуфIэ.*
*Къохъу къикIуэтыншэу сыщыгубжь.*
*Псыхьащи жыру си Iэпкълъэпкъыр,*

*СэркIэ псэуныр хъуркъым фэбжь:*
*Псэуныр, дауикI, мыгущапIэ,*
*Абы удынхэр къыхольэлъ.*
*Удын къыслъысым, нэпсым и пIэу,*
*Си нитIым хъуаскIэр къыщIольэлъ...*

Брайм и усэ тхылъ цIыкIу нэхъ иужькIэ къыдэкIат урысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ. Усэр – сыт хуэдэри! – нэгъуэщIыбзэ щралъхьэм деж куэдыщэ мэкIуэд, зэзэмызэххэщ зэратха бзэмкIэ усэм къуит гурыщIэхэр тэрмэш ящIам щыхуэхъумэр. Псом хуэмыдэу тэрмэш щIыным хэт бзэхэр я зэхэлъыкIэкIэ, я къэIукIэкIэ, я хабзэхэмкIэ куэду щызэщхьэщыкIым деж, къапщтэмэ, адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ яхуэдэу. Ар ягу къыщIэдгъэкIыжраци, а зэрадзэкIахэм къаубыдыфакъым «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъым и Iу бахъэр, и IэфI-и дыджыр. Тхылъым сэ сыщIыдихьэхауэ щыта щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ апхуэдизу уи гур къызэфIэзыгъанэ, гум ешыкъылIэ, псэр зыгъэхьэжэпхъажэ, щхьэзакъуэ псэуныгъэм ехьэлIа гу бампIэдэх хьисэпу ятха усэу адыгэбзэкIэ а зэманым щыIар мащIэ дыдэу зэрыщытар. (Девгъэплъыжыт «Щхьэгъубжэ нэху», «Аргуэрыжьти си нэ джыджыр», «Ди анэ», «Сыт хуэдэ, сыттхэр уи псэукIэ?», «Си нитIым щIэлъ нурыр...» усэхэм, нэгъуэщIхэми). Поэзиер ерагъыу къибыргъукIыжу щIидзауэ арат Сталиным и зэманым ар зраупIэпIыхьа жыр къупхъэ зэвым. Иджыри ар куэдкIэ щхьэщыкIатэкъым цIыху щхьэхуэм и гупсысэр къэрал гупсысэкIэм текI мыхъуну ткIийуэ хуагъэува хабзэхэм, усыгъэр политикэ лозунгхэм, хэIэтыкIа нагъыщэ зыпыт къыхуеджэныгъэ пцIанэхэм ятхьэлэу щыщытар IэщIыб щIыгъуейт иджыри. Пэжщ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Мэзкуу щагъахъэрт Евтушенкэ Евгений и гупым. Ауэ абыхэм я литературэ уазхэр Налшык лъэныкъуэкIэ къыщыIуным иджыри Iэджэ хуейт. Къэхъумэ, къэхъур аратэкъэ – щIэ гуэр зыхэлъ гупсысэхэр, Iуэхугъуэхэр, культурэ лIэужьыгъуэхэр дэ тпэIэщIэу къанэу – къэралым и къарукIэ, и текъузэныгъэкIэ ар ди псэукIэм, ди гупсысэкIэм къыхамыпщэмэ. (Шэч сощI абы щыгъуэ Мэзкуу, адэкIэ Европэр зыгъэзэджызджа поэзие толъкъунхэр иджыри ди литературэм и ныджэм къемыуэлIэщауэ. Дэ, дауикI, ди гур зэрыдгъэфIыр хьэзырщ: «Сыт абы, дэ езыхэр пэкIэ псы дефэрэ? Дэ ди тенджыз диIэжкъэ – культурэ и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ?! ДиIэжщ, уэлэхьи! Ди толъкъунхэри къыIуолъадэ – Iуожыж...» Пэжщ ар, диIэжщ. Ауэ тенджызым нэмыщI дунейпсо океанри щыIэщ). ИщхьэкIэ, щыхьэр иным, унафэ къимыкIамэ, псори щымщ, псори зэхэсщ, ягурэ я щхьэрэ ягъэфIэжри: «Дэ тхуэдэ щыIэ?» Мы IуэхухэмкIэ республикэм пэж дыдэу автономие иIэу къыщыщIэкIар, «местничество» жыхуаIэм ебгъэщхьын гуэр ди унафэщIхэм къащыкъуэщар, нэгъуэщI гупсысэкIэ тетыну щытегушхуар зэ закъуэщ: щыхьэр инми, къэрал абрагъуэм и щIыпIэ псоми щытхъупсыр къызыщрагъэжэх КIыщокъуэ Алим и «Нал къута» романыр дыдейхэм, къэрал лэжьакIуэхэр я пашэу, хьэIупс щащIам щыгъуэщ. Адрей псом сыт щыгъуи зэрекIуэкIыу щытаращи – зыгуэрым техъущIыхьыну Центрым псалъэ къикIамэ, зафыщIыжынут, Iэпэ зыхуашиям и нэвагъуэр ирагъэлъагъужынут. Сэ къэсщIэжым къриубыдэу апхуэдэу иракъухьат а Евтушенкэри, уеблэмэ, езы Пастернак Борис дыдэри, иужьрейр

хаутэпат «Доктор Живаго» романыр зэритхамрэ Нобель саугъэтыр къызэрыратамрэ щхьэкIэ. КIуащ БетIал и закъуэу къыщIэкIынт зауэ нэужь илъэсхэм ди лирикэм и губгъуэ зэщIэдияр къэзыгъэвыжыфыну щытар. Ауэ абыи щIэхыIуэу зритыжын хуей хъуат хэIэтыкIа нагъыщэхэр зыпыт къыхуеджэныгъэхэм, а усакIуэ гъуэзэджэр пасэIуэу дунейм зэрехыжам къэбэрдей поэзиер пигъэкIат гугъапIэ дахэм. Дауи щрети, КIыщокъуэмрэ КIуащымрэ я лирикэм гъунэ хъарзынэ ирилъати, мис абдеж я пхъэIэщэхэр щызэтраухуащ абыхэм я «шынэхъыщIэхэм», «хыщI гъэхэм я быну» литературэм къыхыхьахэм.

Брай Адэлбий и «Уэшх макъамэ» усэр, кIэух сатырым къызэрыдигъащIэмкIэ, хэкум теухуащ («хэку лъагъуныгъэм» – совет хрестоматием щIапIыкIа литературэ егъэджакIуэхэм фIыуэ ялъагъу псэлъэкIэмкIэ жыпIэмэ). Дауэ къыхэбжьэхъуауэ пIэрэ мы усэм а жыпхъэхэм тещIыхьауэ «патриот щапхъэ» зыхэмылъ, «гъащIэр щIэращIэу сыт щыгъуи къэгъэлъэгъуэн» къалэным занщIэу пэмыджэж дэнэ къэна, и щхьэр здихьынур зымыщIэж лирикэ лIыхъужьым и псэр щызэхэзежэ сатырхэр?

*Зэшыр си унэм щэхуу къыщIыхьауэ*
*ПIэм сыхеIулIэ, къызжимыIэу псалъэ.*
*Щхъэгъубжэм сакъыу уэшхыр къыIухъауэ*
*Щиху Iэуэлъауэу щабэу ар мэпсалъэ.*
*Сэ согупсысыр гъащIэ къэзгъэщIэнум,*
*Щыуагъэ куэду си щхьэр зыгъэтхъуам...*



УпщIэхэр ауэ сытми къэувыркъым. Тотолитар къэралыр хущIэкъурт (ари зригъэхъулIэрт) и цIыхухэм я гупсысэр Iэдэ къузам дэлъу иIыгъыну, езыр зыхуеймкIэ иунэтIу, усакIуэхэм яхуигъэувырт ахэр сыт щыгъуи гукъыдэжкIэ жумарту, гъащIэм щыгуфIыкIыу, оптимизм ин яхэлъу псэуну, тхэну. Ауэ усакIуэхэри псэ зыIут цIыхухэщ, цIыхухэм я гукъыдэжыр, я гупсысэкIэр джынасукIэ зэхуэдэ пхуэщIынукъым, сыт хуэдиз «унафэ Iущ» къыдумыгъэкIами. 40 гъэхэм я кIэухым, 50-хэм я пэщIэдзэм щыIа поэзием, зэрыщыту риторикэ зэтеупщIыкIыу зэхэлъым, псалъэ дыгъэлхэмрэ тхьэрыIуэ нэпцIхэмрэкIэ зэщIэкудам, и фэрыщI фIэрафIагъэм, гущIэлъэсыкI псалъэ мышыухэмкIэ псори «зэрефIакIуэр» къезыутэкIым, зыдригъэхьэхакъым Брайм.

Брайм и усэхэм я нэщэнэ щхьэхуэхэм нэхъ зэрытеткъузам кърахын хуейкъым ар а тоталитар системэм пэуву, абы бэнэныгъэ ирищIылIэу, диссидент сыт хуэдэхэм я пашэгъуу щытауэ. Жыжьэуи гъунэгъуи екIуэлIакъым апхуэдэ Iуэху. УсакIуэти, зэрыусакIуэр, гъащIэр зэрызыхищIэр имыбзыщIауэ, фэрыщIыгъэкIэ «дофIакIуэ, дотхъэж, ура!» – жызыIэхэм ядемыжьууауэ аркъудейщ. УсакIуэр гу пцIанэщи, и псэкIэ нэхъ пэжщ и IуэхухэмкIэ нэхърэ, аращ къимыкIуэт жьэнахуэу щIэтлъагъури. Политикэм тепсэлъыхьын фIэфIт Адэлбий (перестройкэм къыдежьауэ, ар псоми хьэл яхуэхъуат), ауэ политикэм хыхьэну игу къэкIыхауэ си фIэщ хъуркъым. Ар абы икIи хэзэгъэнутэкъым – и гу пэжыгъэкIэ. Езым Iуэху ар имыщIами, дэри абы и чэзум гу лъыдмытами, Брайм и творчествэм къыщытIэпIу щIадзат экзистенциализм хъужым – цIыхумрэ абы и гупсысэмрэ хуиту щытыным нэхъыщхьэ щыIэкъым, искусствэм и къалэныр цIыхур зыми пымыщIауэ – поли-

тикэми, экономикэми, природэми, бэми, динми – тхьэм къызэригъэщIа дыдэм хуэдэу – къэгъэлъэгъуэнырщ, жызыIэм и гулъхэм. Брайм и чэзу дыдэу къыгурыIуат усэхэр поэзие зыщIынур зы закъуэу зэрыщытыр – цIыху къызэрыгуэкIым и гурыгъу-гурыщIэхэр псалъэ шэрыуэхэм игъэтIэсэнур зэрыарар. «Камерная лирика» жаIэрэ уи тхыгъэм къещамэ, зэфIэкIат ар зыхиубыда зэманым и пэ къихуэ лъэхъэнэм. Иджыри а лъэхъэнэр жыжьащэ нэсатэкъым. ИтIани «Щхьэгъубжэ нэхум» и Iуэхур къикIащ: зыми псалъэмакъ жагъуэ тхылъым тригъэIукIакъым. Арами, Брайм и усэхэр элегие тхэкIэм и жьауэм щIэсу япIам хуэдэт, нэщхъеирилэр къемыбэкIыщэу пIэрэ? – жыпIэрт. Элегие дыдэкъэ-тIэмис мыр:

*Си нитIым щIэль нурыр кIуэху мэхъур ужьых.*
*Щхьэц Iувыр мажьэхукIэ гъэ кIуэм къережьых.*
*ЛIы хъуэпсхэм я макъыр щIалэгум ноIус.*
*КIуэху, си псэм макъамэ нэгъуэщIхэр еус.*
*Сэ си гур щIохъуэпсыр иджы нэхъ телъыджэм,*
*Си жагъуэщ сипхъэхыу кIуэдыж щыгъыныджэр.*
*Хъуащ махуэ къээзгъащIэм мычэму сыщысхъ,*
*КъэкIуэнум и теплъэр нэ дыдэм ныхуэсхъ.*
*Си гуапэщ сэ си цIэр щIыхьышхуэм игъафIэм,*
*Гупсысэр къухьэпIэм къегъэплъыр и мафIэм.*
*ИтыхукIэ си лъынтхуэм, имыIэу ульий,*
*Сэ си лъыр къэплъыну гъэ кIуам яущий.*
*Сэ сщIэркъым сылIэну ильэскIи, гъэ тIощIкIи,*
*Сэбэпкъым блэкIахэр акъылым къитIэщIкIи.*
*Щай плъыжьу си напIэр къехуэхмэ, сольагъу:*
*КъащI нащхъэ лIы хъуэпсхэм, къэхъуахэу гъунэгъу.*



Иджы нэхъ гурыIуэгъуэ хъуауэ къыщIэкIынщ ди тхыгъэр элегием щIедгъэпщар. Тхыгъэм и закъуэкъым. Ди ныбжьэгъуэжь мыгъуэм и творчествэм щыщ пычыгъуэхэри, и гъащIэ дыдэри хуэпхь хъунущ а литературэ лIэужьыгъуэм, нэщхъейр къыптезыгъауэм, ауэ оптимизмэм и нуркIэ, гъащIэм и нэхугъэ уэркIэ гур зэщIэзыгъэушэм.

Мыри жытIэнщи, Брайм и тхылъыр жыжьэуи благъэуи нэсыртэкъым «партийность», «народность» хъужхэм я щапхъэм. Усэ цIыкIумрэ «Ленин и сурэт», нэгъуэщI сатыр зыщыплIрэ умыбжмэ, «шинельная ода» жыхуаIэм хэбгъэхьэн, вождхэмрэ нэгъуэщI къулыкъущIэшхуэхэмрэ гъэлъэпIэным тегъэпсауэ зыгуэри иттэкъым, «унэIут гупсысэкIэм», Iужажэ, дэубзэ хьэлхэм я хуэмэбжьымэ гуэри къэгъуэтыгъуейт. Ауэ щыхъукIи, тхылъыр къыщыдэкIар дэубзэ усэкIэм щIэрыщIэу зыщиукъуэдииж зэмант. Апхуэдэ тхыгъэ зыщыплI-зытхух хэгъэувамэ, усэ сборникыр сыт хуэдэ критикэми къригъэлынут абы щыгъуэ. Ар щайуэ къызэрыримыдзэр и щыхьэтт авторым и гур утIыпщауэ, и псэр хуиту, и щхьэм хуэфащэ пщIэ хуищIыжу дунейм зэрытетым. Меланхолие щабэм и данэпс щхьэтепхъуэм къыпфIигъэщIырт тхылъым укъеджэ пэтми уздынэмыса щэху гуэр абы къуэлъу. Поэзием и зы нэщэнэщ ари.

КъащыхъункIи хъунщ тхылъ цIыкIум и купщIэм (содержанием) сыщыщытхъукIэ езгъэлеиIуэу. Iуэху сщIыри щIэзджыкIыжащ «хыщI гъэхэм я бын» адрейхэм я япэ тхылъхэу а лъэхъэнэ дыдэм дунейм къытехьахэр. Пэжыр – пэжщ, ефIэкIыныгъэ куэд зиIэ яхэтщ. Ауэ, кIуэ, языхэз мыхъумэ, зи гугъу тщIымкIэ «Щхьэгъубжэ нэхум» ебгъэпщэн къэгъуэтыгъуейщ. Зи гугъу тщIыр – къытедгъэзэжынщи – я купщIэ, я мыхьэнэ, нэгъуэщIым зэремыщхь, сыт и лъэныкъуэкIэщ. ЦIыхум и гум щыщIэхэм нэхъ кууэ зэрыхэIэбэр, тегушхуэныгъэ нэхъ зэрыхэлъыр щIыгъуж. А псом нэмыщIыжкIэ мыбы щынэрылъагъут Мандельштам Осип поэзием щхьэкIэ жиIар: тхыгъэр поэзие щыхъур езым и захуагъэр авторым фIыуэ къыгурыIуэжмэщ. Мыри гу зылъытапхъэщ: гупсысэр къызэраIуатэ IэмалыщIэ гуэркIэ къахэщыртэкъым Брайм и лэжьыгъэр; искусствэм щIэуэ стиль, бзэ къыхуэгупсысын зэрыхуейр пшагъуэм иджыри хилъагъукIыркъым, ауэ авторым къыдиIуэкI хуэдэщ езы искусствэм къигъэлъэгъуэж Iуэхур къэгъэщIэрэщIэн, щIэкIэ зэхъуэкIыпэн зэрыхуейр. Абы щынэсакIэ, иджырей авангардизмэм и зэхэлъыкIэм щыщ гуэрхэм гъунэгъуу екIуалIэу арат – езым къыгурыIуэжми къыгурымыIуэжми.

«Нэху» адыгэ псалъэм, Брайм и «Щхьэгъубжэм» и эпитетым, куэд къокI. Нэхъыбэж къеубыд «нурым» – «нэхум» елъытауэ ефIэкIыныгъэ нэщэнэ зиIэм. Псалъэр дэ хьэрыпыбзэм къытхуихьащ, ислъамым фIымрэ Iеймрэ зэрызэхигъэкI хабзэхэм тепщIыхьмэ, ар Алыхьым и нэфI зыщыхуахэр къызэрыхагъэщ плъыфэщ. (Хьэрыпхэм а псалъэр арамейхэм я бзэм къыхахагъэнущ, а бзэмкIэ «нурым» «мафIэ» жиIэу къикIырт). «Нэхур нур ирехъу!» – апхуэдэу фIэсщат «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъым хуэстха рецензэм. Хъуэхъу хъарзынэтэкъэ-тIэ? «Мы тхылъ цIыкIум къыпихыу нэхуу адыгэ поэзием къытепсар и чэзу къэсу нуру абы телыдауэ, езы усакIуэ щIалэм и талантми фIыкIэ зыкъитIэтауэ Тхьэм дигъэлъагъу!» Арат жысIэну сызыхуеяр, псалъэхэм я къызэкIэлъыхьыкIэр тIэкIу нэгъуэщIу щытами. Рецензэр зытхам къызэрыщыхъумкIэ, езы «нур» псалъэм уи гум хъуаскIэу къыхидзэм нэ лейкIэ уригъэплъын хуейт дызытепсэлъыхьым, а псоми тхьэхэм я Iизын, я Iэмыр гуэр хэлъу шэч уигъэщIти. Щхьэтечауэ а зэманым апхуэдэ птхыну иужь уихьэххэ хъунт сытми! ИтIани, псори совет атеизмэм дыщIапIыкIа пэтми, сэ фIыуэ сщIэжырт КъурIэныр яIыгъыу дунейр зыхьа си анэшхуитIым, сыщыцIыкIум ислъамым и фарзхэм сыхуезыгъаджэу щытахэм, я дерсхэр, икIи си нэгум нэхуу къыщIэпсэрт «нур» псалъэ дахэм дин дамыгъэ гуэр зэрыпкърылъыр. «Нурыр» щхьэщыту къашэжырт...» «И нэгум нурыр кърихырт...» – арат нанэхэм я псалъитIым языр, Мухьэмэд бегъымбару, Алыхьым и лIыкIуэу цIыхухэм къащыхэIуам къэхъуахэм я гугъу щащIыжкIэ. АтIэ, мис ахэр фIыуэ сощIэжри «нур» псалъэм мыхьэнэ лей есту къокIуэкI, ауэ ар «сыщымысхьу» хуэзгъэфэщат усэ тхылъ цIыкIум.

* * *

Апхуэдэу мы тхылъым щытхъукIэ сыхуэжумарт щхьэкIэ (ари сигурэ си псэрэ къыбгъэдэкIыу), ди щIалэгъуэм (къыхэзгъэщат ищхьэкIэ) сыкритик «крутой» гуэрти, си ныбжьэгъуми, абы и тхылъ

сыдэзыхьэхами сащысхьатэкъым. Журналым къытрадза рецензэм и Iыхьэ щанэр тхылъым и никъусаныгъэу къысфIэщIхэм яубыдат. Абыхэм яхэтщ «Щхьэгъубжэ нэхум» и теплъэ псор къэбгъэлъэгъуэнумэ, ноби уигу ибгъэлъын хуей гуэрхэр, а зэманым къэбэрдей поэзиер зыпэщIэта дэкIыпIэхэр зыхуэдар къозыгъэщIэжхэр. «... Псори зэхуэдэ щIыгъуафIэкъым... Щхьэгъубжэм къыдидз нэхур тхылъеджэм и гум щызэпхимыдз... Брайм и усэ куэдым мыхьэнэшхуэ зиIэ упщIэхэр щегъэув, ауэ абыхэм яритыж жэуапхэм арэзы укъыщамыщI къохъу. КъикIыр мыгурыIуэгъуэу тхахэщ... Гукъанэ щхьэхуэ зыхуагъэщI лъагъуныгъэм теухуа усэхэм... Гу лъумытэу къанэркъым усакIуэм къищтэ темэхэр зэрымащIэIуэми...» Тхылъыр адрейхэм зэремыщхь фIагъхэр тIэта щхьэкIэ, адрейхэм я никъусаныгъэхэм ещхь зыщIхэм ди нэр хуэдуфIыщIатэкъым. Аращ, дэ къызэрыдгурыIуэмкIэ, критикыр зытетын хуейри. Рецензэм иджы соплъыжри, пэж дыдэу «крутой»-Iуэу сыщытагъэнут. Критикэ щIопщыр зытехуа усэ язынысыкъуэхэм ар къамылэжьауэ къысщохъуж. А лъэхъэнэм щыIа бгъэдыхьэкIэхэм я Iэужьу къыщIэкIынт. Дауэ щытми, нэхъыщхьэр си хъуэхъурт: «Нэхур нур ирехъу!»

Нэхъ иужькIэ сыщылэжьа «Советская молодежь» газетым зэпымыуэ щIэуэ зыгуэр къагупсысын хуейт. Конкурсхэр, зэпеуэхэр, щIэрыщIэу къызэIуах темэхэр, рубрикэхэр, н. къ. Газетыр зыхуэгъэза щIалэгъуалэм сыт щыгъуи щIэщыгъуэ уащыхъун щхьэкIэ, нэгъуэщI Iэджэми ухыхьэн хуей хъурт. «Наш современник» жиIэу зэпымыууэ рубрикэ диIэти, ари пIалъэ-пIалъэкIэрэ къэгъэщIэрэщIэжыным елIалIэрт редакторыр. Зэгуэрым дызэхуишэсри, фIыуэ дыкъыпигъэжьыкIат: псори жьы хъуащ, цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэныжкъым, конкурсыщIэ... А псалъащхьэм щIэту традзэхэр «ди зэманым и лIыхъужьхэм» ятеухуа очерк, нэгъуэщI тхыгъэ кIэщIхэр арат. ЛIыхъужьу («наш современникыу») ялъытэр гурыIуэгъуэт, коммунизмэм и ухуакIуэ жыджэрхэрт – ари щIалэгъуалэм ящыщу – нартыхугъэкI-механизаторхэр, заводхэм, фабрикэхэм щыпашэхэр, жэмышхэр, ухуакIуэхэр, шахтёрхэр... Пэж жыпIэмэ, уащытхъуну, газет напэм щыбгъэлъэпIэну къэзымылэжь ди «лIыхъужьхэм» яхэттэкъым, я нэхъыбапIэр, я IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм нэмыщI, щIалэфI, хъыджэбзыфI защIэт, очеркхэр зытххэми гулъытэ хэха хуащIырт абыхэм цIыхугъэу яхэлъыр, пщIэ зэращIыфыр, гу къабзэ, хэтыкIэ дахэ зэраIэр, хэти хьэлэлу дэIэпыкъуну зэрыхьэзырхэр къагъэлъэгъуэным – аращ дэ ди зэманым газетхэм, тхылъхэм, фильмхэм щIалэгъуалэр зыхуагъасэу щытар. Иджы щапхъэу хуагъэлъагъуэхэм я гугъу дымыщIмэ, нэхъыфIщ.

И щхьэ течауэ жимыIа щхьэкIэ, редакторым конкурсыщIэ къыщIыхилъхьэр псоми къагурыIуат: ди «наш современник»-хэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, «производствэм» щыщт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, промышленностымрэ мэкъумэшымрэ я лэжьакIуэхэт, «Мыдрей IэнатIэхэми щыIэщ цIыху гъэщIэгъуэнхэр», – игу къэкIыжат редакторым. Арати, щхьэж и отделкIэ нэхъ пэгъунэгъу IэщIагъэм ирилажьэ «современник»-хэр зэпагуэшащ, хэт къыхихащ егъэджакIуэ, хэти дохутыр, комсомол лэжьакIуэ, студент, еджагъэшхуэ, н. къ. Сэ усакIуэ щхьэкIэ стхыну къыщыхэслъхьэм псори зэплъыжащ – зэи къэхъуа-

тэкъым апхуэдэ «жэуаплыныгъэ ин» зыпылъ рубрикэ щIэту усакIуэ щхьэкIэ республикэ газетым зыгуэр традзэу. Псори щыму щысащ зы дакъикъэ хуэдэкIэ, газет тхьэмадэм жиIэным пэплъэу. Тхьэмадэр тIэкIу еплъыхри, нэхъ нэжэгужэ хъужауэ, и щхьэр къиIэташ: «Сыт?» Зыми зыри жиIэртэкъыми, пищащ: «ГъэщIэгъуэнщ, девгъэплъ...» Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, ди газетым лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIырт литературэр щIалэгъуалэм фIыуэ егъэлъагъуным, тхэн щIэзыдзэхэм ядэIэпыкъуным хуэунэтIауэ. Редакцэм тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэ щылажьэрт (сэрат абы и тхьэмадэр).

Темэр къыщыхэслъхьэм сэ очерк щIэстхыну усакIуэр сщIэжырти, куэд дэзмыгъэкIыу Адэлбий и фэтэрым сыкIуащ. Жэщыбг хъуху дыщысагъэнщ гъащIэм, «псэуныгъэм», литературэм дытепсэлъыхьу. ИпэжыпIэкIэ, усакIуэм и «литературэ абгъуэт» абы и псэупIэр. Сэ схуэдэу, а зэманым уни жьэгуи зимыIэ, лэжьэн щIэзыдза къудей журналистым дежкIэ жэнэт хэщIапIэт. Пэшышхуэм и зэхуэдитIыр тхылъхэм яубыдырт, ахэрауэ жыпIэ хъунут мыбы «щыунэгуащэр». УтIысу тхэн щIэбдзэн фIэкIа хуэмеижу, стIолыр зэлъыIухат, тхылъымпIэ къабзэри хьэзыру телъу. Щхьэхуэу щылът езым и тхылъхэр, и тхыгъэхэр зэрыт сборникхэр, журналхэр, нэхъ пщIэшхуэ дыдэ зиIэу щытахэм ящыщ «Дружба народов» журналри яхэту. Маяковскэм и статуэткэ цIыкIу, сурэтхэр: Лермонтов, Есенин... Ахэра хъунщ, жызоIэ сигукIэ, гъуэлъыжыным и пэкIэ мы ныщхьэбэ си бысымыр зэпсалъэр. Сызэгупсысар къиищIа хуэдэ, езым къыщIегъу: «Абыхэм сащеплъкIэ иужь сохьэ, жьы хъуахэу къызыфIэзгъэщIыну. КъызэхъулIэркъым. Ара хъунщ я щIалэгъуэу дунейм щIехыжахэр, лIыжь кхъахэу зыми я нэгу къыщIэмыхьэн щхьэкIэ. Ар къикIыу усэ стхащэрэт жызоIэ...» 

Куэд щIауэ згъэтIыгъуэ журналист упщIэм и чэзууэ къысфIощIри соупщI: нэхъыбэ дыдэу зыщIэхъуэпсыр... ТIэкIуи зрилъэфыхьурэ, КIыщокъуэ Алим и тхылъыщIэ урысыбзэкIэ къыдэкIауэ дызытепсэлъыхьа къудейр зыщIыпIэ деж къыщызэIуехри къысхуеший – усакIуэшхуэм и тхылъым еджэм зэрызахуигъазэрщ. АдыгэбзэкIи дыкъоджэ а усэм:

*Фэ фи гум си гур догузавэ,*
*ФыщигуфIэгъуэм си гуи хохъуэ!*
*Фи нэпс слъэгъуамэ, сохъур бзафIэ,*
*Фэ къыщыфхэхъуэм сэ къысхохъуэ...*
*КъывэхъэлъэкIыр вдэзгъэпсынщIэу,*
*Фэ уэс къыфтесэм сэ сыпIыщIэу,*
*ФхузощIыр мафIэ...*
*... Сэ сфIэфIт си усэр хэмыкIуадэу,*
*УщигуфIэгъуэм, гуауэ плъысым –*
*Нэбжьыщым нэпсу къыпылъадэм.*

Сыт щыIэн усакIуэм дежкIэ абы нэхъ насып – тхылъеджэм апхуэдэу хьэлэлу, сыткIи зыщIигъэкъуэну хьэзыру, бгъэдэтыным, псори зыхуэкIуэжращи – лъэпкъым емышу хуэлэжьэным. Арат Адэлбий и жэуапыр къызэрызгурыIуар. Ди газетыр къызэрыдэкIыр урысыбзэщи, тэрмэш ящIа усэрщ кIуэр: «Пока не пробил мой последний час, // Пока

мои слова не отзвучали, // Хочу блистать я на глазах у вас // Слезою счастья и слезой печали».

«Очерк» жытIэ щхьэкIэ, газет цIыкIум традзэр «зарисовкэ»-кIэ зэджэм нэхъ техьэ тхыгъэ кIэщIт. А къупхъэм ирагъэзэгъэн хуейти, къыпаупщI-ныпаупщIурэ стхар нэхъри къуза-хуза хъужат. Абы и зэранщ Адэлбий КIуащ БетIал зэрыхуэзауэ щыта щIыкIэр зэрыщыта дыдэм (мы тхыгъэм къызэрыхэщыжым) темыхуэу къызэрынари. Ди очеркым щытхъу къихьат. Конкурсми «приз» къыщилэжьыну къыщIэкIынт, Iуэхуракъэ, сэ зы фIы гуэр къыслъысын хуеймэ, Iэмал имыIэу зыгуэр къытохъуэ. Газетым и къыдэкIыгъуэ къэс-тIэ «къэрэгъул редактор» жаIэри номерымкIэ жэуаптакIуэ и гъусэщ. Сэ си къэрэгъулыгъуэу сурэтитIым я лъабжьэм щIэт тхыгъэхэр зэблэгъэувыкIауэ кIуат. Апхуэдэ къыщохъу дэтхэнэ газетми. Сурэтми тхыгъэхэми сэ си Iуэху хэлътэкъым, щыуар ахэр зыгъэхьэзырарт, абы выговор иратат, «Къэрэгъулым щхьэ имылъэгъуарэ?» – жаIэри сэри сыдагъэкIуат. Конкурсым къыщысхьын хуея саугъэтыр абы хисхьат. Мис иджы си пащхьэм илъщ илъэс 52-рэ зи ныбжь очеркыр. Абы нэхъ саугъэт сыт ухуей?! Си ныбжьэгъужьым дыгъуэпшыхь сепсалъэу сыбгъэдэсам хуэдэу сыкъоджэж, езыри си пащхьэм исым хуэдэщ – гуфIэжу, бысым жумарту... Ар мыхъуххэми, тхыдэ фэеплъу зепхьэ хъунущ: а зэ закъуэрщ «наш современник» рубрикэм хуэдэу ягъэлъапIэ бэракъ щхьэщыту усакIуэ щIалэ теухуа очерк ди республикэм къыщыдэкI газет къыщытехуар.



* * *

Очеркри, «нурым» ехьэлIауэ тхылъым хуэзгъэфэщари, «тхьэхэм я Iэмырри» хъарзынэт, мыхъарзынэр адэкIэ Iуэхухэр зэрекIуэкIарщ. «Щхьэгъубжэ нэхум» и ужькIэ Брайм тхэн щигъэтыжам хуэдэт, зэман кIыхькIэ и макъ къыщыIуакъым литературэм.

Щхьэусыгъуэ Iэджи иIэнкIэ хъунут абы. Зыр нэрылъагъу дыдэт. ГъащIэм-тIэ, Iуэхугъуэ мыщхьэпэ Iэджи къыщохъу – хэти къытепсыхэнкIэ хъунущ, усакIуэхэм нэхъ яхуэлъэщ. Ди ныбжьэгъуращи – «насып натIэ дыдэу» ялъытэу щыщытар, «сыткIи и пхъэ къыщикI» зэманыр псынщIэу блэлъэтащ, щIалэгъуэми хуэдэу. Дауэ зищIми, и Iуэхухэр зэхуэмыхъуу щIидзащ. Унагъуэр лъэлъэжащ, зэригъэпэща къудейуэ. Игу зэщыуа хъунт тхьэмыщкIэм: абы и ужькIэ илъэс тIощIрэ пщIыкIэ псэужыну къыхуиухами, нэчыхьым тегушхуэжакъым, апхуэдиз зэманми и закъуэу псэуащ. ГурыфIыгъуэу гъащIэм щиIар зытегужьеикIыпа и щIалэ закъуэрт. Псэуныгъэм пыщIа Iуэху мыфэмыцхэм зы махуэ «уэху» жрагъэIакъым.

Псоми ящIэ: усакIуэм и щхьэзакъуэ гъащIэм къыщыхъухэр куэдрэ къыщызэщIоблэж абы и творчествэм. Псом хуэмыдэу гъащIэр хьэлъэу, узыщыгуфIыкIынур мащIэу, бэIутIэIу хэмыкIыу щекIуэкIым деж. Лъагъуныгъэращи – абы гукъеуэрэ нэщхъеягъуэу зэм-зэмкIэрэ къыздихьым усакIуэр пэмылъэщу и гущхьэр къызэгуеуд. («Но час настал, и ты ушла из дому...», «Любовная лодка разбилась о быт...», «В этой жизни умирать не ново...», нэгъуэщI Iэджи, Iэджи). Адэлбий абыкIэ щапхъэкъым. Тхьэусыхэу, зигъэтхьэмыщкIэу, и щхьэ мыгъуагъэ

хуихьыжу абы и гущІэм зы сатыр къыдридзеякъым ІэщІэкІа лъагъуныгъэм кІэлъыджэжу, къыдридзеями, къэдзыхэ зэрымыхъунур щигъэгъупщэн хуэдэу къыпэлъэщакъым. Пэжщ, «ХъуэпсапІэ» тхылъым (1976 гъэ) зэзакъуэ ущрохьэлІэ – абы и лирикэ лІыхъужьыр къэгумэхауэ. Сыт пщІэн, «насып уІэгъэм псэр игъэгулэз» хъумэ, хъуэпсэгъуэхэр пІэпоху. («...Ихьэжыр псалъэ зэфэзэщщи, си щхьэл мывэжьыр пхэнжу мэджэрэз...»)

*Арами – зэуэ хъункъым укъэдзыхэ,*
*Арами – зэуэ хъункъым ущІегъуэж...*

«ЛІы и псалъэщ» – адыгэм зэрыжиІэщи. «Псэуным пылъкъым гугъуехь мащІэ» сатырым къыкІэлъыкІуэ усэхэри уигу къокІыж мыбдеж.

Литературэм и сэбэп къызыхэкІынум тепщІыхьмэ, ди усакІуэр апхуэдэу «лІы пхъашэу» къызэрыщІэкІам узыщыгуфІыкІын хэлъкъым. Дунейпсо лирикэм и шедевр нэхъыфІ дыдэхэм адэ-анэ яхуэхъуар усакІуэм Насыпгуэшыр хуэжумарту къызэремыкІуэкІырщ – къэзыгъапцІэхэр, къепцІыжхэр, къещэж ныбжьэгъухэр, жэуапыншэ лъагъуныгъэр... Мыбдежи шедевр цІыкІуитІ-цІыкІуищ нэхъ мыхъуми, къыздикІар дымыщІэххэ хуэдэурэ, къытхэхъуами ягъэ кІынтэкъым. АрщхьэкІэ дэнэт! Мыр зыхуэхьын хуейри талантым и жаныгъэр здынэсыфым и закъуэкъым – адыгэлІым и хьэл-щэнхэри уигу ибгъэлъыпхъэщ. Лейуэ тІэкІу зыдгъэпагэу къыщІэкІынущ псоми, емыкІу къэтхьыным, гу махэу фэ къыдаплъыным дыщомэхъашэ. АбыкІэ зэредгъэлейм ди гъащІэр нэхъ хьэлъэ, нэхъ гугъу ещІ, псори ІэджэкІэ нэхъ къызэрыгуэкІыу зэрыщытыр, бжьынэ зэрынар зэрыбгъэкІын щхьэкІэ а дызыхэт къомым ущІыхэтыни зэрыщымыІэр къыдгурыІуэж пэтми, зыхуэдгъэфащэркъым зыкІи гугъу дыдемыхьу ди Іуэхур зэфІэзыгъэкІынум ди щхьэр хуэдгъэтІылъын...

«ХыхьэхэкІ зиІэ гуэрхэм», къыщедгъажьэм зи гугъу тщІахэм, зэрапыщІари сэбэп къызэрыхуэхъужаи щыІэкъым Адэлбий. НэгъуэщІ зыгуэрым, щІэпщхьэпІэ-щІэпщыпІэхэм нэхъ хуэІэкІуэлъакІуэм, абыхэм къапихыну щытар гурыІуэгъуэт. Ауэ мыр щхьэемыгугъут хуумыгъэфэщэну. И щхьэ Іуэху зэрихуэну хущІыхьэртэкъым, литературэм и лъэ нэхъ щигъэбыдэн щхьэкІи лъэбакъуэ лей ичакъым.

Иужьрейм щхьэхуэу дыкъытемыувыІэу хъунукъым.

Езы КІыщокъуэ Алим дыдэр яхэтт Адэлбий абыкІэ къыдэІэпыкъуфынухэм. КІыщокъуэхэрэ Брайхэрэ зэгъунэгъуу Іэджэ щІауэ дэсхэт Щхьэлыкъуэ. Алим и анэмрэ Адэлбий и анэмрэ зэкІуэгъужэгъу дыдэт. КъызыдэхъукІа хьэблэм и цІыхухэмрэ и хабзэхэмрэ увыпІэшхуэ щаубыд КІыщокъуэм и гъащІэми и творчествэми. Адэлбий и адэшхуэ, Щхьэлыкъуи абы и Іэшэлъашэхэми фІыуэ къыщацІыхуу щыта ІуэрыІуэдз Бэлацэщ «Хъуэпсэгъуэ нур» романым хэт лІыхъужь нэхъыщхьэхэм ящыщ зым и образыр (а цІэ дыдэр зэрихьэу) КІыщокъуэм къызытрищІыкІар. (Зэрытлъагъущи, мы романым и фІэщыгъэцІэми псалъэ нэхъыщхьэу хэтыр «нурщ»). Романым зэрыщыжыІащи, Бэлацэ цІыхухэр «ПащІэ бзииплъкІэ» еджэрт,

лIыжь гушыIэрейт, нэжэгужэт, хьэрэмыгъэншэт», игъащIэм здэкIуа щыIэтэкъым Налшык бэзэрым нэхъ жыжьэ, «ауэ дунейр къызэхэзыкIухьам ищIэм хуэдиз ищIэрт, куэди къыгурыIуэрт». Езы Брай Бэлацэ дыдэм щхьэкIэ КIыщокъуэм и автобиографие повестым щетхыж: Бэлацэ IэпщIэлъапщIэт, цIэрыIуэ нэхъ зэрыхъуарати, зыми емыщхьу чийхэр ихурт, деичрэ зеичрэкIэ тхыпхъэщIыпхъэ зэмыфэгъу-хэр хэщIыхьауэ. Зэреджэри арат а чийхэм: «Бэлацэ и тхыпхъэщIыпхъэ». НаIуэ къызэрыхъумкIэ, а щхьэлыкъуэдэсыр (романымкIэ – щхьэлмы-вэкъуэдэсыр) художникт, усакIуэт, абы нэмыщIыжкIэ, мы щIыпIэм щыщ Щукарь дадэт, пэжщ, ар адыгэ дадэщи, Дон Iуфэ Iус Щукарыр зэсэ-жа Iэджэ абы темызэгъэну щыIэщ – адыгэ къуажэм езым и хабзэ иIэжщ. Бэлацэ революцэм къигъэбэта Iуэхухэм я курыкупсэм къыхохутэ. ЦIыхубэм я IувыпIэ дыдэм къыхэкIа а лIыхъужьырщ гушыIэурэ «Тхы-дэм и шэрхъкIэ» зэджэр тхакIуэм зыIэщIилъхьэр, аращ зыIурылъри романым и фIэщыгъэцIэм хэлъ щIагъыбзэ псалъэу тхылъым гупсысэу пкърылъыр къызэкIуэцIызыхыр – гъуэбжэгъуэщым и нурым теухуа хъыбарыр. Аращи, апхуэдэ хэлъхьэныгъи хуащIащ Брайхэ къэбэрдей литературам.

Пэж дыдэу псэуа Бэлацэм щхьэкIэ КIыщокъуэм адэкIэ итхырт: «Абы псалъэ шэрыуэ, уэрэд, хъыбарыжь куэд ищIэрт. ЗэрынаIуэщи, адыгэхэм я деж гушыIэ дахэр мэл нэхърэ щынэхъ лъапIэщ». Щы-нэхъ лъапIэнкIи хъунщ. Iуэхуракъэ, гушыIэм пэкIуэу иджы гонорар папщIэу, мэл дэнэ къэна, абы къытращыкIа цы IэмыщIэ къуатынкъым. Армыхъуамэ, Бэлацэ и къуэрылъху Брай Адэлбий и мэл хъушэхэр хуэмыбжыжу псэунт. Къуэрылъхур IуэрыIуэдзу щытакъым, ауэ абы и псалъэр, и псэлъэкIэ къудейр, икъукIэ жант, образ, зэгъэпщэныгъэ гъэщIэгъуэнхэу зэхэувэрт. Дахэ дыдэт, куэдым къащхьэщыкIырт абы и анэм и жыIэгъуэхэри. Езы Адэлбий и акъылыр образ гупсысэкIэм тегъэпсат. Ар щынэрылъагъут «Щхьэгъубжэ нэхум» и сатыр дахэхэ-ми. «IэкIэ утеIэбэным хуэдэщ» жыпIэнщ, апхуэдизкIэ наIуэщ образ-хэри: «Уафэм и нэкугъуэщ дыгъэ иныр», «Дыгъэри пIыщIауэ пшэжь-хэр зырешэкI», «Бжыхьым фIэлъщ мэжейри пшагъуэр», «Къэхъуахэр гупсысэм кхъузанэкIэ ез», «Мэз кIырышхуэ щIылъэм и натIэцыр ма-жьэ быдэу махуэм щIызощыкI», «Мы щIышхуэр илъщи си плIэм, сегъэшэхыщIэр». «Хъыджэбз напэм текIута пщIэнтIэпсыр къигъэ-утхъуэу сабэм зыщегъэпскI...» УсакIуэрщ, усакIуэ дыдэрщ апхуэдэ псалъэхэр зи Iупэ къытелъэтынкIэ хъунур. Арат гугъэ уэзыгъэщIыр езы Адэлбий зэхиухуэна «Бэлацэ и тхыпхъэщIыпхъэ» куэдкIэ иджыри ди поэзиер къигъэбжьыфIэну. Сыт къэхъуами, зыгуэр къыщыщIащ и пшы-нэм. Iэпэр щIэуауэ пIэрэт?

Адэлбий газетым лэжьакIуэ зэрыкIуар и литературэ творчествэм сэбэп хуэмыхъуари хэлъщ. Газетым и редакцэр – ар литературэ талант-хэр щыщIалъхьэж къуэшыкхъэщ. Дэ, Адэлбий и ныбжьэгъухэр, абы куэдрэ делъэIурт и талантым нэхъ жэуаплыуэ хущытыну, и поэзием къригъэгъэзэжыну. Езыри хуабжьу иринэщхъейт поэзием щищIа ма-хуэлыр кIыхьлIыхьыIуэ зэрыхъуам. НэгъуэщIи хэлъынкIи хъунут – итхым (е имытхым) егъэлеяуэ сакъыу зэрыхущытыр, псори усэ тхы-ным жэуаплыныгъэ ин зэрыхилъагъуэм къыхэкIынри хэлът. Армырауэ пIэрэт мыпхуэдэу щIыжиIар:

*Си усэр къищтэу зызыгъэщхъ дэтхэнэми*
*Сатыр нэхъ «кIыфIкIэ» сыкъиплъэнщ и нэгу.*
*А нэгум IупщIу ислъэгъуа нэщэнэкIи*
*КъэсщIэнщ щIыхьынш эу къыспэщылъмэ гъуэгу.*
*ЩIэзупщIэу лъапэр утыкушхуэ сихьэу,*
*Тельыджэу нобэ сщIыуэ ислъэмей*
*Сакъыщымыхъуми, цIыхур къыстехущхьэу*
*СимыIэм сфIэфIщ джэгукIэ сысымей...*

Уэ умыуей тхэкIэкIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, псори зэрытхэм хуэдэу фIэкIа умытхэныр аращ усакIуэр сыт щыгъуи зыщышынэу, зытеукIытыхьу, зыщымэхъашэу щытын хуейр. Ар къримыдзэу иреутэкI, иреутэкI графоманым. НэгъуэщIыр апхуэдизкIэ «шынэм» зэщIещтэри, усэхэм я деж игъэзэжын тегушхуэркъым, «тхылъымпIэ напэ къабзэм и шынэ уз» къефыкI мэхъу, мыхъумыщIэ гуэр и Iэдакъэ къыщIэкIыу емыкIу къихьынкIэ мэгузавэ. Усэ тхыныр, сыти жыIи, цIыхум и ныбжьым къару щэху гуэркIэ пыщIащ, лъагъуныгъэм и пщтырагъым хуэдэу. ЩIалэгъуэм, зэман кIуэм и гъусэу ари уи гъащIэм зыкъыуимыгъащIэурэ хошыпсыкI.

1993 гъэм сымыщIэххэу сигу къэкIыжащ «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъыр къызэрыдэкIрэ илъэс 30 зэрырикъуар. Сызезыхуэр сытыт («къыстезэрыгуа» хъунт – дэнэ пхьыжынт?), гушыIэ усэ цIыкIу стхащ абы теухуауэ, фIэсщари, сэ си гугъэжымкIэ, гушыIэ зыхэль гуэрт – «ЯмыгъэлъэпIа юбилей».

*«Щхьэгъубжэ нэхум» сыныдэплъри,*
*УсакIуэ щIэсу къэслъэгъуат.*
*А унэ дахэм сыдихьэхри,*
*Нэхур нур хъуну сыхъуэхъуат.*
*Къабыл хъуат хъуэхъур, ауэ пшынэм*
*Макъамэр дауэ IэщIэукI...*
*Иджы сыджакIэ сэ а унэм*
*Бысымыр гуапэу къыщIэмыкI.*
*Сыщытщ, ильэсхэм гъащIэр блахыр.*
*АтIэми, гугъэр хэзмыхыж.*
*Уэри зэ гъази «унэ дахэм»,*
*«Щхьэгъубжэ нэхур» зэIухыж.*

Сызэрыпэмыплъауэ, и жагъуэ хъуат мыр Адэлбий, псом хуэмыдэу псалъащхьэр, сщIэркъым абы кърихар. Абы гушыIэ тезагъэрт, ауэ пэж жыпIэмэ, мыхьэнэншэри и щхьэм иригъажэ хъуат иужьрей илъэсхэм. Е, Тхьэм ещIэ, гукIэ зыхищIэу пIэрэт сэ зэуэ си акъыл зыхуэмыкIуар? Поэзием и унэм, Лъагъуныгъэм и унэми хуэдэу, тебгъэзэжыфыркъым: поэзием и мафIэр зэщ къызэрылыдыр, лъагъуныгъэм и мафIэми хуэдэу...

Илъэс 15 нэскIэ Адэлбий «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм щылэжьат жэуап зыхь секретарым и заместителу, иужькIэ илъэс зыбжанэкIэ «Нур» журналым и редакцэм – жэуап зыхь секретару. Зэман куэд дыдэ пфIэзыхь, уилри уи псэри зыш х, ауэ удэзыхьэх газет-

журнал Iуэхур абы фIы дыдэу зригъэщIат. Литературэми, дауэ щытми, нэмыплъ иритакъым. Усэми, прозэми тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм ятеухуа «Псэ уахътыншэхэр» поэмэр, «Пшапэ уэзджынэхэр» повестыр, нобэрей зэманым ехьэлIа рассказхэр хэту. Сабийхэм я бзэм, абыхэм я дунейм фIыуэ зэрыщыгъуазэм и сэбэпкIэ цIыкIухэми хъарзынэу яхуэтхэрт. Итха псоми бжьэпэтехуэ яхуэхъужам хуэдэщ иужь дыдэу къыдигъэкIыжа «Гурэ псэкIэ» тхылъыр.

УсакIуэ куэдым я тхыгъэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ Брайм, абыхэм ящыщу хамэ хэку ис адыгэхэм я усэ гупышхуэ езыхэр зыщыпсэу къэралхэм я бзэхэмкIэ – тыркубзэ, хьэрыпыбзэ, инджылызыбзэ, е адыгэбзэм и адрей диалектхэмкIэ тхауэ. Ауэ сыт итхами, сыт ищIами, «Щхьэгъубжэ нэху» тхылъ цIыкIум и авторущ ар сэ сигу къызэринар. ДапхуэдизкIи гурыхуэу, таланткIэ Тхьэр зыхуэупсауэ щымытами, Брайм хурикъуртэкъым тхакIуэм имыIэнкIэ Iэмал закъуэ зимыIэ зы зэфIэкI – и пIэм изагъэртэкъым. ТIысу зыщIыпIэ деж сыхьэт зыбжанэкIэ щысыныр и ажалт. Творческэ лэжьыгъэм зыкIи пымыщIа Iуэху мыIупщI гуэрхэм ар шейтIаным хуэдэу зыщIашэрт, зыщытхэ Iэнэм пэрамыгъэзагъэу. А Iуэхухэр зищIысыр сэ зэи къызгурыIуэу щытакъым. Езыр цIыху зэтет щхьэкIэ, зэпымыууэ зыщIыпIэ пIащIэрт, зыгуэрым хуэзэн, зыгуэрым пэплъэн хуейт зэпымыууэ. И усэ гуэр къызэрыригъажьэ сатырым хуэдэт псори: «Соплъ сыхьэтми, сыщытщ сыкIэрахъуэу...» ТхакIуэ лэжьыгъэр езыр кIэтIэржынэ лэжьыгъэщ, зэпыбгъэу мыхъуу. ШыIэрэ къарурэ къыппиубыду, еш жыхуаIэр имыщIэу. НэгъуэщIу удэзыхьэхынумрэ нэхъ фейдэ къызыпыкIынумрэ IэщIыб уигъэщIу. Уэ узыпэплъа, узэрыщыгугъа щIыхьымрэ мылъкумрэ къыпхуимыхьами, игъащIэкIэ къызэрыпхуимыхьынур къыбгурыIуэжами, уи щIыб хуумыгъэзэфу. Уигури уи щхьэри зыхуэпабгъэр зыуэ: хунэсын! Алыхьым къуитар, уи гум кърилъхьа псори уи жьэкIэ къэпIуэтэну, тхылъымпIэм тебгъэзэгъэну хунэсын...

Илъэс плIыщIрэ тхум щIигъукIэ ныбжьэгъугъэ дахэ дяку зэхуилъащ Брай Адэлбийрэ сэрэ.

Си ныбжьэгъур сэ сэщхьыркъабзэу – игукIи и фэкIи – Тхьэм щхьэ къимыгъэщIарэ, жыпIэ хъунукъым. (Ныбжьэгъуншэу укъэнэнущ, жыпIэмэ). Ди хьэл-щэнкIи, гъащIэм гъуазэу щыдиIэ гуэрхэмкIи, ди цIыху щIыкIэкIи дызэтемыхуэми, куэд дыдэ щыIэт гъусэ дызэхуащIу, гъунэгъу дыдэу дызэрашалIэу. Ар псом япэу ныбжьэгъугъэр зыми пэдмыщIу дгъафIэу, абы лъапIэныгъэу иIэн хуейр къэтлъытэу дызэрыпсэурт, и уасэр кууэ къызэрыдгурыIуэрт. Адэлбий ныбжьэгъум хуэфащэ пщIэ хуищIыфырт, пэжыгъэкIэ бгъэдэтыфт. ФIыгъуэмрэ захуагъэмрэ «гурэ псэкIэ» пэджэжыфу дунейм тетт – иужьрей тхылъым фIища псалъэхэмкIэ жыпIэмэ. И япэ тхылъым и цIэри ныбжьэгъугъэрт абы къыщIыхихар. Ныбжьэгъу къыпхуэхъу псори-тIэ, ныбжьэгъу хъурэ – хэти «гъуэгу шэдылъэ» техьащ, хэти «чыхум хыхьэжащ». Ауэ –

*Ныбжьэгъуф1 къэнахэр псэуныгъэм*
*Куэдрэ йогупсыс и мыхъэнэм.*
*Сопль мычэму сигъэгуфIэу ахэм*
*ХэкIуэтэхукIэ я щхъэгъубжэ блэм.*

Зэрытлъагъущи, ныбжьэгъугъэм и нэхурщ абы и «Щхьэгъубжэм» къыдидзри. Аращ зыгъэгуфIэр, зыгъэиныр.

Адэлбий и ныбжьэгъуу, и цIыхугъэу щыта дэтхэнэми хуэдэу, сэ Iэджэрэ срихьэлIащ абы и щхьэ Iуэхур къигъанэурэ нэгъуэщIхэм я Iуэху зэфIигъэкIыным лъэкI къимыгъанэу елIалIэу. Зыгуэрым Iуэхутхьэбзэ хуищIэныр, и гузэвгъуэ дигъэкIыныр зэи къытехьэлъэртэкъым, уеблэмэ апхуэдэм иужь итыным дихьэхырт. Тхьэм ещIэ, цIыхухэр къыхуеин зэрыхъум, абыхэм фIы гуэр зэрахуищIэфым щыгуфIыкIыу, езыми и щхьэр лъагэу иригъэлъагъужу къыщIэкIынт. НэгъуэщIым и насыпым уигъэгуфIэныр – «Щхьэгъубжэ нэху» усэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэм тету – аракъэ езыр цIыхуфI нэщэнэ хъужыр? ЦIыхур зэхэпщIыкIыфу ущытыныр-щэ? Хэти къыщыщIынкIэ хъунущ ар – узэхэзыщIыкI, уи дзыхь зэбгъэзын ухуэныкъуэу. Сэри куэдрэ згъэунэхуащ апхуэдэм деж Адэлбий гуапагъэу, псэ къабзагъэу игъэлъэгъуэфыр, ар къыпхуэгузэвэфу, уи гукъеуэр къыбдигъэпсынщIэфу, пщхьэщихыфу зэрыщытар. Сыт и уасэ псэлъэгъут ар езыр! Арагъэнт дэ ди псалъэмакъхэр мымащIэу жэщыбгхэм щIыщхьэпрыкIыр. Сыт щхьэкIэ пцIы дупсын – бжьэ зырызи ди пащхьэ иту. Гуэныхьышхуи къэтхьагъэнукъым дэ а гуащIэм и лъэныкъуэкIэ – ди мардэр фIыуэ тщIэжырт. Сэ сыт щыгъуи сфIэфIт абы сыбгъэдэсын, си псэм зигъэпсэхурт, си гур мамыр дэхъурт.

Мыри ящыщт Адэлбий убгъэдэсыну щIэгуапэм, щIэтыншым. Творчествэм пыщIа цIыхухэм-тIэ, къахокI зыкъызыфIэщIыж, езым зыкъызэрыщыхъужым зи нэр къыщипхъуэ. («Хьэрф къизытхъэхэм» а я тIасхъапIэм зэ и гугъу тщIаи). Мис абы куэдрэ ныбжь тредзэ тхэн Iуэхур зи IэщIагъэхэм я зэхущытыкIэм. Адэлбий ар и хьэрэм дыдэт – и щхьэ темылъ трилъхьэн жыхуэпIэр. Иримыгъэлейуэ пIэрэ – жыпIэну. (Абы и усэ тхылъхэм ящыщ зыр къыщызитым псалъитI къудейт къытритхар: «ЕмыкIу дыкъыумыщI»). ЗыщIыпIэ деж фэеплъ сын зытрагъэувэ пьедестал нэщI зэрыщытым, е – нэхъыкIэжращи – пьедесталыр зыгуэрым зэриубыдакIэм щхьэкIэ фыгъуэмрэ ижэмрэ гурыгъуз зратым ящыщтэкъым. Езым монумент хуагъэувын хуейуэ апхуэдэ гукъеуэ иIэтэкъым. Абы къикIыртэкъым и щхьэ и усэ имыщIэжу, хьэмэ дэ абы хуэфащэ пщIэр къыдгурымыIуэу. Гугъущ мы дызытепсэлъыхьым нэхъыфIыр, нэхъ тэмэмыр къыхэбубыдыкIыныр. ЩIыхь лейм ухущIэмыкъуныр, амбицие жыхуаIэм хуэдэ тIэкIу пхэмылъынри щIагъуэкъым, жаIэ. Хрелъ цIыхум, псом япэу творчествэм пыщIам, а амбицие хъужри. Мардэм къиубыдым хуэдизу! Сэ степщIыхьмэ, зикI си гур якIэрыпщIэркъым литературэм хащIыхьар Iуащхьэмахуэ ехьэехуэу зы абрагъуэ гуэру къызыщыхъужхэм, культурэм къыщахьа увыпIэр зыхуэдэр, я хьэсэпэр здынэсыр къызыгурымыIуэжхэм. Арагъэнщ дэпсэлъеиныр, зыщытхъужыныр зи хьэрэмхэу, ауэ зи щхьэм хуэфащэ пщIэ хуэзыщIыжыфхэм сыт щыгъуи сыщIыдахьэхыр, Брай Адэлбий сыдихьэхыу зэрыщытам, Алыхьым и шыкуркIэ, иджыри схуэпсэу адрей си ныбжьэгъухэм сызэрыдахьэхым хуэдэу. Нобэр къыздэсым, шэч сощI: зэрыусакIуэ нэсыр тэмэму къыгурыIуэжу, ар къилъытэу зэремысам къыхэмыкIыу пIэрэт Адэлбий нэгъуэщI Iуэхухэм, литературэм пымыщIахэм, нэхъ щIыхь хэкIыпIэу къыфIэщIхэм, щIапыхьэр?

Зэ зэрыжысӀащи, Брайр творчествэм щхьэщызышу игъэпс мурадхэр сэ зэи къызгурыӀуэртэкъым, а мурадхэр къызиӀуэтылӀэуи щытакъым, фӀыуэ ищӀэрт абыхэм хэсщӀыкӀышхуэ зэрыщымыӀэр, сэри фӀыуэ сщӀэжырт апхуэдэ лэжьыгъэ лӀэужьыгъуэкӀэ сэ абы дамэгъу сызэрыхуэмыхъуфынур, фейдэ къыхэсхын дэнэ къэна, сызэрыхилъэфэнур. Мыр къыщӀыхэзгъэщращи, Брайм абы и лъэныкъуэкӀэ игъэпса мурад инхэм щыщу зыгуэр зэпэщ хъуауэ сэ сыщыгъуазэкъым, мылъкуи щӀыхьи а Ӏуэхум къыхихакъым, а зэрыпролетар интеллигенту дунейм ехыжащ.

Адэ нэхъ дыщыщӀэлам дгъэзэжмэ, нэгъуэщӀ зы Ӏуэхуи щыӀат Брай Адэлбий дэрэ куэдрэ гъусэ, зэкӀуэгъужэгъу дызэхуищӀу. Ар сэ си «холостяк гъащӀэр» кӀыхьыӀуэу зэрыхэсшарт. Ди мыгъуэ зы хъуат, жыпӀэнурамэ. Дэ тӀум ди закъуэтэкъым, ди ныбжьэгъу, ди лэжьэгъу зыбжанэ хэту гупыфӀ дызэрыгъэхъуат. Къэгъазэ зимыӀэж защӀэу, хьэмэ «дыпсэуху, къэдмышэн» жытӀэу тхьэрыӀуэ тщӀауэ аратэкъым. Щхьэж и гъащӀэр къызэрекӀуэкӀакӀэ дызэтехуауэ, Алыхьым дызэкӀэридзауэ аркъудейщ. Пэжщ, ауэрэ «ди сатырхэр» кӀащхъэ хъууэ щӀидзащ. «ЩӀалэ физкъэмышэу» нэхъыбэрэ екӀуэкӀынымкӀэ рекордыр зытехуар Гъубжокъуэ Лиуант, а ди ныбжьэгъужь мыгъуэри пасэӀуэу дунейм ехыжащ, ари къиша къудейуэ.

Иджыри зы Ӏуэхугъуэ, ныбжьымрэ усэхэмрэ ехьэлӀауэ.

Сэри фӀы дыдэу сощӀэ усэ тхыным зэ уи гур бгъэдэкӀыныр зищӀысыр. Абы тебгъэзэжынри зэрыгугъур. «Илъэсхэм прозэ ткӀийм узэрыхуашэм» (Пушкиным зэрыжиӀауэ) и закъуэкъым щӀэгугъур. НэгъуэщӀ зыгуэрщ, сэ сыкъапщтэмэ, къысхуэмыщӀэу. Пэжщ, «рифмэ зэгъэкӀэсыныр» иджыри зыхэзнакъым. СымыщӀэххэу усэхэм сыкъыщаубыд къохъу. АрщхьэкӀэ жыжьэ сынахьэсыркъым. Зы едзыгъуэ-едзыгъуитӀ гум къыполъадэри мэужыхыж, лъым хэт пщтырыгъэр хуримыкъуэжрэ – Тхьэм ещӀэ. Сынеуэ-сыкъеуэми, и кӀэм нэсхусахэри сиӀэщ, къапщтэмэ, «Уэрэдыжь макъамэхэр» зыфӀэсща гупым хыхьэхэр. Мыпхуэдэр щатхыр уэрэдыжь цӀэрыӀуэм уэ нобэ узэгупсысхэм ещхь, пэджэж гуэр къыщыхэщым дежщ. Дунейпсо культурэм къигъэщӀа образхэр поэзием и къыщӀэгъэлъапӀэ мыкӀуэщӀкъэ? Уэрэдыжьхэм къаӀуэтэжхэр щӀэдзапӀэ хьисэпу, литературэ ассоциацие, е реминисценцие теплъэ ягъуэту, абыхэм къыхэщыж образхэм нобэ узыгъэпӀейтей гупсысэхэр кърибгъэлъагъуэу къыбогъэсэбэп, апхуэдэ тхэкӀэм упыхьамэ.

Степан Разин теухуа «Из-за острова на стрежень» урыс уэрэдым сэ сыщӀыдихьэххэм ящыщ зыт абы дэ гупым ди зэхэтыкӀэм и фэ зэсплъ гуэр зэрыхэлъыр. Фызым зыдригъэхьэхыу и ныбжьэгъухэм нэмыплъ ярит хъуауэ шэч къызэрыхуащӀа къудейм щхьэкӀэ зи щӀасэр, ари къэжэрыпщым и пхъур, къиӀэту псым хэзыдза къэзакъ атаманыр, дэ ди нэкӀэ уеплъмэ, лӀы и щапхъэт. Дэ цӀыхухъу ныбжьэгъугъэр ди Тхьэт, ди динт, ар дымыгъэпудын щхьэкӀэ дымыщӀэфын щымыӀэу къытфӀэщӀыжырт. Ауэ сытми зыдгъэлӀыфӀу арагъэнт, атӀэми ныбжьэгъугъэм и хьэтыркӀэ цӀыхубзым – ар ухуеймэ, езы къэжэрыпщым ипхъу дыдэу щрет – хуэтщӀа лъагъуныгъэм дебэкъуэфыну дигурэ ди щхьэрэ зэтелът. Сытыт а Разин и нысащӀэ тхьэмыщкӀэр зытекӀуэдар? Стенькэ и ныбжьэгъухэм «фызщ и Ӏуэхур, дэ зыуи дыкъридзэжыр-

къым» зэрыжаIа закъуэрт. Дэри «фызщ и Iуэхур» къытхужамыIэн папщIэ, сытми дыхуэхьэзыру къэтлъытэрт. (Сэ си щхьэкIэ сыапхуэдэт, адрейхэм тхьэ тезмыIухьмэ, нэхъыфIу пIэрэ?) Мис арат а уэрэдыр и къежьапIэу стха усэм и хьэрискхъуэрисхэр. «Стенькэ Разин» усэр зыхуэстхым и цIэ-унэцIэр къызэрыкI «Б.А.» хьэрфхэр тетт. Налшык удэсу – куэдрэт абы къикIыр къэпщIэну? Усэм укъыхуриджэрт авторым и ныбжьэгъужьу «зи къэшэгъуэ зэи имыкIым» зэрызыхуигъазэм уегупсысыну: нэмысым зыдедгъэхьэхыурэ, «фызщ и Iуэхур» жаIэу хъуэн тхуащIыным дыфIэлIыкIыурэ, дыгъэу къытхущIэкIами дымыщIэ гухэлъхэр дапщэрэ гъащIэ бзаджэм и псы уэрым хэддзэжа дэ? Сыт атIэ, абы и фIыгъэу къыдэкIар? Псы къиуам ныджэм дыкъытридзащи, дыщысщ ди Iэпэм додзэкъэжри.

### Уэрэдыжь макъамэхэр

## СТЕНЬКЭ Разин

Б. А.

I

*Тетщ Индылым Стенькэ Разин,*
*ТIэкIу щIикIарэ къэжанау.*
*ПхуикIуэтынкъым фэнкIэ ар зи,*
*Исщ и куэщIми къэжэр «наур».*
*И ныбжьэгъухэр атаманым*
*Къыхуэхъущ‌Iэу къызэхех:*
*«Фызщ и Iуэхур, ар тэмэмым*
*Тхьэр догъэпцIыр – напэтехщ...»*
*Къыщолъэтыр а лIы дакъэр,*
*«Наур» кхъуафэм трепхъуэт.*
*Къэжэрыпщым и пхъу дахэр*
*Къамыл пхыру псым епхъуэт...*
*Уэ Индылу хыр зи лъащIэ!*
*Пщащэ нэпсыр IэкIэ лъэщI.*
*ЛIы губжьам уэ къуит нысащIэр*
*Шэ лэгъунэми, IэплIэ хуэщI!*
*Уэ Индылу псыжь емынэ,*
*Зи нэр щыпкIыурэ ежэх,*
*И къэшэныр ерыпIынэм*
*Дауэ щэхуу уэ бгъэбзэхт?!*
*Сэри хуэдэр здэнт къызатым –*
*Уэ къурмэну къыпхуахьам.*
*И саугъэтыр Дон къэзакъым*
*Уэ жыIэжыт зыдэпхьар.*
*ЛIым я пхъашэу Стенькэ Разин,*
*Гум и фадэр мис а зырщ –*
*Лъагъуныгъэрщ! ДэнкIи гъази,*
*ФIыр хутыкъуэм, ер хьэзырщ.*

*ПщIэрэт ар хуэхъунум дамэ*
*Уэ уэрэду пхуаусам,*
*КъыIэщIихыу и Iэм къамэр*
*Уэ ныбжьэгъуу къопцIыжам?*
*Сигу хощтыкIыр сэри щIыIэу –*
*Къохъу апхуэдэуи зэман –*
*КъысхуэкIуэну пIэрэ – жысIэу*
*Уэ уи махуэр, атаман!*

II

*Си ныбжьэгъуу фызкъэмышэ,*
*Зи щауэгъуэр зикI имыкI,*
*Шы жагъыным и къамышу*
*Псалъэ хъуэрхэр ткIэрымыкI.*
*Къытхуошхыдэр ди Iыхълыхэр,*
*Хэти мабжэ, хэти магъ:*
*Хъуатэм зэ губзыгъэ мыхэр,*
*Ягъуэтатэм зэ пIэщхъагъ...*
*Ди ныбжьэгъухэми ардыдэр,*
*ПцIыр сыт щхъэпэ, жаIэрейщ,*
*Ауэ Разин и дыдыдыр*
*Дерс тхуэхъуами дэ ярейщ –*
*Дыдихьэхыурэ нэмыс щIыным*
*Яужь псоми дыкъинащ.*
*«Фызщ и Iуэхур» – хъуэн тхуащIыным*
*ДыфIэлIыкIыу дунейр тхьащ.*
*Къибжыфыну ар зыгуэрым –*
*Дапщэ дыгъэу гъэ кIыхь кIуахэм*
*КъытхукъуэкIыу кIуэдыжа?*
*Къэжэрыпщым и пхъу дахэу*
*ГъащIэ бзаджэм и псы уэрым*
*Дапщэ дэри хэддзэжа?*
*Зэман хъыжьэм зэпеч псори,*
*ЗэпытщIэжхэр – зэпочыж.*
*КъытхэкIакъым дэ Печорин –*
*Сыт ухуеймы зыфIэщыж.*
*Мис иджы дытесщи ныджэм,*
*Сыт, ди Iэпэм додзэкъэж.*
*Псы толъкъунхэр зэкIэлъыджэу*
*Тенджызыщхъуэм холъэдэж.*
*Псыхьэлъахуэу епхъуэт блахым,*
*Ди цIэр теткъэ – зы къахэх...*
*Къэжэрыпщым и пхъу дахэу*
*Ди щIалэгъуэр ирахъэх.*

---

ЗымыщIэ щыIэмэ: псыхьэлъахуэр псы къиуам кърихьэха жыгхэрщ, пхъэхэкIхэрщ, псэуалъэу щытахэм ятелъа щхьэхэрщ. Мыбдеж

зи гугъу ищӀыр псым илъэса, мывэхэми нэпкъми ириудэкӀыурэ, зи фэр пихуа пхъэ кӀапэлъапэхэрщ. Псы къиуар етӀысэхыжа иужькӀэ, ахэр ныджэм къытонэ, щӀыр зыудынущӀа борэным и фэеплъ хуэдэу. Ахэр зэгуэрым жыг щхъуантӀэхэм, гъатхэ къэскӀэ зэщӀэгъагъэхэм, цӀыхухэр зыгъэгуфӀэхэм, Ӏэщхэм жьауапӀэ яхуэхъухэм я Ӏэпкълъэпкъыу, я къудамэу щытахэщ. Иджы фаджэхэщ, псэншэхэщ, гъащӀэм дэнэкӀэ ириудэкӀми, абы пагъэувыну зы къару гуэри яӀэжкъым. Зы закъуэщ сэбэпынагъыу къапыкӀынкӀэ хъунур: зэхуэпхьэсрэ бгъэгъущыжмэ, мафӀэ гуащӀэ мэхъу.

* * *

Адэлбий узыншагъэкӀэ гуныкъуэгъуэ иӀауэ зыми тщӀэжыркъым. Къыхигъэзыхьу зыгуэр къеузауи. Зэгуэрым ар санаторэм щыӀэу сыщӀэупщӀэну сыкӀуат. Курорт дохутыр тхылъыр ауэ телъти, «ситу пӀэрэ мыбы игъэхъужыр?» жысӀэри сеплъат. Дохутырхэм апхуэдизу егугъуу псалъэ шынагъуэхэр зыпатхэ «диагноз» жыхуиӀэм зыри пыттэкъым. КъызэрыщӀэкӀамкӀэ, Адэлбий зы узыфэ гуэри къыхуэгупсысатэкъым «мыр къызоузри фыкъысхуеӀэзэ» жиӀэу курорт тхылъым иригъэтхэну.

Абы иужькӀэ зэман куэд дэкӀакъым, узым ириудащ. 2005 гъэм, июлым и 14-м Брай Адэлбий дунейм ехыжащ. Литературэ зэфӀэкӀыу Алыхьым къритам и Ӏыхьэ пщӀани къигъэсэбэпыфакъым абы.

Иджыри къэс си фӀэщ схуэщӀыркъым Адэлбий мыпсэужу. Зэпымыууэ къысщохъу сымыщӀэххэу бжэр къыӀуихыу занщӀэу къыщӀэпкӀэну. Е телефоным къеуэу, сыт щыгъуи хуэдэу, гушыӀэкӀэ и псалъэр къыщӀидзэну, ныбжьэгъугъэ гукъанэ тӀэкӀуи – сыфщогъупщапэри-тӀэ, адэ-модэ – къыщӀигъужу. Къалэ уэрамхэм срикӀуэмэ, ди щӀалэгъуэм къыщыткӀухьу щыта уэрамыщхьэхэмкӀэ сыблэкӀмэ, къысфӀощӀ мис плӀанэпэ гъунэгъум е адрейм сынэсмэ, и закъуэпцӀийуэ зыгуэрым ежьэу щыт щӀалэм и натӀэц хужь дэжьеяр си нэгум къыщӀидзэну: ар зыгуэрым сыт щыгъуи ежьэрт, апхуэдэу пӀейтеиншэу зыгуэрым пэплъэу куэдрэ урихьэлӀэнут. Хуэзэха мыгъуэуи къыщӀэукӀ ар апхуэдизу зыпэплъам. Насыпгуэшым-тӀэ, усакӀуэхэм защидзей зэпытщ, хэти зэи къыхуэупсэхххэкъым, хэти гувэӀуауэ къыхуоблагъэ, а образыр нэхъыбэрэ къэзыгъэсэбэпу щыта Лиуан мыгъуэри яхэту.

Урыс усакӀуэшхуэ Батюшков Константин и тхыгъэ цӀэрыӀуэ «Ныбжьэгъум и ныбжьыр» («Тень друга») – жыхуиӀэм Ижьрей Римым щыпсэуа усакӀуэ Перпеции и псалъэхэр эпиграф хуищӀат: «ЛӀахэм я псэхэр къэунэхуурэ, кӀуэдыж нэкъыфӀэщӀкъым: лӀэныгъэмкӀэ псори иухыркъым; нэщхъеягъуэ мафӀэм текӀуауэ, ныбжь фагъуэр кӀыфӀым хохьэж». Батюшковым и усэр гъуэзэджэу щызэпкърыхащ Кривицкий Александр и документальнэ повесть «Ныбжьэгъум и ныбжьыр, е ПлӀыщӀрэ зы гъэм и жэщ еджэхэр» жыхуиӀэм. «Лъэпкъхэм я зауэ» 1813 гъэм Лейпциг деж щекӀуэкӀам хэкӀуэда и ныбжьэгъуфӀым и фэеплъу итхат мыр Батюшковым. 1814 гъэм Англием къикӀыж усакӀуэр, кхъухьым ису тенджызым къыщызэпрыкӀыжым зауэм хэкӀуэда и ныбжьэгъур нэкъыфӀэщӀу (е пщӀыхьэпӀэу) къыхуэкӀуат, аращ усэм къежьапӀэ хуэхъуар. «Си пащхьэм къихутащ си ныбжьэгъур, «Уэра ар,

си къуэш лъапIэ, си махуэу нэхъ щIэращIэхэм я Iэпэгъу, уэрауэ пIэрэ мыр? – седжащ сэ сызэщыджэу... Сигу зэи имыхум и ныбжьыр!.. Къызэптыркъэ жэуап, си псэм хэлъ си къуэш! О! жыIэ псалъэ закъуэ! Зэи сщымыгъупщэ уи макъым ирегъафIэ нэпсейуэ си тхьэкIумэр; мы си Iэм, фIылъагъуныгъэ фIэхъускIэ уи Iэр ирекъуз...» Сэ сахьырт абы деж дамэ гуэрхэм. Ауэ сыкIэлъыджэурэ, ныбжьыр пшэхэм хокIуэдэж...»

Мы «ныбжьэгъу хъыбарыр», зэрытлъагъущи, нэгъуэщI зыгуэрущ къызэрекIуэкIыр, атIэми цIыху хабзэхэмкIэ къапщтэмэ, ныбжьэгъугъэр сыт щыгъуи ныбжьэгъугъэщ – зауэм хэкIуэдауи ирехъу уи ныбжьэгъур, и унэ исыжу и ажалкIэ лIэжауи ирехъу. Гукъеуэр абы щхьэкIэ нэхъ кIащхъэкъым, хэщIыныгъэм къуит гуауэмрэ пфIэкIуэдам и пIэ нэгъуэщI къызэримыувэжымрэщ псори зытещIыхьыпхъэр. Сэ емыкIу хэмылъу къэслъытат си тхыгъэм папщIэ Кривицкэм и повестым и фIэщыгъэцIэм и япэ Iыхьэмрэ и зэхэлъыкIэмрэ къэзгъэсэбэпыным. Апхуэдэу дунейм къытехьат вариантитIри – урысыбзэри адыгэбзэри.

Ныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэм хуэдэу, цIыхум кърит нэхъ дахэ дыдэ, нэхъ гуапэ дыдэхэм ящыщщ. Сэ сигукIи, си псэкIи ДыкъэзыгъэщIам сыхуэарэзыщ, нэгъуэщI фIы Iэджэ къызимыпэсу къэнами, ныбжьэгъу куэд къызэрызитам папщIэ. Брай Адэлбий ящыщ зыт ныбжьэгъугъэм и IэфIыр иризгъэунэхуну къысхуиухахэм.

Сэ абы куэдрэ хуэныкъуэ сохъу, сигу зэи имыху си ныбжьэгъум. Сахуозэш жэщыбгхэм ящхьэпрыкIыу щыта ди псалъэмакъхэм, абы и гуфIэкIэу сыт щыгъуи гуапэм, тIэкIуи нэщхъей-нэщхъейм. И гушыIэхэу хьэрэмыгъэншэхэм, къыщохъурджауэ къэхъуми, гужьгъэжь зыхэмылъхэм. Ара хъунщ чэм имыIэу пщIыхьэпIэу щIэслъагъури. Сэри си Iэр хуэсшийм хуэдэщ си ныбжьэгъум и ныбжьым: «О! жыIэ псалъэ закъуэ!..» Тхьэм ещIэ, абы и псэм къыщилъэтыхь хъунщ ди гъунэгъуу. Ди псалъэмакъхэм ари хуэзэш, ди ешхэ-ефэ Iэнэхэм къехъуапсэ мыгъуэ хъунщ. ПщIыхьэпIэ къызгурыIуэхэм сащIелъэIун, Iэзэ щIэзгъэплъэн щыIэкъым. Сэ езым фIыуэ сощIэ лIам апхуэдизрэ уепщIыхьыным къикIыр...

УсакIуэм и щхьэгъубжэм къыдидз нэхур – мыужьыхыж нурщ. МыункIыфI уэздыгъэщ, сыт хуэдиз зэману дэкIми. Пэжщ, ар зэщIэбгъэнэн хуейщ. Адэлбий зэщIигъэнат ар, дэнэ щIыпIэ къиплъми ялъагъуну и щхьэгъубжащхьэм тригъэуват. Сыт щыгъуи блэн хуэдэу мафIэр зэщIигъэстыну хунэсыжакъым. Зэ зэщIэбла нэхур ауэ сытми ункIыфIыжыркъым. Псом хуэмыдэу абы и бзийхэр, зэзакъуэ нэхъ мыхъуми, зи гум хидзахэм я дежкIэ. Иджы жыжьэ хъуа 63 гъэм, усакIуэм и щхьэгъубжэр щызэIусхам щыгъуэ, сэ си нэгум нэхур къызэрыщIэлыдам хуэдэу. Иджыри аращ: къыщIолыдэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ – дунеймрэ хьэршымрэ зэпищIэу, псэмрэ усэмрэ зэщIигъаблэу.

*2007, 2017*

# УСАКIУЭФIТ, НЫБЖЬЭГЪУ НЭСТ

Адэлбийрэ сэрэ дызэкъуажэгъу пэтми, гъунэгъуу дыщызэрыцIыхуар университетыр къэзухыу лэжьэн щIэздза нэужьщ. Школым сыщыщIэсми куэдрэ абы и цIэ зэхэсхырт, фIыуэ зэреджэм папщIэ щытхъу хужаIэу. ЕпщIанэ классыр къиуха нэужь, ар занщIэу институт зэрыщIэтIысхьэфам егъэджакIуэхэр иригушхуэу, иригуфIэу тепсэлъыхьырт.

Ауэ иужьрей илъэс плIыщIым щIигъум дэ дыщызэхуэмыза е телефонкIэ дыщызэмыпсэлъа махуэ щIагъуэ блэкIауэ къыщIэкIынкъым.

Лэжьэн щыщIэздза япэ махуэ дыдэхэм сэ сахэхуащ адыгэ щIалэ гуп дыгъэл, я гугъэр лъагэрэ я гуащIэр мафIэу жьэражьэу, езыхэм япэ лъэбакъуэхэр литературэм хачэу, тегушхуауэ, яхузэфIэкIынур зыхуэдизыр ящIэжу. Псом япэу ахэр КхъуэIуфэ Хьэчим, Къэжэр Пётр, Къэрмокъуэ Хьэмид, Брай Адэлбий сымэт. Адэлбий ныбжьэгъу гъунэгъу зэрысхуэхъуар дызэрызэкъуажэгъуми ди анэхэр зэрыгъэныбжьэгъуу зэрыщытами къыхэкIауэ къыщIэкIынт.

Мис апхуэдэу дызэрыщIэри, зэрыжаIэуи, ди ерыскъы зэIурылъу дызэдэпсэуащ. Апхуэдиз зэман щызэдэбгъащIэкIэ, куэдкIи узэрощIэ.

Псом япэри, нэхъыщхьэри Брай Адэлбий зэрыусакIуэрт. Апхуэдэу тхылъ пIащэ куэди къыдигъэкIакъым абы, ауэ и дэтхэнэ усэри гум дыхьэу, псэм къиищтэу итхащ. Итхащ, зытетхыхьыр езым псэкIэ игъэву.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ усакIуэхэм я тхыгъэхэр ди щIэджыкIакIуэхэм я деж нэхьэсыным сытым хуэдэу хэлIыфIыхьат Адэлбий! Сабийхэм яхуитха рассказхэр-щэ? НыбжьыщIэхэм я психологиер зыхищIэу, я дуней тетыкIэр къыгурыIуэу итха сабий рассказ кIэщIхэр школ учебникхэм ихуащ. «Нур» журналым щыщылэжьами апхуэдэ тхыгъэ куэд и Iэдакъэ къыщIэкIащ.

Адэлбий Iэхъуэгъуэтегъэк1 лэжьэкIэ жыхуаIэр ищIэртэкъым, зыщIидза Iуэхур тэмэму и кIэм нигъэсырт – ар усэу щрырет е газетым традзэ сурэтым щIатхэ сатыр зыбжанэ ирехъу. Ар си нэгу щIэкIащ «Ленин гъуэгу» – «Адыгэ псалъэ» газетым дыщызэдэлэжьа илъэсхэм корреспонденту къудамэм щыщIэсами жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу щыщытами. Iуэху тыништэкъым тхыгъэхэр газет напэхэм дахэу, щыуагъэншэу игъэзэгъэнри. Псом хуэмыдэу сатыр къэс бдзапцIэ гъэткIуауэ линотипкIэ къащыпу щыщыта зэманым. Мы лэжьыгъэр техническэу къызыфIэщIыр щоуэ – абы елъытащ напэкIуэцIхэм я дахагъэр, нэхъыщхьэрщи, тхыгъэхэм я зэхэгъэувэкIэм къыбжаIэ гу нэхъ зылъытапхъэр. ЖэуаплыныгъэшхуэзыIыпылъ а IэнатIэр илъэс куэдкIэ Адэлбий ирихьэкIащ къыщыщIэхуэ щымыIэу.

ЦIыху Iейр усакIуэфI хъуркъым, жаIэ. А псалъэхэр Адэлбий деж щынэрылъагъут. Гу пцIанэт. Хьэлэлт. Зы тIэкIури и гум ежалIэрт. Ауэ щIэхыу теужырт. Ныбжьэгъум щхьэкIэ имыщIэн щыIэтэкъым. Зыгуэ-



9 Заказ №453

рым дэIэпыкъун, и сэбэп иригъэкIын папщIэ и щхьэ Iуэхур къыщигъанэр мащIэрэтэкъым. Абы и фэтэрыр хьэщIэщым хуэдэт, апхуэдизкIэ цIыху куэд щызэблэкIырти. Зы махуэ-махуитI мыхъуу, мазэкIэрэ ар псэупIэ зыхуэхъухэр щыIэт. Университетым щIэтIысхьэ дапщэм ядэIэпыкъуа? Сыт хуэдизым я тхыгъэ дунейм къытехьа Адэлбий и фIыгъэкIэ? А псори ныбжьэгъу-жэрэгъум ноби ягу илъщ.

Ныбжьэгъухэм цIэ лей гуэр зрамыт цIыху куэд щыIэкъым. ИIащ Адэлбии апхуэдэ цIэ лей. «Ярэби, АдыгэлI умылъэгъуауэ пIэрэ? АдыгэлI дэнэкIэ щыIэу пIэрэ?» – жаIэу зэупщIыжмэ, зи гугъу ящIыр Адэлбийт. А цIэ лейр абы екIупсырт.

ФIыуэ илъагъу, фIыуэ къэзылъагъу ныбжьэгъу куэд иIащ Адэлбий, къэзыгъэпэжи къэзымыгъэпэжыщи яхэту. Ауэ езыр а гурыщIэ иным – ныбжьэгъугъэм – псэкIэ хуэпэжу и гъащIэ Iыхьэр ирихьэкIащ. Аращ абы и усэхэри езыри дигу щIимыхур, ноби къытхэтым хуэдэу дыщIытепсэлъыхьыр, и гушыIэ дахэхэр щIэтIуэтэжыр. Адэлбий нэхъыфIу илъагъухэм ящыщт «Тхьэм гъащIэм гу щыдигъахуэ» хъуэхъур. ГъащIэм гу щимыхуэу дунейм ехыжа ди ныбжьэгъур къыщалъхуа махуэм дэ ар фIыкIэ дигу къыдогъэкIыж. Ныбжьэгъу нэсыр зищIысыр цIыхум къыщищIэр ар фIэкIуэда нэужьщ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис,**
*тхакIуэ*

*Усэхэр*

БРАЙ Адэлбий

## СИ ХЭКУ, СИ ДЫГЪЭ

Си Хэку, си дыгъэ, дыщэ губгъуэ,
Сэ сщыгъупщэнкъым уэ уи Iуэху,
Мы си гур къеуэу, лъы Iубыгъуэ
Мы си Iэпкълъэпкъым къыщIэнэху.

Сыхъуауэ мысэ, сэ зыгуэркIи
Къэсхьынкъым, Лъахэ, уи гуэныхь,
Сэ сфIэфIщ сынотэм къару плIыщIкIэ,
Сымыхъуми нобэ лIы бэлыхь.

Си Хэку, си дыгъэ, дыщэ губгъуэ,
Сэ сщыгъупщэнкъым уэ уи Iуэху,
Мы си гур къеуэу, дыгъэ нурыр
Си нитIым хуиту къыщIэпсэху.



## УЭШХ МАКЪАМЭ

Зэшыр си унэм щэхуу къыщIыхьауэ,
ПIэм сыхеIулIэ, къызжимыIэу псалъэ.
Щхьэгъубжэм сакъыу уэшхыр къыIухьауэ,
Щиху Iэуэлъауэу щабэу ар мэпсалъэ.

Сэ согупсысыр гъащIэ къэзгъэщIэнум,
Щыуагъэ куэду си щхьэр зыгъэтхъуам,
Гупсысэр мэткIури, уэшх макъамэ дахэу
Сэ сыщIодэIу щхьэгъубжэм къыIунам.

А уэшх макъамэр гущIэми къыщоIур.
Ихъумэм фIэфIу, псэр абы хуосакъ.
Сэ куэдрэ, куэдрэ уэшхым сыщIодэIур, —
Сэ зэхызохыр си Хэку псалъэмакъ...

## ГУПСЫСЭ

Хэплъэгъуэщ мы гъащIэр.
Мы гъащIэм и щэху
КъэстIэщIу сэ куэдрэ
Гупсысэм сехьэху.
Зым гуфIэр щигъэшым,
НэгъуэщIым егъей
И щIалэ, и тIасэ
ЩIы фIыцIэм щыжейр.
Зым дахэр пщIыхьэпIэу
ЩыщIэкIым и нэгу,
Нэгъуэщым къишауэ
ХьэблэлIыр мэджэгу.
ХамэщIым тхьэмыщкIэр
ЩыхуэлIэм хьэлу,
Лы Iыхьэ щIихауэ
Хьэм хуедзыр Лалу.
Зыр гъыми, ихуауэ
Уз бзаджэм и лъэхъу,
НэгъуэщIыр хъужауэ
Хьэблэшхуэ йохъуэхъу.
... Мы щIылъэм и гуауи
И гуапи догъэв,
Дэ псоми хэкIыпIэ
Тхуэхъуащи зы тхьэв.
КъэстIэщIу
Мы гъащIэм
И купщIэ,
И щэху,
Сэ куэдрэ, сэ куэдрэ
Гупсысэм сехьэху...

* * *

Псэуным пылъкъым гугъуехь мащIэ,
Армыхъумэ гъащIэм сыт щищIэнт
Къалъхуауэ лIэжын зыпэщылъым?!
ПщIэ лъэпкъ псэуным имыIэнт!

Нэрыгъ ищIащи зым псэуныр,
Гугъуехьк1э зэи къимыкIуэт.
Ауэ псэуным къиухуауэ
Нэпсхэр щIигъэкIыу дапщэ тхэт?

Къэхъуащ зэгуэрым сэри нэпсхэр
Сыкъэдзыхауэ щыщIэзгъэкI.
Иджы жыр ткIуэпсхэр мы си гущIэм
И куэдщи, псэун схулъегъэкI.

СыщощIэ, сохъу нэщхъей, согуфIэ.
Къохъу къикIуэтыншэу сыщыгубжь.
Псыхьащи, жыру си Iэпкълъэпкъыр,
СэркIэ псэуныр хъуркъым фэбжь:

Псэуныр, дауикI, мыгущапIэ.
Абы удынхэр къыхолъэлъ.
Удын къыслъысым, нэпсым и пIэу,
Си нитIым хъуаскIэр къыщIолъэлъ...



* * *

БлэкIа зауэжьым Iихащ лIым
Щхьэгъусэ дахэм зэреплъ и нэр.
Ипхъу щIасэр иригъафIэу и бзэр
Къэнами, кIыфIщ и гъащIэр лIым.

Щхьэгъусэр щIэкIмэ, къещтэ и пхъур.
ЙоупщI: «КъызжеIэт, си хъыджэбз,
И хьэбэр си щхьэм хуэдэу тхъуамэ
Уи мамэ, мамэ... зи дахагъ?»

— Папэ, абы и хьэбэр тхъуакъым...
Ауэ сэ сщIэркъым... Куэдрэ къоплъмэ,
МэгуфIэ мамэ
ИкIи магъ...

* * *

ДыпсэухукIэ дытетыну
Дыщалъхуащ мы щIыми,

ФIыщ дакъикъэ дызыхьынур
ЗэрыдмыщIэр зыми.

ДылIэу щытмэ, гъатхэ къэскIэ
Къегъыхынкъэ пшэжьхэр!..
Ар иужькIэщ, иджыпстукIэ
Къафщтэ насыпыбжьэр!..

## ГУРЫЩIЭ IЭФIХЭР

Пасэрей хабзэу, сщIыркъым сэ нэмэз,
Сэ нэмэз щыгъи зэкIэ сымыгъажэ,
Сытетщ щIы хуитми, хуиту соджэрэз,
Сэ гъащIэ лъапIэр нобэ согъэпажэ.
Дунейм сехыжмэ, зыкъэ ди пIэщхьагъ,
МылIэжыныпсэ зыми къыхилъхьакъым,
Гъунэгъу екIуэкIыуи, къуэлъу и кIэ къуагъ,
Дакъикъэ щIыхуэ зыми къыIихакъым.
Мис а ухыгъэм согупсыс мычэму,
Ауэ сэ зэкIэ си щхьэр сымыгъей.
Сэ къэзгъэщIэнум зы дакъикъи чэму
ЩIым сыкIуэжыну, къуэшхэ, сыхуэмей.
Сэ си лъыр зэкIэ кърехуэкI нэгъуэщIым.
Сэ си гур зэкIэ куэдым нышIохъуэпс.
МахуэщIэ къалъхум пIалъэкIэ къигъэщIым
Си дыгъэр нобэ дахэу кърегъэпс.
Дакъикъэ ябгэр къихьэсыхукIэ жьыбгъэм,
Сэ сфIэфIщ мычэму сщIэмэ схузэфIэкI.
Мы си псэр нобэ ныдахьэхри куэдым
ГурыщIэ IэфIхэм си лъыр кърахуэкI.
Узыншэу цIыхур, гъищэ къигъэщIауэ
Дунейм щехыжкIэ жаIэ: «Зи насып!..»
Сэри Iэ ижьыр си бгъэм нытеслъхьауэ
Гур къызэреуэр сакъыу къызощып.

## СИ ГУР

Уи къеуэкIэр хуэдэщ нэгъуэщI псоми,
Сыпсэуну пфIэфIщи, лъыр къохуэкI.

Узимыlэу лIэщIыгъуитI сыпсэуми,
Зызбжыжынкъым сытхьэмыщкIэу фIэкI.

Зэм уодзыхэр, гуауэр къыплъысамэ,
ГушыIэнкIэ зэми зумыгъэнщI.
УсIэщIокI зыгуэрхэм уехъуэпсамэ,
Махэ ухъумэ — нэпсым сеуфэнщI.

Уи пагагъэр лъагэщ, хуеймэ лъахъшэщ,
УпсэухукIэ мардэу ар уиIэнщ.
Уи нэмыплъыр джатэу къикIуэтыншэщ,
Уи Iэфlагъым мылхэр игъэткIунщ.

Пшынэ Iэпэу гъащIэм и гуфIэгъуэ
КъыплъэIэсым, уэрэд ин къыбош.
Хутыкъуауэ кIыфIым хыхьа цIыхур
Лъэпэрапэм, занщIэу укъоуш.

Мылъку уэсэпсыр, жыгым фIэбла ткIуэпсхэу,
Жьы къыкъуэумэ, арти, къыспощэщ.
Си гур арщ къысхуэнэр мылъку мыкIуэщIуи,
Сэр нэхъ бей щымыIэу мэхъу си фIэщ.



## ЩIАЛЭГЪУЭ

ЩIалэгъуэм игу пщтырыр нэхъ Iэлу къеуэну
Къигъахъуэт, нэхъыщIэ, шагъыр.
Бгъунлъауэ и Iуэхур, гуIэгъуэр и Iэнэу,
Хэт нобэ гъэпщкIуауэ а гъыр?
Дэ дылIкъэ?
Мы ди щхьэм тесыжккъэ щхьэтепIэ!
Дыщыхъум нэрыгъ димыIэж,
Мычэму ди гъуэгур елъэнущ щыхупIэ,
Хуэмыхур щIыхьыншэу мэлIэж.
Ди гущIэм илъ мафIэр блэхункIэ и пIалъэу
Дыхъуакъэ мы лъахэм и бын!
Псэуным къигъэшри, нэгъуэщIхэм нэхъ пасэу
ЩIы фIыцIэр хуащIакъэ джэбын!
МызэкIэ гугъуехьри, гухэлъкIэ бэлыхьри
Уэс цIынэу къыстосэ — тепIэнщ.

Арами,
Акъылыр къэкӀуэнум епсыхьри,
Си лӀыгъэр а псоми текӀуэнщ.
Мы гъащӀэм и жьыбгъэр мычэму щыубзи
ПхъашэӀуэ зыщищӀи къэхъунщ,
Фадэбжьи щыӀэнщи, итӀанэ хъыджэбзи
Дэ фӀыуэ, ныбжьэгъухэ, тлъагъунщ.
ЩӀалэгъуэм игу пщтырыр нэхъ Ӏэлу къеуэну
Дегъафэт, нэхъыщӀэ, шагъыр.
Бгъунлъауэ и Ӏуэхур, гуӀэгъуэр и Ӏэнэу
Хэт нобэ гъэпщкӀуауэ а гъыр?..

* * *

Дэ ди гуапэщ ди щхьэгъусэр дахэм,
Дэ ди жагъуэщ «Ӏей» къытпэщӀэхуам.
Дахэ фӀэпщу, «ӀуэнтӀа» гуэр уи лъахэм
Къипшэм, ари ещхьщ зыщӀэплъхьэжам.
Абы папщӀэ, ди щхьэр къетхъухами,
Дыхоплъыхьыр, щхьэгъусэфӀ дыпоплъэ:
ЦӀыхур, псы хуэлӀауэ Ӏур гъуэщӀами,
ЯпэщӀыкӀэ псы зэфэнум хоплъэ.

## СЛЪЭГЪУАЩ НЭГЪУЭЩІ УЭ УДЭКІУАУЭ

Слъэгъуащ нэгъуэщӀ уэ удэкӀуауэ
УщӀэту и лэгъунэ.
Ягъахъэу цӀыхур зэхуэсауэ,
Гъунэжт сабий нэгъунэ.

Сэ уи щхьэгъубжэм сыныдэплът,
Сигу къэкӀыжауэ псори:
Гъатхэ удзыщӀэм сэ сыхэлът,
Ухэлът удзыпцӀэм уэри...

Иджы нэгъуэщӀым удэкӀуауэ
ЗыбгъафӀэу укӀэрытт...
Сэри уи бампӀэр схуэмыгъэву
Си гущӀэр къэплъ зэпытт.

Хъуэхъубжьэхэр къаӀэтырт гуапэу,
НасыпкӀэ къывэхъуэхъут.
Мылъку гъэтӀылъауэ диӀа щэхухэр
СӀуэтэну сэ сыкъэхъут.

СыкӀуащ итӀанэ зы бжьэ сӀыгъыу
ЩауэщӀэм сехъуэхъуну.
Бжьэ куэд исфащ, уэ уи гур мыгъыу,
Уи гъащӀэр дахэ хъуну.

Сэ сыкъэфащ, исфа фадэбжьэм
СищӀауэ хэгъэрей.
Си нэпс гъэпщкӀуахэр сӀыгъын папщӀэ
СщӀащ куэдрэ ислъэмей...

Нэхущым, сезэшауэ хьэлъэу,
Сыхэджэлащ удзыпцӀэм.
Си нэпс схъумари къыщӀэлъэлъри,
Уэфу ищтащ щӀы фӀыцӀэм.

Зыгуэрым ба къысхуещӀ — сыкъоплъэ —
А слъэгъуа псори пщӀыхьт...
«Яша» хъыджэбзри дыгъэм хуэдэу
ГуфӀэжу къысщхьэщытт.

## ӀЭЛЪЫН

«Ӏэлъыныр моднэщ, —
КъызоӀуэкӀ мычэму, —
НэхъыфӀт Ӏэлъын
Уи Ӏэпэм Ӏэрылъам», —
КъызжепӀэхункӀэ,
Дахэ, си гур хощӀыр,
НэхъыфӀт а псалъэ
Жагъуэр жумыӀам.
Мы дуней псор
Ӏэлъыным зэщӀищтами,
СытекӀыфынкъым
Уэ сызэбгъэсам:

Iэлъыным и пIэу
А уи щхьэц къудамэр
Лыдыжу Iэпэм
СфIэфIщ Iэрыгъэсам...

* * *

Сыхуеякъым сэ уи жагъуэ сщIыну,
Си щыуагъэ пхэнжыр уэим умыщI!
Уи нэмыплъыр, банэ зэщIэкIауэ,
УхэIэбэ мыхъуу сэ къысфIощI.

Махуэ куэдхэр шэуэ блэлъэтащи,
Гуауэр гъэткIуи, си цIэр щIыж гунэс...
Хутыкъуауэ уи гур згъэгуIащи,
Си гум къысхуигъэгъукъым нобэм къэс...

* * *



СщIым и жагъуэ жыпIэу, дзыхь умыщIу,
Зэзэмызэ уэ укъызоупщI:
«Си гур хощI, къысфIощIри жьы ухъуа,
Щхьэ апхуэдэу уи щхьэр зэщIэтхъуа?»
«Си псэм хуэдэ, аркъым жьы сыхъуауэ,
Ар зэгуэрым, тIэкIу укъэгубжьауэ,
Арщ уэ уи Iэр си щхьэм къыдэплъауэ...»

* * *

«ИIэщ кIэ дэтхэнэ лъагъуныгъэми!» —
ЖаIэу цIыхухэм куэдрэ ныпаупщI.
«ИIэ кIэ дэтхэнэ лъагъуныгъэми?» —
ГушыIэншэу пщащэр къызоупщI.

Iэгум илъу хузоший мы си щхьэ
ЗэщIэтхъуар, къысщыхъуу жэуап псо:
Хъуащ уахътынши, лъагъуныгъэр мылIэу,
Гум ихужми, тхъугъэхэм щопсэу.

# ХАМЭ КЪЭРАЛХЭМ ЩЫЩ АДЫГЭ ЦIЫХУБЗ ЦIЭРЫIУЭХЭР

*Хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэм дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа цIыху щэджащэхэр къазэрыхэкIам псори щыгъуазэщ. Апхуэдэу спортым, гъуазджэм, щIэныгъэм, медицинэм, щэнхабзэм, нэгъуэщI лъэныкъуэхэми епха IэщIагъэ зиIэ куэдым я цIэр щыIуащ щыпсэу щIыналъэхэм, ахэращ зи фIыщIэр адыгэр хамэ къэралхэм фIы и лъэныкъуэкIэ къызэрыщацIыхуар, зыхэс лъэпкъхэм пщIэ къызэрыхуащIыр. Дэнэ къэрал щыхэхэс адыгэхэми хэкурысхэми я щхьэр лъагэу езыгъэIэт цIыхубз цIэрыIуэхэр нэхъ пасэми щыIащ, иджыри щопсэу хамэщIхэм. Дэри фэдгъэцIыхуну дыхуейщ абыхэм ящыщ зыбжанэ.*

## ПСЭР ЗЫДЭГЪАГЪЭ ПЩАЩЭ
Алтан (Бэгъуащэ) Гулджан





Тырку Республикэм щыцIэрыIуэ уэрэджыIакIуэ Алтан (Бэгъуащэ) Гулджан (Gulcan) и цIэр адыгэбзэкIэ зэбдзэкIмэ, «псэм и розэ» къикIыу ащ. Тыркур унапIэ зыхуэхъуа шапсыгъ унагъуэм къихъуа хъыджэбз цIыкIум апхуэдэ цIэр къыщыхухахым зэфIэкI ямылей къызыкъуихыу, къэзыухъуреихь псоми я псэр розэм хуэдэу зыдэгъагъэ уэрэджыIакIуэ хъуну хэт и гугъэнт?! АрщхьэкIэ, адэ-анэм щIэх дыдэу гу лъатащ Гулджан бгъэдэлъ зэчийм икIи хъыджэбз цIыкIур дэзыхьэх Iуэхур хуагъэдахэри, а лъагъуэм трашащ.

— Сэ зэрысщIэжрэ уэрэд жызоIэ, — къыддогуашэ Гулджан. — Ар къыщежьар ди унагъуэращ. ИтIанэ школым сыкIуа нэужь, абы гуп щхьэхуэ къыщызэрагъэпэщри, сэри сыхагъэхьащ, ауэрэ си закъуэу утыку сыкъихьэу щIэздзащ. Мис а илъэсхэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ балигъ сыхъуа нэужь къыхэсха IэщIагъэм, нобэ сызыпэрыт Iуэхум. Школ нэужьым университетым макъамэм сыщыхуеджащ икIи си студентыгъуэ илъэсхэм япэ ахъшэр къэзлэжьу хуежьащ. СхузэфIэкI

мащIэмкIэ арэзы сыхъуныр си хьэлтэкъыми, щIэныгъэ зэзгъэгъуэта нэужь, Истамбыл къэрал консерваториер къэзухащ. Ауэрэ щIэныгъэ лэжьыгъэми сыдихьэхауэ, абыи иужь ситщ.

КъедаIуэ псори зи теплъэ гуакIуэмкIэ, зи макъ жыгъырумкIэ къыдэзыхьэхыф Гулджан къыхиха IэщIагъэм и щэху псори зригъэщIэным, уэрэд жыIэным и къежьапIэри, абы зэрызиужьари, иджырей Iэмалхэри кууэ иджыным пылъщ. Ар къыщацIыхур Тыркум и закъуэкъым, атIэ Швейцарием, Алыджым, Испанием, нэгъуэщI къэралхэми концерт щитащ, Iэгуауэшхуи щыхуаIэтащ.

Пщащэр къэрал зэхуэмыдэхэм зэрырагъэблагъэм и щхьэусыгъуэр бзэ 12—13-кIэ уэрэд зэрыжиIэр, макъамэм и унэтIыныгъэщIэу къежьэхэр псынщIэ дыдэу къызэригъэIурыщIэр, махуэ къэс зызыхъуэж зэманым зыдригъэкIуфу утыку зэритыр арагъэнщ. Уэрэдхэр зэригъэзащIэ бзэхэр къызэрыхихым теухуауэ дыщеупщIым пщащэм къыджиIар гъэщIэгъуэнщ, «вагъуэ» псори зэмыгупсыс Iуэхугъуэщ.

— Сэ къыхэсхыр уэрэдхэракъым, атIэ бзэращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уэрэдым и дахагъракъым сыдэзыхьэхыр, атIэ бзэр зэрыт щытыкIэрщ. Лъэпкъ цIыкIухэм яIурылъ е кIуэдыжу къалъытэ бзэхэмкIэ уэрэд жысIэныр, ар дуней псом щызэбгрезгъэхыныр нэхъ сфIэкъабылщ, — жеIэ Гулджан. — Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дахагъэр бгъэбагъуэ къудей мыхъуу, сэбэпынагъ зыпылъ лэжьыгъи богъэзащIэ. Лъэпкъ гуэрым и бзэр мыкIуэдыжыным апхуэдэ хэлъхьэныгъэ мащIэ хуэсщIмэ, зэрысхузэфIэкIкIэ къэзгъэщIэращIэмэ, ари зыгуэрым пэувынщ, нэгъуэщIхэри си ужь къиувэнкIи хъунщ.

ГъащIэм кууэ кIуэцIрыплъыф пщащэр хамэщI къыщалъхуами, и анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр нэсу зыхищIэну Iэмал имыIами, хъыджэбзым адыгэбзэр и псэм хэлъщ. Псом япэ иригъэщри и адыгэ уэрэдхэращ. Абы дискхэр къыдигъэкIащ, адыгэбзэкIэ, абазэбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ уэрэдхэр тету. «Адыгэ хэку», «Iэдииху», «Азэмэт», «Си нанэ», «Гум и уэрэд», «Си псэ — си адыгэ», нэгъуэщIхэри зытет а дискыр щызэIэпахыр Тыркум и закъуэкъым, атIэ адыгэ щыпсэу дэнэ къэрали нэсащ, дэтхэнэми и псэм зыдигъэпсэхуу йодаIуэ. Къыхэгъэщыпхъэщ Гулджан тыркубзэкIэ къыдигъэкI дискхэми адыгэ уэрэдхэр зэрыхигъэхьэр, дэнэ концерт щитми и анэдэлъхубзэр зэрыщигъэIур.

— Си анэдэлъхубзэмрэ си адыгагъэмрэ пэсщIын теткъым дуней псом, — къыддогуашэ Гулджан. — Тыркум сыщыпсэуми, си псэр здэщыIэр Хэкужьращ. Абы хузиIэ пыщIэныгъэр згъэбыдэну сызэрыхуейр къызэрызгъэлъагъуэр, хамэщI сызэрыщалъхуамрэ адэжь лъа-

хэм сызэрыпэIэщIэмрэ къызат гухэщIыр зэрызыщхьэщызгъэкIыр си адыгэ уэрэдхэращ. Сыкъыщалъхуа къуажэми, Тыркум щыIэ нэгъуэщI адыгэ жылэхэми щызэхуэсхьэсыжащ уэрэдхэр, абы хэтщ хэкум щаусахэри, хэхэс гъащIэр зи натIэ хъуахэм ятхахэри, сэ си Iэдакъэ къыщIэкIахэри. Я бжыгъэкIэ къапщтэмэ, уэрэд 40 хуэдиз мэхъу.

ЗэкIэ си насып къиихьар Мейкъуапэрэ Абхъазымрэ сыщыхьэщIэнырщ, иджы Налшык сыкIуэну, абы концерт щыстыну си хъуэпсапIэщ, — къыпещэ Гулджан. — Фи фIэщ хъункъым, ауэ «адыгэ» жаIэмэ, си гур къокIэзызыкI. Сызэрыадыгэр гурэ псэкIэ зыхызощIэ. Си гум илъ дахагъэ псори къызыхэсхыр адыгагъэращ. Жыгым лъабжьэ зэриIэм хуэдэу, сэри Адыгэ Хэку зэрыщыIэм къару нэрымылъагъу къысхелъхьэ.

Апхуэдэ псалъэхэр фэрыщIагъым къыхэкIыу зэрыщымытыр иболъагъуэ пщащэм и нэгум, ар гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу зэрыпсалъэр щIыболъагъуэ нэпс мащIэ къызыщIэува нэхэм. Ауэ адэжь лъахэм хуиIэ апхуэдэ пыщIэныгъэм, езым зэрыжиIауэ, къару къыхелъхьэри, дяпэкIэ и мурадхэм топсэлъыхь. Гулджан Тыркум щыIэ адыгэ къуажэхэм уэрэдыжьхэр щызэхуехьэсыж иджыпсту,  апхуэдэуи сабий уэрэдхэр зытет  диск щхьэхуэ къыдигъэкIыну егъэхьэзыр. «Сыт хуэдэбзэкIэ диск къыдэзгъэкIми,  зы адыгэ уэрэд нэхъ мыхъуми хэтынущ», — къыддогуашэ уэрэджыIакIуэр.

ЗэрыжысIащи, лъэпкъ мащIэхэм я анэдэлъхубзэр хъума хъуным зи гуащIэ хэзылъхьэ пщащэм абы теухуа и гупсысэм пещэ:

— Ди адыгэбзэр кIуэдыжынкIэ шынагъуэ щыIэу жаIэ, ауэ ар си фIэщ хъуркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэпкъым и лъабжьэр къыщежьэ хэкум пэIэщIэу, къэрал зэхуэмыдэхэм икъухьа щыхъуа адыгэхэм илъэси 150-кIэ яхъума, нобэр къыздэсым яIурылъ бзэм кIэух иIэнкIэ хъуну нэгум къысхущIэгъэхьэркъым. Сыт хуэдэ унэтIыныгъэми зегъэужьыныкIэ Iэмал куэд щыIэщ ди лъэхъэнэм, дэри, щIыпIэ куэдым ис адыгэхэр, дызэрыщIэ, дызэкIэлъыкIуэ хъуащ, хэкум нэкIуэжхэм, хьэщIапIэ накIуэхэм я бжыгъэм хэхъуащ. АтIэ иджыри къэс тхъума хъугъуэфIыгъуэр дяпэкIэ щхьэ дгъэкIуэдыжын хуей? Сэ сыпсэуху си къару хэслъхьэнущ ди анэдэлъхубзэр хъумэным, зегъэужьыным. Ар инджылызыбзэм, франджыбзэм бгъурыту дуней псом къыщацIыхуну сыхуейщ.

УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэр Тыркум щыщми, гурэ псэкIэ адыгэ лъэпкъым зэреймб, нэхъыбэу жиIэр тырку уэрэдми, адыгэбзэкIэ зэрыгупсысэм ди гур хигъэхъуащ.

# ТХАКIУЭ ЦIЭРЫIУЭ

Къущхьэ Севим



Тыркум щыщ тхакIуэ цIэрыIуэ, ди лъэпкъэгъу пщащэ Къущхьэ Севим адыгэм и цIэр лъагэу иIэту щопсэу Истамбыл. Абы и Iэдакъэ романипщI къыщIэкIащ икIи щIыпIэ куэдым къыщыдагъэкIащ.

Тыркум ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыдигъэкI «Мазэрэ вагъуэрэ» газетым щылэжьащ. Иджыпсту ухуакIуэ фирмэм инженер-къэпщытакIуэу щыIэщ. Севим нобэкIэ итха романышхуэхэм къищынэмыщIауэ, щэнхабзэм теухуауэ щIыпIэ куэдым къыщыдэкI журналхэм къытрадзащ и IэдакъэщIэкIхэр.

Къущхьэ Севим Къайсэр къалэм епха Узун-Пылар (Псынэ КIыхь) къуажэ цIыкIум къыщыхъуащ. И ныбжьыр илъэситIым иту и унагъуэр Истамбыл Iэпхъуауэ щопсэу. Истамбылщ курыт школри еджапIэ нэхъыщхьэхэри къыщиухар. Япэу зыхуеджар инженер IэщIагъэрами, зэрыцIыкIу лъандэрэ тхакIуэ хъуну и хъуэпсапIэт. Инженеру тIэкIурэ лэжьа нэужь, инджылызыбзэ зригъэщIэн папщIэ Америкэм кIуащ, Хопкинс Джонс и университетым инджылызыбзэр щиджащ, абы щыгъуэм хуэмурэ тхэн щIидзащ.



Ди лъэпкъэгъу пщащэм япэу и Iэдакъэ къыщIэкIар «Узыншэу ущыт, Нисан!» романращ. Абы зи гугъу щищIыр езым и студентыгъуэ илъэсхэрщ: щIалэгъуалэм я зэхущытыкIэр, балигъ гъащIэм хэмыбэкъуа ныбжьыщIэхэм я гупсысэкIэр, зэхэтыкIэр, нэгъуэщIхэри. Ар 1993 гъэм тхын иухри, 1996 гъэм дунейм къытехьащ япэ романыр. ИкIи тырку литературэм нэхъ лъэрыхьу къыщалъытэ тхакIуэ цIэрыIуэхэм а тхыгъэр нэхъыфIхэм зэрыхабжам Севим игъэгушхуауэ жыпIэ хъунущ.

Абы хуэм-хуэмурэ къыкIэлъыкIуащ адрей романхэри. Псом нэхърэ нэхъ къехъулIауэ куэдым къалъытэр «Жьыбгъэмэ къызыпих шухэр» адыгэ лъэпкъым теухуа романырщ. Севим щыцIыкIум и адэшхуэ Гъузер, и адэ Решат и къуэшхэм жаIэжу зэхихахэрщ и тхыгъэм гупсысэ нэхъыщхьэу къыщыгъэлъэгъуэжар. ИкIи илъэси 150-рэ и пэкIэ екIуэкIа зауаем, ди лъэпкъым и щхьэм кърикIуам, хамэ щIыпIэ зэрырапхъам теухуауэ Тыркум сыт щигъуэтми щIиджыкIщ, дэфтэр, архив куэдым хэплъэри, итхын щIидзауэ аращ.

Мы тхылъым уриплъэмэ, зауэ, зэхэуэ, зэрыукI, пщыхэм цIыхуу къамылъытэ пщылI, зэныкъуэкъу — цIыхугум къимыщтэ Iуэхугъуэ куэд хэлъщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къыщыгъэлъэгъуэжа зэманыр ткIийщ, гуащIэщ, пхъашэщ. Къуэщхьэм и мурадхэм ящыщщ адыгэм я гущабагъыр, хьэщIэр фIыуэ зэралъагъур, ди хабзэм и дахагъыр къыщыгъэлъэгъуа роман итхыну. Тхьэм хущIигъэхьэ.

Адыгэбзэ дахэ Iурылъу, адыгэм къызэрыхэкIар ищIэжу, абы и тхыдэр къыщыгъэлъэгъуа и романхэр къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щызэбгрыкIыу Истамбыл щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэм и зэфIэкIым, и дахагъэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

## АДЫГЭ АКТРИСЭ
### Шорэ Тюркан



Шорэ Тюркан Тыркум щыщ актрисэ цIэрыIуэщ, режиссёрщ, сценарий етх. И лэжьыгъэр бжыгъэкIэ къэдгъэлъэгъуэнщ жыпIэмэ, а бзылъхугъэм кинофильм 203-рэ трихащ, сериалитху дэщIыгъуу. И лъагагъкIэ къапщтэмэ, ебгъэпщэну хуэфащэу Тыркум иджыри итыр артистищ къудейщ: Гирик ФатIимэ, Кочигит Хюля, Акын Филиз. Ауэ Тюркан и зэчийр абыхэм ябгъэдэлъам нэхърэ куэдкIэ нэхъ инт икIи абы и закъуэщ сценарийри итхыу икIи режиссёру зэуэ лэжьар. «Къэгъэзэжыныгъэ» (1972), «Хьэзаб» (1973), «Бодрум хеящIэ» (1976), «Благъуэр яукIмэ» (1981) фильмхэр режиссёр цIэрыIуэ Герен Шариф и гъусэу ищIащ. И Iэужьым уасэ хуащIам и дамыгъэу «Тырку киноми жылагъуэми я сулътIан» цIэр гъэфIэгъыщIэу къыфIащащ.

Шорэ Тюркан 1945 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м Истамбыл-Аюб хьэблэм къыщалъхуащ. И адэ Шорэ МиратI-Хъалид къулыкъущIэу гъущI гъуэгум щылажьэрт, иужькIэ полицэм хыхьащ. И анэ Мэлихьэ гуащэм и адэр Алыджым щыIэ Салоники къалэм къиIэпхъукIа тыркуущ зэращIэр. Я унагъуэм ис хъыджэбзищым ящыщу тIур актрисэ хъуащ. Тюркан и шыпхъу нэхъыщIэ Назан фильм 29-рэ тригъэха пэтми, и шыпхъу нэхъыжьым и Iэзагъми и цIэрыIуагъми нэсакъым.

1954 гъэм Тюркан илъэсибгъу, Назан илъэсих, я шыпхъу нэхъыщIэ Фигъени нану дыдэу я адэ-анэр зэбгъэдокIыжри, хъыджэбз

цIыкIухэмрэ я анэмрэ я псэукIэр гугъу мэхъу. Алъандэм унэгуащэ къалэн фIэкIа зимыIа анэм хьэфэ щащI заводым лэжьэн щыщIедзэ. Тюркани пщащэхэр щеджэ лицейм щIотIысхьэ. ПщIэкIэ къащта фэтэрыр зей бзылъхугъэ-артисткэм щIыгъуу и лэжьапIэм зэгуэр кIуауэ фильм тезыхым и нэм къыфIонэ адыгэ пщащэ дахэр. И япэ лъэбакъуэр езым игу къызэринэжар мыпхуэдэущ:

— Махуэ гуэрым ди хьэблэм кинофильм щытрахырти, тфIэгъэщIэгъуэну деплъыну дыкIуат. Роль нэхъыщхьэр зыгъэзащIэ Нур Мухърэтэм щыслъагъум, си нэр теплъызауэ сигукIэ жысIащ: «Сыту цIыхубз дахэ». Абдежым сыщыту зылI къызбгъэдыхьэри: «Уэри ухуей фильмым ущыджэгуну?» — жиIэри къызэупщIащ. Сэ сышынэри, зыри жезмыIэу унэм сыщIэлъэдэжащ. Ауэ иужькIэ фильм щытрах щIыпIэхэр унапIэ схуэхъуауэ жыпIэ хъунущ.

«Къуажэм зы пщащэ фIыуэ щыслъэгъуащ» фильмым (1960 гъэ) роль нэхъыщхьэр щигъэзэщIащ Тюркан. Абы къыкIэлъыкIуащ адрей фильм 202-р. Фильм тезых Инаноглу Тюркер щхьэгъусэ хуэхъуа щхьэкIэ, ныбжьыщIэхэм яку дэлъа гурыщIэр зы пщIыхьэпIэ кIэщI, зы гъэмахуэ уэшх хуэдэу блэкIащ. 1962 гъэм езыр илъэс 17-м иту Тюркан гу хуищIащ фильм трезыгъэххэм ящыщ Адлы Рючхьан. Абы щхьэгъусэ, унагъуэ иIэт, ауэ Тюркан апхуэдизкIэ фIыуэ къилъэгъуати, нэгъуэщI плъапIэ иIэжтэкъым. Кином хэгъуэзэнымкIи, и Iэзагъым зиузэщIынымкIи Адлы Рючхьан и фIагъыу къекIа псори Тюркан сыт щыгъуи къыхигъэщырт. 1983 гъэм Шорэхэ я пхъур щIыхьи, тетыгъуи, Iулыджи зиIэ, театрым и артист цIэрыIуэ Юнал Джихьан докIуэ. А тIум Ягъмур (Уэшх) и цIэу зы хъыджэбз къащIэхъуащ. 1987 гъэм зэщхьэгъусэхэр зэбгъэдэкIыжащ, ауэ я цIэр IейкIэ зэи Iуакъым.

1961 гъэм журнал пэрытхэр зэныкъуэкъурт Шорэ Тюркан и сурэтыр зи жинтым тезыдзэнумкIэ. «Синема» журналыр япэ щищым, 1961 гъэм къыдэкIа журналым (№18) бзылъхугъэ дахэм и сурэтыр къытрадзащ. Япэрейм къыкIэлъокIуэ «Артист», «Газетышхуэ», «Макъ» журнал цIэрыIуэхэр.

Япэ саугъэтыр Шорэхэ я пхъум «Анталие и дыщэ апельсин» фестивалым 1964 гъэм къыщыхуагъэфэщащ, «ГъащIэ дыдж» фильмым щигъэзэщIа роль нэхъыщхьэм папщIэ. Абы нэгъуэщI саугъэт 15 къыкIэлъыкIуащ. 1964 гъэм щегъэжьауэ 2001 гъэм нэс Шорэ Тюркан мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ гъуазджэм щызэрахьэ цIэ лъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщщ: «Зи зэфIэкIыр нэхъ ин артисткэ» (1964, 1968, 1973, 1987, 1992, 1994); «Уней саугъэт» (1973); Айтматов Чингиз и цIэр зезыхьэ саугъэтыр (1978); «Артемис дыщэ напэ» (1990); «ГуащIэ хэха» (1994); Урым фестивалым и саугъэт

нэхъыщхьэр; «Режиссёр цIыхубз нэхъ лъэрызехьэ» (1999); «Нэхъ лъагапIэ дыдэм тетхэр» (2000), нэгъуэщI куэди.

Зытригъэха фильмхэр къэзыгъэлъагъуэ фирмэ зыбжанэм езым къылъысыр къыщрамытыжым, Шорэ Тюркан ар утыку Iуэху ещI. Фильмым гугъу дехь, цIыхубэм фIыуэ къалъагъу, пщIэ зиIэ бзылъхугъэм и жыIэ пхегъэкIри, «Шорэ Тюркан и хабзэхэр» и фIэщыгъэу игъэбыда бзыпхъэхэр пхегъэкI. Нобэрей кино гъуазджэм къызэрыгуэкI Iуэхуу ибж пэтми, мы хабзэхэр япэу утыку зэрихьа гъуэгум уриплъэну гъэщIэгъуэнщ.

«Тюркан и законхэм» дыкъыщоджэ:

— Фильмым и сценарийр зы мазэ и пэ иту Шорэ Тюркан имылъэгъуауэ, имыдауэ трахын щIадзэ хъунукъым.

— Фильм псори Истамбыл щытрахынущ;

— Шорэ Тюркан пщэдджыжьым сыхьэти 8-мрэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 19-мрэ я зэхуаку зэманым фIэкIа лэжьэнукъым; тхьэмахуэ махуэр зыгъэпсэхугъуэщ;

— Шорэ Тюркан щыджэгуну фильмхэм цIыхухъу IэпцIэлъапцIэу е ба зэхуащIын хуейуэ хэт хъунукъым;

— Афишэхэми рекламэхэми Шорэ Тюркан и цIэр ищхьэ дыдэм тетын хуейщ;

— Фильмыр щытрахкIэ Шорэ Тюркан щитIэгъэну иджырей щыгъынхэр езым, тхыдэм епхахэр фирмэм еинущ.

Шорэ Тюркан апхуэдизкIэ пщIэшхуэ зиIэ артистти, зрагъэщIэгъуэкI пэтми, къыдэлэжьа фирмэ псоми мы бзыпхъэхэр къащтэн хуей хъуащ.

Шорэ Тюркан роль зэмыщхь куэд игъэзэщIащ. Цыджану джэгуну куэдрэ къызэрыхуихуам щхьэкIэ, а лъэпкъым къыхэкIа хуэдэу теIукIауэ щытащ. Ауэ щхьэусыгъуэ пэжыр Тюркан лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщIымрэ нэхъ гуащIэмащIэхэм къащхьэщыжын зэрыфIэфIымрэт. Цыджану къазэрыщыхъум теухуауэ еупщIахэти, сыт хуэдэ лъэпкъи ягъэикIэу зэрыфIэмыфIыр яжриIащ: «Сэ сыадыгэщ, пэжыр аращ», — жиIауэ щытащ абы. ИкIи гушыIэурэ къыщIигъужат: «Си дахагъым кърипщIэну щыткъэ сызэрыадыгэр?» Шорэхэ я унагъуэр зэрызэтепщIыкIа щIыкIэр зэрыт тхылъ яIати, ар мафIэсым щыхисхьэм щIэрыщIэу зэригъэпэщыжыну яужь ихьат Тюркан. Абы ищIэжырт къэбэрдей адыгэхэм зэращыщри и адэшхуэм и анэм Гуащэхъан и цIэу зэрыщытари.

1990 гъэхэм Шорэ Тюркан сериалхэр трихыу, нэтынхэр иригъэкIуэкIыу щIедзэ. ЦIэрыIуэхэм яхохьэ «ЕтIуанэрей гъатхэ», «ГъащIэ IэфI» сериалхэр. ЦIыхубэр экраным кIэрыпщIам хуэдэу



10 Заказ №453

къэрашалIэрт абыхэм, къыщагъэлъагъуэкIэ гъащIэр къызэтеувыIам хуэдэу.

«Кинор си лъагъуныгъэщ» зи фIэщыгъэ нэтынри Тюркан и IэдакъэщIэкIщ. Ар кином и тхыдэ хуэдэу щытт, и лэжьэгъухэр утыку къыщришэу, щигъэлъапIэу. Кинофильм техын Iуэхум къикIуа гъуэгуанэр, езым и нэгу щIэкIахэр къиIуэтэжырт.

И пэжыгъэр, захуагъэм зэрителъхьэр, цIыху зэпIэзэрыту, губзыгъэу зэрыщытыр къалъытэри, Шорэ Тюркан 2010 гъэм ЮНЕСКО-м Тыркум къыщыхихат «ГурылъыфI зиIэ и лIыкIуэу». Абы щыгъуэ бзылъхугъэ цIэрыIуэм жиIэгъащ: «ЛъагъуныгъэкIэ, гуапагъэкIэ, дахагъкIэ пхузэфIэмыкIын щымыIэу согупсыс. ГуащIэмрэ лъагъуныгъэмрэ зэкIэрыдмычмэ, Iуэхугъуэ куэдым дыпэлъэщынущ».

Шорэ Тюркан псапэхуэщIэ Iуэху куэдым и гуапэу хохьэ. Езым и цIэкIэ еджапIэ иригъэщIауэ щыIэщ.

## АДЫГЭ ЖАННЭ д'АРК

Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан





Ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ «хьет» жригъэIэу щыпсэуащ Франджым. Хьэгъундокъуэ Едыдж ипхъу Елмэсхъан (графиня Ирен дю' Люар) – араш абы и цIэр. Дунейм щехыжам абы и хьэдэр къэралым и унафэкIэ Ныкъуэдыкъуэхэм я унэм (Париж) щыщIалъхьащ. Ар зэи къэмыхъуа Iуэхугъуэт. Ныкъуэдыкъуэхэм я унэр зэрыщыIэ илъэс 400-м нэблагъэм къриубыдэу Франджым и цIэр зыIэта цIыхухъу фIэкIа абы щIалъхьатэкъым.

Езым и хахуагъкIэ Хьэгъундокъуэм ар къилэжьащ. Фашист зэрыпхъуакIуэхэр Франджым 1940 гъэм къыщытеуа махуэм щегъэжьауэ зауэр иухыху Елмэсхъан сэлэт щыгъыныр щихакъым. Ар дохутырти, адыгэ пщащэм и унэм щIэт сымаджэщым цIыху мин бжыгъэ ажалым къыщригъэлащ. Елмэсхъан зауэм мызэ-мытIэуи хэтащ. Абы и лIыгъэр, гулъытэр, псэ IэфIагъыр псоми яфIэтелъыджэт. «Адыгэ Жаннэ д'Арк» – апхуэдэут Хьэгъундокъуэм къызэреджэр.

Инджылызым, Америкэм, Франджым я дзэхэр Рейн зэпрыкIыу Германием щихьам, Елмэсхъан япэ дыдэ итахэм ящыщщ. 1945 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Париж щекIуэкIащ ТекIуахэм я еплъыныгъэ. Абы хэтащ адыгэ лъэпкъым ипхъу хахуэ, Франджым и Лыхъужь

Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан. Ирэн къыхуагъэфэщащ «ПщIэ лъагэ зиIэ легион», «Зауэм щиIа щIыхьым папщIэ», «Дзэ жор» орденхэр, «Лыгъэ зэрихьам папщIэ» медалыр, нэгъуэщI франджы дамыгъэхэр. Фашизмэм ебэныным хилъхьар къалъытэурэ, хамэ къэрал зыбжанэми Хьэгъундокъуэм орден, медалхэр къратащ. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Польшэм и «Дыщэ жорыр».

И лъэпкъым хуэфащэу псэуащ Елмэсхъан. Абы и IуэхущIафэми и дуней тетыкIэми уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Хьэгъундокъуэм и цIэр Франджым и тхыдэм дыщэпскIэ итхащ.

## ФРАНДЖЫ ЛИТЕРАТУРЭМ И КЛАССИК
Шарлоттэ ХьэIишэт — Аиссе



Франджым щыщ дипломат граф де Ферриоль Шарль пхъу ищIауэ щыта адыгэ цIыхубз ХьэIишэт (Аиссе) а къэралым и литературэм и классик хъуауэ щытащ. Илъэс щитIрэ хыщIым щIигъуауэ тхакIуэу, критикыу, литературоведу абы и гуащIэм тетхыхьыр мащIэкъым. Адыгэ цIыхубз телъыджэм хуагъэпсащ романхэр, повестхэр, пьесэхэр, хъыбархэр.

Хэт хъуну-тIэ ХьэIишэт (Аиссе)? Дауэ ар Франджым къызэрыщыхутар?

ХьэIишэт 1698 гъэм ливр 1500-кIэ Истамбыл бэзэрым къыщащэхуат. Хъыджэбз цIыкIум илъэсиплI и ныбжьт. Ар къызэрыхъукIар унагъуэ хуэщIат. Езыр егъэлеяуэ дахэт, екIут, псэм дыхьэм хуэдэщ жыхуаIэт. Къехъуапсэхэри, гъунэгъу зыкъыхуэзыщIыну, зыкъыпызыщIэну хуейхэри куэдт. Ауэ ар зыми яхутечыртэкъым. Франджым и тет езы герцог Орлеанскэр мызэмытIэу иужь ихьат Аиссе къыдихьэхыну, пащтыхь цIыхубзхэм я пашэу щигъэтыну. Ауэ ари къыпригъэхат.

Абы теухуауэ критик цIэрыIуэ Сент-Бёв Шарль Огюстен (1804 — 1869) итхыжат: «Азие бэзэрым къраша а адыгэ пщащэр Франджым къыщIашар цIыхубз щIыхьымрэ абы и къабзагъэмрэ зэфIэгъэувэжын хуейуэ арагъэнт».

Ауэ Аиссе и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ игъуэтащ щIалэ хахуэ Блез-Мари д' Эди щыхуэзам. Ар фIыщэу илъэгъуат адыгэ пщащэм. ИкIи зыхьэхуа щIалэм ар щхьэгъусэ хуохъу.

МащIэщ къигъэщIар Аиссе — илъэс 39-рэ къудейщ. Ар дунейм ехыжащ 1733 гъэм гъатхэпэм и 13-м. Аиссе щыщIалъхьащ Париж дэт Щихъ Рок члисэм. А члисэм и тхылъым итщ абы и цIэр — Шарлоттэ-Элизабет Аиссе. (Абы чыристан диныр 1698 гъэм кърагъэщтат).

Блез-Мари д'Эди хуабжьу игу щIыхьат и щхьэгъусэр зэрыIэщIэкIар. Зы хъыджэбз цIыкIу яIэти, Аиссе и фэеплъу къыхуэнауэ, фIыуэ илъагъурт, и анэм ар ещхь зэрыхъужыным хущIэкъуу ипIырт. А цIыкIур виконтессэ хъуат.

Апхуэдэ щыIэкъым жыхуаIэ литераторт Аиссе. Абы дэтхэнэ зы псалъэри, пшынэм хуэдэу игъэбзэрабзэрт, шэрыуэу, гурыхьу, гупсысэ дахэ хэлъу.

Япэ дыдэу адыгэ цIыхубзым и литературэ зэфIэкIым тепсэлъыхьар «Манон Леско» зытха Прево д' Эксильщ (1697 — 1763). «Алыдж пщащэм и тхыдэ» романым абы Аиссе и образыр къыщигъэлъэгъуат. Апхуэдэ дыдэу ищIащ Мариво Пьери (1688 — 1763). Абы «Марианнэ и гъащIэ» романым (1735) и лIыхъужь нэхъыщхьэу къыщигъэлъэгъуар Аиссещ.



Франджым и тхакIуэ, критик нэхъ цIэрыIуэхэм яхэту къыщIэкIынкъым адыгэ цIыхубзым темытхыхьа. Абыхэм ящыщщ Ж. Руа. «Аиссе, е Адыгэ бзылъхугъэ ныбжьыщIэ» — арат абы и повестым фIищар. «Одеон» театрым и джэгуакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэ Бернар Сарэ (1844 — 1923) «Мадемуазель Аиссе» спектаклым адыгэ цIыхубзым и ролыр щигъэзэщIат. Ар щагъэувар 1872 гъэрщ.

Адыгэ цIыхубз телъыджэм и зэфIэкIымрэ Iэзагъэмрэ тетхыхьыжхэр франджыхэм я закъуэтэкъым. Къапщтэмэ, инджылыз тхакIуэ цIэрыIуэ Кемпбелл Прейд романышхуэ итхат абы теухуауэ.

Апхуэдэу адыгэ цIыхубзым тетхыхьахэр куэд мэхъу. Абыхэм ящыщщ Суре Жюль, Анрио Эмиль, Моруа Андре. Ахэр псори франджыхэщ, инджылыз тхакIуэ Эдмон Пилони и тхыгъэхэр Аиссе хуигъэпсащ.

Критик Сент-Бёв гупсэхуу иджауэ щытащ адыгэ цIыхубзым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. Сент-Бёвщ 1846 гъэм Аиссе и «Тхыгъэхэр» етIуанэу къыдэзыгъэкIыжар.

Аиссе и Iуэхухэр щызэрихьар нэгъуэщI къэралми, щыпсэуа зэманыр жыжьэми, ноби дрогушхуэ апхуэдэ цIыхубз телъыджэ къызэрытхэхъукIам, и цIэр фIыкIэ дуней псом зэрыщигъэIуам. Ари дыдейщ, лъэпкъ набдзэщ, Франджым къыщыхъуами щыпсэуами, къэзылъхуар адыгэ анэщ.

## КЪЭФЭНЫМ КЪЫХУАЛЪХУА
### Шэмырзэ Моникэ – Черинэ Людмилэ



«Гранд Опера» лъэпкъ театрым и примэ-балеринэ, дуней псом щыцIэрыIуэ къэфакIуэ Шэмырзэ Людмилэ къэфэным къыхуалъхуат. «Людмилэ и зекIуэкIэр щыплъагъукIэ, занщIэу уи нэгум къыщIохьэ Кавказым щыпсэу адыгэ цIыхубзхэр – дунейм къыщигъэщIа бзылъхугъэхэм я нэхъ тхьэIухуду жыхуаIэхэр, – итхащ япэм балеринэу щыта, франджы искусствовед Лидовэ Иринэ, – бланэ шыр лъакъуэхэр зэкIужщ».

Зыми емыщхьу абы далъагъуу щыта гуакIуагъэр, дауи, «ищхъэрэжь» къызэрыщIихуам и сэбэпщ (Людмилэ и адэ Шэмырзэ Ауэныр адыгэщ). «Пари Мач» журналым и корреспондентым абы къыIиха интервьюм езы Черинэ щыжиIэрт адыгэм къызэрыхэкIар. И анэр франджы бзылъхугъэт.

Шэмырзэ Людмилэ къызыхэхъукIа унагъуэм зэи зыщигъэгъупщэртэкъым и адэжь хэкур, къафэм и хэкур – Кавказыр.

ДжэгуакIуэ цIэрыIуэ куэд зыгъэсауэ щыта профессор Преображенская Ольгэ и унафэм щIэту а еджапIэм япэ лъэбакъуэр щичащ Шэмырзэ Моникэ (аращ Людмилэ и цIэ дыдэр). ИужьыIуэкIэ итальян балеринэ Вальдине Бланш д'Александри ныбжьыщIэр хурегъаджэ езыр зыщыщ къэралым и школым и хабзэ нэхъыфIым – пщтырагъ хэлъу, жьы щIэту къэфэным.

И ныбжьыр илъэсипщIым щитым Моникэ «сабий телъыджэкIэ» къеджэрт. Балигъхэм ящIыгъуу ар щыджэгурт хореографиемкIэ ягъэув спектаклхэм, зыкъыщигъэлъагъуэрт Париж щыцIэрыIуэ хьэщIэщхэм икIи ар къэунэху вагъуэу къалъытэрт.

Зауэм и пэщIэдзэхэм, илъэс пщыкIутхум иту, Шэмырзэ Моникэ Ницце къалэм щыIэ «Опера Монте-Карло» гупым и балеринэ нэхъыщхьэу мэлажьэ икIи зыхэтхэм я набдзэщ. «Медитеранэ» («ЩIыкурытых») уардэунэм адыгэ пщащэм щегъэзащIэ классикэ репертуар: «Къыу гуэлыр», «Розэм и плъыфэр», Сен-Санс Камил и «Къыу лIэр». Мис а спектаклхэм ехъулIэныгъэшхуэ къыхуахь икIи абы и гъащIэр зытетыну гъуэгур къыхузэIуах. «Езыр апхуэдизу щIалэу икIи хур пщащэм хуэдэу дахэу, и IэпкълъэпкъкIэ зэкIужу а телъыджэ къэунэхуам» гу къылъетэ балетмейстер цIэрыIуэ Лифар Серж. Абы

Моникэ Париж ирегъэблагъэ икIи «Гранд Опера» театрым щигъэув балетыщIэм — «Ромеорэ Джульеттэрэ» жыхуиIэм — Джульеттэ и ролыр щигъэзэщIэну кърет. А зэманым адыгэ пщащэр илъэс пщыкIух ирикъуу арат, ауэ, и ныбжькIэ щIалэми, абы къыгурыIуат а къалэн гугъум зэрыпэлъэщым куэд зэрелъытар.

Лифар и чэнджэщкIэ абы и цIэ-унэцIэр ехъуэжри, ар Черинэ Людмилэ мэхъу.

«Ромеорэ Джульеттэрэ» балетыр «Гранд Опера»-м щагъэув. КъэфакIуэ хъыджэбзым и щIыхьыр абы къеIэт.

Япэм мащIэу Iэнкуну щытами, Шэмырзэм щIэх зиIэтат икIи утыкушхуэ куэдрэ ихьэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ тегушхуэныгъи къызыкъуихат. Илъэсхэр пщIэншэу зэримыгъэкIуэдар наIуэт. Макъамэм ипхъуэта Iэпкълъэпкъым и щытыкIэнур фIыуэ зэрищIэр, сыт хуэдэ зыщIыкIэри тыншу къипхъуэтэфу зэресар хуабжьу сэбэп къыхуэхъужащ. Псы Iуфэм къамылу зыщаукъуэдийрт абы и «тхьэмпэхэм». Жьым хэсыхь щхьэцхэщIэу зыщIаупскIэрт абы и Iэ псыгъуэ лантIэ цIыкIухэм.



«Черинэ Людмилэ зэчиишхуэ зиIэ цIыхущ. Балеринэ нэсщ!» — а псалъэхэр зейр Франджым и Академием хэт Дрюон Морисщ. АдэкIэ абы мыпхуэдэу етх: «Абы къигъэщIа образхэм — Жизель, Джульеттэ, «Къыу лIэр», нэгъуэщIхэми трагедиер куууэ щызыхыбощIэ, поэзие нэс яхэлъщ»...

Шекспир и Джульеттэр утыку щызыгъэлъэгъуахэм ящыщу Шэмырзэр Франджым и балеринэ нэхъ Iэзэ дыдэу къалъытэ къудейтэкъым, атIэ ар дунейпсо театрым и Джульеттэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу ябжырт.

Людмилэ дахэу псэурт, абы къикIыр екIуу зихуапэу, цIыхубзхэм щапхъэ трахыу къызэрыгъуэгурыкIуам и закъуэкъым. Черинэм пасэу гу хуищIат живописым, зыгуэрхэр гъэщIэрэщIэным, иужькIэ кином щыджэгуащ, тхылъ зыбжанэ итхащ.

1945 гъэм къыщыщIэдзауэ Шэмырзэр щолажьэ «Опера Марсель»-м, илъэситI докIри, ар мэIэпхъуэ Монте-Карло и БалетыщIэм. Аргуэру Людмилэ балеринэ нэхъыщхьэщ, гупым и набдзэщ.

КъэфакIуэшхуэ Одран Эдмонд дэкIуа нэужь адыгэ бзылъхугъэм и гъащIэм зэхъуэкIыныгъэ егъуэт.

Одран балетым гъуэгущIэ къыхуэзылъыхъуэ цIыху емызэшт, ар нэхъыбэу зыхущIэкъур цIыхуитI щыджэгу спектаклхэм я купщIэр щIэщыгъуэ, я теплъэр нэхъ удэзыхьэх зэрищIынт. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу икIи чэнджэщэгъу къыхуэхъуащ Людмилэ.

А тIум балет куэд ягъэува нэужь, адыгэ бзылъхугъэр киному ирагъэблагъэ. Режиссёрхэу Жак Кристиан, Жовэ Луи сымэ абы контракт къращIылIэ. Шэмырзэ Людмилэ япэу щыджэгуащ «Жэгъуэш» фильмым.

Людмилэ къаруушхуэ ирихьэлIащ франджы хореографхэм я тхыгъэхэр киному къыщыгъэлъэгъуэным. Ар фильм 18-м щыджэгуащ. Абыхэм яшыщ «Вакъэ плъыжьхэр», «Гофман и таурыхъхэр», «О, Розалие», «ЩIэщыгъуэ мазэр», нэгъуэщIхэри. «Гофман и таурыхъхэм» щигъэзэщIа ролым папщIэ Черинэм «Оскар» саугъэтыр къыхуагъэфащэ.

Ар ди къэралми зыбжанэрэ щыIащ. 1958 гъэм Москва щекIуэкIа еплъыныгъэм Шэмырзэм Театрышхуэм щигъэзэщIащ и роль нэхъыфIхэр — Сен-Санс Камил и «Къыу лIэр», Шарль Адан и «Жизель»-р. Ди цIыхухэм ар гуапэу кърагъэблэгъа къудейкъым, абы зэи щыгъупщэжакъым хуащIа нэмысыр, пщIэр. Совет прессэр (адрей къэралхэм яйми хуэдэу) Черинэ Людмилэ щытепсэлъыхькIэ зи гугъу ящIыр гъащIэм и пэжыр къэзыгъэлъагъуэ франджы гъуазджэрщ, франджы щэнхабзэм хэлъ гуманизмэрщ. А псом мыхьэнэшхуэ къритырт франджы балеринэ цIэрыIуэм и IуэхущIафэм.

Мэзкуу икIыжа нэужь, Людмилэ «Гранд Опера» театрым игъэхьэзыра «Щихъ Себастьян ишэча хьэзабхэр» оперэм уэрэд щыжеIэ. Газетхэм зэратхащи, Черинэ абыи зэфIэкIышхуэ иIэу зыкъыщигъэлъэгъуат.

2004 гъэм и гъатхэпэ мазэм Париж щылIащ франджы балетымрэ киномрэ я артисткэ цIэрыIуэр. Шэмырзэ Margin Моникэ илъэс 79-рэ къигъэщIащ. Франджы Республикэм и премьер-министр Раффарен Жан-Пьер щыгъуэ махуэм щыжиIащ Черинэ Людмилэ «франджы гъуазджэм XX лIэщIыгъуэм бжьыпэр щызыIыгъахэм яшыщ зыуэ» зэрыщытар. Сценэм икIыжа нэужь, Шэмырзэм романитI итхащ. А тIум я зыр, балет гъуазджэм теухуар, цIэрыIуэ дыдэ хъуащ. И ныбжьыр хэкIуэтауэ, 90 гъэхэм, скульптурэм зритри, цIэрыIуэ хъуащ Черинэр. И лэжьыгъэхэм яшыщ зыр («Европэр ди гущIагъыщIэлъщ») Людмилэ ищIащ Европэ Советым и лъэIукIэ. Скульптурэ фэеплъ иныр щагъэуващ Страсбург — Европарламентым и унэм и гупэкIэ.

Мис апхуэдэ гъащIэ телъыджэ къыипсэуащ къэбэрдей лIакъуэлIэшымрэ франджы бзылъхугъэмрэ япхъу гъэфIэн Шэмырзэ Моникэ, Черинэ ЛюдмилэкIэ зэджэжым.

*Зыгъэхьэзырар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**

ГЪУКІЭ Маринэ

# СЫЩІАЛЭУ ФИГУ СЫКЪРЕНЭЖ

*Рассказ*



«Нэщанэ»... Арат зэреджэр нобэ къызэІуаха выставкэм нэхъ ягу щрихьа сурэтым. ЦІыхур абы епщІат, уеблэмэ сурэт гъэщІэгъуэн куэд зылъэгъуауэ зыри щІэщыгъуэ зыщымыхъужыну къыпщыхъу экспертхэри, дихьэхауэ, а сурэтым бгъэдэтт, зыгуэрхэмкІэ зэчэнджэщу, зыгуэрхэмкІи щызэдауэ къэхъуу. Зэ еплъыгъуэкІэ, а сурэтыр адрейхэм къазэрыщхьэщыкІ щымыІэ хуэдэт. Ауэ, итІани, узэрыбгъэдыхьэу, зыхэщІэ хьэлэмэт гуэрым узэщІиубыдэрт, узыІэпызышэ къарууэ абы хэлъыр зищІысыр къыпхуэмыщІэу.

Сурэтым къищт щхьэц фІыцІэ дахэ зытелъ хъыджэбз щІалэ дыдэ. Ар унэкум ист, пэшым унэлъащІэ гуэри щІэту плъагъуртэкъым. Нэщхъеягъуэшхуэ зыщІэплъагъуэ абы и нэхэр нурыншэми, дэнэкІэ умыкІуэми къыпкІэлъыплъ хуэдэт. Зи гугъэ дахэхэр зэхэкъута, фэбжь гуауэ гъащІэм зытридза цІыхум и плъэкІэт ар. А хъыджэбзыр апхуэдизкІэ гуІэрти, уздеплъым, и зыхэщІэхэр ууейм хуэдэу къыпщыхъурт. «УзбгъэдэмыкІ, узбгъэдэмыкІыу быдэу къыщІэплъэ си нэхэм, гуауэу сыхэзыгъащІэр къащІэджыкІ абыхэм... КъыздэІэпыкъу... КъыздэІэпыкъуи, хэкІыпІэ гуэр дызэгъусэу къэдгъэгъуэт», – къыбжиІэ хуэдэт абы. Ар гъэщІэгъуэнт, ауэ нэхъ гъэщІэгъуэныжи иплъагъуэрт сурэтым: щхьэгъубжэ зэІухамкІэ къыдэлъэт шабзэшэхэм къыщалъэтыхьырт хъыджэбзым и щхьэщыгум.

Сурэтым и лъабжьэкІэ, и бгъум деж, хэплъагъукІ къудейуэ тетт ар зыщІам и псалъэхэр: «ГъащІэм сринэщанэщи, и шабзэшэхэр мычэму къызеутІыпщ. СолъэІу гущІэгъу къысхуищІыну, арщхьэкІэ... аргуэру шабзэшэ, шабзэшэ, шабзэшэ...» Анастасие.

Пасэу цІэрыІуэ хъуа сурэтыщІ хъыджэбз щІалэм сыт а псалъэхэр итхын хуей щІэхъуар?! Сыт хуэдэ гузэвгъуэ абы и псэр зыхэхуар?!

АнастасиекІэ зэджэ сурэтыщІыр нобэтэкъым къыщыунэхуар. Илъэситху и пэкІэ, езым и ныбжьыр илъэс пщыкІутху фІэкІа мыхъуу, ар утыку ихьат зыми емыщхь и сурэт хьэлэмэтхэмкІэ. Абы щыщІэдзауи илъэс къэс выставкэ зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэлъэгъуащ и лэжьыгъэхэр. Ауэ, гъэщІэгъуэныракъэ, иужьрей илъэситІым Анастасием зыри теплъакъым. Ар выставкэхэм къэкІуэжыртэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, галереем зэрагурыІуам тету, илъэс къэс и сурэтхэр къахуригъэхьырт. Зыми ищІэртэкъым ар здэщыІэр, мы щІыр зэгуэхуу дэхуами ярейт. Хэти хамэ къэрал щыпсэууэ жиІэрт, хэти сымаджэщ гуэрым щилъэгъуауэ иІуатэрт. Галереем щылажьэхэми къыбжаІэфынутэкъым абы и Іуэху зыІутыр. «Ди зэгурыІуэныгъэм текІыркъым, и лэжьыгъэхэр и чэзум къытІэрегъэхьэ. Ахъшэу къыпэкІуэр, езыр къызэрыдэлъэІуам тету, Сабий фондым идогъэхь», – арат жэуапу къапыпхыфыр.

Дэнэ зы гъэщIэгъуэн щыIэми къэзыхутэну зыфIэфI журналистхэм я нэ къикIырт Анастасие и щэхур къащIэну. Абыхэм, дауи, сэри сащыщт.

Анастасие и сурэтым соплъри, адрейхэм зыхамыщIэ гуэр зыхэсщIэу къысщохъу, ауэ, дауэ мыхъуми, къысхуэщIэркъым сурэтыщIым мыбыкIэ къыджиIэну зыхуейр. Ар къыдгурыIуамэ, Анастасие зыщIигъэпщкIури, «гъащIэм сринэщанэщ» жиIэныр къызыхэкIари къытхуэщIэну къыщIэкIынт.

– Удихьэхыпаи мы сурэтым, – къыщопсалъэ си щIыбагъымкIэ Светэ.

Сыщылажьэ газетым и редактор нэхъыщхьэт ар, икIи си ныбжьэгъут. ЖурналистикэмкIэ факультетым дыщыщIэтIысхьа гъэм дызэрыцIыхуат абырэ сэрэ. ЕджапIэ нэужьым дэ корреспонденту дыкъащтат Светэ и адэм и газетым, иужькIэ ар редактор нэхъыщхьэ ящIат.

– СызыIэпишащ мыбы, – жызоIэ. – Дэ къытхуэмыщIэ щэху гуэр хэлъщ мы сурэтыр зыщIам и Iуэхум. Сэ сыхуейт ар къэсщIэну.

– Уэ зыпхъуэжыркъым, Катя. Ужурналист дыдэщ: щIэщыгъуэ псоми удехьэх, – къысхуогуфIэ си ныбжьэгъур.

– ГъэщIэгъуэнкъэ-тIэ ар: езы сурэтыщIыр дунейм къытехьэркъым, зэуэ зигъэбзэхащ, здэкIуари здэжари ямыщIэу. ИтIанэми, и къалэныр зэщигъэгъупщэркъым, и сурэтхэр тэмэму кърегъэхь.

– Анастасие теухуауэ дэ мащIэщ тщIэр. И адэшхуэмрэ и анэшхуэмрэ къуажэ гъунэгъу гуэрым щыпсэууэ жаIэ.

– Светэ, ар дэнэми къысхуэпщIэрэ абы сыбгъэкIуамэ, сэ къэсщIэнт Анастасие и щэхур.

– УзгъакIуэуи сощIри, си фIэщ хъуркъым лIыжь-фызыжьыр къопсэлъэну. ЗэрыжаIэмкIэ, абыхэм журналистхэр я жагъуэщ. Уеблэмэ, зымыгъэпсэууэ къакIэрыхъыжьа журналист ерыщ гуэр судым иратауэ ягъэхъыбар. Анастасие и щэхур быдэу яхъумэ... Абы, дауи, зы щхьэусыгъуэ гуэр иIэщ.

Светэ и псалъэхэр сигу щIыхьауэ, зытэлайкIэ сыщытащ сыхэплъэу. Ауэ, зэуэ си гум къэкIа гупсысэм сыкъигъэгуфIэжауэ, жызоIэ:

– Сымыжурналистмэ-щэ? Сыдагъэхьэнкъэ?

Светэ си псалъэхэм къарыкIыр къыгурымыIуауэ къызоплъ.

– Сыт дэ Анастасие теухуауэ тщIэр?! Художественнэ институт къиухащ... АтIэ абы ныбжьэгъу къыщыхуэхъуа гуэр хуэдэу щхьэ сыкIуэ мыхъурэ?! Журналистхэр дамыгъэхьэми, ныбжьэгъур къыдахужынкъым.

– Я фIэщ ухъуну къыпщыхъурэ?

– Ар сымыкIуауэ къэсхуэщIэнукъым. Мы Iуэхум зы щэху гуэр хэлъщ. Ар къэтщIамэ, псоми гъэщIэгъуэн тщыхъуну къыщIэкIынт.

Выставкэ нэужьым редакцэм дгъэзэжри, Светэ къызитащ Анастасие и адэшхуэ-анэшхуэм я адресыр. Анастасие и щэхур къасщIэрэ ар газетым къытездзэмэ, дауи, абы цIэрыIуэ срихъунут. Адрей стха псом я щхьэж хъунут ар. Журналист дапщэ щIэхъуэпсрэ а щэхур къащIэну! Абыхэм къемыхъулIар къызэхъулIэмэ, итIанэ псоми къащIэнт Симоновэ Екатеринэ и зэфIэкIыр здынэсыр!

Ауэ си анэм ауи къысхуигъэдэхакъым «дунейр къызэрыззэуну» си гугъэ си мурадыр.

– Иджы уи мыIуэху зепхуэнуращ, – жеIэ абы, губжь хэлъу. – Ар тэмэмкъым.

– Мамэ, сэ си лэжьыгъэмкIэ тэмэмыр уи мыIуэху зепхуэныр аращ, – жызоIэ.

– Абы и щэхур къывигъэщIэну щыхуэмейкIэ, фи мыIуэху зевмыхуэ. Къезэгъкъым а уэ пщIэну узыхэтыр.

Пщыхьэщхьэ псом дызэдэуащ а Iуэхум теухуауэ. Мамэ идэртэкъым Анастасие и гъащIэм сыхэIэбэу, сэри ар си лэжьыгъэу зэрыщытыр къыгурызгъэIуэну сыхэтт.

Дауэ щымытми, сурэтыщI Iэзэр къыщалъхуа къуажэм сыкIуэну тезухуащ. Сытегушхуэу сежьами, си гур къигузэвыкIырт. Сыт а сыздэкIуэм къыщыспэплъэр?! Сызыхуейр къызэхэхулIэну, хьэмэрэ, си анэми жиIауэ, си мыIуэху зезмыхуамэ мынэхъыфIу пIэрэт?!

Пшапэ зэхэуэгъуэу сынэсащ къуажэм. Гъуэгу быркъуэшыркъуэм сыздрикIуэм, тхуэ сыхущIегъуэжат вакъэ лъэдакъэ лъагэ зэрылъыстIэгъам. Зэми си лъэдакъэр щIым пхрыщэтырт, зэми гъуэгум телъ мывэ цIыкIухэм сагъэлъэпэрапэрт.

Сызыхуэзэ къуажэдэсхэм сызэпаплъыхь, «мыри хэту пIэрэ?» жыхуаIэу. Ауэ, ахэр къысфIэмыIуэхуу, сэ сыхуокIуэ Анастасиехэ я унэм. Къуажэм дэт адрей унэхэм ар зыкIи къащхьэщыкIыртэкъым, къызэрыгуэкI пхъэ унэ лъахъшэ цIыкIут. ПщIантIэри пхъэ бжыхькIэ къэхухьат. Ауэ, дахагъэм хуэлажьэ цIыху мыбы зэрыщыпсэур къыбжиIэ хуэдэ, бжыхьри дахэ дыдэу лат, пщIантIэми удз гъэгъа дэзу дэтт.

Унэм къыщIэкIа бысымыр къысщыгуфIыкIащ жысIэмэ, пцIы хъунт. КъысщыгуфIыкIын дэнэ къэна, сыкъызэрилъагъу къудейр и псэм зэрытемыхуэр наIуэу, и нэщхъыр къысхузэхиукIащ. Ар хуэму къежьауэ къысхуокIуэ. Си псэр IукIа пэтми, макъ нэжэгужэкIэ жызоIэ:

– Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ, дадэ! Анастасиехэ я унэр мыра?

– Фэ фхуэдэхэр мыбы къэкIуэху, дэ пщыхьэщхьэфI диIэнукъым, – мэшхыдэ лIыжьыр. – Сыту пIэрэ дыщIэвмыгъэпсэур?

Я щхьэр ирагъэужэгъуауэ, махуэ къэс я деж къакIуэ журналистхэм ящыщ зыуэ сыкъызэрилъытар къызгуроIуэри, адэкIэ пызощэ:

– Зыгуэрым сыхэвгъэгъуэщауэ къыщIэкIынщ. Сэ сы-Катящ, Анастасие сриныбжьэгъущ. Слъагъунщ, жысIэри сыкъыIухьауэ арат. Дэ дызэдеджащ, ауэ еджапIэр къызэрыдухрэ дызэрылъэгъуакъым.

Си псалъэхэр и фIэщ ищIынрэ имыщIынрэ егупсыс хуэдэ, лIыжьыр набдзэгубдзаплъэу къызоплъ. ЩIыхум жиIэр пэжрэ пцIырэ къызэрахутэ машинэ фIэкIа пщIэнтэкъым абы и нитIыр.

Жэуап къызитыным сыпэплъэу зытэлайкIэ сыщытауэ, аргуэру соупщI лIыжьым:

– Анастасие сыхуэзэфыну пIэрэ?

– Настя илъэс мэхъу зэрыщымыIэжрэ... Фызэныбжьэгъуу щытар пэжмэ, ар уэ сыту умыщIэрэ? Иджыри къэс сыту зэ укъэмыкIуарэ? Дэ зэи зэхэтхакъым абы уи гугъу ищIу.

Жэуап естыжыным сыхунэмыс щIыкIэ, фызыжьым и макъ къэIуащ:

– А лIыжь, хэт а къаджэр? Дэнэ мыгъуэ ущыкIуэдар?

Фызыжьыр къысхуэкIуэу щыслъагъум, си гур къызэрыгъуэтыжауэ, аргуэру жызоIэ:

– Сэ Катящ си цIэр, Настя сриныбжьэгъущ. ХьэщIапIэ сыкъэкIуауэ арат. Фыхуеймэ, си паспортыр фэзгъэлъагъунщ.

Фызыжьыр, гурэ псэкIэ къысщыгуфIыкIащи, нэщхъыфIэу жеIэ:

– Настя сриныбжьэгъущ, жыпIа? АтIэ, иджыри къэс куэбжэпэм деж щхьэ ущыт? Къыдыхьэ, си хъыджэбз цIыкIу. НакIуэ, тIасэ, унэмкIэ неблагъэ. Уа лIыжь, делэ ухъужа, хьэщIэ егъэблэгъэкIэ умыщIэжу?!

Зи нэгум гуапагъэ кърих фызыжьыр апхуэдэу къызэрысщыгуфIыкIам сигъэгушхуауэ, сыбгъурыту унэмкIэ сокIуэ. ЛIыжьым и плъэкIэм зыкIи зихъуэжатэкъыми, къызгурыIуащ дзыхь лъэпкъ къызэрысхуимыщIыр. Ауэ, дауэ мыхъуми, иджыри къэс зы журналисти зыщIамыша унэм сызэрырагъэблэгъам егъэлеяуэ сыщогуфIыкI.

– КъакIуэ, тIасэ, къакIуэ къыщIыхьэ, – жиIэурэ физыжьым унэм сыщIешэ. – Сэ укъызэрызэджэнур Клавдие Ивановнэщ, лIыжьыр Михаил Степановичщ. Настя жиIэу зэхэпхагъэнщ. Iэджэ щIауэ хьэщIэ диIакъыми, Iейуэ дыпщыгуфIыкIащ. Пэжкъэ, лIыжь?

Михаил Степанович, Клавдие Ивановнэ и псалъэхэр зэхимыха хуэдэ, зыри жиIэркъым.

– Михаил Степанович дзыхь къысхуищI си гугъэкъым, – жызоIэ сэ. – Ныжэбэризэм сыщыIэнщи, пщэдджыжь жьыуэ сыдэкIыжынщ. Анастасие къызэлъэIурт хьэщIапIэ сыкъэкIуэну, ауэ, сыхуэмыхъуурэ, илъэсхэр кIуащ...

– Пэжу пщIащ укъызэрыкIуар. УкIуэжын лъэпкъи зэхызумыгъэх, – жи Клавдие Ивановнэ. – Настя мыбы дэмысыжми, дэ удмыгъэхьэщIэфынкIэ ушынэрэ?! ЛIыжьым щхьэкIэ умыгузавэ. ЦIыху бзаджэкъым ар.

Зэрыпсалъэм хуэдэурэ, Клавдие Ивановнэ Iэнэм къытригъэувэрт шхыныгъуэ IэфI куэд. Абыхэм сыздеплъым, си гурыIупсыр къажэрт, нобэрей махуэм сызэрымышхар къызигъэщIэжу.

– Клавдие Ивановнэ, – жызоIэ сэ. – Сыт Настя къыщыщIар?

– И гум лажьэ иIэт... Зыри яхуещIакъым...

КъыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу ар жиIати, згъэщIэгъуащ. Ауэ, «есэжагъэнщ», жыхуэсIэу адэкIэ сыщIэупщIэжакъым.

Пщыхьэщхьэшхэ нэужьым Клавдие Ивановнэ сыщIишащ схухиха пэшым.

– ХьэщIэ къыщытхуэкIуэхэм деж мыбы щIэдгъэлъу щытащ. Иджы, дыдей ущыIэху, мыр уэ уи пэшщ. Зыгъэпсэху, тIасэ...

Зэ къысхуэгуфIэжри, Клавдие Ивановнэ щIэкIыжащ. Си закъуэу сыкъыщынэм, пэшыр къэсплъыхьын щIэздзащ. Пхъэм къыхэщIыкIауэ гъуэлъыпIитI, стIол хъурей, шэнтитI, щыгъынхэр зыдэплъхьэ хъун шкаф – арат унэлъащIэу щIэтыр зэрыхъур. Блыным фIэлъ сурэтышхуэм къиищт хъыджэбз дахэ дыдэ, губгъуэ удз гъэгъахэм хэту. Сэ занщIэу къызгурыIуащ а сурэтыр хэт и IэдакъэщIэкIми: Анастасие!

Анастасие! Зы щэху гуэр хэлъщ уи Iуэхум... Дауэ къэсщIа хъуну ар? СтIолым телъ тхылъымпIэхэм, шкафым дэлъ хьэпшыпхэм сахэплъэн щIызодзэ, ауэ Анастасие теухуауэ зыри къэсхуэщIэркъым.

Дамэдазэу къэна бжэр хуэсщIыжыну сыщыIухьэм, зэхызох адрей пэшым къыщIэIукI псалъэмакъыр.

– Хэт сыт жиIэми уи фIэщ бощI. И паспорт къудей уеплъакъым. Ныжэбэ дыкъихъунщIэу ежьэжынуми пщIэркъыми, – шхыдэрт Михаил Степанович.

– Щыгъэт иджы, – къызэпеуд абы и псалъэхэр Клавдие Ивановнэ. – А хъыджэбз цIыкIур хьэщIапIэ къэкIуати, иджы, нэху здэщым, ежьэжыну жеIэ. Уэращ псори зи лажьэр. Уи нэщхъыр зэхэлъущ узэреплъыр. Иужьрейуэ хьэщIэ къыщытхуэкIуар сщIэжыркъым. Мы цIыкIур слъагъури сыгуфIати... – и псалъэхэр нимыгъэсу, Клавдие Ивановнэ гъын щIидзащ.

– Хъунщ иджы, – жи лIыжьым. – Угъыну ухьэзырщ. Апхуэдизу ущыхуейкIэ щрыреIэ, и гугъу сщIынкъым.

Бжэр хуэму хуэсщIыжри, сыгъуэлъыжащ. Пэжыр жысIэнщи, сыгузавэрт икIи сукIытэрт. Дзыхь къысхуищIу сезыгъэблэгъа физыжьым сыхэтми къиищIэмэ, и гум щыщIэнум сегупсысурэ, жейм сыхилъэфащ.

МахуэщIэр къуажэмрэ къалэмрэ къызэрыщыунэхур зэтехуэркъым. Иджыпсту, си щхьэгъубжэ Iухам пэгъунэгъуу къэуvауэ, адакъэр ину маIуэ. Нэхущми, цIыхухэм я Iэуэлъауэ макъ зэхыбох. Къуажэдэс-

хэр апхуэдизкІэ жьырытэджщи, къалэдэсхэм щхьэхынафэ ясплъын щІызодзэ. Си бысымхэми пщІантІэм зыгуэрхэр щащІэри дэтщ. А нэхъыжьхэр къэтэджауэ, сэ дауэ сыхэлъын, жызоІэри сыкъотэдж. Іуэхушхуэ сиІэт нобэ: сыкъамыщІэ щІыкІэ, сыкъыщІэкІуа Іуэхур зэфІэзгъэкІын хуейт.

Дыгъуасэ лъандэрэ мами Свети сазэремыпсэлъар сигу къэкІыжащ. Унэм зыри зэрыщІэмысым сригуфІэу, телефоныр къасщтэри си Іэпэхэм фІы дыдэу яцІыху бжыгъэхэр къыиздзащ...

– Уа лІыжь, мыпхуэдизу умыІэуэлъауэ нэмэзым, хъыджэбз цІыкІур къэбгъэушынщ, – и щхьэгъусэм ешхыдэрт Клавдие Ивановнэ.

– Мыр сыту Іуэхушхуэ! – хъущІэрт Михаил Степанович. – Си пщІантІэ сыщыІэуэлъэуэну сыхуимытыжу ара иджы? СыдэкІынщ, ухуеймэ.

– А жыпІэ делагъэр сыт? – жи унэгуащэм. – Къалэдэсхэм жьыуэ къэтэдж я хабзэкъым, тІэкІу гъэжей, жызоІэри аращ. ИтІанэ, ар ди хьэщІэщ, уи нэщхъыр тІэкІу хузэхэпхми ягъэ кІынкъым...

А тІум я псалъэмакъым седаІуэурэ зысхуапэрт. Зэуэ сигу къэкІыжащ си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ. Ахэри апхуэдэт: сыт щыгъуи зэхъурджауэрт, ауэ, итІанэми, фІы дыдэу зэрылъагъуэрт.

Бжэр Іусхри, лІыжь-фызыжьым сахуэгуфІэу, сыкъыщІэкІащ унэм.

– Фи пщэдджыжь фІыуэ! – захузогъазэ абыхэм.

Клавдие Ивановнэ гуапэу къызэплъри жэуап къызитыжащ:

– Ууейри нэхъыфІыжу, тІасэ! Укъэуша?

Михаил Степанович мащІэу и щхьэр ищІа фІэкІа, ауи сыкъридзакъым. Абы дзыхь лъэпкъ къызэрысхуимыщІыр нэрылъагъут.

– ФынакІуэ, пщэдджыжьышхэ дывгъэщІ, – жи унэгуащэм.

Щыри пщэфІапІэм дыкъыщІыхьэжащи, Клавдие Ивановнэ Іэнэр псынщІэу къызеригъэувыным яужь итщ.

– Клавдие Ивановнэ, сщІэн хуейр къызжефІамэ, сэри зыгуэркІэ сывдэІэпыкъунт, – жызоІэ.

– ГукъэкІ уиІэщи, фІыщІэ пхузощІ, – жи фызыжьым. – Умыгузавэ, тІасэ, псори хьэзырщ. ИІэ, Іэнэм фыкъетІысылІэ.

Іэнэ хъурей цІыкІум дыкъетІысэкІащ щыри. Клавдие Ивановнэ и Іэнэр шхыным къикъутэрт.

– Клавдие Ивановнэ, мы къомыр сыт щыгъуэ щыбгъэхьэзырар? – согъэщІагъуэ сэ. – Хъанхэм хутрагъэувэркъым мыпхуэдэ пщэдджыжьышхэ!

Унэгуащэм, и нэгум гуфІэр кърихыу, жэуап къызетыж:

– Шхэ, тІасэ, уи хьэлэлщ.

Къуажэ хьэуарами сщІэркъым сэбэп къысхуэхъуар, ауэ, пщэдджыжькІэ сымышхэфу щытами, иджы мы Іэнэм телъ псоми ящыщ зыІузгъэхуэну сыхуейт. Клавдие Ивановнэ сыздеплъым, сегупсысырт: «Сэ сыхамэ пэтрэ, мыпхуэдэу къыскІэлъежыхь, слъагъу хуэдэщ ар и къуэрылъхум зэрыхущытар. Сыту и насыпт Анастасие!».

– АдэкІэ сыт пщІэну уи гугъэр? – къызоупщІ Михаил Степанович.

Ар апхуэдизкІэ нэщхъыцэу къызэплъати, сшхыр си тэмакъым тенэ пэтащ.

– Сежьэжын си гугъэщ, – щтэІэщтаблэу къызогъажьэ сэ. – Анастасие псэужамэ, сыкъэнэнти, тІэкІу сыщыІэнт. Иджы...

– КІуэжын Іуэху лъэпкъ зепхуэу здэнукъым, Катенькэ, – къэпсэлъащ Клавдие Ивановнэ. – УкъыщыкІуакІэ, тІэкІу ущыІэнщ, зуплъыхьынщ. Дэ сытым хуэдэу гуэл дахэ диІэ! ЗыщыбгъэпскІ хъунущ абы. Ди щІыпІэр дахэщ, уи нэгу зиужьынщ, зыбгъэпсэхунщ. ИтІанэ, хьэщІэ

диIэнущи, абыи утригъэунщ. Ар ди благъэ хъыджэбзщ. И цIэр Олящ. Уэ уи ныбжьынщ.

Клавдие Ивановнэ жиIахэм арэзы сызэрытехъуэм и щыхьэту, сыкъыпыгуфIыкIащ.

Унэгуащэм зихъунщIэ щхьэкIэ къэзмыгъанэу, Iэнэм тетхэр тесхыжри хьэкъущыкъухэри зэхэстхьэщIэжащ. Ар абы и гуапэ мыхъуу къэнакъым.

Шэджагъуэ нэужь хъуауэ пщIантIэм сыкъыдэкIащ, Клавдие Ивановнэ зи гугъу ищIа гуэлыр зэзгъэлъагъуну. Къалэм къыщхьэщызыгъэкIыу къуажэм иджыри зы нэщэнэ иIэщ: мыбы дэсхэр псори зэроцIыху. Арауэ къыщIэкIынт, уэрамым тет дэтхэнэ зыми зыкъригъэзэкIыжурэ къыщIыскIэлъыплъыр.

Сыкъэзыухъуреихь дахагъэм апхуэдизкIэ сыдихьэхащи, жыги, удзи, бгыи къэзмыгъанэу псоми сурэт ятызох. ПщIэнукъым ахэр сэбэп къызэрысхуэхъужын. «Хьэуар апхуэдизкIэ къабзэщ, уи нэм илъагъур апхуэдизкIэ дахэщи, щIэх-щIэхыурэ укъакIуэу мыбы зыщыбгъэпсэху хъунущ», – согупсыс сэ.

Ауэ мы иджыпсту слъагъу дахагъэр зыми щыщтэкъым, гуэл Iуфэм елъытауэ. Псы Iуфэм Iут жыг баринэхэм я къудамэ цIыкIухэм, «къакIуэ» жыхуаIэу, Iэ къысхуащI. Псы къабзэр я гъуджэщи, зыхуагъэщIагъуэу абы йоплъэ. Махуэр хуабейщ, ауэ гуэл Iуфэм деж хьэуар щыщIыIэтыIэщи, уи гум жьы деху, уи псэм зегъэпсэху. Жэнэтщ...

Вакъэр зылъысхри, псы къабзэм сыхэуващ. КъызэрыщIэкIымкIэ, насыпыфIэу зыкъилъытэжын щхьэкIэ цIыхур куэд хуейкъым. Мы сыкъэзыухъуреихь дахагъэм сыздеплъым, къызгурыIуэу щIэздзащ Анастасие и сурэтхэр апхуэдэу гъэщIэгъуэн щIэхъур.

– Уэра хъунщ Катяр, – си щIыбагъымкIэ къыщыIуа макъым сыкъигъащтэри сурэттехыр псым хэзгъэхуащ. Ари, сурэтхэри зэрысфIэкIуэдар си гум щIыхьауэ, сыкъызэплъэкIмэ, хъыджэбз гуэр щытщ. Къэхъуар езыми и жагъуэ хъужащи, зэкIэлъигъэпIащIэу жеIэ:

– Сэращ ар зи ягъэр. УзэзгъэцIыхуну сыкъыIухьати, укъэзгъэщтащ. Сэ сы-Олящ.

– Катя, – жызоIэ, си Iэр хузошийри.

– ИкъукIэ си гуапэщ, – жиIэу Оля и Iэр къыщишиижым, зэуэ сыкъэщтащ: Клавдие Ивановнэ Оля уэ уи ныбжьынщ, къызжиIами, иджыпсту си пащхьэ итым сэр нэхърэ нэхъыжьыфэ тетт. Гу къызэрыслъимытэным сыхущIэкъуу, згъэщIагъуэу ар зэпызоплъыхь. И нэкIухэр, и Iэхэр зэлъэу хуежьат. И щхьэцми тхъугъэ хидзат. Езыри макъ гъумт, цIыхубз щIалэм и макъыр зэрыщытын хуейм хуэмыдэу.

– Сэ щIэх-щIэхыурэ сыкъокIуэ Клавдие Ивановнэхэ я деж. ГъэмахуэкIэ мыращ зыщызгъэпсэхур.

– Оля, абы щыгъуэм сэ сежьэжынщи нэхъыфIщ, – жызоIэ. – Апхуэдиз хьэщIэр къатехьэлъэнщ.

– Хьэуэ, хьэуэ, – жи Оля, – Клавдие Ивановнэ хьэщIэ и фIэфIщ, нэхъ къыщтэххэнущ тIури дыщыIэмэ. Умыгузавэ...

Оля и псалъэхэр дакъикъэкIэ зэпегъэури, итIанэ къызоупщI:

– Уэ Настя уриныбжьэгъущ, ара?

– НтIэ, дызэдеджащ...

– Абы щыгъуэ уэри усурэтыщIщ...

– Хьэуэ, сэ сысурэтыщIкъым, сытхакIуэщ. Настя дэрэ общежитием зы пэш дыздыщIэсауэ station.

СыщIэукIытэн гуэр игъащIэм зэ сщIамэ, мыр етIуанэт. Сыхэтми къамыщIэным апхуэдизкIэ сыхущIэкъурти, си щхьэм къихьэр жысIэрт. Си ныбжьэгъущIэр зыкъомрэ къызэплъу щытащ, иужькIэ жиIащ:

– НакIуэ, Катя, дыкIуэжынщ. Клавдие Ивановнэ лъэIуащ зыдмыгъэгувэну.

– НакIуэ.

Унэм дыкъыщысыжам, Клавдие Ивановнэ и Iэнэр зэтетт. Абы апхуэдизкIэ гугъу зыкъыддригъэхьырти, мыбы сыщIыщыIэ щхьэусыгъуэр сигу къыщыкIыжкIэ, сукIытэрт.

Шэджагъуашхэ нэужьым Михаил Степанович и пэшымкIэ щIыхьэжащ, тIэкIу зигъэпсэхуну. Iэнэм дэ щыр дыкъыбгъэдэнащ.

– Клавдие Ивановнэ, – зыхузогъазэ унэгуащэм, – кхъыIэ, хъунумэ, Анастасие и сурэтхэм сегъэплъ.

Ар зэрыжысIэу, Олярэ абырэ занщIэу зэплъыжащ, зытэлай дэкIри, фызыжьыр къызэупщIащ:

– Сыт уэ ахэр зэрыпщIынур?

– Куэд щIащ Настя и сурэт зэрызмылъагъурэ, – къызогупсыс зэуэ. – ЩIэ куэд иIэу къыщIэкIынщ.

Клавдие Ивановнэ зыри жимыIэу къэтэджри, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ щIэкIащ. Абы и жагъуэ хъуар къызгурымыIуауэ, сукIытэжауэ жызоIэ:

– Еу-уей мыгъуэ, и гум сеуащ... Зыри жысIэн хуеякъым. Абы фIэфIкъым Настя и гугъу щащIкIэ.

– Хьэуэ, фIэмыфIу аракъым. Настя зэрыщымыIэжыр нобэр къыздэсым и фIэщ ищIыну хуейкъыми, абы теухуа псалъэмакъыр къохьэлъэкI, – жеIэ Оля нэщхъей дыдэу.

Сэ мыхэр къэзгъапцIэ си гугъэж щхьэкIэ, езыхэми зыгуэр къызэрысщабзыщIыр наIуэт. Ауэ къысхуэщIэртэкъым ар зищIысыр.



Зэманыр кIуэрт, си Iуэхури зыкIи кIуатэртэкъым. Сыт Анастасие къыщыщIар? Абы и цIэ къызэрисIуэу, сыт Клавдие Ивановнэрэ Олярэ щтэIэщтаблэу щIызэплъыжыр? Хэт а Оляр езыр? Жэуап зыгъуэтын хуей упщIэхэр куэд хъурт...

Жэщ хъуху Оля сэрэ Клавдие Ивановнэ Iуэху дэтщIащ: удз гъэгъахэм псы щIэткIащ, хадэм дилэжьыхьащ, пщIантIэр зэщIэтпхъэнкIащ. Фызыжьыр хъущIэрт зыдмыгъэпсэхуу дызэрылажьэм щхьэкIэ, ауэ дэ дыдыхьэшх мыхъумэ, ди лэжьыгъэр зэпыдгъэуртэкъым.

Iейуэ дезэшати, нэхъ пасэу дыгъуэлъыжыну мурад тщIащ. Оля и хьэпшыпхэр къихьри, сызыщIэлъ пэшым щIэт етIуанэ гъуэлъыпIэр иубыдащ. Дыгъуэлъыжа щхьэкIэ, тIуми ди жеин къакIуэртэкъым. Оля зэпымыууэ зыгуэрхэмкIэ сеупщIырт, езыми хъыбар гъэщIэгъуэн куэд къызжиIэжырт. Абы и макъым сыщIэдэIуурэ, жейм сыхилъэфащ.

Жэщыку хъуауэ, пщIыхьэпIэ мыфэмыцхэм сыкъагъащтэри, сыкъызэщыуащ. Оля и гъуэлъыпIэмкIэ сыплъэмэ – хэлъыжтэкъым. «Жейм емызэгъмэ щIэкIагъэнщ», – жысIэри, сыIурихыжын си гугъэу си нэр зэтеспIащ. Ауэ сыжеижыфыртэкъым, Оли къыщIыхьэжыртэкъым. Сыкъэтэджри хуэмурэ пэшым сыкъыщIэкIащ. КIэлындорым сриплъэри къысфIэщIащ и кIэ дыдэ пэшыр блэуэ. Уэздыгъэр зэрыщIэгъэнам и мызакъуэу, абы псалъэмакъ гуэрхэри къыщIэIукIырт. Джэдум хуэдэу макъыншэу бжэм сыхуэкIуащ. Ар дамэдазэу къагъэнати, сыкъуэплъри къэслъэгъуащ сурэт куэд мыбы зэрыщIэлъыр. Сурэт никъуэтх гуэрым елэжьу Оля щытт, абы къыбгъэдэтт Клавдие Ивановнэ, зыгуэр щхьэкIэ зэрыгузавэр и нэгум къищу. Зыри къызгурымыIуэу сакIэлъоплъ тIуми.

– Мыпхуэдэу куэдрэ декIуэкIыфынукъым, – къопсалъэ Клавдие Ивановнэ. – Зыгуэр къэгупсысын хуейщ.

– Зыми зыри къищIэнукъым, нанэ, умыгузавэ...

– Мыр ущIэмыгузэвэн хуэдэ Iуэхукъым, – жеIэ фызыжьым, и макъым зримыгъэIэтыщэу.

– Иджыри тIэкIу зыхуэгъэшэчыж, нанэ, Катя игъащIэкIэ щыIэну къэкIуакъым...

Клавдие Ивановнэ нэщхъейуэ абы еплъри, щэхуу жиIащ:

– Узэрыхуейщ, тIасэ. Абы уэ бэлыхь гуэр къыпхухэмыкIмэ содэ...

Клавдие Ивановнэ къыщIэкIыжыну зэрызигъэхьэзырыр щыслъагъум, псынщIэу си пэшым сыкIуэжащ. Зэхэсха псалъэмакъым и ужькIэ, жейм уезэгъыжынт?! Мы унагъуэм зыгуэр къызэрысщабзыщIыр иджы хьэкъыу спхыкIащ.

Сурэт слъэгъуахэр Анастасие зэриIэдакъэщIэкIыр гурыIуэгъуэт. Дауи, а пэшырат псоми хьэлэмэт ящыхъуа сурэт телъыджэхэр Анастасие къыщигъэщIу щытар. АтIэ, Оля сыт а пэшым жэщыбгым щищIэр? Е Оля а сурэтхэр зейр? АнастасиекIэ зэджэ сурэтыщIыр дунейм тетыххауэ пIэрэ? Хьэуэ, ар щыIащ, нэхъ ипэIуэкIэ утыку къихьэу щытащ, и сурэтхэр щагъэлъагъуэкIэ. Е ара дыкъэзыгъэпцIар?! УпщIэхэр гъунэжт... Жэуапхэр гъуэтыгъуейт...

Жейм семызэгъыу зыкъомрэ сыхэлъащ. Нэху щыным куэд имыIэжу, Оля щэху цIыкIуу къыщIыхьэжри гъуэлъыжащ.

СщIэнур къысхуэмыщIэу сыгупсысэу сыхэлъурэ, нэху щащ. Оля къэушыну пIащIэ хуэдэтэкъым. «Анастасие зебгъэщхьу, сурэт пщIыуэ нэху щыху ущыщыскIэ, дауи, жыуэ укъэтэджыфынкъым!», – жызоIэ сигукIэ, сыкъэгубжьауэ. Абдеж занщIэу зы гупсысэ си щхьэм къохьэ: «Оля жеймэ, лIыжь-фызыжьыр пщIантIэм дэтмэ, дыгъуэпшыхь щэхуу сызыщIэплъа пэшым сыщIыхьэныр гугъукъым...»

ГъэщIэгъуэнт а пэшым и бжэр Iухауэ къызэрагъэнар. Ар си дежкIэ насыпышхуэт! Сытуи сурэт куэд щIэлът мыбы! МащIэтэкъым ныкъуэтххэри. Бетэмал, си сурэттехыр сиIэжамэ!.. «Зыри уимыIэ нэхърэ нэхъыфIщ», – жызоIэри, си телефоным хэт сурэттехыр ятызогъапсэ Анастасие и лэжьыгъэхэм. Мис иджы зыIыгъ, Оля! Дунейм ехыжа сурэтыщI Iэзэм и сурэт хуэдэу ууейхэр бгъэлъагъуэу куэдрэ уекIуэкIыфын уи мыгугъэ!

Абдеж сыздэщытым, Светэ деж сыпсэлъащ. Си ныбжьэгъур зэрыжейбащхъуэр къысфIэмыIуэхуу, зэкIэлъызгъэпIащIэу жызоIэ: «Светэ, сэ мыбы къэщысщIар зэхэпхмэ, уи бзэр иубыдынщ. Нышхьэбэ нэхъ фIэмыкIыу сынэкIуэжынущ, хъыбар гъэщIэгъуэн ныпхуэсхьынурэ...»

ЗыстхьэщIауэ пэшым сыщыщIыхьэжым, Клавдие Ивановнэ сыхуэзащ.

– Катенькэ, укъэтэджаи! Щхьэ тIэкIу умыжейрэ?

– Мыпхуэдэ пщэдджыжь дахэм зыхэбгъэкIыжу, дауэ ужейуэ узэрыхэлъынур? – жызоIэ.

– НтIэ, псори фыкъыщытэджакIэ пщэдджыжьышхэ тщIы хъунущ. НакIуэ пщэфIапIэмкIэ, лIыжьри Оли абыкIэ щыIэщ.

Олярэ сэрэ Клавдие Ивановнэ дыдэIэпыкъун щIэддзащ. Ерыскъыр, сыт щыгъуи хуэдэу, стIолым техуэртэкъым. Псори IэфIт, гуакIуэт.

Дышхэу дыздэщысым, къызогъэжьэ:

– Сэ нобэ семыжьэжу хъунукъым. Унэм къипсэлъыкIащ, Iуэху гуэрхэр диIэщ...

Ар зэрыжысIэу, Клавдие Ивановнэрэ Олярэ зэплъыжащ, Михаил Степанович нэщхъыцэу сэ къысхуеплъэкIащ.

– Ар сыту псынщIэу, – къопсалъэ Оля.

– Нышэдибэ жыыуэ си анэр къэпсэлъащ, нэхъ псынщIэу сыкIуэжынуи къызэлъэIуащ.

– Зыгуэр къэхъуауэ ара? – къэгузэващ Клавдие Ивановнэ.

– Хьэуэ, ущIэгузэвэн зыри къэхъуакъым.

Пщэдджыжьышхэ нэужьым сэ ди пэшымкIэ сунэтIащ, сызэрежьэжынум зыхуэзгъэхьэзырыну. Куэд дэмыкIыу Оля ныскIэлъыкIуащ.

– Пэжу, зыри къэхъуакъэ? Хьэмэрэ зыгуэр къытщубзыщIрэ? – жи абы.

– Сыт фщызбзыщIынур?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, дыгъуасэ псори тэмэм хуэдэу щытащ, нобэ зэуэ уежьэжын хуей хъуащ...

– Къэхъуар жысIаи: си анэр мэлъаIуэ нэхъ псынщIэу сыкIуэжыну. ИтIанэ, сэ мыбы сыкъыщIэкIуа си ныбжьэгъур псэужкъым, абы къыхэкIыуи зыщIэзгъэгувэн щхьэусыгъуэ щыIэжкъым.

Пэжыр жыпIэнумэ, Оля сыкъызэригъэпцIам апхуэдизкIэ сризэгуэпти, ар слъагъунуи сепсэлъэнуи сыхуейтэкъым. Дауэ апхуэдэ напэншагъэ зэрыпщIэнур? Дунейм ехыжам и цIэр къэбгъэсэбэпу, уи сурэтхэр дауэ зэрыбгъэлъэгъуэнур? Абы и щэхур зыбзыщI лIыжь-фызыжьырщэ?!

Си бысымхэм сэлам ясхыжри, сежьэжащ. ТIэкIуи сытеукIытыхьырт зи шхын IэфI сшхахэм я щэхур псоми къезгъэщIэну сызэрыхэтым. Ауэ, итIанэми, Оля илэжь щIэпхъаджагъэр апхуэдэу къэзгъэнэну сыхуейтэкъыми, сыщIезыгъэгъуэжын гупсысэхэр адэ жыжьэу Iусхуащ...

Пшапэ зэхэуэгъуэу сыкъэсыжащ къалэм. Гъуэгум сригъэзэшами, къэсщIа псор стхыжыным сыхуэпIащIэрти, зызгъэпсэхунуи сыхуейтэкъым. Жэщыр сфIихьами, си гур къигуфIыкIырт а лэжьыгъэ мытыншыр псынщIэу зэрызэфIэзгъэкIыфам щхьэкIэ. Сэ сщIэрт журналистым къыIэрыхьа хъыбарыщIэр и чэзум къимыгъэсэбэпмэ, иужькIэ абы мыхьэнэ зэримыIэжыр.



МахуитI дэкIри, сурэтыщI Анастасие теухуа пэжыр ди газетым къытехуащ! Автобуси, парки, тыкуэни – дэнэкIи щызэIэпахырт псоми гъэщIэгъуэн ящыхъуа статьяр зытет газетыр. КъытрагъэзэжурэцIыхухэр абы еджэрт. Псори сызэрыхуейм хуэдэу хъуат! Нэхъ цIэрыIуэ дыдэу щыIэ журналхэмрэ газетхэмрэ къэпсалъэрт, Симоновэ Екатеринэ лэжьыгъэ къыхуагъэлъагъуэу. Светэти, сэркIэ гушхуэу, дэни си гугъу щищIырт. Уеблэмэ журналистхэм я съезд куэд мыщIэу щыIэнум фIыщIэ тхылъ къыщызатын хуейуэ къыхилъхьат. КъызэхъулIат си мурадыр, ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, си гур утIыпщауэ абы сыщыгуфIыкIыфыртэкъым. Си нэгум щIэкIыртэкъым Клавдие Ивановнэ...

Статьяр дунейм къытехьэри, махуищи дэкIыжауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым ди унэ къахьащ матэ из удз гъэгъа. Ар къезыгъэхьар сфIэхьэлэмэтти, абы хэлъ тхылъымпIэ напэр псынщIэу къыхэсхащ икIи ит псалъэхэм зэуэ си лъэр щIагъэхуащ, сигури ирахащ: «УзыщыгугъагуфIэгъуэр къыпхуихьа хъыбар нэпцIым?» (Анастасие). АпхуэдизкIэ Iэнкун сыкъэхъуати, тхылъымпIэр сIэпыхуащ. Си гур Оля деж жащ. «И щэхур къызэрыщIэзгъэщар хуэмышэчауэ, сигъэбампIэу аращ. Еплъыт абы! Аргуэру «Анастасие» жери етх!» – сыкъогубжь сэ.

СыбампIэу, сыкъикIукI-сыникIукIыу унэм сыщIэту щилъагъум, мамэ къызоупщI:

– Сыт къэхъуар?

– Дауэ къыпщыхъурэ а Оля?! Езыр укIытэным и пIэкIэ, сэ сигъэукIытэжын и гугъэу письмо къысхуетх.

– Ар щIэукIытэн илэжьауэ ущыхьэт?

– Дауэ зэримылэжьар? Нэгъуэщ Iым и цIэкIэ уи сурэтхэр бгъэлъэгъуэныр емыкIуу къыпщыхъукъэ?! ГъэщIэгъуэнкъэ лIыжь-фызыжьми ар зэрабзыщIыр?!

– Абы щыгъуэ, уэ зыхыумыщIыкI Iуэхугъуэ гуэрхэр щыIэу аращ, – жеIэ мамэ.

Къуаншагъэ збгъэдэлъу къэзмылъытэми, нэху щыху си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым. СыбампIэрт Оля щхьэкIэ. Апхуэдэу есхьэкIащ зы тхьэмахуэ. Псом хуэмыдэу си щхьэм имыкIыр «хъыбар нэпцI» жыхуиIэ псалъэхэрат. Жеиншэу аргуэру зы жэщ згъэкIуа нэужь, мурад сщIащ Анастасиехэ я деж тезгъазэу, Iуэхум и пэжыпIэр къэсщIэну.

– Сыт аргуэру узыхэтыр? – шхыдэрт мамэ. – А уэ пщIам и ужькIэ, абыхэм я пщIантIэ удагъэхьэну? УдаукIыхьын мыгъуэщ... ЗыщIыпIи узгъэкIуэнукъым...

– Ахэр цIыху Iейкъым, мамэ, зыри къызащIэнукъым, умыгузавэ, – жызоIэ, сэр дыдэм а жысIэр си фIэщ мыхъужми.

– Ахэр цIыху Iейуэ къыщIэкIынкъым, ауэ абыхэм я дежкIэ уэ иджыпсту убийщ.

Мамэ сыт хуэдизкIэ сыщIригъэгъуэжыну хэмытами, абы семыдаIуэу згъэзэжащ тхьэмахуэ и пэкIэ сыпIащIэу сыкъызыдэкIыжа къуажэм.

Япэми хуэдэу, къуажэм сыщынэсам пщыхьэщхьэ хъуакIэт. Зы лъэныкъуэкIи, сыщыгуфIыкIырт зэманыр зэрыхэкIуэтам, жэщыбгыу срахужьэжынкъым, жысIэрти. Ауэ Михаил Степанович и плъэкIэр си нэгу къызэрыщIыхьэжу, си гум нэхъ псынщIэу къеуэн щIидзэрт. Абы, жэщ-махуэ жимыIэу, занщIэу сыкъыдихужынкIэ тIэу еплъынутэкъым. Куэбжэм сызэрыIухьэу, хьэ цIыкIум бэнэн щIидзащ. Ауэ иджы ар япэм хуэдэу къысхуилъыртэкъым. Сышынапэу, куэбжэр хуэмурэ Iусхри сыдыхьауэ хьэ цIыкIум сопсалъэ:

– Барон, сыкъэпщIыхужауэ ара?

Хьэ банэ макъыр зэхэзыха Михаил Степанович унэм къыщIэкIащ. Пшапэ зэхэуэгъуэти, тэмэму сыкъимылъэгъуауэ щIоупщIэ:

– КъаджэIарэ?

ЗанщIэу сигу къэкIат, сыкъыщIэкIуа Iуэхури къэзгъанэу, зыми сыкъимылъагъу щIыкIэ псынщIэу сыдэжыжыну. Ауэ, итIанэми, жэуап сотыж:

– Сэращ ар, Михаил Степанович, Катящ...

ЛIыжьым зыри жиIэртэкъыми, сызэхимыха си гугъэу къытызогъэзэж:

– Сэращ ар, Катящ.

Михаил Степанович мыпIащIэурэ дэкIуеипIэм къехри къызбгъэдыхьащ. Фэ игъащIэм флъэгъуа мыщэ губжьа? Ар сыт хуэдизу мыябгэми, иджыпсту си пащхьэм ит лIыжьым нэхърэ нэхъ шынагъуэу къыщIэкIынтэкъым!

– Уэ, – кърегъажьэ абы, – умыукIытэу къэбгъэзэжауэ ара? А зэхэпщIыхьам и ужькIэ дауэ укъытIуплъэну? Зызумыгъэлъагъуу, дэкI мы пщIантIэм, фочыр къыщIэсхыу сыномыуэ щIыкIэ...

– Михаил Степанович, – хуэмурэ къыщIызодзэ сэ. – Уэ укъыщIэгубжьын сщIакъым сэ. Фэ фи къуэрылъхум къытехьэ лейр си псэм темыхуауэ аращ. Анастасие дунейм ехыжащ, ауэ абы и цIэр щIидзурэ, Оля и сурэтхэр егъэлъагъуэ. Ар тэмэм-тIэ?! Сэ уэри Клавдие Ивановни фи жагъуэ сщIыну сыхуеякъым...

– Сыт уэ хэпщIыкIыр дэ ди унагъуэ Iуэхум?! – къогубжь нэхъри лIыжьыр. – Iейуэ дыкъыпфIэIуэхуащ дэ уэ! ЩIэрыIуэ узэрыхъун хъыбар тIэкIу къыпIэрыхьэмэ нэгъуэщI зыри ухуейкъым... ДэкI мы пщIантIэм, сэ удэзмыдз щIыкIэ...

Михаил Степанович, къэгубжьри, пщIантIэм сыкъыдигъэувыкIыжащ. Ауэ, итIанэми, куэбжэр хуезмыгъэщIыжу, си макъ къызэрихькIэ сокIий:



11 Заказ №453

– Михаил Степанович, кхъыIэ, хъунумэ, Оля сыхуэгъазэ. Абы зыгуэрхэмкIэ семыупщIу сыкIуэж хъунукъым...

Си лъэIур зыуи къримыдзэу, лIыжьыр къызоныкъуэкъу, си пащхьэм куэбжэр щыхуищIыжыну.

– Дадэ, къыдэгъэхьэ ар. Сэ езыр сыхуейщ абы сепсэлъэну... – къоIу Оля и макъ.

ЛIыжьри сэри Iэнкун дыкъэхъуащ. Макъыр къыздиIукIамкIэ дыплъэмэ, Оля дэкIуеипIэм деж тетщ.

– Дадэ, – къытрегъэзэж Оля и лъэIум, – къыдэгъэхьэ ар.

ЛIыжьым хуэмурэ куэбжэр Iуихащ, «къыдыхьэ» жыхуиIэу.

Олярэ сэрэ гъунэгъубзэу дызэбгъэдыхьами, зытэлайкIэ зыри жыдмыIэу дыщытащ.

– НакIуэ, ныщIыхьэ, – жеIэ абы иужькIэ. – Уэ сэ слъагъур упсэлъэну уолIэ...

Пэш сыздыщIишам Клавдие Ивановнэ щIэст.

– Клавдие Ивановнэ, дауэ ущыт? – жызоIэ.

Ар ней-нейуэ къысхуеплъэкIа фIэкIа, зыри жиIакъым. Олящи, сишхыным хуэдэу къызоплъ.

– Уэ зыгуэрхэмкIэ укъызэупщIыну укъэкIуауэ жыпIащи, иIэ, къызэупщI. Сэ сыхьэзырщ уи упщIэхэм жэуап естыну, – жи Оля.

– Хьэуэ, – хуэмурэ къызогъажьэ сэ. – Уэращ псэлъэн хуейр. Сыт а нысхуебгъэхьа письмом къикIыр? Сыщыпсэури дэнэ къыщыпщIа?

– Уэ сэ сыщыпсэур къыщыпщIэфакIэ, сэ уэ ущыпсэур щхьэ къэзгъуэтыфын хуэмейрэт? Письмом и гугъу пщIымэ, абыкIэ къыбгурыIуауэ щытын хуейщ бжесIэну сызыхэта псори. Сэ сызэреплъымкIэ, уэ журналист IэщIагъэр къыхэпхын хуеякъым. Iуэхур зыIутыр къыумыщIэ щIыкIэ ухэлъадэри мыхъумыщIагъэ гуэрхэр птхащ. Ар щыуагъэшхуэщ дэтхэнэ зы журналистым дежкIи.

А дакъикъэм апхуэдизкIэ сыкъэгубжьати, сыфIэбгъэжами, лъы ткIуэпс къысщIэкIыну къыщIэкIынтэкъым. Си лэжьыгъэм теухуауэ къызэпсалъэр хэт езыр?! Дунейм ехыжам и цIэкIэ зи сурэтхэр зыгъэлъагъуэрщ! Сыт хуэдэ хуитыныгъэ абы иIэр апхуэдэу зыкъысхуищIыну?!

– Сэ укъыстепсэлъыхьын и пэкIэ, уэ блэжьа щIэпхъаджагъэм и гугъу щIыт, кхъыIэ.

– А узытепсэлъыхь Iуэхум сыт уэ хэпщIыкIыр? Уэ къыпщхьэщыкIыу, сэ Анастасие сриныбжьэгъущ, жысIэу пцIы супсыркъым...

– Сэ пцIы супсауэ дэнэ уэ щыпщIэр?

Оля ину къэдыхьэшхри, сызыщымыгугъа жэуап къызитащ:

– СощIэ... Сэ фIы дыдэу сощIэж Катя Симоновэ жиIэу ныбжьэгъу сызэримыIар. Къызэплъыт тэмэму... Сэ сы-Анастасиещ!

ЖысIэнур къысхуэмыщIэу, сыкъэуIэбжьауэ сыщытщ. Ар дауэ?! Анастасие и ныбжькIэ щIалэ дыдэщ, Оля хэкIуэтаифэ тетщ. Абдеж зэуэ сигу къокIыж, си пащхьэм ит хъыджэбзыр япэу щыслъэгъуам сызэгупсысар: ныбжьышхуэ имыIэми, пасэу жьыфэ къытеуащ.

– Дауэ?! – аращ жысIэфари.

– «Прогерие» жиIэу узыфэ зэрыщыIэм зыгуэр хэпщIыкIрэ?

– ХызощIыкI. Ар, имычэзууэ цIыхур жьы щыхъум дежщ. Узыфэ Iейщ, къызыхэкIри къахуэмыщIэу икIи яхуэмыгъэхъужу.

– АтIэ, мис ар сэ къызоуз, – хуэму жеIэ хъыджэбзым. – ИлъэситI и пэкIэ зи щIалэгъуэ дахэу щыта хъыджэбзым къыхэнэжар мис мы плъагъурац. Махуэ къэс нэхъ жьыфэ къыстоуэ... Куэди схьыжыну-

къым! Мы узыр къыппкърыхьа нэужь, илъэсипщI-пщыкIущ уигъэпсэужынкIэ хъуну аращ. Упсэуми, кхъахэ дыдэ ухъуарэ уакъыхуэмыщIыхужу утекIыжынущ дунейм.

Анастасие и нэпсыр имыгъэпщкIуу псалъэрт, Клавдие Ивановни щэху цIыкIуу къыпыгъыкIырт. Сэрати, жысIэнур къысхуэщIэртэкъым. Настя сеплъыпэмэ къызолъагъу, пэж дыдэу, абы жьыфэ къызэрытеуар. Удз гъэгъа дахэр имычэзууэ зэрыхуэлэжым хуэдэт ар. «Сыту гуауэшхуэ мы тхьэмыщкIэм къыщыщIар! И гум дауи хуэшэчыну ар?!» – согупсыс сэ, слъагъумрэ зэхэсхамрэ си гум щIыхьауэ.

– Настя дунейм ехыжауэ щIыжытIар иджы къыбгурыIуа си гугъэщ, – къопсалъэ Клавдие Ивановнэ. – Абы и дежкIэ ар нэхъ тыншщ: зыми и Iуэху къызэрихуэркъым, упщIэкIэ и псэм бэлыхь тралъхьэркъым.

– СыщIалэу, сыдахэу цIыхухэм ягу сыкъинэжыну сыхуейщи, аращ зыщIэзгъэпщкIур. Къызэплъыт быдэу, еплъыт мы сэ сызэрыхъуам... Мыпхуэдэу дауэ закъезгъэлъагъуну цIыхухэм? – магъ Настя. – СыгуIэжурэ жьы сохъу. ДяпэкIэ нэхъ Iеиж сыхъунущ...

– Жьыгъэми фIагъ гуэр хэлъщ, – жызоIэ, мыбдеж ар щыжыпIэну къемызэгъ пэтми.

– Пэжщ, жьыгъэр фIыщ, и чэзум къакIуэмэ, – къыспедзыж Настя.

Анастасие и Iуэхур апхуэдизкIэ сигу щIыхьати, сыпIащIэ-сытхъытхъыу статья зэрыстхам сыхущIегъуэжат. СукIытэжат. Мы унагъуэм ехьэлIауэ емыкIушхуэ злэжьати, си щхьэр здэсхьынур сщIэртэкъым. Сыкъуаншэт. СекъуэншэкIат лIыжь-фызыжьми Анастасии. «Ухъужынщ, умыгузавэ», – жысIэну си бзэгупэ къыпылъадэрт, ауэ ар зэрыпцIыр сщIэрти сыщытт, си нэпсыр къежэхыу...

Иджыпсту мы унэм сызэрыщылейр къызгурыIуэри, стIолым тет си сумкэмкIэ си Iэр сшияц, ар къэсщтэжу сыщIэкIыжын мурад сиIэу. Ауэ зыри жызмыIэуи дауэ сежьэжынт...

– Сэ Iейуэ сынывэкъуэншэкIащ, – къыщIызодзэ хуэму. – Фи узыр узитI сщIащ. Тхьэм щхьэкIэ, къысхуэвгъэгъу. Iуэхур зэхэзмыгъэкI щIыкIэ статьяр стхыни къытрезгъэдзэни хуеякъым. Сызэрынэсыжу, си щыуагъэр зэзгъэзэхуэжынщ. Къысхуэвгъэгъу, флъэкIынумэ...

Ар жысIэри, сыкъыщIэкIыжащ унэм. Жэщи хъуат, сызэрыкIуэжыни згъуэтынутэкъым, ауэ мы унагъуэм нэху сыкъыщекIыну къэзлэжьыртэкъым.

Куэбжэм сыщынэс дыдэм Анастасие къыскIэлъыджащ:

– Катя, Катя, зэ къэувыIэт.

Гъунэгъу къыщысхуэхъум абы жиIащ:

– Жэщ хъуауэ уемыжьэж. Къанэ ныжэбэ, пщэдджыжь жьыуэ удэкIыжынщ.

– Хьэуэ, Настя, апхуэдэпщIэ сэ къэзлэжьыркъым. Клавдие Ивановнэрэ Михаил Степановичрэ я нэгу хуиту сиплъэфыркъым... Сэ сщIам и ужькIэ уэри укъызэпсэлъэххэн си гугъакъым...

– Зы жэщ ущыIэ щхьэкIэ, абыхэм зыри жаIэнукъым. НакIуэ, нэгъэзэж. мыпхуэдэу хэкIуэтауэ сэ гъуэгу утезгъэхьэнукъым.

ЖысIэнIауэ сыхунэмыс щIыкIэ унэмкIэ къоIукI Клавдие Ивановнэ и макъ:

– Настя, Настя...

Дэ псынщIэу унэм дыщIэлъэдащ. Клавдие Ивановнэ къызэрыдгъэнам хуэдэу шэнтжьейм ист, ауэ и фэр пыкIат, и Iэхэр кIэзызырт, жьы хурикъуртэкъым. Настя псынщIэу къигъуэтащ Клавдие Ивановнэ апхуэдэу къыщызэIыхьэхэм деж зэфэ хабзэ хущхъуэр. Ауэ, абыкIи игу мызагъэу, дохутыр къриджащ. «Псори зи ягъэр сэращ. Бэлыхь хэздзащ

лIыжь-фызыжьри Насти. Я фэр исхащ. Сытыт сызезыхуэр? Щхьэ семыдэIуарэт си анэм жиIэм? – си щхьэр фIызоудыж. – Клавдие Ивановнэ нобэ зыгуэр къыщыщIмэ, игъащIэкIэ зыхуэзгъэгъужынкъым».

Дохутырри напIэзыпIэм къэсащ. Хущхъуэ гуэрхэр ирахьэлIэри, Клавдие Ивановнэ хуэмурэ жейм хилъэфащ. Настя сэрэ ди шэнтхэр дгъэкIуатэри, унэгуащэр зыхэлъ пIэм пэмыжыжьэу дытIысащ.

ЗытэлайкIэ зыри жыдмыIэу дыщыса нэужь сэ хуэму къезгъэжьащ:

– Настя, мы къэхъуамкIэ сэращ къуаншэр. ИгъащIэкIэ схуэпшыныжыну си фIэщ хъуркъым гуэныхьу фи деж къыщысхьар. Сыкъэфлъагъуну фызэрижагъуэр сощIэ, ауэ, итIанэми, сынолъэIунут Клавдие Ивановнэ нэхъыфI хъужыху сыщыбгъэIэну. ЗыгуэркIэ дэIэпыкъуэгъу сыпхуэхъунщ...

Настя зыри жимыIэу щыст, ауэ и нэпсыр зы дакъикъи увыIэртэкъым. Иджыпсту абы хузэхыхьэжат гукъеуэ куэд: и адэ-анэр зэримыIэжри, езым и Iуэхур зэрыхэкIыпIэншэри, и анэшхуэм зэрытегузэвыхьри... Гужьеяуэ, ар еплъырт Клавдие Ивановнэ, зы дакъикъэкIэ и нэр къытрихмэ, зыгуэр къыщыщIын фIэщIу. Сэ си гум зишхыхьыжырт, си щхьэр фIэзудыжырт, мы дунейм сэр нэхърэ нэхъ цIыху Iей темыту къысфIэщIырт.

Ди нэбдзыпэ зэтедмылъхьэу Настя сэрэ а жэщыр дгъэкIуащ, Клавдие Ивановнэ дыбгъэдэсу. Пщэдджыжьым ар тIэкIу нэхъыфI къэхъуащ, ауэ дохутырым тхьэмахуэкIэ къэтэдж мыхъуну жиIати, езым дауэ зимыхъунщIэми, къэдгъэтэджакъым. ЖетIащ зы щхьэкIи мыгузэвэну, Настярэ сэрэ Iуэхуу щыIэр зэрызэфIэдгъэкIыфынур.

ПсынщIэ-псынщIэу пщэдджыжьышхэр дгъэхьэзырри, лIыжь-фызыжьри дгъэшхащ, дэри тIэкIу дедзэкъащ. Абы и ужькIэ пщIантIэ Iуэхухэм я ужь дихьащ.

Настя и нэгур зэхэкIри, зэзэмызи къыпыгуфIыкI хъуат. Iуэху здэтщIэм, абы хъыбар гъэщIэгъуэнхэм сыщIигъэдэIурт, щеджа зэманым къысхутепсэлъыхьырт, сэри си лэжьыгъэм и гугъу хуэсщIырт. Ауэрэ абы игу къэкIыжащ я деж сыкъыщыкIуа япэ махуэм Клавдие Ивановнэрэ Михаил Степановичрэ яхуэзупсауэ щыта пцIыр – Настя сэрэ зы общежитие дызэдыщIэсащ, зэрыжысIар. КъызэрыщIэкIымкIэ, ар игъащIэм общежитие щIэсатэкъым.

– Апхуэдэу дауэ жыпIат? – жи Настя.

– Ар жысIэри сэри сыщIегъуэжат, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэтэкъым. Сэ къэсщIэн хуейт Анастасие выставкэхэм щIэмыкIуэжымрэ ар здэщыIэмрэ. «Сыжурналистщ» жысIамэ, Клавдие Ивановнэрэ Михаил Степановичрэ сыкъыдагъэхьэнутэкъым. ПцIыкIэ фи унагъуэ сыкъызэрихьар емыкIуу сщIащ... Ауэ, Настя, дауэ мыхъуами, сыщогуфIыкI сызэрыпхуэзам, укъызэрысцIыхуам.

– Дауи, емыкIут а уэ пщIар... – афIэкIа жиIакъым Настя.

Шэджагъуашхэр къэсати, Настя сэрэ дызэдэуэршэрурэ дыпщэфIащ. Михаил Степанович шхыныр пщэфIапIэм деж къыщыхутедгъэуващ, Клавдие Ивановнэ и пэшым хущIэтхьащ. Ар къытщытхъуащ. И гуапэ хъуащ Настя и закъуэу къэзгъанэу сызэремыжьэжар.

– Катя, – жи абы, нэфIэгуфIэу къызэплъурэ, – Iуэхур дауэрэ къемыкIуэкIами, сыпхуэарэзыщ. Сыпхуэарэзыщ, уи статьямкIэ укъызыщхьэщыжар си Анастасиещи. ФIыщIэ пхузощI!

Зэхэсхыр си фIэщ схуэмыщIу, Клавдие Ивановнэ соплъри сыщытщ. Апхуэдэ щытхъу, апхуэдэ псалъэ дахэ къэзлэжьрэт сэ?!

– ФIыщIэ зыхуэфащэр фэращ... Бэлыхь фыхэздзащ унагъуэр, итIани нэмыплъ къызэфтыркъым...

– Апхуэдэу жумыIэ, Катя. Гува-щIэхами, пэжыр цIыхухэм къащIэнут. Уэ ди псэм телъ хьэлъэр тепхащ. Сэ сытым хуэдэу сыщыгуфIыкIрэ Настя фэрэ ныбжьэгъу фызэрызэхуэхъуам. КхъыIэ, Катя, хъунумэ, нэхъыфI сыхъужыху щыIэ умыкIуэжу. Настенькэ и закъуэу къыумыгъанэ.

– Клавдие Ивановнэ, зы щхьэкIи умыгузавэ. Сэ тхьэмахуэкIэ сыщыIэнущ. Абы къриубыдэу уэри ухъужынщ, тхьэм жиIэмэ.

– Сыту фIыт, си хъыжэбз цIыкIу! СыбгъэгуфIащ Iейуэ... Иджы фыкIуэ, фыкIуи, шэджагъуашхэ фщIы. Сэри тIэкIу сыщхьэукъуэнщ.

Апхуэдэурэ махуэхэр кIуэрт. ИгъащIэ лъандэрэ сахэсам хуэдэу, сесэжат мы унагъуэм. Настя сэрэ сыткIи дызэгурыIуэрт, Клавдие Ивановнэ зэпымыууэ къысщыгуфIыкIырт, уеблэмэ Михаил Степановичи нэхъ гуапэу къысхущыт хъуат. ИтIани, си гур хэзыгъэщI щыIэт. Ар Анастасиет. Пщэдджыжь къэс ар гъуджэм бгъэдыхьэрти и нэкIур зэпиплъыхьырт, и щхьэцым хэплъэрт, и Iэхэм еплъыжырт. Ину хэщэтыкIырти, и нэпс къыфIекIуар игъэпщкIуурэ, гъуджэм къыбгъэдэкIыжырт. Сытым хуэдэу гукъутэт абы уеплъыну!..

– Сытхэр си Iэмал?! – магъ Настя. – Сыту мыгъуэ сынасыпыншэт! Иджыри зы илъэс дэкIыжмэ, нанэ нэхърэ нэхъ жьыфэ къыстеуэнущ. Махуэ къэс нэхъ Iей сохъу. Жьыгъэр апхуэдэу пасэу къыпкIэлъысу, мы гъащIэ дахэм ухэкIыжыну дауэ къыпщыхъурэ?!

– Ар щхьэ жыпIэрэ, Настя? Апхуэдэ уз зиIэхэми къахокI куэдрэ псэу. Уэри, тхьэм жиIэмэ, упсэунщ, – жызоIэ, а жысIэр зэрыпцIыр, а узыр зыпкърытхэм гъащIэшхуэ зэрамыIэр сщIэ пэтми. Iэпкълъэпкъыр, имычэзууэ, жьы мэхъу, абы хигъащIэ псэр йош, щIолIэ. Гуми а псор хуэмышэчыж мэхъури, цIыхур дунейм йохыж...

– Сэ си узым сызэреджэр пщIэрэ? – зыкъысхуегъазэ Настя. – «ЩIалэгъуэм и жьыгъэ». Аращ фIэсщари си коллекцие нэхъыфIым. Ухуеймэ, накIуэ, уезгъэплъынщ. Уэ ахэр, дауи, пфIэгъэщIэгъуэн хъуну къыщIэкIынщ.

Настя сыздыщIишар езыр щылажьэ и хабзэ пэшырт. Зэгуэр гъэпщкIуауэ сыздыщIыхьауэ щыта пэшым сыкъыщыщIэхутэжым, сукIытащ, дыгъум хуэдэу сыкъыщIыхьэу лэжьыгъэ щIэлъхэм сурэт зэратесхар сигу къэкIыжри.

Настя пIащIэу зэбгъэдигъэувэрт хъыдан хужь къызэпхъуха сурэтхэр.

– ЯпэщIыкIэ уэзгъэлъагъунщ «ЦIыхубз насып» зыфIэсща коллекциер. Ахэр сурэтибл мэхъу, – жери, Настя сурэтхэр къыщIегъэщ. – Мыр си лэжьыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщу къызолъытэ.

Сурэт щIыным кууэ хэпщIыкIын хуейтэкъым Настя и лэжьыгъэхэм я фIагъыр къыбгурыIуэн щхьэкIэ. Дэтхэнэ зыми удихьэхырт. Удихьэхым и мызакъуэу, абыхэм ущеплъкIэ зыхэщIэныгъэ хьэлэмэт гуэрхэм узэщIаубыдэрт. Япэ сурэтым итт дунейм къызэрытехьэрэ сыхьэт бжыгъэ фIэкIа мыхъуа сабий. ЕтIуанэ сурэтым ар – щызекIуагъащIэт; ещанэм – школакIуэт; еплIанэм – зи щIалэгъуэ, зи дахэгъуэ хъыджэбз зэкIужт; етхуанэм – нысащIэт; еханэм – зи щхьэцым тхъугъэ мащIэ хидза цIыхубз щIалэт; ебланэм – зи бынхэр къызэпщIэкIа нанэ Iумахуэт. Мы сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуар дэтхэнэ цIыхубзми насыпыфIэу икIун хуей гъащIэ гъуэгуанэрт. Сурэтхэм уздеплъым, уи нэпсыр къыпфIекIуэрт, уигу хэзыгъэщIын гуэри абыхэм къыщымыгъэлъэгъуа пэтми.

– Сыт хуэдэ ныбжьым имытми, цIыхубзыр дахэу щытыну хуейщ, – жи Настя. – Еплъыт мы сурэтхэм къарыщ цIыхубзыр зэрызэкIэлъыкIуэм. Ныбжь къэс езым и фIагъ гуэрхэр иIэжщ. Жьыгъэри хъарзынэщ,

ауэ ар щыфIыр щIалэгъуэм гу щыпхуа нэужьщ. Сэ схуэдэу ущIалэу жьы ухъумэ, ар икъукIэ насыпыншагъэщ.

Настя и псалъэр зэпигъэури, и гур къызэфIэнауэ щытащ зытэлайкIэ. ИужькIэ пищэжащ:

– Иджы уэзгъэлъагъунщ «ЩIалэгъуэм и жьыгъэ» зыфIэсща коллекциер.

Ар жери, хъыдан хужькIэ щIэхъума сурэтитху кърихгъэувэкIащ.

– НетIэ уэзгъэлъэгъуар, – къыпещэ Настя, – си гъащIэр зэрекIуэкIын хуеярщ. Иджы уэзгъэлъагъунур си гъащIэр зэрыхъуарщ.

Настя сурэтхэм ятепхъуар трихыу, абыхэм сащыIуплъам, сыкъэуIэбжьащ. Ахэр зыкъомкIэ жэуап хуэхъурт Анастасие теухуауэ сиIэ упщIэхэм. Настя и узыр къызэрежьар, илъэс къэс и теплъэм зэрызихъуэжар – ахэрат мы сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуар. Мис, япэрей сурэтым ит хъыджэбзыр дахэ дыдэщ, и щIалэгъуэщи, гъащIэм щогуфIыкI. ЕтIуанэ сурэтым ар щынэщхъейщ, и теплъэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр иIэщи, ауэ иджыри зэрыдахэщ. Ещанэ сурэтым Настя къощ и нэкIур зэлъауэ, абы иIэ лэдэххэм нэпс тедияуэ. ЕплIанэм – пщащэр щхьэгъубжэм бгъэдэсщ, и нэкIур зэлъащ, и щхьэцыр тхъуащ, и нэгур гурыфIыгъуэншэщ... Ар адэ жыжьэ маплъэ, ауэ зыри имылъагъу хуэдэщ. Етхуанэр иджыри нэтхысакъым...

Слъагъур си гум щIыхьащи, жысIэнур къысхуэмыщIэу сыщытщ. Настя тезгъэунут, ауэ зы псалъи къысхуэгъуэтыртэкъым. Сыти жепIэнт?! Абы хэту, ар къопсалъэ:

– Иужьрей илъэситI-щым я гъуджэщ мы сурэтхэр. Етхуанэри куэд мыщIэу сухын си гугъэщ, сыпсэумэ... Катя, мы узыр къызэрызэуалIэрэ, си псэм бэлыхьу телъамрэ си фэм дэкIамрэ къыщызгъэлъэгъуэжар си сурэтхэм я закъуэкъым. Мыбдеж щылъ тетрадыр плъагъурэ? Махуэ къэс си узыншагъэм зэрыхэщIамрэ абы гупсысэ хьэлъэу сызыхидзамрэ къыибгъуэтэнущ мыбы. Ар къыпхузогъанэри, сыщымыIэж хъумэ, къеджэ. Ауэ, кхъыIэ, зыми иумыгъэлъагъу. Си гур зэгуэмыудын папщIэ стхауэ аращ мыр.

Настя егъэлеяуэ нэщхъейт, ауэ щыпсалъэкIэ мащIэу къыщыпыгуфIыкIи къэхъурт. И щытыкIэм пIейтеиныгъэ гуэри хэлъыжтэкъым, гъащIэм губжьи гукъеуи хуимыIэж хуэдэт.

– Настя, – жызоIэ сэ нэфIэгуфIэу, сигу къэкIам гукъыдэж къызитауэ. – СызэреплъымкIэ, уэ уи выставкэ щхьэхуэ къызэгъэпэщын хуейщ. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуфын гуэрхэр соцIыхури, уарэзымэ, сыпхуепсэлъэнт.

Си псалъэр сIэпиуду, Настя гужьеяуэ жеIэ:

– Хьэуэ, хьэуэ... Сэ мыпхуэдэу цIыхухэм сахыхьэнукъым... СыщIалэу, сыдахэу ягу сыкъинэжмэ нэхъ къызощтэ. Аращ куэд щIауэ зыщIыпIи сыщIэмыкIуэжри.

– Уэ унэмыкIуэу, дэ псори къызэдгъэпэщынщ. Тхьэмахуэ дэкIмэ, укъыщалъхуа махуэщи, сыхуейт выставкэр абы ирезгъэхьэлIэну, абыкIи уи махуэмкIэ сынохъуэхъуну... Ауэ уэ умыарэзыуэ, сэ абы и ужь сихьэнукъым.

– Сыкъамылъхуа мыгъуэми нэхъыфIти... – жиIэри, Настя занщIэу щIэкIащ...

А махуэм афIэкIа выставкэ гугъу тщIыжакъым. ПщIантIэ Iуэхути, унагъуэ Iуэхути жытIэурэ пшапэри зэхэуащ.

Унэ щIыхьэпIэм пэгъунэгъуу щыт тетIысхьэпIэм дыуэршэру дыздытесым, куэбжэм зыгуэр ину къытеуIуащ, Барони банэу щIидзащ. «Хэт хъуну ар?» жыхуэтIэу, Настя сэрэ дызэплъыжащ, зыхуэтхьынур дымыщIэу. Абы хэту, Михаил Степанович унэм къыщIэкIащ.

– Хэту пIэрэ иджы къытхуэкIуар? – жиIэу шхыдэурэ куэбжэмкIэ игъэзащ.

Зы дакъикъэ нэхъ дэмыкIыу, лIыжьым къигъэзэжащ, зы щIалэ екIу и гъусэу. Ар къызэрилъагъуу, Настя къэскIащ, зэщIэкIэзызащ. ЩIалэм и сэламыр къызэрыфIэIуэхуа щымыIэу, зэуэ и нэкIум епхъуэжри, унэм щIэлъэдэжащ. Сэ абы сыкIэлъыжащ. «Настя, Настя, зэ къэувыIэт», – жиIэурэ щIалэри нажэрт си ужьым иту.

Михаил Степанович ар занщIэу пщIантIэм къыщцыдишакIэ, дауи, и цIыхугъэ гуэрщ. Сэ къысфIэщIащ а щIалэр зыщIыпIэ щыслъэгъуауэ. Хэт хъуну ар? Сыт Настя апхуэдизу къыщIэщтар?

Анастасие и пэшым щIэлъэдэжри бжэр къигъэбыдэжащ. ЩIалэр бжэм бгъэдыхьащи, и нэпсыр къыщIэлъэдауэ щытщ, ищIэнур къыхуэмыщIэу. ИужькIэ бжэм теуIуэн щIедзэ:

– Настя, бжэр Iухыт.

– Влад, щхьэ укъэкIуа мыгъуэ? – гъыурэ жеIэ Настя.

– Уэ къызжепIахэр зэрыпцIри, абы щхьэусыгъуэ хуэхъуари иджыщ сэ къыщысщIар. Уэ езым къызжепIэн хуеящ пэжыр. Дэ дысабиижкъым, мыпхуэдэурэ зумыгъэпщкIуу, бжэр Iухи, дызэгъэпсалъэ.

– Сынопсэлъэнукъым, Влад. КIуэж, кIуэж... – мэгъуэг Настя.

Влад зытэлайкIэ гупсысэу щыта нэужь жеIэ:

– Хъунщ, сэ сыкIуэжынщ. Умыгъ закъуэ. Ауэ зэгъащIэ: мы дунейм утетыху сэ узбгынэнукъым. Си гъащIэм кънриубыдэу уэ зыращ фIыуэ слъэгъуар. Сэ сокIуэж, ауэ куэд мыщIэу къэзгъэзэжынущ. ЗэжетIа псалъэ дахэхэри, дызэрыгъэпэжыну, зы гъащIэ гъуэгу зэдэткIуну тхьэ зэхуэтIуауэ зэрыщытари сэ сщыгъупщэжакъым...

Влад хуэмурэ бжэм деж къыIукIыжри, и щхьэр къыфIэхуауэ, щIэкIыжащ.

Михаил Степанович щIалэм тIэкIу кIэлъыкIуатэри къигъэзэжащ. ЗанщIэуи щIыхьэжащ Клавдие Ивановнэ зыщIэлъ пэшым.

Настя къигъэбыда бжэм деж сыкъыIунауэ сыздэщытым, къызогъажьэ:

– Настя, Влад мыбдеж щытыжкъым, дэкIыжащ. КхъыIэ, бжэр Iухи сыныщIэгъэхьэж.

Анастасие IункIыбзэр IуигъэпкIри, бжэр хуэмурэ къыIуихащ. Сыкъызэрилъагъууи, занщIэу зыкъызидзащ. Ар зэщIэкIэзызэрт, и нэпсри мыувыIэу къежэхырт. ЗызэтриIыгъэну хэтми, мызэкIэ къызэрехъулIэ щыIэтэкъым. Къыщиудащи, ину макъкIэ магъ, сэри согъ... Тезгъэунути, зы псалъи къысхуэгъуэтыркъым...

Настя и гъыныр тIэкIу нэхъ кIащхъэ хъуа нэужь, жызоIэ:

– Настя, кхъыIэ, зэ моуэ етIысэхыт. Сэ Михаил Степановичрэ Клавдие Ивановнэрэ я деж сыплъэнщи, къэзгъэзэжынщ. Уи псэр нэхъ тыншыну къыпщыхъумэ, Влад и гугъу къысхуэпщIынщ...

Пщыхьэщхьэ Iуэхухэр псынщIэу зэфIэзгъэкIыу къыщызгъэзэжам, Настя пэшым щIэсыжтэкъым. Сыкъэгузэващ, си гур здэмыжа щымыIэу. Унэм сыкъыщIэжмэ, ар дэкIуеипIэм деж тет стIолым бгъэдэст, иджыри къэс и нэпсыр мыгъущауэ. Гупсысэ хьэлъэхэм зэщIаIыгъэрти, сызэрыбгъэдыхьам занщIэу гу лъитакъым. ИужькIэ, пщIыхь куум къыхэкIыжа хуэдэ, къысхудэплъейри жиIащ:

– КъэтIыс, Катя. Сыту фIыт узэрымыкIуэжар... Дауэ сыхъунут ныжэбэ си закъуэу сыкъэнамэ?.. Къысхуэгъэгъу... Си нэпсыр схуэубыдыркъым... Уэ псори къыбгурыIуауэ къыщIэкIынщ. Влад нэхъыфI дыдэу мы дунейм щыслъэгъуа цIыхущ. Ари художникщ, художник нэхъ Iэзэхэм ящыщщ. Сэ збгъэдэлъ зэчийм зезыгъэужьар арауэ жыпIэ хъунущ. Илъэс зыбжанэкIэ дызэдэгушыIат. Мурад дахэ диIэт, дызэрышэу,

унагъуэу дытIысыжыну. АрщхьэкIэ, ди унафэр зыми щыщтэкъым... КъысхукъуэкIащ мы си уз ябгэр... Аращ къызыхэкIари Влад пцIы хуэзупсыныр. ФIыуэ сымылъагъужу аракъым... Солъагъу, ауэ абырэ сэрэ зы гъащIэ гъуэгу зэдэткIуну алыхьым иухакъым. Иухакъым сэ гъащIэ сиIэну...

Абдеж зэуэ сигу къэкIыжащ Анастасие щылажьэ пэшым Влад и сурэт зэрыщIэтыр. Арати ар си нэIуасэу къыщIысщыхъуар... Влад щIалэ лъагэт, екIут. ДахагъэкIэ езым хуэфащэ хъыджэбзи къигъуэтыжат. Ауэ, неIэмал...

ЗытэлайкIэ сытегупсысыкIами, зыкъызощIэжри, жызоIэ:

– Настя, уэ «къысхуэгъэгъу» щIыжыпIэн щыIэкъым. ФIыуэ плъагъу цIыху щхьэкIэ угъыныр емыкIукъым.

– Катя, Влад сэрэ сытым хуэдэу фIыуэ дызэрылъагъурэт. Арат сэ гъащIэу сиIэр. Арат си гъащIэр нуру схуэзыгъаблэр. Иджы... Иджы сыт?! Си лъагъуныгъэми, ублэмэ си гъащIэ дыдэми сапыкIын хуейщ... Ар икъукIэ хьэлъэщ. Махуэ къэс Iей сызэрыхъур илъагъуу, Влад сщIыгъуну сыхуейкъым. Ауэ къэзгъэщIэжыну зэман кIэщIыр дауэ згъэкIуэну, ар си мыгъусэу?

– Влад фIы дыдэу укъелъагъу, Настя. Зыхуумыгъэзэну ухэтми, си фIэщ хъуркъым абы уибгынэну. А сэ слъэгъуар къикIуэтхэм ящыщкъым.

– Мис аращ нэхъ Iейуэ сызыщышынэр, – магъ Настя. – ФIыуэ плъагъу цIыхум гущIэгъу фIэкIа нэгъуэщI гухэлъ къыпхуимыIэжыныр сытым хуэдэу гуауэ. АбыкIи ар бгъэкъуаншэ хъунукъым, сыту жыпIэмэ фIыуэ илъэгъуа цIыхумрэ иджы и пащхьэ итымрэ зыкIи зэщхьыжкъыми. СыщIалэу, сызэрыдахэу игу сыкъинэжыну сыхуейти аращ Влад сыщIыпыкIауэ щытар...

– УщIыпыкIым и щхьэусыгъуэу жепIар сытыт?

– «ФIыуэ услъагъужыркъым, афIэкIа си гугъу къыумыщI», жесIат. Си псалъэхэр зэрыпэжым шэч къытримыхьэн щхьэкIэ, сэ куэдрэ сегупсысат ар зэрыжысIэну щIыкIэм. Зызгъэхьэзырат...

– Ар тэмэму къэплъытэу ара-тIэ?! Псори зэрыщытым хуэдэу жепIэн хуеящ, Влад унафэ ищIынумкIэ езыр хуитыжт. Укъуэншащ, Настя...

– Уэ зыри къыбгурыIуэркъым! – къогубжь Настя. – Абы щыгъуэ сэ си гум щыщIам сыт уэ хэпщIыкIыр?! ФIыуэ плъагъу цIыхум апхуэдэу зэуэ упыкIыныр тынш уи гугъэ?! Iуплъэгъуей сызэрыхъур илъагъуу, сымаджэщ бжэIупэм къыIунэжауэ Iуту – арат Влад къыпэплъэр... Сыкъиужэгъуауэ дунейм сехыж нэхърэ нэхъ къэсщтат, и гур зэпызудми, и гъащIэм зэуэ сыхэкIмэ... Сызэрыдахэм хуэдэу и нэгу сыкъыщIэнэжмэ нэхъ къэсщтат...

– ЦIыхур фIыуэ плъагъумэ, и гугъуехьыр дэбгуэшынущ. Уэ уи закъуэ унафэ пщIын хуеякъым...

ДакъикъитI-щыкIэ щэхуу дыщысауэ, Настя жеIэ:

– Катя, выставкэм теухуауэ жыпIахэм сегупсысыжащи, тэмэму къысщохъу... Ауэ сэ абы сынэкIуэнукъым, сыхуейкъым сыкъалъагъуну... СыщIалэу я нэгу сыкъыщIренэ...

Дэ иджыри куэдрэ дыуэршэрыну къыщIэкIынт, Михаил Степанович дызэпимыудамэ. Мыгъуэлъыж щIыкIэ куэбжэм IункIыбзэ иритыж хабзэти, абыкIэт иджыпсту къыздикIыжыр.

– Куэдрэ фыщысыну иджыри? – жеIэ лIыжьым.

– Хьэуэ, иджыпсту дыщIыхьэжынущ, – жи Настя. – Сытыт, дадэ, щIыжыпIэр?

– Уэ сынопсэлъэну сыхуейти аращ, Настя.

Ар Iэнкуну тIэкIурэ щотри, темыгушхуащэурэ пещэ:

– Си хъыджэбз цIыкIу, сэ зы лъэIу пхузиIэщи, хъунумэ, си хьэтыр къэлъагъу. Ар зытеухуар Владщ...

– Дадэ, сынолъэIу, кхъыIэ афIэкIа абы и гугъу къысхуумыщI. Сэ ар дэсхужащ... – жи Настя, и гум къыхуимыдэу илэжьа Iуэхум хущIегъуэжа хуэдэ, и нэпсым къызэпижыхьарэ и макъыр кIэзызу.

– Слъэгъуащ зэрыдэпхужар, ауэ ар зыщIыпIи мыкIуауэ тетIысхьэпIэм тесщ, мы уэшх къежэхым къысхудэмыхьэу. Си лъэIур зэхэхи, абы къыбжиIэнум едаIуэ... Гуэныхьщ... Ар Iейуэ мэгузавэ уэр щхьэкIэ...

Ар жиIэри, Михаил Степанович унэм щIыхьэжащ. Настя, зэгупсысыр къысхуэмыщIэу здэщысым, зэуэ къыщылъэтри куэбжэмкIэ зричащ, зы къару гуэрым абыкIэ ишэ фIэкIа умыщIэну. Мыбы ищIэну псор хэт зыщIэр, жыхуэсIэу, сэри хуэмурэ сыкIэлъыкIуащ.

Влад, пэж дыдэу, зыщIыпIи мыкIуауэ тетIысхьэпIэм тест, уэшх къежэхыр ауи къыфIэмыIуэхуу. ФIыуэ зэрылъагъу а цIыхуитIым я зэпсэлъэкIэр махуэ куэдкIэ си тхьэкIумэм итащ, сщымыгъупщэжу...

– Влад, уэшхым уиуфэнщIауэ мыбдеж щхьэ ущыс? Щхьэ умыкIуэжрэ?

– Настя, сыт уэшх зи гугъу пщIыр? Ар сэ къысфIэIуэху иджыпсту? Си гущIэр уэшхкъэ сэ зэрыщыту!.. Уэ птеухуа пэжыр къызэрысщIэ лъандэрэ апхуэдэххэу сопсэу. СыкъэбгъапцIэри, мы илъэситIыр мыгъуэу избгъэхащ. ФIыуэ узэрыслъагъур пщIэуэ, ар дауэ къызэпщIэфа?

– НэгъуэщI хэкIыпIэ сиIакъым... Уи гум сеуэнуи, си зэранкIэ уи гъащIэр скъутэнуи сыхуеякъым. Си теплъэм зэрызихъуэжар плъэгъуащ, адэкIи нэхъ Iеиж сыхъуурэ кIуэнущ... Апхуэдэу уи нэгу сыкъыщIэнэну сыхуейтэкъым...

– Настя, уэ уи закъуэ бгъэвын хуейкъым а псор. Уи Iуэхур щымыхъум деж сэ лъэныкъуэ зезгъэзынумэ, ар лъагъуныгъэ сытми! ГуауэригуфIэгъуэри зэдэдгуэшу, зы гъащIэ гъуэгу зэдэткIуну аратэкъэ хъуэпсапIэу диIар?

– Влад, сэ иджы сынэгъуэщIщ... Ахэр щыжытIэм, сыузыншэт, сыдахэт. Иджы... Иджы сыт?.. Сэ уи гущIэгъу сыхуейкъым...

– Уэр нэхърэ нэхъ дахэрэ нэхъыфIрэ си дежкIэ щыIэкъым. Ахэр ауэ сытми утезгъэун щхьэкIэ жысIэ уи мыгугъэ. ПхузиIэ гухэлъым зыкIи зихъуэжакъым. ИлъэситI япэкIэ унафэ мыхъумыщIэ пщIыри, апхуэдиз зэманкIэ зэпэIэщIэу дыбгъэпсэуащ, тIури бэлыхь дыхэту. Нобэ щыщIэдзауэ уэ птеухуа унафэ псори зыщIынур сэращ. Мы дунейм утетыху сэ узбгынэнукъым. Дызэгъусэмэ, хэт ищIэрэ, а узми дыпэлъэщынкIэ хъунщ.

– Влад, сэ... – къригъэжьат Настя, арщхьэкIэ щIалэм ар игъэпсэлъакъым.

– Зыри зэхэсхыну сыхуейкъым. Зэрыщытынур сэ зэрыжысIам хуэдэущ: мащIэ-куэдми, гъащIэу къыуитам сэ гъусэ пэжу сыбдэщIыгъунущ.

Настя, гъы мыхъумэ, зыри хужыIэртэкъым. ЩIалэм и Iэр къиIэтри абы и нэпс къежэхыр хуилъэщIащ...

– АфIэкIа зэи сумыгъэлъагъу угъыу. ДяпэкIэ дыгуфIэнущ дызэгъусэу...

Си гур къызэфIэнати, адэкIэ я псалъэмакъым седэIуэжыфакъым. Си нэпсхэр схуэмыубыду, сыкъыIукIыжри унэ щIыбагъымкIэ секIуэкIащ. ИкIи, зыми сызэхимыхащэрэт, жысIэу, си гур тIысыху сыгъащ.

ГъащIэ! ГъащIэ! Мыпхуэдизу фIыуэ зэрылъагъу цIыхуитIым я насыпыр щхьэ зэпыбудрэ? Щхьэ уахуэгущIыIэ?..

ТIэкIу дэзгъэкIщ, зызэпыслъэщIыхьыжри, лIыжь-фызыжьым я деж сыщIыхьэжащ. Щыри дыгузавэу дежьэрт Владрэ Настярэ ящIыну уна-

фэм. ДакъикъипщI хуэдиз дэкIауэ, пэшыбжэр зэIукIри, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ IэпэзэрыIыгъыу къыщIыхьащ. ТIури нэщхъыфIэт.

– Дадэ, нанэ, – жи Настя, – фэ вдэнумэ, Влад зы тхьэмахуэкIэ, сыкъыщалъхуа махуэр къэсыху, ди деж щыхьэщIэнут...

Михаил Степановичрэ Клавдие Ивановнэрэ зэплъыжри, гуфIэгъуэр яIэу зыжьэу жаIащ:

– Къанэ, тIасэ, къанэ...

Си нэпсым къызэпижыхьауэ сэ соплъ Настярэ Владрэ я нэгум кърих насыпым. Зы гукъеяуи ямыIэж хуэдэт а тIум иджыпсту.

Пэш щхьэхуэм Влад и пIэр щыхуищIыжри, Настя къыщIыхьэжащ. ФIыуэ илъагъу щIалэм и гугъу къысхуищIурэ, жэщыбг хъухукIэ тIури дыжеякъым.



– ПщIэрэ, Катя, дэ унафэ тщIащ, выставкэр зэфIэкIмэ, ди нэчыхьыр едгъэтхыну, – жи Настя. – ХьэгъуэлIыгъуэр Iэтауи тщIынукъым. Сыхуейкъым цIыхухэм мыпхуэдэу сыкъалъагъуну... Влади арэзыщ абыкIэ.

– Ар сыту хъыбарыфI, Настя! – согуфIэ сэ.

– Катя, пщIэрэ абы къызжиIар? Сыкъигъэгугъащ, ди хьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIыу, унэ схуищIыну. ПщIантIэм жыгышхуэ щысхухисэнущ, гъэмахуэм абы и жьауэм сыщIэсу сурэт щысщIын хуэдэу. Унэми зы пэш щысхухихынущ, сыщылэжьэну.

– ЗэрыщIалэфI дыдэ ар. ГурыщIэ куу къызэрыпхуиIэм и щыхьэтщ абы и псалъэхэр.

– Пэжщ. Си насыпти, Влад сыхуэзат... Катя, си выставкэр а зэрыжытIам хуэдэу тщIынщ, ауэ «ЩIалэгъуэм и жьыгъэ» коллекциер сыхуейкъым згъэлъэгъуэну...

– ЗэрыжыпIэщ. Ахэр хэмытми, икъукIэ сурэт куэд уиIэщ уэ.

– Катя, сэ сытым хуэдэу сыгуфIэрэ, уэ ныбжьэгъуу узэрызиIэм щхьэкIэ. Ар уи гум игъэлъ сыт щыгъуи.

Сэ сыкъыщылъэтри, Настя IэплIэ хуэсщIащ.

– Сэри аращ. Влад хуэдэу, сэри упсэуху суригъусэнущ.

Настя къыщалъхуа махуэр гукъинэж щыхъун папщIэ, слъэкI къэзмыгъанэу селIэлIащ и выставкэр тэмэму къызэгъэпэщыным. АбыкIэ къыздэIэпыкъуну сыкъэзыгъэгугъа си ныбжьэгъум сепсалъэри, етIуанэ махуэм сурэтхэр къалэм тшащ.

Выставкэр къызэIуахыным иIэжыр махуэ бжыгъэт. Ар къэблэгъэхункIэ, Настя нэхъри гузавэрт. И щхьэц тхъуам, и нэкIу зэлъам нэщхъеягъуэу къыхуахьыр сщIэрти, и гукъыдэжыр къэсIэтын папщIэ, мурад сщIащ и щхьэцыр ирезгъэIэну, езыми мащIэу зезгъэлэну. ЯпэщIыкIэ имыдами, иужькIэ къытезгъэхьат. И щхьэцыр хуисIэщ, езыми дахэ дыдэу сэхусэплъ зыхилъхьэри, нэхъ щIалафэ къытеуэжат.

Езыр зыщIыпIи мыкIуэнуми, къыщалъхуа махуэм Настя зыщитIэгъат сэ къыхуэсщэхуа бостейр.

– Сыту удахэ дыдэ, Настенькэ, – къэгуфIауэ жеIэ Клавдие Ивановнэ. Абы арэзы дэхъуу, Михаил Степановичи и щхьэр ещI. Псалъэншэу, и нэр къыхутемыхыу, абы еплъырт Влади. Плъагъуну фIэкIа ухуейтэкъым лъагъуныгъэ инкIэ гъэнщIа а плъэкIэр!

Настя ди гъусэу нэкIуэну къыщытхутемыгъэхьэм, Влад сэрэ дежьащ. Выставкэр къызэIуахыным сыхьэтитI иIэжу, дэ дынэсащ ар щекIуэкIыну щIыпIэм. Псори зыхуей хуэзарэ хуэмызарэ зэ къэтпщытэжащ.

СыхьэтипщIым къызэIуаха выставкэр махуэм сыхьэтитху пщIондэ екIуэкIащ. Щытхъурэ псалъэ дахэу Анастасие хужаIам щIэ щIэттэкъым. Ауэ псоми ягу къеуат езы сурэтыщIыр зэрыщымыIэр.

Выставкэ нэужьым занщIэу къуажэм дехыжащ, ар зэрекIуэкIар тетхати, Настя едгъэлъагъужын папщIэ. Дыщынэсыжам, Клавдие Ивановнэ и Iэнэр хьэзырт. Сымэджауэ умыщIэжыну, гуфIэгъуэр иIэу абы къижыхьырт. Си анэри щыIэт, саугъэтхэр иIыгъыу къэкIуауэ.

Выставкэр зэрекIуэкIам едгъэплъыжащ Насти, Клавдие Ивановни, Михаил Степановичи, си анэри. Анастасие мы дуней гуфIэгъуэр иIэт. Зыми щымыгуфIыкIыжу илъэситI лъандэрэ псэу хъыджэбзырауэ ар зэрыпщIэжын щыIэтэкъым. И ехъулIэныгъэмрэ фIыуэ илъагъум куэд мыщIэу зэрыдэкIуэнумрэ дамэ къытрагъэкIат Настя. «Сыту къаруушхуэ иIэ лъагъуныгъэм! Сытым хуэдэу къаруушхуэ къыпхилъхьэрэ, зымащIэми, гугъэ пщIыжыным!» – арат, Анастасие сыздеплъым, сызэгупсысыр.

Ди гуфIэгъуэшхуэт: Настя и выставкэр дызэрыхуейм хуэдэу екIуэкIат, нэху щымэ, фIыуэ зэрылъагъуитIым – Анастасиерэ Владрэ – нэчыхь ирагъэтхынут. Ауэ, узэригугъэу хъумэ уунэхъурэт, жыхуиIэрати, апхуэдиз гуфIэгъуэкIэ гъэнщIа махуэм и жэщыр гузэвэгъуэкIэ псыхьауэ къыщIэкIащ.

СтIолым къыщыпэрытэджыкIым, Анастасие къызэфIэмэхащ. Влад пхъуэри, ар зэщIиубыдащ. Хъыджэбзыр мафIэм исырт, и нэхэр къыхузэтехыртэкъым. Хьэкъущыкъу къутэным хуэдэу хуэсакъыурэ, Влад ар машинэм ирилъхьэщ, сэри сригъэтIысхьэри, уафэхъуэпскIым хуэдэу пщIантIэм дэжащ.

Сымаджэщым дыщынэсам, Настя зищIэжыххэртэкъым. Дохутырыр къеплъщ, мастэ гуэрхэр къыхригъалъхьэри, куэд дэмыкIыу нэхъыфI къэхъуащ. Ауэ, ар жейрти, зыщIэлъ палатэм дыщIагъэхьакъым.

Владрэ сэрэ дохутырым зыхуэдгъэзащ, Настя и Iуэху зыIутыр нэхъ тэмэму къэтщIэн папщIэ, ауэ дигу фIы зыщIын лъэпкъ къыджиIакъым:

– Зывгъэбыдэ. Настя махуэ къэс нэхъ хьэлъэ хъууэрэ кIуэнущ. Мыбы иджы фытеплъэкъукI хъунукъым.

Абы къикIыр фIы дыдэу тIуми къыдгурыIуат: ди Настя и иужьрей махуэхэр къигъэщIэжу арат. Влад и фэр шэхум хуэдэу пыкIати, сыкъэгузавэри, кIуэжу тIэкIу зигъэпсэхуну селъэIуащ.

– АпщIондэху сэ сыбгъэдэсынщ, – жызоIэ.

– Хьэуэ, сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым, сыIукIыфынукъым мыбдеж, – жи Влад, и нэпсыр игъэпщкIуну хэту. – Дэ зэману къытхуэнэжар хэт зыщIэр. Зы дакъикъэри лъапIэщ си дежкIэ.

ЕтIуанэ махуэм сыхьэтипщIхэм деж Настя и нэхэр къызэтрихащ, икIи, тIэкIу къыпыгуфIыкIри, ерагъкIэ къыдришейуэ жиIащ:

– Влад, кхъыIэ, унэм сышэж. Сэ абы нэхъыфI сыщыхъунущ.

– Дохутырым сепсэлъэнщи, идэмэ, усшэжынщ, – къегъэгугъэ щIалэм.

ЗэрыжиIам тету, Влад дохутырым епсэлъащ, икIи, абы и арэзыныгъэ хэлъу, Настя унэм къэтшэжащ. И адэшхуэ-анэшхуэри, Влади, сэри димыгъэгузэвэну, Анастасие гушыIэну хэтт. Ар тлъагъуху, дэ ди гур хэщIырт.

Псом хуэмыдэу гукъутэр Влад и щытыкIэрт. Егъэлеяуэ нэщхъейт. Анастасие хуэгуфIэну хэтми, ар къызэрехъулIэ щIагъуэ щымыIэу, и гур къызэфIэнэрти, щIэх-щIэхыурэ щIэкIырти гъырт.

ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм Настя аргуэру къызэIыхьащ. Дохутыр къедджат, ауэ, хуэпщIэжыфын щыIэкъым, жыхуиIэу, сымаджэщым ишэн идакъым. Мастэ хаIуам и ужькIэ, тIэкIу дэкIри, япэ махуэми хуэдэу, Настя нэхъыфI къэхъуащ. Нэжэгужэт, сыхьэтитI и пэкIэ ажалым зи Iэпэр иIыгъар арауэ умыщIэжыну.

Жэщыбг хъуху Анастасие дыбгъэдэса нэужь, лIыжь-фызыжьыр я пэшым щIыхьэжащ. Сэри, абыхэм я ужь ситу сыкъыщIэкIыжмэ нэхъ къасщтэу, сыкъэтэджыжат, ауэ Настя къысхуидакъым.

Дакъикъэ зытIущ дэкIри, Настя зыхуигъэзащ фIыуэ илъагъу щIалэм:

– Влад, щхьэ унэщхъей? НэхъыфI сызэрыхъуар плъагъуркъэ? Уэ узигъусэмэ, сэ сытми сыпэлъэщынущ. Уэрэ сэрэ дыщыпсэуну схуэбухуэну жыхуэпIа ди унэм къысхутепсэлъыхьыт, кхъыIэ.

И нэхэм нэпсыр къыщIэлъэдами, зызэтриIыгъэу, Влад макъ нэжэгужэкIэ къопсалъэ:

– Настя, ар сытым хуэдэу унэ дахэ! Унэшхуэщ, тIууэ зэтету. Уэ зэрыпфIэфIым хуэдэу, абы щхьэгъубжэшхуэхэр хэлъынущ. И бжэхэри абджым къыхэщIыкIауэ щытынущ, ар нэхъ нэху хъун щхьэкIэ. УнэлъащIэхэр уэ узэрыхуейуэ къыхозгъэхыжынущ. А унэшхуэм хуэфэщэн пщIантIи диIэнущ, иджы зэращIым хуэдэу плиткэ дахэкIэ къищIыкIауэ, удз гъэгъахэр, псей цIыкIухэр дэтынущ. Ауэ, пщIэрэ, пщIантIэку дыдэм деж жыгышхуэ итынущ, сурэт щыпщIкIэ абы и жьауэм ущIэсын хуэдэу. Гъэмахуэм абы дыгъэм ущихъумэнущ, уэлбанэм деж – уэшхым.

– Си насыпти, уэ сыпхуэзат, – къызэпеуд абы жиIэр Настя. – Мы си узым си закъуэу сытыт сэ есщIэнур? Иджы дызэгъусэщи, сышынэркъым. Уэ нэхърэ нэхъ лъапIэ си гъащIэм хэтакъым...

Иужьрей псалъэхэр щыжиIэм, Влад, зыпэмылъэщыжу, и нэпсыр къыфIыщIэжащ. Настя жиIам къикIыр гурыIуэгъуэт: зи гъащIэ гъуэгуанэр и кIэм нэса хъыджэбзым сэлам кърихыжу арат нэхъыфI дыдэу мы дунейм щилъэгъуа цIыхум.

– Си гъащIэми уэ нэхърэ нэхъыфI хэтакъым, Настя. Шэч лъэпкъ абы къытумыхьэ.

– Иджыри ди унэм и гугъу къысхуэщIыт, – жи Настя.

– Дэнэт сыздынэсар? А-а, къэсщIэжащ. Жыг хадэм. Абы жыг дапщэ итынуми, пщIэрэ?

Настя, Влад и макъым щIэдэIуурэ, и нэхэр зэтрипIащ. Зы дакъикъэ дэкIри, бэуэн щигъэтащ. Владрэ сэрэ, дыкъыщылъэтащи, тщIэнумрэ жытIэнумрэ къытхуэмыщIэу Настя дыщхьэщытщ, нэпсым димыгъаплъэу...

Апхуэдэу гуузу иухащ сурэтыщI Iэзэ Анастасие и гъащIэ мащIэр. Абы и псэр лъэтэжащ игъащIэкIэ щIалэу щыщытыну адрей дунейм.

Настя къыджиIэгъат: «Зыгуэр къысщыщIмэ, кхъыIэ, сын фIыщIэ схуэвмыгъэув. Сын хужьщ сызыхуейр, ари мылъагэ дыдэу». Абы и лъэIур дгъэзащIэу, сын хужь хуедгъэщIащ, ауэ дэ къыдбгъэдэкIыу мы псалъэхэр теддзэжащ: «УщIалэу дигу укъинэжынущ».

Настя зэрыщымыIэжрэ тхьэмахуэ фIэкIа мыхъуами, Клавдие Ивановнэрэ Михаил Степановичрэ куэдкIэ нэхъ жьыфэ къатеуат. Уи гур хэмыщIынкIэ Iэмал иIэтэкъым, а тIум уащыIуплъэкIэ.

Зы махуэ гуэрым Настя и адэшхуэм зыкъытхуегъэзэ:

– Си хъыджэбз цIыкIу, си щIалэ, дэ иджы зыри диIэжкъым. Катя, фызыжьымрэ сэрэ дынолъэIунут, укъанэу, ди деж ущыIэпэну. Анастасие урифэеплъщ, уэ зыращ иджы гурыфIыгъуэу диIэжыр. Бжэр Iуихыу, «дауэ фыщыт?» жызыIэни къытхуэнакъым. Настя и иужьрей махуэхэр хуэзыгъэдэхар Владрэ уэрэщи, фIыщIэ фхудощI. Влад, уэри думыбгынэ. Уэр папщIэ сыт щыгъуи зэIухащ ди бжэр.

ЛIыжь-фызыжьым фIыщIэ яхуэтщIащ. Сэ яжесIащ абыхэм зэрамызакъуэр, нобэ щыщIэдзауэ ахэр си анэшхуэ-адэшхуэу зэрыщытыр,

ди унагъуэри я унагъуэу ябж зэрыхъунур. Влади къигъэгугъащ щIэхщIэхыурэ къалъыгъуэзэну.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым, пэшым си закъуэу сыздыщIэсым, сигу къокIыж Настя и гухэлъхэр зритхэ тетрадыр, дзыхь къысхуищIу, къызэрысхуигъэнар. Къызогъуэтыж... Сытым хуэдэу гукъутэт абы итхэм укъеджэну! Ахэр езым и щэхуу къигъэнэжыну зэрыхуейр къызжиIауэ щытащи, хэIущIыIу сщIыркъым. Ауэ сыфIэкIыфынукъым Анастасие и иужьрей тхыгъэм: «Си иужьрей дакъикъэхэр къос. Сэ ар псэкIэ зыхызощIэ. Си фэр Iей дыдэ мыхъу щIыкIэ, сыту фIыт мы дунейм сызэрытекIыжыр. НэджэIуджэу дауэ зыкъезгъэлъагъунут си лъагъуныгъэм – си Влад?! Ди Тхьэм фIыщIэ хузощI, ар си гъащIэм къызэрыхигъэхьам папщIэ. Си насыптэкъэ, абы унагъуэ дэзухуэу, жьы дыхъужыху дызэдэпсэуамэ. Насыпым сыщIэхъуэпсырт, ауэ ар щIыщыIэр сэракъым...

Си Iэхэр, си напэр, си щIыфэр – псори жьы мэхъу, имычэзууэ. Ахэр сысымеиж хуэдэщ. Дэнэ кIуа япэрей дахагъэр? Унэм гъуджэу щIэтыр си бийщ, сэрмыра хуэдэщ абыхэм къарыщцыр. ПсэункIэ иримыкъуа си псэм и закъуэщ щIалэу къэнар.

Си фэр Iей зэрыхъум и закъуэкъым сыхэзыгъащIэр. Си нэхэми фIыуэ ялъагъужыркъым, си Iэпкълъэпкъми къызэмыузу зыри хэлъыжкъым. А къысщыщI псор си гум хуэшэчыжыркъым.

Жэщ кIуам пщIыхьэпIэу слъэгъуат мамэрэ папэрэ. Ахэр щIалэу машинэм иукIыу, сэ зеиншэу сыкъызэрынэрэ сыт щIа! Мамэ си нэкIум Iэ къыдилъэрт, папи псалъэ дахэ гуэрхэр къызжиIэрт. Сытым хуэдэу пщIыхьэпIэфIт ар: мамэрэ папэрэ псэут, сэ сыузыншэт. СхузэфIэкIамэ, сыкъэмыушу сыжеинт... Ауэ, нэху щащ, си пщIыхьэпIэ-насыпри кIуэдыжащ. КIуэдыжри, сызеиншэрэ уз бзаджэр спкърыту сыкъэнэжащ.

ГъащIэм IэфIагъыу, дахагъэу хэлъым гу щыпхуэу, сыту фIыт упсэуну! ФIыуэ слъагъуфын цIыху сыхуэзат, си сурэтхэмкIэ цIэрыIуэ сыхъуат, ауэ а фIыгъуэ псом сыпыкIын хуейщ. СытекIыжын хуейщ мы дуней дахэм, Влад къэзгъанэу, си закъуэу. Ауэ сэ сышынэркъым. Ажалыр къыщызэджэкIэ, сэ къысщхьэщытынущ фIыуэ слъагъу си Влади, си ныбжьэгъуфI Кати, я псэм сыпэзыщIхэу си анэшхуэри, си адэшхуэри. А тхьэмыщкIитIым яхуэхьыну мы гуауэр? Мы дунейм теттэкъым сымыщIэн, абыхэм ягу хэзмыгъэщIын папщIэ, ауэ ар сэ схузэфIэмыкIынщ... Владрэ Катярэ къагъэнэнкъым а тIум я закъуэу.

Зэман схурикъуакъым насыпыфIэу сыпсэуну. Уузыншэу къэбгъащIэ дакъикъэ къэс пщIэ хуэщIын хуейщ, ауэ цIыхум ар къыщыгурыIуэр дунейм текIыжын хуей щыхъурщ.

Иужь дыдэу си нэхэр щызэтеспIэжкIэ, си нэгум гуфIэ илъынущ. Ар къэщIэрэщIэжынущ, абы къыщхьэщих нурым узыIэпишэу. Фигу сыкъивгъэнэж мис апхуэдэу: сыщIалэу, сыдахэу».

Настя и ужькIэ Влад щIэх зыкъищIэжакъым. А зэманым къриубыдэу абы тхын иухащ гуузу IэщIэкIа и хъыджэбзым и сурэтыр. Анастасиерэ езымрэ я IэщIагъэм хуэпэжу, ар хъуащ сурэтыщI цIэрыIуэ, и лэжьыгъэхэр хамэ къэрал выставкэхэм щагъэлъагъуэу.

ФIыуэ илъэгъуа хъыджэбзым и цIэр игъэлъапIэу, абы къызэIуихащ сурэт щIыным дихьэх сабийхэм я еджапIэ, фIищари «Анастасие» жиIэущ. ЕджапIэм узэрыщIыхьэу фIэлъщ Настя и сурэт Влад ищIар, адэкIэ кIэлындорым и кIыхьагъкIэ – хъыджэбзым и сурэт нэхъыфIхэр. Ар сурэтыщI Iэзэ Анастасие и цIэр игъащIэкIэ цIыхухэм зэращымыгъупщэн Iэмалт.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ





*ЕкIуэкIыу:* **5.** КIуащ БетIал и поэмэ. **8.** Пасэрей Iэщэ лIэужьыгъуэ. **10.** Мыхьэнэ зимыIэ, пцIы. **12.** Нартхэм я бжьамияпщэ. **14.** Хугу хьэжыгъэм, тхъум, фошыгъум къыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ. **16.** Жьэ бзаджэ зыщIэт. **18.** Нартыху къыдачыжахэм я хъумапIэ. **19.** Таурыхъхэм узыщрихьэлIэ фызыжь бзаджащIэ. **22.** «Уэзы Мурат» уэрэдым и псалъэхэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэ. **25.** Къуаншагъэ зыбгъэдэлъ цIыху. **26.** Адыгэ тхакIуэ. **27.** Жьы. **30.** Зыхэс жылагъуэм къахэкIыу пасэм щыгъуэ щхьэусыгъуэ гуэркIэ губгъуэм ихьэжу щыта цIыхухъу. **31.** XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэм псэуа адыгэ щIэныгъэлI, узэщIакIуэ. **32.** КъурIэным щыщ Iыхьэ къыхэхахэр зэрыт тхылъ; къурIэн цIыкIу.

**35.** Хахуагъэ, лIыхъужьыгъэ. **36.** Адыгэш къабзэ. **37.** ХэIэтыкIауэ щыта зиусхьэн лъэпкъ, а лъэпкъым щыщ цIыху. **39.** Макъ гъум къикIыу пшынэм и сэмэгурабгъумкIэ тет Iэпэхэр. **40.** Мей жыгым къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ. **41.** Дыжьыныфэ-хужьыфэу, металл щабэ лъэпкъ. **43.** Адыгэ пшынауэ Iэзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **46.** А сигу, ..., а си жьэ, зыубыд *(псалъэжь)*. **48.** ... къокIуэ *(псалъэжь)*. **50.** НэгъуэщI унагъуэ гуэрым губжьауэ теуэу иращIылIэ къаугъэ. **51.** Щыхь ин лъэпкъ. **53.** ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и «Софят и гъатхэ» повестым хэт лIыхъужь.

*Къехыу:* **1.** КъэкIыгъэхэм, гъэгъахэм къыпахыурэ бжьэхэм зэхуахьэс IэфIыкIэ. **2.** Пасэ зэманым щыгъуэ цIыхухэр зэрызекIуэу щыта, щхьэ зытелъ шыгу. **3.** Адыгэ композитор. **4.** Зил къыпщIэмыузым уи ... хуумыIуатэ *(псалъэжь)*. **6.** Адыгэ театрыр илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа, РСФСР-м и цIыхубэ артист. **7.** Зи щхъуантIагъэр гъэмахуи щIымахуи зыфIэмыкIуэд уэздыгъей жыг лъэпкъ. **9.** «... къута» — КIыщокъуэ Алим и роман. **11.** ... егъу нэхърэ — ныбжьэгъуфI *(псалъэжь)*. **13.** «Сосрыкъуэ ... къызэрихьар» — нарт эпосым щыщ хъыбар. **15.** Тхьэвым къыхэщIыкIауэ дагъэкIэ гъэжьа адыгэ шхыныгъуэ. **17.** Акъсырэ Залымхъан и «Андемыркъан» драмэм хэт лIыхъужь. **18.** НэфIэгуфIэ и нэ ... IуэнтIа щIэлъщ *(псалъэжь)*. **20.** Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зрата композитор, уэрэдус цIэрыIуэ. **21.** Адэ-мыдэкIэ жапIэ ищIурэ жэ псы цIыкIу (уэшх нэужьым е псыр къыщиуам деж). **23.** УпщIэм къыхэщIыкIауэ Iэщыхьуэхэм ящыгъыу щыта щыгъын щIыIутелъ. **24.** МахуэцIэ. **28.** Пхъэ, фIамыщI хуэдэхэр исурэ мафIэ бзийр иуха нэужь, жьэражьэу къанэ сахуэ. **29.** Купсэ кIыхь кунэщI зиIэ удз лъэпкъ; яшх. **33.** ... и цIэр езым зыфIещыж *(псалъэжь)*. **34.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ къуажэ. **38.** Iэщэу къагъэсэбэп сэ лIэужьыгъуэ, лъэныкъуитIымкIи дзэ иIэу, и пэр папцIэу. **39.** Нарт эпосым къызэрыхэщымкIэ, Уэрсэрыжь и фIыгъэкIэ Лъэпщ ищIа Iэмэпсымэ. **42.** ЦIыхухэр зэрызэпсалъэ, зэрызэгурыIуэ. **43.** «Шагъдий» уэрэд цIэрыIуэм и псалъэхэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэ. **44.** Курыт Азиеми Кавказым щыщ лъэпкъ зыбжанэми я IуэрыIуатэм хэт цIыху хьэуэжьыуэ. **45.** «... закъуэ» — Нало Заур и новеллэ. **47.** Аузыр щызэхуэкIуэж, щиух щIыпIэ. **49.** ... езыгъажьэ и щхьэ лажьэ хохуэж *(псалъэжь)*. **52.** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист. **54.** МыцIыкIу, абрагъуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

---

**Ещанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **8.** «Елбэздыкъуэ». **9.** Джэду. **11.** Курых. **12.** Щыкъу. **14.** МэIу. **16.** «Нэф». **18.** Азэт. **19.** КIэщт. **20.** Ужьэ. **22.** Пхъы. **29.** Рим. **30.** Гупыж. **31.** Хуарэ. **32.** Джырандыкъуэ.

*Къехыу:* **1.** Гуащэнэ. **2.** Пелуан. **3.** Гублащхьэ. **4.** Уз. **5.** МышхумпIэ. **6.** «Гъуэжькуий». **7.** Сырымэ. **10.** Акъужь. **13.** Хуэдз. **15.** Iунэ. **16.** Нып. **17.** Дзэху. **21.** ЖьэрэIурэ. **23.** Хъысэпыл. **24.** Къэптал. **25.** Мэжаджэ. **26.** Умэ. **27.** Iэхулъэху. **28.** КIэрашэ. **33.** Нэ.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**

Министерство культуры Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г. Нальчик, ул. Кешокова, 43), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 31.07.17. Формат 70x108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 15,4.
Уч-изд. л. 12,3. Тираж 2.780 экз. Заказ №453
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5,
Дом Печати. Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360000, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5, Дом печати. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета